

# REVOLISYON FINANSYE PAW

Pouvwa Fidelite a

GARY KEESEE



# REVOLISYON FINANSYE PAW

Pouvwa Fidelite a

GARY KEESEE

**Your Financial Revolution**

**The Power of Allegiance.** Haitian Creole. By Gary Keesee

Originally printed In English

ISBN: 978-0-9729035-9-2

Copyright © 2023 by Gary Keesee

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).

**Revolisyon Finansye Paw**

**Pouvwa Fidelite a,** ke Gary Keesee ekri

Copyright © 2023 ke Gary Keesee

Vèsyon Oriijinal la enprime an Anglè

ISBN: 978-0-9729035-9-2

Viv Lafwa Kounye a

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

Ou kapab kontakte Ministè Viv Lafwa Kounye a sou entènèt nan  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).

# TABLO KONTNI YO

<b>PREFAS.....</b>	<b>7</b>
<b>ENTWODIKSYON .....</b>	<b>9</b>
<b>CHAPIT 1: Wayòm Nan.....</b>	<b>17</b>
<b>CHAPIT 2: Bwouya Ble a.....</b>	<b>47</b>
<b>CHAPIT 3: Tanpri, Bondye, Gen Pitye!.....</b>	<b>53</b>
<b>CHAPIT 4: Gwo Pwason An.....</b>	<b>75</b>
<b>CHAPIT 5: Chwa Kiyès li te Ye?.....</b>	<b>83</b>
<b>CHAPIT 6: Benediksyon Senyè a.....</b>	<b>111</b>
<b>CHAPIT 7: Pòt la.....</b>	<b>127</b>
<b>CHAPIT 8: Pouwva Fidelite a.....</b>	<b>135</b>
<b>CHAPIT 9: Ou Ba yo Manje!.....</b>	<b>143</b>
<b>CHAPIT 10: Rasanble, pa fè kim!.....</b>	<b>155</b>
<b>CHAPIT 11: Vole Pi Fasil Ke Mache!.....</b>	<b>161</b>



# PREFAS

Mwen te vle ekri istwa vwayaj sa ke Bondye te mennen Drenda ak Mwen sa gen kèk ane kounye a. Lavi nou vin tèlman chanje! Nou te wè tout mirak sa yo ke Jezi te fè nan Bib la tap fèt anpil anba pwòp je nou pandan plizyè ane yo: mò yo te leve soti vivan; paralize yo leve mache, epi retounen travay nan demen; yon gwo kantite moun geri; ak finans retabli pou plizyè santèn milye moun. Men, pi gwo mirak yo nou te wè a te fèt nan pwòp fanmi ak nan pwòp lavi pèsònèl nou.

Objektif mwen se mennen ou nan yon vwayaj, yon vwayaj dekouvèt ke Mwen espere ki pral chanje lavi ou menm jan li te fè pou lavi pam. Istwa sa pa kapab rakonte nan yon gress liv sèlman. Sa a se premye nan yon seri liv ki pral mennen ou nan pwòp revolisyon finansye pèsònèl ou epi ki pral kòmanse fèw wè aklè mistè Wayòm Bondye a ki chanje lavi pam. Pou Mwen, se yon vwayaj enteresan epi ki pap janm fini. Nou tout pral kontinye aprann! Konesans Wayòm nan pap Janm fin epwize.

Mwen rekonesan anpil anvè Bondye. Mizèrikòd Li yo renouvre chak jou, Li pasyan, Li bay padon, epi Li mennen nou nan chimen delivrans lan. Mwen pap ka mennen ou nan vwayaj sa, sanm pa mansyone anpremye madanm Mwen, Drenda. Se akoz kè li genyen pou Bondye, lanmou ak pasyans li ansanm avèm ki te ban Mwen kouraj poum fè fas ak feblès Mwen yo epi chèche Bondye pou repons sa yo ke Mwen pat gen ankenn espwa kem tap jwenn. Se ak anpil kè kontan, Mwen pataje liv sa avèk nou:

Revolisyon Finansye paw la  
*Pouvwa fidelite a*





## ENTWODIKSYON

*Mwen te pèdi lapè; Mwen te blye kisa pwosperite ye.*  
— Lamantasyon 3:17

Mwen leve ak santiman ke gen yon bagay ki pat bon, trè mal! Gwo laperèz te anvayi lespri mwen pandanm te reveye a. Mwen pat kapab santi lang mwen. Men mwen yo, pye mwen yo, ak bò figim te angoudi. Mwen te reveye Drenda epi mwen te gen anpil difikilte poum dil sa ki tap pase nan tout vizaj ak nan lang mwen ki te refize kolabore. Aprèsa, mwen te remake ke kèm te nan yon kous epi respirasyon tap travay pandan mwen tap eksplike Drenda sitiyasyon mwen an. Li leve epi menm kote a li te kòmanse lapriyè pou mwen. Tou dousman, etranj santiman prèz sa yo te vin bese toupiti. Mwen te kouche ankò nan kabann nan epi Drenda te dim lap pote yon bagay pou mwen manje. Mwen te twouble epi mwen te pè akoz bagay sa ki tap pase nan kò mwen an epim ta lapriyè kotem kouche a. Vag panik sa te moute sou mwen; perèz tankou sa mwen pat janm te konn santi anvan nan lavi mwen te atake lespri mwen.

Dèt mwen te gen sou tèt mwen ak bezwen kem te toujou genyen pou lajan te kenbe perèz kòm yon bagay nòmal nan lavi kem tap viv chak. Mwen te anba gwo estrès pandan plizyè ane ki sot pase yo akoz nivo deteryorasyon sityasyon finansye mwen. Mwen te nan komisyon lavant men mwen te jis pat fè anyen finansyeman. Nou tap lwe yon ti kay kanpay ane 1800 yo li te sanble tankou yon kay ki pat janm repare depi li te fin bati a. Mwen sipoze map eggajere tikras, men kay lan pat nan yon bon eta. Ankadreman fenèt yo te gen twou ladan yo epi gen pye bwa ki tap grandi nan salon nou an. Anpil nan vit yo te kraze, epi nou te bare twou yo ak katon epi adezif. Malgre yo te fin epwize, Drenda te jere kay nou an. Men, malgre talan ak konpetans li, nou pat kapab rive kouvri tout pwoblèm grav ki te nan kay la.

Tout sa nou te posede te nan menm kalte kondisyon an—kraze! Tou 2 machin nou yo te ansyen, yo te gen plis pase 200,000 kilomèt sou motè a, epi yo pat menm ka estat. 2 ptit gason nou yo tap dòmi sou matla ke yo te voye jete nan mezon retrèt yo, kapèt ki nan salon an, nou te jwenn li sou wout nan yon fatra a. Plane sa nou te posede, te tounen fason nou viv, epi nou menm prete nan men nenpòt moun ke nou panse ki ta ka ede nou. Nou tap viv men nan bouch chak jou, nou tap chèche bagay poun vann, nap chèche yon fason poun siviv, pandan nap espere ke demen ap miyò ke jodya.

Yo te anile tout 10 kat kredi mwen yo depi kèk mwa, epi 3 kredi konpayi finans mwen yo, ki te nan 28%, te nan faz koleksyon. Peman machin mwen an (wi, mwen te toujou gen dèt sou ansyen machin mwen an) te gen 120 jou reta sou peman an epi

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

yo te sou wout pou pran machin yo. Chak dèt mwen te genyen yo te anreta. Te gen jijman ak plent ki te depoze kont mwen, apèl sèvis koleksyon yo te konn reveyem chak maten. Mwen te dwe IRS lajan, epi yo menm tou yo te ranpli yon plent kont mwen pou taks kem te dwe anvan sa. Drenda ak Mwen te dwe paran nou \$26,000, epi yo te vin bouke nan ede nou. Son lè konsa Frijidè nou an te konn plen ak pwovizyon. Se tout tan konpayi elektrisite a te konn ap menase koupe kouran nou an, kèk fwa se chak mwa. Mwen te rive nan denye bout kòd emosyonèl mwen.

Koulye a, estrès tap fè yon bagay nan kòm ke mwen pat ka konprann. Aprè kem te fin al wè plizyè doktè, yo te di ke mwen te fè fon kriz panik epi li te banm medikaman antidepresè. Malerezman, kriz panik sa yo tap kontinye epi ogmante nan pwen kote mwen te gen laperèz poum te kite lakay mwen. Nan mitan jou perèz nyajez sa yo, pandan map chèche repons, mwen te vin remake gen kèk manje tankou sa ki gen sik, amidon, epi kafeyin ladan yo te lagem yon lòt fwa ankò nan kriz panik sa. Alòs, kounya mwen te vin pè manje, mwen te vle konsyan de tout sa mwen tap manje. Lavi mwen te vini yon lavi kote se moun ki tap ran mwen sèvis nan yon pwen mpat menm ka travay kounya, sa ki te lakoz sityasyon finansye mwen an te vin pi grav.

Madanm mwen te panse ke li te pral pèdi mari li, pita li mwen te fin geri li te di mwen ke li te koumanse planifye sa li te dwe fè poul pran swen pitit nou yo. Mwen rele bay Bondye poum te ka jwenn repons paske mwen pat gen ankenn eksperyans oswa konesans ak sam tap goumen an. Doktè yo te gen gwo non pou bagay mal sa ki tap rivem lan, yo te di ke maladi sa pap ka geri, kem tap gen poum pran medikaman pandan tout lavim. Gen lòt doktè ki te di ke mwen te sou wout poum vin yon dyabetik, yo te deklare ke mwen tap fè yon bon kobay pou yo fè tèsamezi ke maladi ap pwogrese nan kòm epi map vin pi granmoun.

Byenke mwen te yon kretyen, mwen pat gen ankenn eksperyans nan domèn lagè espirityèl oswa ki jan poum kanpe goumen ak lènmi an. Reyalite a, nan pwen sa a mwen pat reyalize ke mwen tap goumen ak yon lespri dyabolik. Mwen te panse mwen te jis gen yon pwoblèm nan kò fizik mwen epi mwen tap mande Bondye pou Li geri mwen. Kòm yon kretyen, mwen te konnen ke se Bondye ki repons pa mwen an, men nan epòk sa a mwen te gen lenpresyon ke Bondye te tèlman lwen mwen. Doktè yo ban mwen plizyè dyagnostik ak divès non pou maladi sa ke mwen te genyen an, yo tout te gen rapò ak yon pwoblèm mantal epi ki sèlman tap trete sof si mwen te pran pil ak pakèt medikaman sa yo. Jan mwen te di anvan, pat gen okenn gerizon vre, se te jis tretman sa yo sèlman ki tap ede mwen fè fas ak pwoblèm mantal mwen an. Mwen te gen efè segondè akoz medikaman yo, epitou medikaman sa yo pat edem ditou. Reyalite a, mwen plis kwè medikaman yo te ajoute kèk lòt sentòm. Yo te fèm santim tankou se nan yon bwouya mwen tap viv, mwen te toujou toumante akoz kèk panse perèz ke mwen pat kapab kontwòle. Mwen pat gen okenn repons, epi anyen pat ka edem. Bagay sa te dire pandan kèk semèn, dezespwam tap grandi plis toujou anmezi sentòm yo ak laperèz sanble tap pran konwòl lavi mwen.

Men, te gen yon swa, mwen te fè yon gwo pwogrè pandanm tap chèche repons Bondye yo. Mwen te dekouvri yon kle esansyèl pou libète mwen. Mwen te lakay mwen an mtap patisipe nan yon legliz sèvis Mèkredi swa. Pandan Iwanj ak

adorasyon, mwen te devlope yon kriz panik total. Mwen pat konnen kisa poum fè. Mwen te dezespere, epi mwen te konnen mwen te bezwen lapriyè, alòs mwen te pase devan legliz la. Malgre aksyon mwen an te deranje totalman sèvis la, mwen jis pat bay sa twòp enpotans. Mwen te konn ale nan yon gwo legliz epi pastè a pat konnen kiyès mwen te ye, men youn nan manm pèsonèl ekip lwanj ak adorasyon an te konnenm. Pandan mwen rale poum monte sou estrad la nan dezespwa, tout bagay te kanpe epi tout zye te fikse sou mwen. Manm sa ki te konnen kiyès mwen ye a te reyaji byen vit akoz fason li te wè ajan sekirite yo tap fè wout pou yo te vin anpechem avanse.

Pandan li tap esplike sitiyasyon mwen bay pastè a, mwen te kapab wè ekspresyon vizaj pastè a ki tap vin dous. Li te vin jwenn mwen epi li te priye pou mwen. Zanmi mwen an tap di pastè a ke mwen te malad. Pastè a te gade mwen epi li di: "Ou gen yon lespri andikape." Apèsa, li te mete men li sou tèt mwen epi li pase lespri lòd poul ale. Nan moman sa menm, gen yon bagay enkwayab ki rive—mwen te libere. Se te pou premye fwa depi plizyè mwa mwen te santim nòmal, pat gen okenn lide ki tap toumantem, pa gen okenn perèz, se te jis yon lapè total. Diw mwen te rekonesan tap yon bagay egzajere. Diw jan mwen te eksite paka eksplike sa mwen te santi a tou. Mwen te santi tèt mwen tap vire, tankou yon ti plim kap vole ak kè kontan.

Aprè sèvis legliz la, Drenda ak mwen te ale nan yon Pizza Hut ak kèk lòt zanmi pou nou fete sa. Pandan mwen te chita map manje pitza an, mwen ka sonje yon mizik ki tap jwen nan radyo kote nou ye an, epi toudenkou, mwen te santi menm santiman perèz sa ki te tounen sou mwen—tankou yo dra. Yon lòt fwa ankò, nan moman sa, mwen te konprann ke se te yon move lespri. Pastè a te di se te yon lespri andikap, men mwen pat vrèman konnen kisa sa te vle di, epi mwen te yon ti kras twouble. Mwen te panse ke mwen te geri nan sèvis la, men ta sanble se pat sa. Nan demen, mwen tap goumen ak kriz panik yo ankò, men mwen pat kapab sispann panse ak sa ki te pase nan legliz la jou swa anvan sa. Lè pastè a te priye pou mwen an, li pat priye poum te geri. Li te pran otorite li sou yon move lespri. Lefèt ke kondisyon mwen an te reponn ak otorite pastè jan sa te fèt la, sa montre aklè ke se te yon move espri olye yon maladi. (Ankò, ou kapab wè kouman mwen pat gen matirite nan Kris, mpat menm ka reyalize sa.) Nan epòk sa, mwen pat konnen anpil bagay sou lagè espirityèl la, men mwen te konnen ke demon yo te reyèl. Mwen te wè youn.

Nan laj adolesan mwen, mwen tap jere youn nan 2 boutik pitza ke paran mwen yo te posede. Yon jou swa, yon nonm te antre nan boutik la epi li dim ke li tap fè yon revèy nan lari a nan yon legliz metodis nan zòn lan. Li te envitem vin asiste yo. Li te fini envitasyon li an ak fraz sa, "Jezi toujou ap fè menm bagay li te konn fè nan Bib la." Kounye a, sa te atire atansyonm. Mwen te leve nan legliz. Mwen te bay Senyè a kè mwen pandan lekòl Labib vakans yo lè mwen te nan klas senkyèm. Men, mwen pat janm wè kote pouvwa Bondye a geri yon moun pandan tout ane sa yo, pa gen anyen ki vrèman atire atansyon mwen kote mwen te konnen ke se te akoz Bondye. Alòs, lavi mwen te fiske sou Seyè a pandan peryòd ane lekòl mwen yo. A

plizyè okazyon pandan ane sa yo, mwen te pran yon nouvo angajman poum ale legliz, men enterèm pat janm la pou dire. Men, mesye sa te parèt diferan. Jezi tap fè toujou menm bagay sa yo Li te konn fè nan Bib la? Mwen te enterese poum wè sa li tap pale a. Plizyè nan anplwaye mwen yo te ale nan legliz sa a, epi yo ankourajem ale, se konsa mwen te deside ale.

Premye swa mwen te ale a, mwen te santi prezans Bondye nan yon fason ke Mwen pat janm fè eksperyans anvan. Ta sanble mwen te kapab santi prezans Bondye kounya; sa te ka parèt aklè. Mesaj mesye a tap bay se te pwisan anpil, lè li te mande si nenpòt moun ki la te vle remèt oswa remèt lavi yo bay Jezi pou yon dezyèm fwa, mwen te leve menm. Wow! Ala yon sware sa. Mwen te tèlman eksite. Mwen te vle di tout moun ki jan Bondye te gran.

Nan epòk sa yo, pat gen Entènèt, pat gen CD oswa kasèt, epi nou te gen twa chanèl sou televizyon nou an. Vil nou an se te yon ti vil tou, pat gen anpil bagay ou te kapab fè aprè travay. Anjeneral, adolesan yo toujou rete byen ta nan lannwit nan boutik pitza a pou amize yo. Anjeneral nou fèmen a 1:00 A.M. vandredi ak samdi swa, epi pakin nou an konn chaje ak adolesan. Anpil fwa mwen konn oblige fè yo kouri, paske li konn difisil pou kliyan yo jwenn pakin akoz adolesan sa yo. Te gen plis pase yon nwit se lapolis ki te vin separe batay adolesan sa yo epi voye timoun yo lakay yo. Men koulye a, mwen te gen yon lide. Adolesan sa yo te bezwen tandem pale de Jezi. Se konsa, mwen te sòti, mwen te di yo ke si nenpòt nan yo te vle rete la, mwen tap organize yon etid biblik nan boutik pitza an aprè nou fin fèmen. Pa blyie, se tap apeprè 1:30 nan maten, paske nou te oblige fè netwayaj epi fèmen boutik la sòti nan 1:00 rive 1:30 A.M. Mwen pat panse si youn nan yo tap vini, epi gen kèk nan anplwaye mwen yo ki te rete tou. Premye swa mwen te fè reyinyon an, youn nan adolesan yo te di li te vle pou sèvi Kris epi li te mandem kisa li ta dwe fè. Koulye a, sa te vin yon pwoblèm inik pou mwen paske mwen pat janm panse ak pati sa. Sonje byen, mwen pat konnen anyen sou laBib, men mwen te li yon ekriti ki te sanble reponn enkyetid mwen yo.

*Epi tout moun ki rele nan non Seyè a pral sove.*

—Travay 2:21

Sa ta sanble parèt ase senp, kidonk se sa mwen te deside mwen fè. Gwooup late ale lè jèn adolesan sa a te pwoche bò kotem ak kesyon sa a, alòs, mwen te di li chita sou yon chèz epi repepe non Jezi. Mwen te panse ke se te yon bagay ki senp poul fè, men mwen te chita la pandan 2 minit, epi li pat di anyen. Alòs, mwen te repepe enstriksyon mwen an, mwen panse li pat tandem. Li te toujou pat di anyen. Mwen te remake li tap tranble. Mwen te kapab di tou parapò ak ekspresyon vizaj li ke ta sanble li te gon pwoblèm poul te pwononse non sa nan bouch li. Denkou, tankou yon baraj ki pete, li te site non Jezi, epi lapè te parèt sou figil. Ebyen, sa te mache! Alòs, sa se te plan pa mwen chak fwa yon moun te vle bay Seyè a kè yo. Mwen tap fèl chita sou yon chèz epi di non Jezi. Prèske san ankenn eksepsyon, yo pat kapab di non an touswit. Yo tap kòmanse tranble, epi aprè sa, yo te sanble gen difikilte, epi toudenkou yo te site non an san zatann, epi yo te gen lapè.

Yon jou, pandan mwen te nan chanm dèyè a kote nap melanje farin nan, mwen tande yap frape nan pòt dèyè a. Lè mwen louvri pòt la, mwen rekonèt 2 adolesan ki te kanpe la yo kòm adolesan ke mwen te deja pale de Kris la. Mwen te envite yo antre, epi youn nan yo te di ke li te vle bay Bondye kè li. Alòs, mwen te fè li chita sou yon chèz; epi, kòm dabitud, li te kòmanse tranble epi ofinal li te site non Jezi. Lè mwen te leve zye mwen, mwen te wè lòt adolesan an ki te deplase bò kotem lan epi li te nan lòt bò nan chanm lan kwense nan mi nan yon kwen epi li tap tranble tankou yon bèt ki nan kaj. Li tap eseye rantre nan mi an se kòmsi li te vle ale pi lwen mwen. Bagay sa a te parèt etranj anpil pou mwen, epitou mwen pat gen okenn eksplikasyon pou aksyon sa a.

Pandanm te kanpe map gade li, toudenkou mwen te panse, "Mwen tap mande èske se te yon demon." Nan moman sa, mwen te gen zewo eksperyans ak demon, men mwen te li sou demon yo nan Bib la. Mwen reyèlman pat kapab panse ak ankenn lòt eksplikasyon pou aksyon dwòl li yo. Alòs, mwen te di, "Jezi, èske sa a son demon?" Menm moman an, tankou yon vwal ke yo rale dèyè, mwen te kapab wè yon demon ki te pandye bò adolesan sa a. Demon an te gen wotè twa pye anviwon, epi li te kole sou adolesan an ak janm li yo lonje. Moun toujou ap mandem: "Akisa li te sanble?" Li te sanble ak yon makak men nan yon jan ki diferan. Li te plim sou tout kòl tankou yon makak, ponyèt li yo te long tankou yon makak, men li te gen zye wouj, yo te klere epi vizaj li defigire. Nan minit mwen te wè zye li yo, mwen te rele byen fò. Rayisman mwen te wè nan zye li yo te plis pase sa mwen te kapab jere. Pi bon fason poum ta dekri sa mwen te wè nan zye sa yo se ta dwe rayisman likid, rayisman te parèt aklè. Mwen te konnen byen rapid ke demon sa a pat sèlman gen rayisman pou mwen, men li te fache anpil kont mwen tou.

Kounye, kisa ki pase? Mwen pat konnen kisa poum te fè aprèm te fin wè demon sa a. Men, mwen te fon kalkil si non Jezi te fè nou antre nan Wayòm nan, alòs li ta dwe gen otorite sou demon sa tou, se konsa mwen te di byen fò, "Nan non Jezi." Menm kote a, vwal la te fèmen. Siw sonje ansyen televizyon nwa ak blan yo, lèw etenn yo, te gen yon ti lonbraj toupiti de sa ou tap gade a ki tap disparèt nan ekran an. Ebyen, se konsa bagay sa te sanble. Mwen vrèman pat kapab wè li, men Mwen te toujou kapab wè yon ti lonbraj fèb de li. Alòs, kòm vwal la fèmen, adolesan an toudenkou te kouri sòti nan batiman an.

Alòs, wi, mwen te konnen ke demon yo te reyèl. Mwen swete mwen te kapab di sa yon fwa ke mwen te rive konprann ke pwoblèm mwen an se te yon move zespri, mwen te fè fas ak li epi te mache nan libète depi jou sa a. Men sa pat rive touswit. Son bagay ki tris, aprè mwen te fè tout ane sa yo nan legliz, mwen pat janm reyèlman pran tan poum aprann kiyès mwen ye nan Kris la epi aprann kijan poum aplike dwa legal mwen kont lènmi an. Men kounye, mwen reyalize oswa sisipèk ke mwen tap fè fas ak yon move zespri, mwen te jwenn ankourajman poum te aprann kouman poum te kapab fèl fè defèt. Mwen te konnen ase bagay poum konprann ke demon an te sipoze koubel anba otorite mwen, men mwen te twouble paske se pat sa ki te pase. Kèk jou aprè, mwen te gen yon lòt eksperyans pozitif ki montre aklè ke pwoblèm mwen an se te yon move zespri tout bon vre.

Mwen te nan channm mwen an mtap priye nan lesprim epi mwen te detèmine poum te pase ase tan nan lapriyè poum te ka jwenn yon repons sou sa ki tap pase a. Pandan sesyon lapriyè sa a, toudenkou mwen te santi yon liberasyon epi mwen te jwenn libètem ankò, menm jan ak lè pastè a te priye pou mwen an. Mwen te lib pou apeprè 2 zèd tan lannwit sa a anvan move zespri sa te tounen, men kounye a mwen te kapab asirew tout bon vre ke se te yon move zespri paske li te kouri pou lapriyè. Mwen te eseye priye ankò men anyen pat rive. Alòs, mwen te kòmanse li tout sa mwen te kapab li sou lagè espirityèl la epi mwen te pase tan ap repete kiyès mwen te nan Kris la. Men, malgre tout bagay sa yo move zespri an pat bouje. Jis pou fwa sa sèlman mwen tap priye epim te wè lespri a koubel anba pwòp otorite pam. Mwen te twouble epi mwen te kòmanse mande Senyè a avèk anpil pèseverans kisa poum te fè. Malgre mwen pat kapab jwenn libètem konplètman, mwen pat gen okenn atak kriz panik ankò epi tout paralizi mwen yo te disparèt. Alòs, te déjà gen kèk gwo viktwa. Mwen tap goumen toujou ak panse toumant epi depresyon, men mwen te gen konfyans mwen tap vin pi fò. Mwen te pase tan chak jou ap revize sa Bib la di sou otorite nou genyen nan Kris la.

Yon yon aprèmidi, mwen tap goumen ak santiman laperèz ke mwen abitye ak li pandan map travay nan biwo mwen an. Mwen te eseye lapriyè epi kòmande lespri perèz sa poul te ale lwen mwen men kòm dabitid sa pat gen okenn efè. Toudenkou, mwen tande vwa Seyè a. Li te di mwen poum te pase lespri a lòd poul te ale lwen, Li te dim fè sa byen fò, epi avèk otorite. Après, li te dim yon bagay ki te chanje fason mwen te konsidere otorite espirityèl la. Li di poum pat bay twòp atansyon ak santiman mwen lè map pase lespri a lòd poul te ale lwen, poum kanpe djanm sou Pawòl Li yo, men se pa sou sa mwen te wè oswa santi. Mwen tap travay nan biwo mwen an, alòs mwen pat ka jis leve epi kòmanse rele sou dyab la paske anplwaye mwen yo te la tou. Alos, mwen leve epi mwen te antre nan twalèt la epi mwen te di byen fò: "Nan non Jezi, Mwen mare ou, lespri perèz. Sa wap fè a ilegal, epi mwen pasew lòd pouw ale kounye a, nan non Jezi." Pat gen ankenn chanjman. Men, mwen sonje sa Senyè a te di mwen an: "Pa bay twòp atansyon ak santimanw yo." Alòs, mwen te remèsyé Senyè a pou otorite li te banm sou lespri sa a, epi mwen te kòmanse bay Bondye lwanj paske mwen te lib. Mwen tounen nan biwo mwen epi mwen te tounen travay. Pandanm chita bò biwo mwen an, menm si mwen pat santi okenn chanjman, mwen ta jis ap remèsyé Senyè a paske mwen te lib chak fwa perèz ta vle atake lidem. Pandanm tap travay sou dosye yon kliyan, toudenkou mwen te santi prezans Bondye ki vin sou mwen, epi mwen te wè yon nwaj nwa kitap kitem epi byen vit ki te disparèt nan plafon biwo mwen an.

Mwen te libere!

Espri dyabolik laperèz sa a te disparèt, epi si li te retounen, mwen te konnen kijan poum fè fas ak li. Mwen te tèlman eksite! Mwen rele Drenda epi mwen di li sa ki te sot pase a. Li te di ke li tap vini kotem menm moman an, epi nou te selebre sa pandan manje midi an jou sa a nan yon restoran Chinwa (kem pi renmen mwen). Mwen ta dwe repete pozisyon mwen an kont lespri perèz sa plizyè fwa ankò aprè jou sa, paske demon yo pa konn abandonne byen vit konsa. Epi byenke demon an te ale, dezòd finansye nan lavi mwen an te la toujou. Alòs, perèz toujou ap eseye fèm pèdi

konfyans nan tèt mwen akoz pwoblèm finans mwen an, epi mwen te oblige aprann kijan poum jere lesprim ak kijan poum kenbel anpè.

Te gen kèk lòt batay ke mwen te oblige mennen ak aprann nan lavim, epi anpil leson espirityèl sou Wayòm nan poum aprann, men rezon ki fè mwen te vle rakonte ou istwa sa a, se poum te fèw konnen ke mwen konprann ki jan estrès finansye afekte moun nan lavi yo epi ouvri yon toumant laperèz.

Mwen vle asirem ke ou konnen ke mwen te pase nan etap sa.

Alòs, kèlkeswa kalite dezòd ou ap fè fas jodya, gen espwa. Mwen swete mwen te konnen Wayòm Bondye a pi bonè nan lavi mwen, sa plis kon verite. Sa tris pou nou panse ke Drenda ak mwen te viv nan dezòd finansye pou nèf ane sa yo lè nou pat bezwen fè sa!

Malerezman, dezòd finansye nou an pat yon blip sou rada a; se te rada a menm. Se te konsa nou tap viv la. 9 ane nan mande charite nou lavi nou, anpil souvni de evènman imilyan ak sikonstans sa yo. Evènman ke map blyie pi rapid ke posib. Benediksyon pou madanm mwen! Li sipòtem anpil pandan ane sa yo. Se poutèt sa jounen jodya mwen eseje beni li chak fwa mwen kapab.

Menm jan Senyè a te gen poul anseyem kijan poum aji ak espri dyabolik yo ak lespri perèz yo, Li te kòmanse anseyem ki jan poum fè fas ak finans mwen nan yon pèspektiv espirityèl. Kisa Bondye te anseye Drenda ak mwen, ak sa Li te montre nou konsènan finans nou yo, te chanje lavi nou yon tèlman, nou pran angajman pou nou pase tout rès lavi nou ede lòt moun dekouvre menm prensip sa yo.

Drenda ak mwen te sòti nan dezespwa, ki pat gen lajan pou nou te peye machin nou yo, rive bati kay nou te reve genyen an san ankenn dét, kòmanse plizyè konpayi nou yo, ak lanse emisyon nan televizyon chak jou sou kouman pouw jere pwoblem lajan (Fixing the Money Thing), emisyon an pase nan orè chak zòn toupatou. Drenda te lanse tou yon emisyon chak semèn Drenda TV sou rezo ABC Family pou ede fanmi yo konnen kijan pou yo viv lavi epi ankouraje medanm yo.

Nou te santi ke Bondye mennen nou pou nou kòmanse Legliz Viv Lafwa, kote nou anseye chak semèn plizyè milye moun Wayòm Bondye. Kounye a, li koute nou plizyè milyon dola chak ane pou nou fè sa nap fè yo, plis pase \$200,000 chak mwa jis pou nou fè Televizyon an apati ekriti sa yo. Akenn nan bagay sa yo, pa tap posib si Bondye pat anseye nou bagay sa yo nou vle anseye ou nan seri sa a liv sa yo. Mwen pa vle ou gade liv sa a jis kòm yon lòt liv anplis sou finans. Se pa yon lòt liv sou fason ou bezwen fè yon bidjè, byenke sa son bagay ki nesesè epi nou sijere ou fè sa. Se pa yon travay remaniman kèk vye granmoun, "ki pa ase lajan," Alòs, nou kapab kanpe sesyon sa.

Non, se yon liv sou yon revolisyon, yon leve kanpe kont Wayòm fènwa a ak povrete li yo kap toufe moun. Li se yon liv sou kouman pouw voye jete kontrent gouvènman kòwòpi yo epi pran yon nouvo chimen nan lavi. Repons mwen an se pat kèk gress konsèy finansye ki tou fèt. Mwen te reyalize ke mwen te bezwen yon revizyon finansye konplè:

## YON REVOLISYON FINANSYE!



# CHAPIT 1

# WAYÒM NAN

Mwen te rakontew nan entwodiksyon an kòman lavim tap deperi akoz touman perèz. Alòs, mwen kwè li enpòtan poum kòmanse vwayaj sa ansanm avèk ou ak gress deklarasyon sa ou vrèman bezwen konprann: PINGA OU AKSEPTÉ VIV AK PERÈZ! Perèz louvri pòt pou tout kalte enfliyans demonyak, konfizyon ak depresyon, menm jan nou sot wè sa ki te rive nan lavim ak nan lavi plizyè milyon lòt moun. Mwen kwè twoma finansye se yon gwo pòt ki louvri pou perèz antre nan lavi moun. Pèsonèlman, map ede moun ak dosye finans yo depi 34 lane gras ak konpayi mwen an “Planifye finans ou ”, mwen te dekouvri mwen pat sèl gress moun ki tap goumen ak pwoblèm finansye nan lavi li.

An reyalite, daprè rechèch mwen fè, mwen jwenn gen yon pousantaj 23 pousan popilasyon Ameriken an ki pa menm peye ti moso dèt ki obligatwa pou yo peye a epi tou dousman yo antre nan oubli finansye<sup>1</sup>. Sa se youn sou 4 nan tout peyi a! 47 milyon, 1sizyèm Nan popilasyon an, ap resevwa èd alimantè, epitou 8 fanmi sou 10 ap viv sou depandans ti kòb yap touche chak mwa a<sup>2</sup>. Mwen pap menm pale pou 18 triyon dola dèt nasyon nou an genyen epi nou pap janm ka remèt kòb sa. Mwen pap pale tou sou 120 trilyon dola obligasyon finansye peyi nou an enpoze tèt li san li pa genyen okenn mwayen finansye pou li peye pri sa<sup>3</sup>. Nap viv nan yon

<sup>1</sup> Tracy Turner, “Debt Is People’s Biggest Worry...Finance Problems Rank Higher Than Terrorism and Disasters.” The Columbus Dispatch, 2006.

<sup>2</sup> Brad Plumer, “Why are 47 million Americans on food stamps? It’s the recession — mostly.” The Washington Post, 2013

nasyon ki gen kèk pwoblèm finansye ki serye! Sa mwen te dekovri nan lavim se pwoblèm finansye ki pat rezoud epi estrès finansye lakoz viv avèk perèz tounen yon mòd lavi.

Men gen plizyè repons! Ou kapab libere! Bib la klè sou sijè sa: Jezi te vini poul te preche bòn nouvèl la bay pòv yo!

*Lespri Bondye, Senyè, a desann sou mwen. Paske Senyè a chwazim,  
li voyem poum anonse bòn nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo!*

—Ezayi 61 :1

Kisa ki yon bòn nouvèl pou yon nonm pòv? Sa kapab petèt libète! Jodi a sa ka rive ou pa konnen kòman sa fè posib. Te gen yon peryòd nan lavim, mwen te santim enpwisan. Se yon bagay ki te tèlman etranj poum pat dwe yon moun menm 100 dola si se pat yon istwa ki tris mwen te Pandan 9 ane sa yo kotem patap viv men mwen tap eseye rete vivan, mwen te ravaje emosyonèlman. Estrès finansye vòlè tout bon ka ri sa bagay nou yo. Lèm tap gade fim pandan tout ane sa yo, mwen wont Ou

**“LESPRI BONDYE, SENYÈ, A  
DESANN SOU MWEN. PASKE  
SENYÈ CHWAZIM, LI VOYEM  
POUM ANONSE BÒN NOUVÈL  
LA BAY MOUN KI NAN LAPENN  
YO! ”**

**—EZAYI 61:1**

te kapab wèm nan yon videyo kap sòti nan machin mwen epi pitit mwen yo mwen renmen anpil la tap kouri vin jwenn mwen aprè yon long jounen travay nan biwo a. Yo tap kouri sou mwen epi kenbe pye mwen yo. Yap rele," Bonswa, Papa!" Nan videyo a, mwen pat menm reponn oubyen gade yo Mwen te tèlman

strese epi dekoraje sa te lakoz mwen pat menm wè sa ki te enpòtan.

Nan etadespri mwen te ye nan epòk sa a te fèm sonje yon bagay mwen te aprann yon fwa nan kou natasyon. Si gen yon moun kap nwaye epi kap rele pou mande èd, pran anpil prekosyon siw pral ede li. Poukisa? Paske yo tèlman ap eseye pou yo rete vivan, yo ka nwayew tou san yo pa fè eksprè. S zonbi ki pat konnen lavi ki tap travèse emosyon yo sanl pa santi anyen. Antanke yon mari, mwen te echwe nan tès la. Kòm moun ki sipoze bay anmi an tout sal bezwen, mwen te echwe nan tès la. Se menm bagay yo mwen te toujou konn ap fè san okenn emosyon, san vizyon, epi mwen te deprime.

<sup>3</sup> Glenn Kessler, "Does the Nation have 128 Trillion in Unfunded Liabilities." Washington Post, 2013.

Nan épòk sa, Columbus nan Ohio tap konnen yon gwo eklatman imobilye. Kay yo tap vin pi chè tout kote, epi, vil nou an te organize yon defile plizyè kay pandan anpil ane youn kole ak lòt. Si ou pa konnen kisa sa vle di, banm eksplikew. Yon defile plizyè kay se yon gwoup kay byen spesifik plizyè konstriktè bati pou montre stil inik yo, kapasite yo ansanm ak tout lòt aparèy epi mèb ki fenk fêt. Pou tout moun ki nan rejjyon an, se te yon gwo bagay epi te gen anpil moun ki te renmen sa. Men, mwen pat renmen defile kay yo. Nan nivo povwete nou tap viv la, mwen pat vle Drenda al gade kay sa yo. Mwen te deja pat santim byen akoz echèk finansye mwen an; mwen pat vle pou madanm mwen konnen nan ki nivo echèk sa te ye. Se kounyea mwen reyalize fason mwen te wè sijè sa te estipid, men nan épòk sa, se li ki te opinyon pam. Mwen te gentan konnen si Drenda te ale nan defile a, li tap vle pou nou achte yon novo kay. Alòs, chak ane, mwen te toujou ap di: "Non!" Men alafen, yon lane aprè, mwen te bay vag epi mwen te deside pou nou ale.

Jan ou kapab imajinel la, kay sa yo te bèl anpil. Yo te fè ti kay peyizan 1800 nou an parèt tankou yon kay ki te kondane epi ki tap tann pou yo vin kraze li. Aprè nou te fin vizite kèk nan kay sa yo epi pandan nou tap mache sou twotwa a, sanzantann mwen te reyalize Drenda pa tap mache bò kotem lan. Mwen te vire gade poum te wè ki kote Drenda ye, epi mwen te tris poum te wè Drenda ki te kanpe devan kay nou fenk kite a. Dlo te sòti nan jem. Mwen te retounen al jwenn li epi poze kesyon estipid sa, "ki pwoblèm ki genyen?" kòmsi mwen pat konnen kisa repons kesyon sa tap ye. Drenda te senpleman gadem epi li te mandem. "Kilè map ka gen yon kay"? Lesprim te tounen yon toubiyon, "Yon kay? Menm jan ak kay sa yo?" Tout kay sa yo koute 500 mil pou rive nan 700 mil dola. Mwen te toujou ap chèche kòman poum te peye 300 dola chak mwa mwen dwe pou ti kay peyizan nou an, mwen konnen sa tris, men pa gen anyen mwen te kapab fè, epi mwen pat bay bèl madanm mwen an okenn espwa. Perèz ak echèk te anvayi lespri mwen avèk pèspektiv mwen. Mwen te nan konfizyon; kote lafwa mwen, kote lajwa mwen? Ta sanble mwen pat ka wè pi lwen pase estrès finansye a.

Li te 2:00 oswa 3:00 nan maten epi mwen pat kapab dòmi. Mwen te santi yon gwo doulè nan machwè epi vizaj mwen tap fèm mal anpil, epi mwen te vrèman bezwen yon soulajman. Mwen te fè yon kanal dantè 36zèdtan anvan sa poum te ka kanpe yon enfeksyon ki te fè vizaj mwen gonfle tankou balon. Mwen te gen gwo doulè epi mwen pat santim byen ditou. Mwen te bwè Tylenòl chak 4è pou doulè a, men ta sanble anyen pat mache. Pandan mwen te chita nan salon an paske mwen pat

ka dòmi malgre mwen te pran yon lòt doz, mwen te vin pran bwat Tylenòl la poum kapab li enstriksyon ki te sou li yo. Se pa paske mwen pat konn kijan poum bwè Tylenòl la men mwen te tèlman santim annwiye, menm jan sa ka rive yon jou nan maten nou li sa ki ekri sou bwat sereyal yo pandan nap manje. Se pa paske sa enterese nou, se paske se li nou jwenn. Dakò, pran de (2) konprime chak katrèdtan (4èdtan), men kisa mwen wè? Ou pa dwe pran plis pase 10 konprime pandan yon jounen? Mwen gentan ap kalkile konbyen konprime yon moun tap bwè si li te pranl jan mwen tap bwè a sou de (2) jou ki sot pase yo—li te vin bay douz (12) konprime chak jou, te gen de (2) konprime anplis parapò ak dozaj la. Toudenkou, laperèz te pranm. Pandan nèf ane kote mwen rete men nan machwè, mwen echwe antanke yon mari, mwen echwe antanke yon papa, epi mwen echwe antanke yon founisè te prèske fè mwen tounen yon epav emosyonèl. Doktè yo te banm antidepresè ki pou ta edem santim byen. Men, pa gen anyen ki te mache. Pandanm te rete jou swa sa a avèk enfeksyon nan dan sa a, mwen te déjà pase (2) jou san mwen pa dòmi, epi doulè a te tèlman entans mwen pat ka dòmi jou swa sa nonplis. Se pandan map li bwat Tylenol la, mwen vin reyalize gen yon lòt pwoblèm ki ta dwe enkyetem, yon ovèdoz Tylenol. Mwen pat konnen kisa yon ovèdoz Tylenol ta kapab fèm, men mwen te met nan tèt mwen se te yon bagay inofansif paske nenpòt moun te ka achte li san doktè pat bezwen bay yon preskripsyon. Mwen te panse avètisman yo te mete sou bwat la se pou yo te kapab kalme avoka yo epi rete nan kondisyon legal yo. Mwen pat met nan tèt mwen de (2) konprime mwen te pran anplis yo tap lakòz yon gwo pwoblèm. Men, laperèz te antre nan lesprim, li te pran reyalite sa a, epi li te kòmanse fèm panse sou “e si” yo. Kidonk, pou lesprim te ka anpè, mwen te deside rele Sant Kontwòl Pwazon an poum chèche konnen. Mwen te met nan tèt mwen yo tap senpleman dim se pat yon gwo pwoblèm. Dam ki te pran telefòn lan te reponn tankou yon pwofesyonèl. Li te mandem kijan li te kapab edem, epi mwen te eksplike li sou dènye peryòd 36 èdtan an se chak 4 èdtan mwen tap pran Tylenol, kidonk mwen te pran 12 konprime nan plas limit la ki se 10 konprime pa jou a. Mwen te di li se sèlman poum ka verifye si 2 konprime siplemantè sa yo pa ka lakòz okenn domaj grav mwen te rele. Li te pran yon ti tan avan li te reponn, epi mwen te tande li ap tape sou klavye òdinatè a. Men sa li te vin dim, se egzakteman sa li te dim lan mwen site, “Mesye, poko janm gen yon moun ki rete vivan aprè li fin pran dòz sa a. “Èske mwen te tande li byen? Se pa vre! Kidonk, mwen te eksplike li ankò se sèlman 2 konprime mwen te pran anplis pandan yon jounen epi se pandan 2 jou mwen te fè sa.

Fwa sa a, li te reponn ak yon vwa sevè, “ Mesye, jan mwen te di a, nou poko janm gen yon moun ki vivan aprè li te pran dòz sa a. Ou dwe ale nan yon sal ijans KOUNYE A!” Lèm te eseye eksplike li ankò sa ki te pase a, paskem te sèten li pat konprann mwen, li te kanpem epi li di, “Swa ou ale nan lopital poukont ou osinon map voye yon anbilans pou ou“Mwen te sou chòk! Mwen te bege “Mwen prale poukont mwen“ Li te mandem “nan ki lopital ou prale? “. Mwen te di li ki kote epi li rakwoche.

Mwen te rete nan etoudisman. Mwen te gen yon reyinyon trè enpòtan nan 9:00 A.M. maten sa, epi lè sa li te anviwon 3:30 nan maten. Mwen te kouri monte eskalye a poum ale nan chanm mwen an epi mwen te reveye Drenda epi mwen te rakonte li sa ki te pase a. Li te gadem ak dekourakjman. Mari li te aji epi li tap aji yon ti kras etranj depi plizyè mwa, epi li te deja ap sipòte anpil bagay, epi kounye a sa vin ajoute sou li? li te di “Gary, se sèlman de (2) konprime anplis li te ye. Asireman, ou pa bezwen kwè sa kapab touyew. Tounen yo apèl la, “. Men, lè nou pè konsa sa fè nou pèdi larezon epi nou toumante. “Dam lan te di sa te ka touye m; Mwen dwe ale lopital la. “ Mwen te kapab wè rega, “ Ou sanble ap jwe “ a nan je madanm mwen pandanm tap sòti kite chanm lan.

Pandanm tap kondui ale lopital la, te gen de (2) mesye ki gen rad blan sou yo ki tap tann deyò pòt antre ijans lan. Lèm te rive, yo te pwoche bò kotem epi yo dim: “ Eske ou se Gary Keesee? “ Yo te kouri metem nan yon chanm tretman. Lèm pase pre tablo sal ijans lan, mwen te wè non mwen te deja ekri sou li. Li te di, “Gary Keesee—overdoz “Mwen pat kapab kwè sa. An rezime, lè doktè a te pran yon echantyon nan san mwen, li te antre epi li di, “Poukisa ou isit la? Nivo Tylenol ki nan san ou pa menm ka geri yon tèt fè mal. “Lè mwen te rakonte li anekdòt Sant Kontwòl Pwazon an, li te kòmanse ri. Se pat yon blag, epi lèm te resevwa bòdwo 2 mil dola nan lapòs la se pat yon blag nonplis. Dyab la te pyejem, pou li te ka vòlèm ankò.

Mwen rakontew istwa sa yo, avèk entwodiksyon an, pou ou ka wè kijan lavim te ye anvanm te dekovri Wayòm Bondye a. Se vre, mwen te kretyen. Se vre, mwen te konn bay ladim. Se vre, mwen te konn dirije sèvis nan legliz mwen an. Se vre, mwen te renmen Bondye. Men, gen yon bagay ki pat bon, sa te vrèman tèrib! Mwen te di nou kijan Bondye te anseyem kòman poum goumen ak lespri perèz la epi kijan mwen ka sispann depresè yo epi kriz panik yo. Men, sitiayson ki te banm laperèz lan, pwoblèm finansye a potko rezoud! Se chak jou mwen tap reflechi sou

kòman poum jwenn lajan ak poum peye bòdwom yo, amplis mwen te gen dis kat kredi ki te fini, twa prè nan konpayi finans, mwen te dwe enpo, mwen te dwe manb nan fanmim, ak anpil byen yo te sezi epi ki te nan ipotèk.

Jan mwen te di sa, nou te gen gwo pwoblèm finansye. Mwen te toujou strese epi lesprim te boulvèse. Menm lè nou se kretyen, nou te mouri finansyeman, epi, yo te anile tout kat kredi mwen. Yo te retire privilèj mwen yo, yo te revoke kredi mwen yo, epi kreditè yo te rele.

Pou jan sitiyasyon finansye nou an te difisil la, ak biznis nou an ki pa pwodwi anpil revni, menm manje nou pat kapab achte. Fanmi an te konn reyini bò founèz

bwa ki nan salon an pou nou yon ti jan rete cho paske nou pat kapab achte gazolin. Nou te konn chèche lajan nan fant chèz yo ak kanape yo pat kapab pou nou ka ale manje nan restoran.

Mwen te toujou konn kisa poum di chak lè kreditè yo rele, men yon jou te gen yon avoka youn nan kont delekan mwen yo te anboche ki rele pou rekouvri kont mwen an. Avoka sa a te sevè anpil. Li te senpleman di, "Ou dwe banm lajan an nan twa jou osinon map depoze yon pwersè kont ou sou non kliyan mwen an." Mwen te fini. Mwen pat konn kisa poum fè, mwen pat gen kredi ankò, mwen te deja kontakte tout zanmim yo, epi se lè sa a mwen te konnen sa te fini pou mwen. Mwen moute nan chanm mwen, mwen te akoupi bò kote kabann lan epi mwen priye. Touswit, mwen tandé vwa Senyè a. Se yon vèsè mwen te abitye tandé ki te vin nan lesprim.

*Bondye ki rich anpil la va ban nou tou sa nou bezwen nan Jezikri.*

— Filipyen 4:19

Mwen te reponn Senyè a mwen te konnen pasaj sa a men li pat satisfè bezwenm yo! Li te ban mwen respons menm kote a, "Wi, men se pa fòt mwen. Ou pa janm pran tan pouw aprann kijan Wayòm Mwen an fonksyone. An reyalite, pifò nan legliz mwen an ap viv menm jan Izrayèl te konn viv nan Ansyen Testaman an—tankou esklav. Yo toujou gen dèt epi yo toujou gen pwoblèm finansye. Sa mwen vle se pou pèp mwen an gen libete. "

**"BONDYE KI RICH  
ANPIL LA VA BAN NOU  
TOU SA NOU BEZWEN  
NAN JEZIKRI."**

**—FILIPYEN 4:19**

Mwen te kouri desann eskalye yo, mwen te pran Drenda epi mwen di li sa Senyè a te dim lan. Mwen te repanti devan li paske mwen pa tap chèche Bondye epi aprann kijan Wayòm li an te fonksyone. An reyalite, nan epòk sa a, nou pat reyèlman konnen sa Bondye te vle di lè li te di nou pa konnen kijan Wayòm nan te fonksyone. Aprè tou, nou te nan legliz, nou te bay ladim sou revni nou pi fò nan tan, epi nou te renmen Bondye. Nou te panse nou te déjà fè pati Wayòm nan. Men, pwoblèm nan, menm janm ta pral vin konnen sa a, se wi, mwen te sou wout mwen pou syèl la, men mwen pat gen okenn lide kijan poum aplike pouvwa ak otorite nan syèl la nan lavim ak afekte sikonstans natirèl mwen yo. Donk, nou te kòmanse etidye Labib, epi Bondye te kòmanse pale ak nou epi li te ede nou aprann sa li te vle di lè li te di Wayòm nan. Sa nou te aprann lan te chokan! Se te tankou limen yon limyè nan yon chanm nwa. Pou premye fwa nan lavi nou, nou te jwenn repons konsènan lavi finansye nou!

### **Bondye, kisa Wayòm ou vle di?**

Lè Bondye te di mwen pat janm aprann kijan Wayòm li an te fonksyone, mwen te nan konfizyon, poum pa di plis. Wayòm? Drenda ak mwen pat konnen anyen ditou. Nou te priye epi nou te mande Bondye pou li anseye nou sa li te vle di lè sa a: “Seyè, moutre nou sa Wayòm nan vle di!” Kidonk, premye bagay mwen te oblige aprann se kisa yon wayòm ye. Mwen panse konsèp sa a difisil pou lespri lwès nou yo konprann, nap viv ak yon mantalite Ameriken kote ki gen demokrasi ak libète ekspresyon. Wayòm Bondye a se pa yon demokrasi; se yon Wayòm ki gen yon wa. Lotorite Wa ki pase atravè Wayom lan ki delege lotorite nan plizyè biwo gouvènman ak anpil moun ki ap travay anba lotorite sa. Yon foul moun se pa yon wayòm. Ou ka gen yon milyon moun nan yon foul epi se pa yon wayòm li ye. Yon wayòm se yon gwoup moun ki anba lalwa oswa yon gouvènman. Definisyon Wayòm nan diksyonè a se: “wayòm: yon eta oswa yon gouvènman ki gen yon wa oswa yon rèn nan tèt li.

Menm lè nou selebre lè Jezi te vini sou latè chak peryòd Nwèl, an jeneral nou pa konprann si li te pote yon gouvènman avèk li. Bib la pale konsènan gouvènman sa a nan Ezayi 9:6-7:

“*Nou gen yon ti piti ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pralchèf nou, Ya relel: Bon konseye kap fè bèl bagay la, Bondye ki gen pouvwa a, Papa ki la pou tout tab an, Wa kap bay kè poze a!. Gouvènman li pap gen finisman. Nan peyi lap gouvènen an se*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

*va kè poze san rete. Lap chita sou fòtèy wa David la. Lap gouvènen peyi wa David la. Lap fè gouvènman an byen chita, lap ba li bon pye paske lap fè sa ki dwat. Li pap nan patipri, depi kounyeya jouk sa kaba. Se Senyè a ki gen tout pouvwa a ki sòti pou fè tou sa rive.*

Jezi se chèf gouvènman sa a, epi lè nou aksepte Jezi kòm Sovè pèsònèl nou nou vin fè pati gouvènman sa a; nou vin sitwayen. Nonsèlman nou vin sitwayen, men nou aktyèlman vin fè pati pwòp fanmi Bondye antanke pitit gason ak pitit fi Bondye.

*Men, sa ki te resevwal yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. Yo pat vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pat sòti nan egzijans lachè, ni nan volontè lèzòm. Se Bondye ki te papa yo.*

— Jan 1:12-13

*Se sak fè, nou menm moun lòt nasyon yo, nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye a.*

— Efezyen 2:19

Antanke manm fanmi Bondye, nou vin yon pati nan fanmi Li epi konsa nou posede oswa fè pati tout sa Bondye posede. Men tou, nou vin yon sitwayen nan gwo gouvènman Li a. Sa vle di nou gen dwa avèk avantaj legal nan gouvènman sa a. Pouw kapab pi byen konprann sa map di a, kitem eksplike nou kòman sa ye pou yon sitwayen natif natal nan peyi Etazini. Antanke sitwayen Etazini, ou gen dwa legal. Dwa legal ou yo ekri nan konstitisyon nou an ak nan lwa ki te pase nan gouvènman nou an. Lwa ak avantaj sa yo touche chak sitwayen, kèleswa ki moun yo ye. Dwa sa yo pa baze sou santiman nou oswa sou fason nou entelijan. Non, yo etabli pa lalwa, epi yo legalman disponib pou chak sitwayen ki rete Etazini. Sa ka rive gen sitwayen ki pa menm konnen dwa legal yo, men kanmenm, yo genyen yo tou senpleman paske yo se sitwayen peyi Etazini.

Koulye a, men yon bagay pou ou reflechi sou li, epi mwen espere li ap chanje tout pwennvi ou sou Bondye ak fason ou resevwa nan men Bondye. Isit la, Ozetazini si nou wè gen yon bagay oswa yon moun ki ap eseye retire dwa legal nou yo nan men nou oswa si yo trete nou yon fason ki enjis, nou gen aksè ak jistis (jistis

vle di fè respekte oswa administrasyon lalwa), yon pwosesis ki mete dwa legal nou yo an aplikasyon. Nou ale nan tribinal, epi se pa sou aparans nou jij la gade, oswa si nou rich oswa pòv. Se lalwa li gade. Se toujou an favè lalwa li dwe jije. Men kisa nou genyen kòm garanti: nou gen dwa legal, epi gouvènman nou an pral aplike dwa legal nou yo atravè yon pwosesis jistis nan peyi Etazini. Panse avèk sa, epi gade yon tikras pi byen Ezayi 9 kote li pale sou nouveau gouvènman sa a Jezi ap pote sou tè a.

*Lap chita sou fòtèy wa David la. Lap gouvènen peyi wa David la.  
Lap fè gouvènman an byen chita, lap ba li bon pye paske lap fè sa ki dwat....*

— Ezayi 9:7b

Pasaj sa a di nou se lajistis, administrasyon lwa Bondye a, ki etabli epi soutni Wayòm Bondye a. Administrasyon vle di pwosesis pou aplike oswa fè respekte dwa legal ou yo. Dwa legal ou yo se sa Bondye rele jistis oswa sa li di ki dwat, lalwa li. Pou Li ba ou garanti ou genyen sa Bondye di ki dwat nan Wayòm li an, sa ki legalman pou ou antanke yon sitwayen nan Wayòm sa a, Bondye te ba ou aksè a jistis, ki se pwosesis osinon garanti ou ap gen sa li te pwomèt ou yo. Bondye fè nou konnen volonte li grasa Pawòl li a, Bib la, pou nou ka konnen dwa nou genyen nan Wayòm li an. Sa a se yon bon nouvèl! Tout sa ou li nan Bib la ki gen rapò ak sa Bondye te pwomèt ki déjà pou ou legalman antanke yon sitwayen nan Wayòm li an!

2 Korentyen 1:20 di aklè chak pwomè—TOUT PWOMES—se “Wi” ak “Amèn”. Sa te déjà deside; legalman li pou ou déjà.

*Paske se li menm ki fè nou wè tout pwomès Bondye yo se verite. Se poutèt sa tou, gremesi Jezikri, nou ka di amèn lè nap fè lwanj Bondye.*

— 2 Korentyen 2:20

Fondasyon Wayòm Bondye a se jistis ak dwati—li pa kapab pèdi pwisans li. Kidonk, reflechi sou sa nan fason sa a: “Si mwen konnen lwa Wayòm Bondye a (volonte li), epi mwen konnen mwen gen aksè a jistis, pwosesis pou fè respekte lalwa ki garantim sa lalwa di a, kidonk mwen gen konfyans epi mwen pa pè.

*Se poutet sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen lap koute nou si nou mandel kichòy ki dakò ak volonte Li. Konsa, non sèlman nou*

*konnen lap koute nou lè nou fèl yon demann, men nou konnen tou lap ban nou sa nou mandel la.*

— 1 Jan 5:14-15

Lè vèsè sa a di Li tande nou, Se pa vwa nou li vle di Li tande; sa vle di Li pran sitiyasyon an sou an chaj li. Imagine se yon jij ki ap tande yon ka yon fason pou

**SE LWA YO KI FÈ  
WAYÒM YO  
FONKSYONE EPI  
LWA YO PA CHANJE.**

li bay jistis. Sal tribunal la ak jij la dwe pèmèt chak sitwayen jwenn jistis. Desizyon jij la pa baze sou santiman li men se sou lwa li ap dirije yo epi pou aplike pou chak sitwayen desizyon li baze. Jij la fèt pou li garanti lajistis(ki se aplikasyon lalwa) daprè sa lalwa ekri a. Nan ka pa Bondye a, twòn Li (kote otorite) ak pouvwa li dwe bay tout moun ki vin jwenn Jezi ak Wayòm li an garanti jistis (aplikasyon volonte li).

Tanpri, li deklarasyon sa a ankò tou dousman epi kite li rebondi nan fason ou pèsevwa Bondye kounye a. Pifò moun santi Bondye pran desizyon li yo youn aprè lòt, men se pa vre. Li se Wa nan yon Wayòm ki gen lwa ki pa chanje. Li pa pran epi li pap janm pran desizyon ki pa gen rapò ak lalwa li a. Kidonk, nou ka konnen kisa repons li a ye anvan menm nou poze kesyon an, epi pou nou ka sèten nou genyen sa lalwa li a di anvan nou wè li paske li gen pouvwa pou fè respekte lalwa li a.

Lè Drenda ak mwen te kòmanse aprann sou dwa legal nou genyen nan Wayòm nan, sa te konplètman chanje fason nou te panse konsènan Bondye ak Labib. Nouvo konpreyansyon sa te chanje lavi nou. Nou te sispann mande. Nou te sispann sipliye. Nou te dekouvre sa Bondyedi ki te déjà pou nou legalman antanke sitwayen Wayòm li an. Nou te sèlman bezwen kontinye aprann kijan pou nou fè reklamasyon legal sou sa ki legalman pou nou epi lage li sou latè. Imagine lè wap retire lajan sou yon chèk. Menmsi ou ta gen anpil lajan sou kont anbank ou, gen yon pwosesis legal ki pèmèt ou fè reklamasyon lajan an epi retire chèk la. Gen yon pwosesis nan nenpò sistèm legal ki pèmèt nou fè reklamasyon legal pou yon bagay, menm si nou déjà posede li.

*Ann fè lwanj Bondye, Papa Jezikri, Senyè nou an. Paske, nan kè sansib li, li ban nou lavi ankò lè li te fè Jezikri leve sòti nan lanmò a. Sa fè nou viv ak anpil espwa.*

— 2 Pyè 1:3

Se yon wayòm! Sila ki sitwayen Wayòm nan gen menm dwa ak nenpòt lòt moun ki se sitwayen Wayòm nan. Li enpòtan pou nou konprann agiman sa a: Se lwa yo ki fè wayòm yo fonksyone epi lwa yo pa chanje. Poukisa sa enpòtan? Li enpòtan paske sa vle di si Wayòm nan travay oswa fonksyone daprè lwa ki pa chanje, lè sa a pa gen okenn fòs kote nan Wayòm nan. Olye de sa, tout moun nan Wayòm nan gen menm dwa pou yo jwi aplikasyon lwa Wayòm nan pou yo menm jan nenpòt lòt moun nan Wayòm nan kapab.

Men kote bagay yo vin yon ti kras konfonn nan legliz atravè mond lan. Pifò kretyen panse ke Bondye deside abitòman sa li vle fè nan lavi yon moun. Sa vle di, yo panse Bondye chwazi beni yon moun epi li pa beni yon lòt moun. Yo panse Bondye pèmèt yon seri bagay moun yo pa ka kontwòle rive yo. Yo panse li pral geri yon moun epi pa yon lòt. Pifò kretyen sipliye Bondye pou li ede yo lè li deja fè tout sa li kapab pou li ede yo. Li te ba yo Wayòm nan, tout Wayòm nan!

Lè Bondye te kòmanse pale avèm sou finans mwen emwen te bezwen aprann plis sou Wayòm li an, li te banm vèsè sa a.

*Benediksyon pou nou menm ki pòv, paske peyi kote Bondye wa a se pou nou li ye.*

— Lik 6:20b

Bondye tap dim se Wayòm li an ki repons mwen an pou finans mwen an epi ou ta ka ajoute sou sa, konnen kijan yo pwofite nan lwa Wayòm nan isit la sou latè menm jan Jezi te fè sa. Mwen admèt mwen pat gen okenn lide kisa tout bagay sa yo te vle di nan premye. Men, pandanm te reflechi sou sa Bondye te dim, mwen te reyalize ke wayòm yo, an reyalite, fonksyone daprè lalwa. Yo ka konnen fonksyon ak efè yon sèten lwa epi konte sou yo pou fonksyone menm jan chak fwa paske lwa pa chanje. Mwen pat janm vrèman panse sou sa nan yon pwendvi espirityèl anvan. Sepandan, si se te ka sa a, epi Wayòm Bondye a aktyèlman te opere konsa, Lè sa a, mwen te konnen mwen te kapab aprann lwa sa yo, aplike yo, epi gen benefis nan lwa sa yo ap fonksyone nan lavim.

Mwen te reyalize lwa ki gouvène tè sa a pa chanje. An reyalite, fonksyon konstan epi ki pa chanje a ka depann de voye yon moun sou lalin lan oswa fè yon avyon vole. Men, pifò kretyen pa pwoche bò kote Bondye ak konpreyansyon sa a.

Olye de sa, yo sipliye epi kriye lè yo bezwen yon bagay, ap eseye konvenk Bondye de sa yo bezwen kòm si Bondye dwe chwazi pou pran swen yo.

Pa egzanp, sim ta pral preche yon konferans nan nenpòt legliz, èske tout moun nan legliz sa a ta kòmanse priye pou limyè yo ta limen pou evènman sa a? Èske yo tap fè jèn epi priye, epi yo tap sipliye Bondye, “Bondye, ou konnen kijan reyinyon sa a enpòtan epi kijan nou bezwen limyè sa yo limen,” jan yo mande ak kriye ak plenn nan lapriyè? Mwen pa panse sa. An reyalite, mwen pa kwè lè yo tap planifye reyinyon sa a yo tap bay tèt yo pwoblèm pou limyè. Si s ata rive lè yo te vini nan lannwit sa pou konferans lan epi pa ta gen limyè, èske ou panse yo tap rele konpayi elektrik la epi sipliye yo pou yo ta fè limyè yo limen? Non. Si yo te fè sa, mwen sèten reprezantan konpayi an ta koute pou yon segond, vire bò kote kòlèg travay li a epi di, “Se avèk yon moun fou mwen ap pale la.” Lè sa a, li ta di, “Madam, kouran an pase; pwoblèm nan se nan bò paw la li ye.”

Lè mwen rakonte sa nan konferans mwen yo, moun yo toujou ri. Èske ou konnen poukisa? Se paske yo konnen se yon bagay ki estipid si ou rele konpayi elektrik la epi kriye pou yo voye kouran lakay ou; pifò moun konnen egzakteman sa pou yo fè a. Yo senpleman limen enteriptè a. Yon bagay byen senp! Pa gen gwo travay emosyonèl, pa gen estrès; yo sèlman limen enteriptè a. Ou vle konnen poukisa yo pa sousye yo si limyè yo te limen? Se paske yo PREVWA limyè yo ap limen. Yo prevwa limyè yo ap limen paske yo konnen kijan elektrisite fonksyone. Yo konprann LWA ki gouvène elektrisite, epi yo konnen lalwa pa janm chanje.

Men, si ou te retounen 1,000 ane an aryè epi ou te di yon moun ke ou pral limen yon vil antye ak yon ti anpoul ki fèt an vè, yo tap panse ou te fou. Men, si yo te wè yon katye limen ak anpoul ki fèt an vè, yo ta di ke se te yon mirak. Nenpòt bagay moun pa ka eksplike, yo rele li mirak. Men, se pat yon mirak; Se lwa elektrisite yo ki te tou senpleman ap fonksyone menm jan li pral fonksyone pou nenpòt moun ki pran tan pou aprann kijan elektrisite fonksyone.

Nou fenk sot aprann kòman elektrisite fonksyone, oswa ou ta ka di nou te renouvele lespri nou sou lwa ki gouvène elektrisite. Kidonk, nou prevwa li ap fonksyone epi nou pa sezi lè nou wè li fonksyone. An reyalite, nou pi sezi lè nou wè li echwe. Lè nou konprann lwa ki gouvène elektrisite yo epi lè nou ekri yo, nou kapab repwodui limyè nan tout mond lan. Kijan? Nou ka fè sa lè nou anseye lòt moun kijan lwa sa yo fonksyone epi pèmèt yo jwi avantaj limyè a genyen yo tou. Tout sa posib gras ak yon konpreyansyon sou lwa ki gouvène elektrisite yo. Se

menm bagay la pou lwa espirityèl yo. Si nou pa konprann yo, nou pap gen kapasite pou jwi benefis yo oswa pou nou repwodui yo lè nou bezwen yo.

Lè nou wè yon avyon vole, nou pa di, “Wow, sa se yon mirak.” Non, nou prevwa avyon an ap vole paske, la ankò, nou konprann kijan yon avyon vole epi poukisa li vole. Epi ankò, si nou ta retounen 1,000 ane avan sa epi youn nan nouvo avyon Airbus 380 doub—deck yo te vole sou tèt pyebwa, kisa moun ta di? Yo ta di se te yon mirak! Mwen dakò, avyon 380 an trè enpresyonan, li peze 1.2 milyon liv, li pote plis pase 800 moun nan yon vitès 570 mil pa èdtan e li ka rive jiska 9,000 mil. Ou ta ka tante panse se yon mirak tèlman li fantastik. Men, se pa sa. Nou te kapab mande enjenyè ki te konstwi avyon 380 an kisa ki fè li vole, epi yo ta di nou chak lwa fizik yo te konn itilize pou fè avyon sa a vole epi yo ta ka dekòtike chak vis ak pyès yo te itilize. Enjenyè yo pat nan pis aterisaj la lè inogirasyonan an pou yo ta di, “Wow, Ala bèl bagay; Mwen pa ka kwè bagay sa a vole toutbonvre.” Ankò, nou gen konfyans pou monte nan yon avyon paske nou konnen kapasite pou li vole baze sou lwa fizik ki pa chanje. Osi lontan ke nou respekte paramèt lwa sa yo, avyon sa a pral vole. Sonje sa: Lwa pa chanje!

Nou pa tap janm monte nan yon avyon si lwa a pat konsistan. Si nou te achte yon tikè avyon epi li te di yon bagay konsa an premye, “Vwayaje sou avyon sa a se sou pwòp risk ou paske lwa asansè a ap travay detanzantan. Yon jou, lalwa a ap mache epi yon lòt jou li pa mache. Pa gen moun ki konnen pou asire w—ou gen chans sou ou? Vwayaje an byen.” Ki dènye fwa ou te pè ke ou ta pral flote sou chèz ou a? Jamè? Poukisa? Paske ou konnen lwa gravite a pa janm chanje.

Bagay sa yo ke mwen mansyone yo se lwa fizik sou latè ke Bondye te kreye. Men, ou konn yon bagay? Lwa espirityèl Wayòm li an fonksyone menm jan an—yo pa chanje! Anvan Bondye te pale avèm sou Wayòm li an, mwen te gen bonjan pratik sou fason lwa fizik latè a te travay, men mwen te panse Wayòm Bondye a te diferan. Mwen te panse ke Bondye te jis fè tou sa li te vle lè li te vle. Men, mwen te dekouvri ke se pa vre. Lèm te wè lwa Wayòm espirityèl Bondye a pat chanje epi mwen te kapab aprann, konprann ak aplike yo, mwen te konprann poukisa Jezi te kontinye di: “Men ak kisa Wayòm Bondye a sanble.” Lè sa a, li relye Wayòm nan ak yon bagay ki nan dimansyon natirèl la pou pèp la ka konprann kijan li fonksyone. Menm lè a, se te tankou yon anpoul te etenn nan tèt mwen. Mwen te gen panse sa a: “Si Bondye te ban nou Wayòm nan, sa ke Li te fè, epi Wayòm nan

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

fonksyone daprè lwa ki pa ka chanje, lè sa a mwen ka aprann lwa sa yo epi aplike yo nan lavim.”

*Nou pa bezwen pè, nou menm ti bann mouton yo, paske se tout plezi  
papa nou poul ban nou peyi kote Bondye Wa a.*

— Lik 12:32

Se jou sa a mwen te vin yon syantifik espirityèl! Mwen te wè Bib la nan yon limyè konplètman diferan. Mwen te kòmanse poze kesyon lèm te li Bib la: “Poukisa pwason sa yo te miltiplier? Poukisa moun sa a te geri? Poukisa pen sa a te miltiplier?” ak anpil lòt. Lèm te abòde Bib la nan fason sa, mwen te mande Bondye pou li montrem lwa ki te la yo—WOW!

Lè Senyè a te pale avèm nan jou avoka a te rele a epi li te dim pwoblèm mwen an se paskem pat janm pran tan poum aprann kijan Wayòm li an te fonksyone, imedyatman mwen te desann epi mwen te repanti ak madanm mwen paskem pa tap chèche Senyè a epi mwen te kite nou tonbe nan dezòd sa a, jan mwen te di deja. Men, nou pat konnen kisa sa vle di toutbon pou nou fè Wayòm nan konfyans pou solisyon nou yo. Anplis, nou te deja nan legliz, sou wout pou nou ale nan syèl la, epi nou te renmen Bondye. Nou pat gen okenn ide sou kisa Bondye te vle di lè li te di “Wayòm” nan epòk sa a. Nou te gen yon pwoblèm reyèl sou do nou, epi nou patkonnen kijan nou ta pral jwenn lajan an ke avoka a te di nou te gen twa jou pou nou jwenn oswa kijan yo jere pwochè a ki kounye a ta pral depoze kont nou si nou pat vini ak lajan an nan twa jou sa yo.

Kidonk, sa a te yon bon tès. Se te premye eksperyans mwen ak yon pwoblèm lajan, epi mwen te vle Senyè a montrem sa li te vle di lè li te pale de “Wayòm nan”. Kounya, kitem di ou sa ki te pase. Sonje byen, avoka a te di mwen te gen twa jou poum jwenn lajan an ba li, sa ke mwen pat genyen! Se dezespwa sa a ki te fèm ale nan chanm mwen epi rele nan pye Seyè a; Mwen te nan pwoblèm! Natirèlman, se lè sa a li te pale avèm konsènan Wayòm nan kòm solysyon mwen an; yon lòt fwa ankò, mwen pat gen okenn lide kisa li te vle di pa sa, men mwen sèten mwen te vle aprann.

De (2) jou aprè, nan aswè, mwen te sou wout poum al rankontre yon kliyan sou asirans vi li. An pasan, nan epòk sa yo mwen te toujou estasyone machin mwen an nan kwen kay kliyan mwen an, jamè devan kay la. Minivan ke mwen te genyen a

te gen yon ti pwoblèm. Lè li te demare, li te rampli devan kay la oswa lari a avèk lafimen blanch, epi se pat yon tikras lafimen. Mwen jis te toujou santi ke li pa tap fè antrepriz la byen si mwen estasyone nan antre kay kliyan mwen an epi, lèm ap deplase, poum kite anpil lafimen nan antre kay la. Mwen te sipoze ke kredibilite mwen nan domèn finans lan ta ka yon ti kras afekte si sa te rive puiske mwen tap mande yo pou yo envesti dè santèn de milye de dola nan antrepriz mwen an. aprè tou, si mwen te tankou yon gwo manadjè finansye, poukisa se yon machin ki apèn ka kouri mwen ap kondwi? Jou lannwit sa a pat diferan.

Pandan mwen tap sòti lakay kliyan mwen an, mwen te pè anpil lèm te wè kliyan mwen an tap suiv mwen nan lari a pou rive bò kote machin mwen an. Li pat fè eksprè; nou te jis ap pale. Men, mwen te yon ti kras enkyè ke li ta rete prèm pandan mwen tap demare machin nan. Nou te kontinye pale pandan mwen te monte nan kamyonèt mwen an. Avèk fenèt la desann, mwen te kontinye pale, mwen espere ke li ta di bon nwit epi mwen te kapab aji kòmsi se yon bagay mwen tap fè pou yon minit pandan li tap mache ale a, men li pat deplase. Finalman, li te di bon lannuit, men li te tou senpleman fè bak lwen kamyon an epi li te kanpe la. Mwen te konnen yo te kenbem. Mwen te demare van lan, nan lespwa petèt sèl fwa sa a li pa tap demare ak lafimen blan an, men sa te yon swè ki pat ap reyalize. Menm kote a, lè a te plen ak lafimen ki te boule je ou.

Mesye a te fè mwen siy, rapidman poum etenn kamyon an. Li te tounen nan vit la epi li te mande si mwen te kapab mete kapo a. aprè sa, li te eksplikem ke li te travay a tan pasyèl kòm yon mekanisyen oto, epi li te vle verifye yon bagay. aprè yon minit, li tounen epi li di: "Se egzakteman jan mwen te sispek la; ou gen yon tèt motè ki kase. Kondwi kamyonèt la lakay ou epi repare li imedyatman." Mwen te remèsyé li pandan mwen tap pati a, men dyagnostik li a pat vle di anyen pou mwen. Mwen pat gen lajan poum repare kamyonèt la.

Biwo mwen an te sèlman anviwon sis kilomèt distans ak kay kliyan mwen an, epi pandanmwen tap tounen nan biwo mwen an, dra depresyonmwen konnen byen an te anvayi mwen. Men, pandan mwen tap kondui, mwen vin sonje sa Senyè a te di mwen, epi mwen te kòmanse pale avè li konsènan kamyonèt mwen an. "Mwen te di, Seyè, mwen pa gen okenn lajan pou repare kamyon sa a. Mwen rete lajan poum peye sou van lan tou, epi mwen pa ka vann li tou kraze a. Mwen jis pa konnen kisapoum fè. Petèt li ta pi bon si van lan jis boule. Konsa konpayi asirans lan tap peye li epi mwen tap debarasem de li."

Apeprè twa mil mèt distans parapò ak biwo mwen an, mwen remake yon ti boul mwen pat remake anvan sa sou kapo machin lan. Pandan mwen tap gade, ti boul la tap vin pi gwo jiskaske, pandan mwen antre nan pakin biwo mwen an, ti boul la te

**LÈ SA A, NOU TE  
PWOUVE TÈT NOU  
SISTÈM BONDYE A TE  
FONSKYONE, EPI NOU TE  
ANGAJE NOU POU  
KONTINYE APRANN EPI  
ITILIZE SISTÈM WAYÒM  
LAN DEPI LÈ SA A.**

pete tankou yon boul dife. Mwen te sou chòk; flanm dife ki te leve byen wo sou kapo a te vale tout devan kamyon an. Mwen kouri antre byen vit nan biwo a epi mwen rele depatman ponpye a. Nan denmen, konpayi asirans lan te totalize kamyonèt la, epi yo te ban mwen yon chèk ki te ranbouse li epi avek ti monnen ki te rete a nou te siyen yon chèk nan lannwit sa pou avoka ki te relem sa te

gen twa jou a. Drenda ak mwen te sezi. Nou pat konn sa pou nou panse. Nou te konnen Bondye tap travay pou nou epi yon bagay tap chanje. Men, gen yon lòt tès nou ta pral pase parapò ak angajman nou anvè Wayòm nan ki ta pral mete yon machasuiv devan nou pou plizyè lane.

Aprè kamyonèt la te boule a, nòmalman, nou te kontan, menm moman an nou te reyalize nou pat gen machin. Malgre nou te peye dèt kamyonèt la kounye a epi nou te peye avoka kat kredi a, nou pat gen okenn lajan pou achte yon nouvo kamyon. Lè papam te tande nou te pèdi kamyonèt nou an, li te rele epi li te di nou li vle ede nou jwenn yon nouvo kamyon. Nou te kontan lè nou te tande nouvèl sa a. Se konsa, papam ak mwen te ale kote konsesyonè machin lokal la epi yo te jwenn yon kamyon Drenda ak mwen te renmen. Papam te di li tap ban nou \$5,000 pou achte li, pri machin lan te anviwon \$17,000. Nou tap gen pou nou ajoute \$12,000 sou li. Mwen te ranpli yon aplikasyon kredi ak retisans epi papam te siyen li tou. Yo tap gen pou fèm konnen desizyon yo nan maten.

Jou lannwit sa a nou pat kapab dòmi. Nou te konnen nou pat kapab pran prè sa a. Senyè a te fenk pale avèmpoum fè yon bagay konsa. Men, mwen pat gen machin, mwen te gen yon pousepoum bay sa vag. Aprè yon lannwit kote nou pa byen dòmi, Drenda ak mwen te tonbe dakò pou nou pa siyen papye prè sa a. Mwen te rele papam epi mwen te remèsyé li pou si bèl òf la men mwen te di li nou pral refize. Aprè sa, mwen rele konsesyonè yo epi mwen di yo menm bagay la. Yo menm tou yo

te desi paske prè a te apwouve maten sa a epi kamyon an te pare pou nou pranl. Byenke nou pat gen okenn siy sou fason Bondye te pral ede nou ak kamyonèt nou an, nou te santi nou anpè.

Pandan peryòd tan sa a, Drenda te vann kèk antikite paske nou ta pral vann yo nan dezyem men. Li te kite yon mesaj pou yon nonm pou li ka achte plizyè chanm nan mèb ke li te gen pou vann sa te gen yon mwa anvan kamyon an te boule men li pat kapab pran kontak avèk li. Kèk jou aprè kamyonèt la te boule, li te rele epi li te dakò vann twa chanm sa yo plen mèb bay Drendapoum s pase \$1,000. Drenda te fè yon akò ak yon konpayi vant piblik pou vann mèb la pou li epi li te rive negosye ak konpayi vant piblik la pou li jwenn yon machin bon mache ke konpayi vant piblik la posede olye pou yo ba li lajan kach. Se konsa, nou te peye kamyon an, kat kredi a te peye, epi prè nou te fè sou van lan te peye.

Wow! Kidonk, se konsa Wayòm nan fonksyone. Nan moman sa a, nou te pwouve tèt nou sistèm Bondye a te fonksyone, epi nou te pran angajman poun kontinye aprann epi sèvi ak sistèm Wayòm Bondye a depi nan moman sa a. Ou ka mande, “Ki prensip nou te itilize? “Pi gwo a se pat pou fè dèt konfyans men se te mande Bondye sa nou bezwen epi kite li montre nou kijan pou nou rekòltel.

Ensidan ki te pase avek ti bis la te entrige mwen epi raplem yon lòt ensidan ki te rive kèk mwa anvan, men nan moman sa a, mwen pat konprann sa Bondye tap montrem lan. Mwen potko ka mete nan lesprim ke se te yon prensip Wayòm nan.

Mwen renmen lachas sèf men mwen pat konn pran anyen depi kèk lane. Mwen konn sòti, chita nan fredi a, epi ale jou aprè jou san mwen pa gen chans. Se pat ke mwen jis te renmen lachas; Mwen te gen ti bebe yo poum nouri epi mwen te byen bezwen vyann lan. Malgre ke mwen te gen kèk siksè nan tan lontan an, sa te gen ane depi mwen te konn fè siksè nan lachas sèf epi pote vyann lan lakay. Yon jou, pandan mwen tap reflechi sou sezón sèf k ap vini an, mwen te tande vwa Senyè a. Li di: “Poukisa ou pa kitem montre ou kijan pou ou jwenn sèf ou ane sa a?” Sa fèm sezi. “Montrem kijan yo jwenn sèf mwen an ane sa a?” Kisa sa vle di? Lèm te priye konsènan pawòl sa yo, mwen te tèlman anvi simen yon semans finansye oswa bay yon kado nan objektif poum kaptire sèf sa a. Mwen te santi Senyè a te dim ke lèm te simen pou sèf mwen an, mwen te dwe kwè ke mwen te deja resevwa li anvan ke mwen te genyen li, daprè Mak 11:24:

*Se pou sa mwen di nou: Tou sa nap mande lè nap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou reservwal deja, na wè sa rive vre.*

Malgre ke antanke kretyen mwen te toujou bay ak sipòte legliz mwen an, lèm simen ak entansyon sible konsa epi kwè ke mwen resevwa lèm priye se te yon bagay novo. Mwen te pran yon chèk epi mwen te ekri nan seksyon memo a, “Pou sèf 1987 mwen an.” Mwen te mete men mwen sou li epi mwen te voye li pa lapòs nan yon ministè mwen te fè konfyans epi mwen te deklare mwen te fèk resevwa sèf mwen an pandan mwen te voye li pa lapòs. Mwen tap viv nan limit vil Tulsa nan Oklahoma nan epòk la, mwen pat vrèman gen yon kote pou ale lachas, men yon zanmi legliz te envitem vin jis lakay gramè li nan peyi a pou peryòd Thanksgiving. Li te di te gen kèk sèf alantou fèm nan. Se konsa, fanmi mwen te dirije nan maten Thanksgiving pou jwi yon gwo jounen manje ak di Bondye mèsi epi fwa sa, poum kaptire sèf mwen an.

Zanmim lan pat vrèman konnen ki kote pou li te dim ale, men te gen yon patiraj ki te bò kote rakkwa, epi li te pwopozem ale nan savannpoum chita bò kote yon gwo pye bwa ki te la. Koulye a, mwen vle ou jwenn imaj sa a. Mwen te chita nan yon patiraj kote zèb yo koupe ki te gen yon gwo pye bwa nan mitan an. Se konsa, mwen te chita ak dom nan pye bwa a epi mwen te anfas rakkwa a, ki te petèt 130 yad parapò ak mwen. Kounye a lèm ap panse ak sa, mwen te sèlman chita nan jaden bò kote yon pye bwa, pa reyèlman sa ou ta rele yon sitiayson ideyal.

Apeprè 30 oswa 40 minit nan maten, san mwen pat konnen, yon mal sèf tap kouri atravè jaden dèyèm lan nan direksyon rakkwa ki devanm lan. Pye bwa a te ant mwen menm ak sèf la, kidonk bouk la pat wèm epi mwen pat wè li. Bouk la kouri tou dwat nan direksyon pye bwa a sou wout li nan bwa yo, san li pa wèm chita la. Pandan bouk la te monte sou pye bwa a, li te pran sant mwen epi li te kanpe, li tap mande kotem te ye. Bouk la te gade toutotou pye bwa a, epi je nou youn te wè lòt an menm tan an depi sèlman senk yad distans. Mwen pa fin sèten kilès ki te plis sezi, men mal sèf sa a pat pèdi tan pou li te kouri ak gwo vitès. Ak yon ronfle byen fò, li te dekole a tout vitès nan direksyon bwa yo. Mwen te toujou chita la, pandan mal sèf la tap kouri ak tout vitès lwenm mwen tap eseye leve fizi mwen an, epi jwenn li ak vizyè mwen an.

Koulye a, eseye suiv tras mal sèf sa kap kouri toudwat ak tout vitès epi tire konsa konsa se pat yon bagay fasil. Pou di nou laverite, mwen pat janm tire sou yon

sèf k ap kouri anvan. Mwen sonje ke mwen pat kapab kenbe sèf sa a nan vizyè mwen paske sèf la tap sote byen wo nan lè a, tankou sèf whitetail fè lè yo pran kouri ak tout fòs yo. Men, lèm peze gachèt la, mal sèf la tonbe epi li pa bouje. Mwen te choke! Tout sa te rive nan yon segond. Kout bal la te nan 110 yad lèm te mezire distans li.

Lè bri bal la fèt la, zanmim lan te sòti epi li felisitem pou sèf mwen an kòm li te wè li kouche atè. Mwen pat di zanmim lan sa Senyè a te dim konsènan fason poum te resevwa sèf mwen an, men kounye a, mwen te gade li epi mwen te di: “Mwen pa panse sèf sa a te kaptire akòz gwo kapasite mwen pou lachas.” Lè sa a, mwen rale yon moso papye, sa mwen te ekri jou mwen te poste chèk la, nan rad lachas mwen an. Li tou senpleman te di, “Mwen kwè ke mwen resevwa sèf mwen an 1987, nan non Jezi.” Mwen te ekri dat ak lèm te priye lapriyè sa a tou. Mwen te lonje papye a pou zanmim nan wè epi answit mwen te kòmanse di li sa Senyè a te dim fè.

Evènman sa a te atire atansyon mwen. Mwen konnen san okenn dout ke se te Bondye. Men, pou kèk rezon, mwen pat konprann mwen tap sèvi ak lwa Wayòm nan. Aktyèlman, tèm “Wayòm” pat yon bagay mwen te menm panse ak li. Jwenn sèf sa a te etonan, men èske li ta rive ankò? San konsèp lwa Wayòm nan, mwen pa tap konnen kijan oswa ki lwa ki fè sèf la parèt. Se konsa, mwen anrejistre li kòm yon bagay Bondye epi mwen pat ka tannpoum teste li ankò nan pwochen sezon sèf la. Men, anvan sezon an te vini, kamyon an te boule. Lè van lan te boule epi fòk mwen te peye pou station wagon an, Bondye te gen tout atansyon mwen. Lè sa mwen te vrèman eksite poum al chèche sèf mwen an nan pwochen sezon an. Mwen te vle teste teyori mwen an epi aprann plis sou Wayòm Bondye a.

Mwen te tire premye sèf sa a nan Oklahoma nan sezon otòn 1987. Men, an Jiyè 1988, nou te al viv nan Ohio kote mwen te grandi. Byenke mwen te grandi la, sa te gen 12 ane depi mwen te rete la. Lèm tap grandi la, mwen pat janm rive kaptire yon sèf Ohio. Malgré mwen te eseye plizyè fwa, mwen pat janm rive pike menm yon sèl. Lè nou te fin stab nan kay nou te lwe nan Ohio a, mwen reyalize ke mwen pat konnen ki kotepoum ale lachas. Lèm te ti gason, mwen te chase lapen lòtbò lari a nan kay papam nan sou yon rivyè ki te la. Mwen te konn depoze pèlen pandan plizyè ane lèm tap grandi an, men pa menm yon fwa mwen te wè yon sèf oswa okenn siy ke te gen sèf nan zòn nan. Yon jou pandan mwen te nan kolèj, frèm te rele tout eksite. Li te di ke li te aktyèlman wè yon sèf tounen bò rivyè a toupre kay papam lan. Nou tou de te choke.

Map sonje konvèsayon sa a, mwen te deside ke mwen ta prale bò rivyè sa pou inogire sezon sèf la. Mwen te rele frèm nan epi mwen te mande li kèk konsèy sou ki kote poum ale bò rivyè a. Malgre ke li te gen kèk ane depi li te retounen la, li te sonje yon gwo pyebwa erab ki te limite rivyè a jis pou rive nan rakkwa yo epi li te panse li ta ka yon bon plas. Puiske mwen te konn monte desann nan rivyè sa a pandan tout ane mwen tap grandi yo, mwen te konnen chak viraj nan rivyè sa a epi mwen te konnen egzakteman ki kote li tap dirijem.

Drenda ak mwen te repwodui sa Senyè a te montre nou ane anvan an nan Oklahoma—simen yon gress, ekri l, epi kwè ke nou resevwa lè nou priye, daprè Mak 11:24. Nan moman sa a, Ohio te gen yon limit de sèf nan chak sèks, men nou te vrèman panse nou ta simen pou yon sèl sèf epi pita ale epi jwenn yon dezyèm. Drenda ak mwen te simen yon gress pou sèf la epi kwè ke nou te resevwa lè nou te priye. Etonaman, nan 40 minit nan maten inogirasyon sezon sèf la, mwen pat gen sèlman youn men de sèf. Wow, klèman nou te gen bon presantiman!

Yon mwa aprè, mwen te fè yon rèv sou yon lide biznis. Biznis la te enplike tout konesans finansye mwen te akeri nan konpayi asirans lan, men li te gen yon objektif diferan nan rèv la. Mwen pat fin konprann li, men mwen te sèten ke Bondye tap mennen mwen poum kòmanse pwòp antrepriz mwen epi kite konpayi mwen te ladan li pandan uit ane a. Nan moman rèv sa a, mwen te toujou ap travay nan vann asirans vi ak sekrite.

Pandan semèn mwen te fè rèv la, mwen te planifye poum rankontre yon fanmi pou pale sou asirans, epi byenke nou te pale sou asirans vi, mwen te konnen se pa yon asirans vi te bezwen vre oswa se pa sa ki te pwoblèm yo a. Bidjè mansyèl yo a te tèt anba epi yo te gen anpil dét. Yon pati nan plan mwen te gen pou kliyan mwen

### **SA TE ETONEM LÈM WÈ**

### **FANMI SA A TE KAPAB**

### **SÒTI NAN DÈT NAN PI PITI**

### **PASE 7 LANE, YO TAP KA**

### **PEYE IPOTÈK LA TOU, SAN**

### **YO PA CHANJE REVNI YO.**

mwen an, mwen te detounen nan yon pèspektiv asirans vi epi mwen te travay sou kèk opsyon. Pandanm te travay ak kalkilatris pwofesyonel mwen an. Mwen te fè lide poum gade si mwen te kapab libere nenpòt lajan kach nan bidjè mansyèl yo. Lèm te

yo se te fè yo ranpli yon fèy done ak tout done finansye yo sou li. Sa te pèmèt mwen evalye asirans vi ki tap bon pou yo a. Jou lannwit sa a, mwen te fache sou fanmi sa a. Mwen te vle ede yo, men mwen pat konnen kijan. Mwen te chita ak fèy done yo epi mwen te kòmanse

fin ajiste kèk bagay epi mwen fè yon ti kalkil, sa te etonem lèm wè fanmi sa a te kapab sòti nan dèt nan pi piti pase7 lane, yo tap kapab peye ipotèk la tou, san yo pa chanje revni yo.

Nan pwen sa a, mwen te nan domèn finansye a pou 8 ane, epi mwen pat janm tandem yon moun di sa a te posib. Mwen te retravay ka a anpil fwa epi mwen te resevwa menm repons lan: 6.2 ane epi yo ta dwe sòti nan dèt. Aprè sa, mwen te ale nan tiwa dosye mwen an epi mwen te kòmanse rale fèy done lòt kliyan yo. Mwen te fè menm kalkil yo epi mwen te vini ak menm repons lan: mwens ke 7 ane epi sòti nan dèt. Byen franchman, mwen te choke pa done sa yo.

Mwen te panse ke kliyan mwen an ta dwe ankouraje pou wè sa a, se konsa mwen deside ekri yon bèle prezantasyon epi prezante sa mwen te jwenn lèm te rankontre yo konsènan bezwen asirans vi yo. Mwen vrèman te santim mal pou fanmi sa a. Mwen te konnen kijan estrès finansye afekte chak domèn nan lavi epi mwen te vle yo konnen ke li pat san espwa. Se konsa, mwen te prezante ti prezantasyon mwen te ekri a bay kliyan mwen an, epi pandanm tap ekzamine chif yo, yo te chita la sezi. Aprè mwen te montre yo kijan yo ka sòti nan dèt byen rapid, mari a sote ak dlo nan je epi li te kòmanse remèsyem. Vrèman, se te tankou ou wè sou televizyon kote yon fanmi genyen lotri a oswa gwo pri a nan yon emisyon jwèt. Yo pat ka kwè sam tap di yo. Eksperryans sa te vrèman make lavi yo, li te make mwen tou.

Pandanm te reflechi sou aswè sa a, mwen pat kapab blye lefèt ke lèmte tou senpleman reyòganize byen ak nimewo kliyan sa a, mwen te kapab montre yo kijan yo kapab sòti nan dèt nan mwens pase 7 ane. Mwen te wè enpak ak lespwa ke a te ba yo. Mwen tounen nan pi fò nan dosye kliyan mwen yo poum gade konbyen kliyan ki ta ka tonbe nan delè “mwens pase 7 ane pou yo libere de dèt la” epi mwen te sezi wè ke 85 pouzan nan yo tap kapab. Men, kiyès ki tap di moun yo sa? aprè lannwit sa a ak kliyan mwen an epi aprè travay nan anpil nan dosye ansyen kliyan mwen yo, mwen reyalize ke mwen te kapab pètèt kòmanse yon biznis ki montre moun kijan yo ka sòti nan dèt ak plan mwen an.

Koulye a, malgré mwen te toujou gen dèt, men mwen te gen anpati pou moun ki te gen pwoblèm finansye, epi mwen te plis renmen fè sa olye poum sèlman ap vann asirans. Mwen te kòmanse montre tout kliyan asirans mwen yo menm rezulta a, epi yo tout te choke san eksepsyón.

Kòm yon modèl biznis, mwen te gen kèk pwoblèm pou evalye. Premye a se ke li te pran anpil tan pou travay kalkil yo alamen epi answit tape yo nan yon fòma

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

prezantasyon. Dezyèmman, kijan mwen ta fè nenpòt ki lajan fè sa? Evantyèlman, mwen te travay sou yon kontra ak yon designer lojisyèl òdinatè epi te gen yon pwogram ki ekri ke mwen te kapab itilize pou pwodwi plan an pi vit. Konsènan dezyèm pwoblèm mwen an, mwen te konnen ke mwen pat kapab vrèman mande moun yo lajan pou sfè yo sòti nan dèt lè yo pat gen okenn lajan pou kòmanse. Mwen te kòmanse priye pou sa.

Yon jou mwen te gen lide sa a. Mwen vrèman te santi ke Bondye te banm yon lide sou kòman pou dirije konpayi mwen an, ede moun san yo potko pran lajan nan men yo sou moman an, fè lajan pou tèt mwen. Nan plan mwen an, mwen ta chèche sa mwen te rele lajan pèdi, lajan ke kliyan an te gen deja men li pa wè. Pou egzanp, mwen ta fè yon konparezon nan oto, kay, lavi, ak pousantaj asirans sante, chèche ekonomi. Mwen ta konpare pousantaj ipotèk pou wè si refinansman te fè sans. Mwen ta ekzamine anpil bagay konsa, menm si mwen pat pèsonèlman okipe chak domèn nan biznis ke mwen te konsilte. Lèm ale lakay kliyan mwen yo, mwen ta montre yo ekonomi yo epi answit voye yo pou kont yo pou jwenn yon konpayi ki ta ka aplike lidem oswa jwenn yon reprezantan ki okipe yon konpayi ke mwen te jwenn ki te mwens chè pou yo. Toudenkou, mwen reyalize ke kliyan sa a ta ka vo yon frè referans bay konpayi sa yo.

An gwo, mwen deja fè tout travay la vann kliyan mwen an sou konpayi yo ak pwodwi yo. Tout sa yo te dwe fè se te tou senpleman enskri yo. Se konsa, mwen te kòmanse kontakte machann yo, reprezantan yo, ak pwofesyonèl ke mwen sijere kliyan mwen yo epi pale yo de sa mwen tap fè a epi yo mande yo si yo panse li te vo yon frè referans. Yo tout te di “Wi.” Kidonk, se sa mwen te fè. Mwen te kite ansyen konpayi mwen an epi mwen te kòmanse pwòp konpayi mwen pou ede moun sòti nan dèt. Biznis la te pran e, nan menm okazyon an, li te pwodwi ase lajan pou Drenda ak mwen sòti nan dèt nan de ane edmi! Nou te tèlman eksite! (Si ou ta enterese fè yon plan gratis, rele 1-800-815-0818. Nou toujou ap fè yo jodi a, 28 ane aprè!)

Chak jou se te yon nouvo jou paske Bondye tap kontinye montre nou pi plis sou fason Wayòm li an te fonksyone. Pandanm tap vizite yon lòt kliyan, Bondye te pale avèm sou anbochaj moun ak pou fè ti biznis mwen an tounen yon biznis toutbon. Pandanm te anboche moun pou travay avèk nou, biznis nou an te kòmanse pwospere nan pi gwo ak pi gwo nivo. Mwen te rakonte ou nan entwodiksyon an kijan nou te kòmanse peye lajan kach pou machin nou yo ak kijan nou bati kay rèv nou an. Pandan reyinyon biznis chak mwa avek nouvo anplwayem yo, mwen te konn

pale konsènan Wayòm Bondye a, epi moun yo te atire vin jwenn konpayi mwen an pou yo tandé plis enfòmasyon sou Wayòm nan ak fason pou yo aplike li nan pwòp vi yo menm jan yo te vin pou opòtinite biznis la tou.

Leson Bondye tap montrem yo te etonan e, san dout, mwen te aprann anpil nan lesón sa yo pandamn tap fè lachas chak ane. Ebyen, istwa mwen te temwen pandamn te ale lachas yo te enkwayab, poum pa di plis. Si mwen pat wè yo dewoule devan pwòp je pam, mwen pa tap kwè yo. Chak istwa te anseyem yon bagay nouvo sou Wayòm nan mwen pat janm wè anvan sa. Mwen te panse mwen ta pataje kèk nan yo avèk ou nan liv sa a, men si ou reyèlman vle li istwa lachas mwen yo, ou ka jwenn yon kopi liv mwen an, *Faith Hunt*, sou sit entènèt mwen an.

Istwa sa a te fèt nan de lane pandan dekouvèt mwen nan lachas sèf lèm sèvi avèk nouvo konesans mwen te jwenn nan Wayòm nan. Janm te déjà pataje avèk nou, Bondye te anseyem kijan poum simen pou sèf mwen an epi poum resevwa li kòm sil te reyalize lèm tap priye—e san okenn eksepsyon, mwen pran sèf mwen an nan 30 a 45 minit chak ane. Sa gen 28 lane depi lap fèt, an pasan. Bon, ane sa a mwen te sòti kòm dabitud, lè sa a mwen seten sèf la tap parèt kanmenm. Efektivman, nan kèk minit, mwen te wè yon mal sèf ki tap mache lwen mwen epi ki pral antre nan pwopriyete vwazen mwen an 200 yad distans. Mwen te konnen depi mal sèf sa a te ale nan rakkwa sa a li tap disparèt, malgre sa mwen te konnen se te sèf pam lan. Sa te pase kèk jou anvan mwen te konn chase avèk flèch, itilize apèl solda yo, oswa kòman poum fè yon mal sèf pè. Mwen te konnen mal sèf la se rekòt mwen, men mwen tap gade bouk la kap antre nan rakkwa kay vwazen mwen an san mwen pat ka fè anyen. Men, toudenkou mwen tandé nan lespri mwen, “Di bouk la vin jwenn ou.” “Kisa? Di bouk la vin jwenn mwen; Kisa sa vle di?” Mwen pat sèten, kidonk mwen te di byen fò, men pa tèlman fò pou bouk la ta tandem, “Sèf, mwen kòmande ou kanpe, vire tounen, epi vin kanpe anba pye bwa mwen an.” Mwen te lachas banza epi mwen te ajoute ke dènye pati sou kanpe anba pye bwa mwen an puiske mwen te vle sèf la pi pre m. Mwen te kwè ke si lafwa ta pral pote bouk sa a ban mwen, kidonk mwen ta ka pito fè li antre anba pye bwa mwen an kote mwen te kapab pike li pi fasil.

Etonaman, lèm te di pawòl sa yo, mal sèf la kanpe touswit, li fè demi tou, epi li te kòmanse mache dirèkteman nan direksyon pye bwa mwen an. Mwen te sou chòk lè bouk sa a te travese 200 yad distans sa yo epi li te vin dirèkteman anba pye bwa mwen an epi, wi, te kanpe dirèkteman anba pye bwa mwen an, ki te sèlman 12 pye pi wo pase li. Mwen pat gen okenn kamouflaj sou mwen, pa gen okenn ode, pat

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

fè okenn kri solda, jis mwen menm ak Bondye, poutan nan moman sa sèf sa a te kanpe dirèkteman anba kotem te ye a. Mwen pa panse okenn moun te kapab rate piki sa a. Mwen te pote bouk sa a lakay mwen ak anpil kè kontan, men mwen pat kapab blyie sa mwen te sot wè a. Èske sèf sa a te vin jwenn mwen paske mwen te pale epi mwen te kòmande li? Ta sanble se te sa.

Fèm nou te lwe nan Ohio a te sou 89 kawo tè epi li te fòme ak kèk rakhwa, bafon rivye ki gen ti branch bwa, ak jaden. Pandan mwa ivè yo, epi sitou si te gen nèj sou tè a, nou ta renmen ale lachas lapen. Ohio te gen yon sezon fezan ki gen kolye yo ki te tonbe menm lè ak sezon lapen an, men nou raman wè yon fezan nan fèm nou an.

Jou sa a, nou te sòti al fè lachas lapen epi nou tap lachas nan bafon rivye a lè yon fezan kòk desann nan dlo a. Mwen kouri vire vizye mwen sou zwazo a epim tire. Mwen te konnen depi nan moman mwen deklanche a ke mwen te tire epi sèlman koupe zèl zwazo a. Fezan an te tonbe; sepandan, apen li touche sol la, zwazo sa a te kouri ak tout vites. Yon fezan ka kouri jiska yon vitès 35 mil pa èdtan, epi fezan sa a tap fè tout sa li te kapab pou pwouve sa. Tè a te kouvri ak yon nèj ki te fenk tonbe, epi zwazo a tap kouri sòti nan savann jaden an yon ang yon ki monte tou piti, konsa mwen te ka byen fasil suiv chak pa zwazo a te fè lè li tap chape.

Mwen te kanpe la pou yon moman san mwen pat fè anyen ap imajine ke zwazo a ta ka ale, men nan lespri mwen mwen te gen yon onksyon toudenkou. Mwen te konnen sa ki te pase lèm te bay bouk sa a lòd pou li kanpe epi pou li vin sou jwenn mwen. Mwen te santi mwen te dwe eseye sa nan moman sa, se konsa mwen rele byen fò, “Fezan, nan non Jezi, SISPANN!” Menm lè a, mwen patwè si zwazo a ni monte ni desann. Mwen te gen kontwol tout jaden an, epi fezan an te kanpe nan moman mwen te rele byen fò a. Tim, pitit gasonm nan, te avèk mwen epi li di: “Papa, fezan an te kanpe nan moman ou te rele.” Men, kote li te ye? Tim ak mwen te swiv tras li nan jaden an, epi li te jis chita la nan nèj la. Anviwon mwatye nan tèt li te anba nèj la, men tout kò li te jis chita la deyò, sou nèj la. Li te dèyè yon ti touf zèb, se poutèt sa nou patwè kote li te ye. Èske li te mouri? Mwen te ranmase zwazo a, tousuit li te pran bat zèl li epi li tap rele. Zwazo a te byen vivan! Lè nou te egzamine zwazo a lè nou te touye l, mwen te wè mwen te jis koupe zèl dwat li. Tim ak mwen te gade youn lòt tou sezi. Pa gen moun ki ta kwè sa nou te sot wè a, peson.

Jan mwen te mansyone sa a déjà, Ohio te gen yon limit de sèf nan chak sèks, men se sèlman yon sèl bouk ke nou te ka rekòlte chak ane. Ohio tap eseye

diminye popilasyon sèf nan eta a epi yo te vize plis femèl. Se konsa, mwen te simen gress mwen an pou yon bouk ak yon femèl, epi kòmsi sa te pwograme, bouk la te vini nan 30 a 40 minit nan premye sòti a; aprè sa, pwochen sòti a, femèl la tap vini. Yon jou, mwen te reyalize: "Tann yon minit; Sèf yo te vini nan lòd mwen te ekri yo lèm te simen gress mwen an." Ou kwè se vre? Kisa ki tap pase si mwen te vire lòd la nan lot sans lan? Anjeneral mwen te konn simen pou yon bouk ak yon femèl, epi se nan lòd sa yo ta parèt. Fwa sa a, mwen te simen pou yon femèl ak yon bouk olye de yon bouk ak yon femèl; epi ankò sèf yo te vini, men fwa sa a femèl la te vini an premye epi aprè sa bouk la. Mwen chanje sa a pandan kèk ane, poum te teste teyori mwen an, epi li te fonksyon a chak fwa. Pandanm te wè bagay sa yo tap pase, mwen te vrèman sezi devan Wayòm nan, epim te santim pat konnen anpil bagay sou li. Yon bagay te sèten, Senyè a tap montrem mwen te gen pi plis otorite sou jan lavim tap dewoule pase sam te jamm panse.

Yon ti parantez, se te sezon sèf ane 2015 la. Mwen te simen pou yon bouk kat pwent oswa yon pi gwo, yon femèl ki gen 1 an ak yon bouk ki gen 1 an, pou manje. Kòmsi sa te pwograme, sis pwent lan te vini tou dwat bo pye bwa mwen an; aprè sa, nan pwochen sòti a, mwen te pran yon femèl ki gen yon lane, sèl gress sa ki te vin nan pyebwa mwen an. Mwen te konnen pwochen sòti a bouk ki gen yon lane a tap parèt. Mwen konnen sa paret yon tikras fou; Mwen jis di ou sa mwen wè k ap pase.

Men, te gen yon lachas sèf ki te fè tout sa a paret tèlman klè ke li te fem pè. Mwen te simen gress mwen an pou yon bouk ki gen kat pwent oswa yon pi gwo mezi ak tou pou yon bouk san kon (yon bouk san kon konte kòm yon femèl paske kòn li yo anba fouri a epi yo se tou piti). Mwen te sòti kòm dabitid epi mwen te pran bouk uit pwen mwen an nan 15 minit pandan sezon chas ak flech mwen an. Lèm te sòti nan pwochen fwa a, mwen te seten ke ti bouk la te la.

De (2) semèn aprè, mwen te sòti ankò, epi pandanm te chita nan pye bwam nan, mwen te wè yon bèl uit pwent ki tap travèse patiraj la a anviwon 300 yad de mwen. Li tap vini dirèkteman anba pye bwa mwen an. Li pat chanje direksyon, li te travese jaden sa a epi vin dirèkteman anba pye bwa mwen an epi jis kanpe la pou apeprè 20 segonn. aprè sa, li vire, li tounen tou dwat sou patiraj sa a sou menm chemen li te pran pou rive la. Sonje byen, se yon sèl bouk ki te legal nan Ohio, epi mwen te deja pran yon uit pwent, kidonk mwen jis te chita la epi gade dolar sa a epi mwen pat kapab tire. Mwen te vrèman konfond kounye a. Sa a te premye fwa ke

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

mwen te sòti lachas epi yon sèf vin pwoche bò kotem ki pat sèf mwen te simen gress mwen an pou li a. Fason bouk sa a te aji a, travese jaden sa a epi li te kanpe dirèkteman anba pye bwa mwen an, epi li te retounen nan menm chemen li te vini an, te jis etranj. Se te tankou sèf sa a te gen yon misyon. Mwen te tann pandan tout matine a, men ti bouk la pat vini.

Jou lannwit sa a nan biwo mwen an mwen sa te deranje m. Gen yon bagay ki pat mache; ti bouk la te dwe parèt. Epi poukisa uit point sa a te parèt jan sa te fèt la? Pandanm te chita la, mwen te kòmanse priye nan lespri, mwen te mande Bondye pou li montrem sa ki te pase a. Mwen tande vwa li dim: “Gade semans ou a.” Gade semans mwen an? Mwen te konnen pou kisa mwen te simen. Bank mwen an te fè kopi chèk mwen yo, kidonk mwen rale deklarasyon mwen an epi gade chèk mwen te ekri lèm te simen pou sèf mwen an. Mwen te panse mwen te simen gress mwen an pou de bouk, yon bouk kat pwent oswa yon pi gwo epi lòt la se te yon ti bouk, ki konte kòm yon femèl, jan mwen te di avan. Men, men kisa mwen te li nan chèk mwen an, “de bouk, kat pwen oswa pi gwo, yon ti bouk.” Malgre ke mwen te vle di de bouk, youn kat pwent oswa pi gwo epi yon ti bouk, li pat di sa. Li te di, “de bouk kat pwent oswa pi gwo ak yon ti bouk.” Konbyen sèf sa fe? Twa, epi dezyèm lan te yon kat pwent oswa pi gwo menm jan ak premye a. Lèm te wè sa, mwen te chita la sezi. Uit pwent lan te gen yon misyon. Li te sipoze la akoz lwa Wayòm nan. Mwen sote ponpe, mwen te kòmanse rele epi kouri nan kay la. WOW!!!!

An menm tan, sam te wè yo te fèm pè. Si sam te fèk wè se fason Wayòm nan te egzak ak espesifik, lè sa a mwen te bezwen fè plis atansyon. Mwen te envolontèman te mete an mouvman evènman ke mwen pat reyèlman vle rive, men yo te rive paske mwen te lage yo daprè lalwa espirityèl. Kounye a mwen te reyalize ke anpil moun, pami yo mwen menm, tap fè eksperyans bagay yo pat reyèlman vle wè rive, men poutan se yo menm ankò ki te mete sa yo tap fè eksperyans lan an mouvman. Sonje byen, ak pawòl li yo, Jezi te touye yon pye fig frans epi yon lòt fwa ankò Li te rele Laza sòti nan tonm lan. Tou de sitiyasyon sa yo te itilize menm prensip yo men se pat pou menm rezon. Pwochen fwa mwen te sòti ale lachas, ti bouk la te parèt jan mwen te simen pou li a.

Tout seri evènman sa yo te pranm pa sipriz epi yo te gen yon gwo enpak sou pwennvim konsènan Wayòm nan. Kounye a, mwen te konnen, san okenn konfizyon, Wayòm nan te vrèman espesifik. Poutan eske sa ta sipoze siphann nou? Chak lwa fizik sou latè espesifik menm jan an. Mwen kwè ke mwen pat janm

reyalize ke lwa espirityèl te travay menm jan ak lwa fizik ke espirityèl la te fè egziste. Mwen te dwe reyalize sa men mwen pat fè sa. Men kounye a mwen konnen Wayòm nan espesifik, trè espesifik.

Bon, se sa ou vle, kidonk mwen pral rakontew yon lòt istwa sou lachas. (Mwen renmen leson mwen te aprann pandanm tap chase yo, kidonk wap oblige sipòtem.) Lèm te wè jan Wayòm nan te espesifik, mwen te deside fè yon eksperyans ki pi espesifik toujou. Ane sa a, mwen te deside simen pou yon bouk sèt pwent. Nòmalman, yon sèf ap gen menm kantite pwen sou chak bò. Yon pwen kat gen de pwen sou chak bò; yon pwen uit gen kat sou chak bò, elatriye Men, anpil fwa, gen plizyè rezon ki lakoz kòn yon bouk pa egal, epi yo pral gen anpil diferans nan pwen yo genyen sou chak bò yo. Men, jan mwen te di sa a, nòmalman, yap gen menm kantite a sou chak bò.

Mwen te vle aji lafwa mwen pou yon bagay ki te espesifik epi ki te diferan, puiske mwen tap fè yon eksperyans, poum ta ka di. Mwen te deja aprann plis ou espesifik, se plis wap gen pou tann, epi enstriksyon ki pral sòti nan Sentespri a pou reyalize li yo ap pi egzak. Se konsa, nan jou ouvèti sezon lachas avèk flech la, mwen te konnen poum pa sòti; Mwen te konnen li pat la. An reyalite, mwen te ret tann pandan tout mwa oktòb la, epi mwen te konnen nan lespri m, "Non, li pokò la." Sa te kontryaryem; koulè sezon otòn la, rakkwa yo, mwen te tèlman vle ale lachas. Poutan mwen te rete tann.

Epi sa te vin rive. Yon nwit, pandanm te chita nan salon an ap pale ak paran madanm mwen, ki te sòti nan Georgia vin vizite nou, mwen te tandem sa. Demen maten se te jou a. Sèt pwent lan tap la! Mwen te di tout fanmim nan demen mwen pral kaptire bouk mwen an

**LÈ SA A, MWEN VIN  
KONNEN, SAN OKENN  
KONFIZYON, WAYÒM NAN  
TE VRÈMAN ESPESIFIK.**

. Mwen te leve ak yon kè kontan epi mwen te sòti anvan li te fè nwa. Mwen te ale lachas avèk flèch mwen nan yon pyebwa ki te kouvri marekaj dis kawo tè ki bò r akbwam yo. Se yon bèl plas. Kanna abitye vin vole ladanl pandan ou chita; ondatra, epi menm vizon te abitye vin flannen, ozalantou marekaj la tou. Te gen ti branch bwa ki te antoure marekaj la epi se te youn nan zòn sèf te plis konn vin domi sou pwopriyete mwen an. Pandanm te rete ap tann nan pyebwa a, pa gen anyen ki te pase.

Mwen te rete tann pandan 45 minit, aprè sa, 1èdtan, pa gen anyen ki te pase Mwen te tande yo louvri epi fèmen yon pòt machin nan jaden lakay mwen an, epi mwen te konnen se paran Drenda ki tap retounen ale Georgia. Mwen te pwomèt poum manje dejene avèk yo anvan yo pati, epi se mwen ki tap kwit manje a. Premye plan mwen an se te poum touye sèf mwen an byen rapid epi aprè sa a, retounen nan kay la pou dejene a. Men, bouk la potko la, epi mwen te desann sou pye bwa a avek dekourajman poum ale lakay la. Mwen te konnen sèf la tap toujou antre nan zòn marekaj la pita nan maten sou pwopriyete mwen an, kòm se te youn nan zòn yo te plis konn vin domi, jan mwen te mansyone sa a. Podyab, mwen te konnen bouk tap la kanmenm, men mwen pat kapab rete deyò a pou plis tan. Mwen ap oblige vini nan yon lòt maten

Mwen te salye tout moun nan kay la epi mwen te kòmanse fè dejene a. Se mwen menm ki toujou fè manje maten lakay la e mwen te toujou fè sa. Mwen gen pwòp resèt espesyal mwen fè ak ble ki absoliman etonan, si map bay tet mwen kouraj. Nan meni an te genyen Ze, sosis, ak farin fwomaj, men engredyan santral ki fè manje maten mwen an bon konsa se siwo erab natirèl la. Ohio se peyi siwo erab, tout moun nan zòn mwen an te fè epi vann siwo erab. Mwen pa aksepte okenn fo siwo nan kay mwen an, sèlman sa ki original la. Pandan mwen ap fè dejene a, fenèt kwizin nou an te anfas marekaj ak rakbwa a. Toudenkou, mwen wè yon bouk kap travèse jaden an pou li ale nan marekaj la. Mwen rele byen fò, “Sa se bouk mwen an!” Mwen te di lòt yo pou yo kuit manje a nan plas mwen paske mwen ta pral chèche li!

Mwen te konnen egzakteman ki kote li ta prale a paske mwen te konn wè sèf travèse jaden sa a déjà; epi se dirèkteman anba pyebwa mwen an li tap travèse pou li te rive la. Mwen te fè yon ti kalkil si mwen te kapab pase pa dèyè poum rive nan pyebwa mwen an epi gen chans monte sou pyebwa a anvan bouk la te rive, mwen tap ka gentan tire sou li. Sa tap difisil poum ale epi moute nan pyebwa a anvan bouk la te rive a, epi mwen ta sipozi pati TOUSWIT! Mwen kouri sòti nan pòt la, mwen pran flèch mwen pandan map sòti a. Mwen te fè laviwonn jaden an epi aprè sa, samm pa fè bri, mwen te rive epi monte tou dousman sou pyebwa a. Jiskaprèzan tout bagay te kòrèk, mwen potko wè bouk la.

Mwen monte nan pyebwa a epim fon chita lèm te wè bouk la ki tap travèse marekaj la poul te vini dirèkteman nan direksyon pyebwa kotem te chita a. Pa gen okenn lòt

bagay ki te enterese bouk la eksepte femèl li tap swiv la epi li pat ni wèm ni pran sant mwen. Femèl. la te kouri vin anba pyebwa mwen an epi li ale nan marekaj la, epi bouk la tap pran menm chemen an. Mwen pat kapab mande pou yon pi bèl mizanplas. Bouk la te nan yon distans 25 yad, kounye a, mwen te pran sanm poum vize ak flèch mwen epi lage flèch la. Se lèm flèch la fin pati a mwen reyalize mwen te tire. An nou onèt; Mwen te bouke paske se kouri mwen te kouri pase dèyè jaden an ozalantou marekaj la tèlman mwen te vle tiye bouk la.

Mwen te desi pou fason flèch la te frape fèb la, epi mwen te konnen mwen pat touche okenn pati ki enpòtan. Lè li te pran nan piki a, bouk la vole nan gwo touf bwa ki te kouvri marekaj la epi li te disparèt tou dousman. Nan lachas anvan yo, mwen te remake lè gen yon flèch ki te touche sèf la, pafwa li pa konnen sa ki te pase a lè li pran nan piki a. Anpil fwa, depi yo pat wè oswa pran sant ou yo sèlman deplase. Mwen te konnen tou yon lè yon sèf blese se atè nan toufbwa a li pral kouche epi li pa janm rive twò lwen. Puiske sèf sa a pat wèm, se egzakteman sa li te fè.

Mwen te desann sòti nan pyebwa a tou dousman epi mwen pase nan menm chemen mwen te fè poum vini an poum ale nan kay la, mwen te fè laviwonn jaden an yon fason poum pat fè sèf la pè.

Lè mwen rive nan kay la tout moun te kòmanse mandem sa ki te pase ak si mwen te kaptire sèf la. Mwen te rakonte tout moun sa ki te sot pase a epi mwen te mande pitit gasonm yo pou yo vin edem chase bouk la sòti nan bwòs la, avèk lespwa ke mwen tap ba li yon lòt piki. Nou te antoure kote toufbwa a te ye a epi te travèse li tou dousman. Menm lè a, mwen te wè ke youn nan pitit gasonm yo te pase san li pa wè bouk la, epi li tap sote nan gwo toufbwa a. Li te a 70 yad distans anfas mwen, li tap travèse sòti nan dwat mwen ale nan goch mwen.

Toudenkou, bouk la wè lòt pitit gasonm nan arebò jaden an. Lè li remake se pat menm moun ki te pase san li pa wèl la epi li pat vrèman konnen ki wout ki tap pi bon pou li ta kouri, li te kanpe pou li evalye opsyon li yo rapidman. Mwen te konnen se te sèl chans mwen si mwen te vle pran li. Li potko wèm. Koulye a, li te kanpe bò kotem nan a 70 yad distans ap gade nan direksyon pitit gasonm lan. Yon flèch gen ase enèji pou touye yon sèf nan distans sa a, men flèch la tap pèdi nan pisans li a distans sa. Mwen pat janm tire flèch mwen nan distans sa a anvan, epi se pat youn nan novo flèch 185-liv ki ka tire yon flèch nan plis pase 400 pye pa segonn yo. Presizyon li yo te limite a apeprè 35 oswa 40 yad distans.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

Sèf la te bò kotem epi li te kanpe, mwen te deside lanse flèch la. Mwen leve flèch la, mwen vize bouk la ak yon estimasyon, epi mwen lache flèch la. Mwen te gade flèch la ki prale nan direksyon bouk la epi, mwen te etone lè mwen te wè flèch la frape sèf la nan kou. Li te prèske travèse kou sèf la (eskize pou tout detay yo), kounye a flèch la bloke sèf la nan tou de (2) bò yo pandan li tap sove. Pandan bouk la ap sove nan toufbwa a, mwen pat wè kote li te ale. Mwen te kòmanse mache dousman nan toufbwa kote sèf la te disparèt la. Li te la! Flèch la te fè travay la, epi mwen te gen bouk mwen an.

Lè pitit gasonm lan Tim te vin jwenn mwen, se kòn bouk la ki te plis enteresem lè sa a pase nenpòt lòt bagay. Mwen pat vrèman gen chans poum konte yo, men lè nou te konte yo, te gen sèt (7) pwen. Lè nou pi byen gade bouk la, nou te wè an reyalite bouk la te gen uit pwent men youn nan kòn ti yo te kase, se sa ki te fè li tounen yon sèt pwen. Tim ak mwen te rete la nan admirasyon epi nou te fè lwanj Seyè a. Wayòm nan te vrèman etonan! Pandan Tim ak mwen te kanpe la, nou te reyalize tou, “Kiyès ki ap janm kwè nou? Èske gen moun ki konnen Wayòm nan travay konsa?”

Mwen panse ou konprann ide a. Wayòm nan fonksyone daprè lwa trè espesifik ki fikse epi nou kapab konte sou yo pou yo fonksyone menm jan an chak fwa. Li te tèlman enteresan nan kòmansman an lèm reyalize lwa sa yo ka travay pou nenpòt bagay, menm pou lajan. Mwen te kapab aprann lwa sa yo. Mwen tap vin yon syantifik espirityèl, epim tap dekouvri kijan Wayòm sa a te fonksyone. Bondye tap edem. Sezon sèf la pat tèlman lwen!

## CHAPIT 2

# BWOUYA BLE A

Lè Drenda ak mwen te kòmanse wè Wayòm nan kap travay epi opere nan lavi pa nou, nou te vin konplètman libere anba dét, epi nou te vle di tout moun nou rankontre sa nou te aprann lan. Nou te di tout moun ki ta koute lè nou te lanse legliz nou an epi mwen tap dirije biznis mwen yo. Men, mwen te santi nan lespri mwen te gen yon lòt bagay; Mwen pat konnen kisa, men mwen te konnen ke Bondye tap mennenm reyalize plis bagay toujou poum kapab pataje Wayòm nan ak moun. Pandan tout ane 2005 lan mwen te gen yon pouse nan lesprim poum òganize sam ta pral rele yon konferans sou revolisyon finansye a, yon seri ki gen senk reyinyon kotem te santi ke mwen tap gen tan poum esplike kèk nan prensip finansye Wayòm nan ki te chanje lavi m. Lè nou tap grandi nan yon legliz Metodis, nou te pafwa gen revèy ki konn dire yon semèn. Se te kalite modèl sa a ke mwen te wè nan lespri mwen, senk sesyon kote mwen tap gen tan pou mennen moun yo atravè konsèp ak prensip Bondye te anseyem nan domèn finansye a. Jiska moman sa a, mwen pat janm mete prensip sa yo ansanm nan yon fòma sistematik. Men, nan lespri mwen, mwen te kontinye imajine mwen menm ki ap òganize yon konferans senk sesyon sou finans.

Pandanm tap priye pou sa, mwen te rankontre Larry, yon zanmi mwen pat wè depi kèk tan. Li te pale sou yon konferans ki ap gen pou fèt nan Albani ke li tap dirije, epi li te envitem poum pale ladanl. Larry te gen ministè nan Albani pandan prèske 12 lane epi li tap fè yon gwo enpak nan peyi sa a. Mwen potko janm vwayaje byen lwen konsa. Mwen pat vwayaje anpil epi mwen pat janm ale nan Albani epi mwen pat sèten mwen menm konnen ki kote Albani ye. Larry te ankourajem, li te di li tap fè yon konferans nan tout peyi a ki tap gen anpil nan pastè nasyon an la, epi li te panse konesans mwen sou finans Wayòm nan tap itil pou pèp la. Larry te di mwen tap gen poum pataje nan de oswa twa sesyon nan konferans lan. Malgre ke li pat senk sesyon, mwen te toujou anvi anseye sou sijè a pou kantite sesyon ke mwen te genyen yo. Se konsa, mwen te di mwen ta renmen vini.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

Lèm te desann avyon an nan Albani, Larry te salyem ak yon deklarasyon enkwayab. Li te di, “Gary,” “youn nan oratè mwen yo anile nan dènye minit, epi ou pral fè senk sesyon.” Kèm sote. Se sa a! Mwen te konnen ke se te yon randevou Bondye epi kounye a mwen ta pral gen chans wè kijan sa mwen te wè nan lespri mwen an te manifeste. Mwen te vini avèk nòt mwen yo, men mwen pat aranje yo nan yon fòma senk sesyon. Kidonk, chak jou mwen te anseye, aprèsa mwen te retounen epi mwen te priye nan lesprim, epi mwen te ekri nòt mwen pou pwochen sesyon an. Nan chak sesyon, onksyon an te toujou enkwayab.

Anvan mwen ale pi lwen, mwen dwe di ou ke Albani se te yon peyi ekstrèmman pòv nan epòk mwen te ale a. Salè an mwayèn te anviwon 500 dola pa mwa, epi te gen anpil kòripsyon nan pèp la. Kòm mwen te panse sou anseye moun yo nan zòn nan sou finans, mwen pat sèten kijan yo ta resevwa li. Mwen te konnen Pawòl la te fonksyone pou nenpòt moun, men sa a se te yon nouvo eksperyans pou mwen. Lèm te anseye premye sesyon an, mwen te santi gen yon rezistans lèm te kòmanse. Nan dezyèm sesyon an, mwen te santi jan grangou espirityèl pèp la tap rale sou mwen, epi mwen te wè lafwa ap grandi sou vizaj yo lè yo tande bòn nouvèl Wayòm nan. Chak jou pandan mwen tap anseye moun yo, yo te vin pi kontan, epi mwen te ka di yo te eksite konsènan Wayòm nan.

Nan aprèmidi anvan mwen te dwe anseye dènye sesyon an, Senyè a te di mwen ta dwe pran yon ofrann pou legliz lokal yo. Mwen pat sèten de sa paske, premyeman, se pat konferans pam; epi dezyèmman, mwen pat sèten kijan pèp la tap reyaji. Larry ak mwen te oblige peye anpil nan depans transpò ak lojman pou pastè lokal yo sèlman pou mennen yo nan konferans lan. Mwen te pale ak Larry sou sa, epi li te dim fè sa epi ranmase ofrann lan.

Kidonk, pandan dènye sesyon an, mwen te ranmase ofrann pou konferans lan, epi onksyon an te tèlman fò ke mwen pat ka kanpe. Tout moun nan sal la tap danse epi yo tap rele byen fò pandan yo te pote lajan yo devan pou yo bay nan ofrann lan. Moun kap bay sèvis yo ki te kenbe sak yo pandan pèp la te mete lajan yo tap kriye epi yo te gen pwoblèm pou kanpe. Mwen pat janm wè yon bagay konsa anvan sa, omwen pa pandan yap ranmase yon ofrann. Lè sa a, pandanm tap gade moun yo kap danse epi yo tap rele ak lajwa pandan yo tap bay la, onksyon an avèk lafwa sensè moun ki tap bay semans presye sa yo te anvayi mwen.

Aprè sèvis la, sa Larry te wè yo te touche li anpil. Li te sezi tou akoz sachè ofrann byen plen nou tap pote tounen nan apatman an aprè sèvis aprèmidi a. Larry te

dim ke avan sa nan seyans yo, se sèlman yon sachè ki plen a mwatye li abitye kolekte. Pandan nou tap ale nan ti apatman Larry a nou te deplase vit epi nou te kache sak lajan yo nan lari ki chaje moun lan.

Lè nou te rive nan apatman Larry a, nou te chita nan salon an, li louvri sak ofrann yo pou konte lajan an. Pandan Larry te jete sa ki nan sachè yo sou tab la, gen yon bagay ki te rive, yon bagay jounen jodia ki difisil pou dekri. Toudenkou, yon ti bwouya ble te ranpli chanm nan epi prezans Bondye te anvayi nou. Nou te chita anba onksyon an te ranpli espas kote nou te chita a. Li pat sanble ak okenn onksyon mwen te janm santi pandanm tap preche oswa priye pou moun. Olye de sa, onksyon sa a te gen yon prezans avèk li. Li te sen epi li te fèm santim nan prezans Bondye menm, Li menm menm. Pandan nou te chita la, li te kontinye ap vin pi fò nan chanm nan. Sèlman sa nou te kapab fè se sèlman chita la epi kriye. Lè sa a, mwen wè, nan mitan pil lajan Larry te vide sou ti tab la, bag maryaj yon mesye. Mwen te sezi poutèt yon moun ki te la lannwit sa a ki pat gen okenn lajan te bay sèl bagay ki te presye pou li a. Senyè a te pale avèm nan moman sa a epi li di:

*“Mwen ba ou misyon pou ou anseye nasyon yo prensip mwen te anseye ou yo konsènan Wayòm nan ak finans yo. Yo te mete bag sa a nan ofrann aswè a ak anpil lafwa. Men, mwen vle ou pran li epi kenbe li kòm yon souvni de nwit sa a. Konnen tou, menm jan yon gwoup maryaj pale de alyans, ou ap deklare alyans mwen an bay pèp mwen an. Epi konnen ke nenpòt kote mwen voye ou, map bay lajan pou peye pou li.”*

Mwen pat kapab dòmi pandan tout nwit lan. Mwen te rete nan apatman Larry a lannwit sa a, epi onksyon an te rete la. Tout atravè Atlantik la pandan map retounen lakay mwen pat kapab dòmi. Sèlman sa mwen te kapab fè se te fikse deyò fenèt la epi kriye tout pandan vòl 8 èdtan an. Mwen pat kapab dòmi pandan 46 èdtan aprè Seyè a te pale avèm lannwit sa a. Pandan plizyè mwa aprè nwit sa a, chak fwa mwen te panse sou sa, mwen te santi menm prezans sa a epi mwen te kòmanse kriye.

Mwen pat di Larry sa Senyè a te dim sou bag sa a. Lajan ki te nan ofrann lan te pou legliz ki Albani yo, epi mwen te konnen bag la te kapab vann tou pou yon lòt lajan—men mwen te konnen sa Senyè a te dim sou li. Se konsa, mwen te kontan anpil lè Larry te relem, li di Senyè a te pale avèk li, li di li pou li banm bag sa a.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

Mwen te mete bag sa a nan dwèt mwen, epi kounye a li nan biwo mwen an. Te gen anpil fwa mwen te gade bag sa a epi mwen te oblige sonje pawòl Senyè a te dim nan jou lannwit sa a, pandanm tap fè fas ak sa ki te sanble gwo defi finansye pandan ane ki sot pase yo. Se vre, Bondye te fidèl paske li te ban mwen tout sa mwen bezwen pou mwen te swiv enstriksyon li te ban mwen nan nuit sa a. Jou lannwit sa a nan Albani chanje lavi mwen, men Bondye te pral montrem plis toujou nan jou ki tap vini yo.

Lèm te retounen lakay mwen sot Albani, mwen te santi yon gwo pouse poum pote mesaj Wayòm nan tout kotem te kapab. Mwen te gen yon pasyon fò pou jwenn enfòmasyon sa yo, epi mwen te prese pou anseye menm senk sesyon sa yo ankò epi wè si menm bagay la tap rive. Mwen pat tann pou twòp tan. Yon pastè nan Utah te envitem poum te vin anseye menm senk sesyon sa yo. Larry te di li ke sa te transfòme lavi moun, epi li te vle poum vini. Li te yon pastè nan yon ti legliz Endyen ki te pòv anpil. Yo te bezwen èd finansyeman, epi si sa Larry te di li a te vre, li te santi ke mwen te kapab ede.

Se konsa, mwen te pran vòl epi òganize seyans nan dimanch maten ak dimanch swa jiska Mèkredi swa. Te gen senk sesyon an tou egzakteman tankou nan Albani, epi mwen te jwen menm reyaksyon an. Pèp la tap rele byen fò epi danse nan dènye swa konferans lan, anba yon onksyon trè fò, pandan yo ap bay ofrann yo. Mwen pat wè bwouya ble a fwa sa a, men mwen te santi yon onksyon fò pandan tout senk sesyon yo. Aprè dènye sesyon an, mwen te choke, menm jan Larry te choke nan Albani, devan gwo ofrann ke sèlman 17 koup te bay. Mwen te mete ofrann lan nan yon sachè ofrann ki ka fèmen epi mwen te pote li nan biwo mwen an poum kapab konte li nan demen.

Pita nan maten nan jou sa a, mwen te resevwa yon apèl nan biwo mwen an. Se sekretè mwen an ki te rele, epi mwen te kapab di ke yon bagay tap pase. Vwa li tap tranble, epi se kòmsi li tap kriye. Premye mo li yo te, “Pastè, lajan ou te pote a gen yon bagay sou li.” Mwen te mande, “Kisa ou vle di, Tracy?” Aprè sa, li te kontinye dim ke li te louvri sak lajan an pou konte epi depoze li, men menm kote a, onksyon an te vin sou li ak fòs nan biwo a, epi li te tonbe atè. Lòt sekretè mwen an, ki te tandem boulvèsman an, te vin touprè epi li menm tou, li te kòmanse tranble anba onksyon an. Tracy te di, “Kisa ki te pase ak lajan sa a nan Utah?” Mwen te di li ke mwen pa konnen.

Kèk semèn aprè sa, mwen tap anseye menm prensip sa yo nan yon ti legliz nan pati sid Ohio. Nan legliz sa a, nou te voye kat premye sesyon yo pa DVD, epi yo te gade yo pandan kat semèn anvan yo. Mwen te desann nan dimanch swa poum fini senk sesyon yo. Oksyon an te mwen te gen menm repons mwen te wè nan lòt

**MEN, SE PA SÈLMAN POU  
DWA NOU GENYEN POU NOU  
ALE NAN SYÈL LA JEZI TE  
PEYE, LI TE PÈMÈT NOU VIV  
ANTanke PITIT GASON OSWA  
PITIT FI BONDYE EPI JWI  
BENEFIS WAYÒM BONDYE A  
SOU LATÈ.**

reyinyon yo. Onksyon an te prèske lage nou atè yon lot fwa ankò. Lèm te pran ofrann lan swa sa a, se menm reyakson mwen te wè nan lòt konferans yo mwen te jwenn. Pèp la te tèlman kontan pou yo bay. Pandan ofrann lan, legliz la te mete yon panyen devan pou moun yo mete kado yo. Fwa sa a, bwouya ble a te la ankò. Te gen yon ti boul

anviwon senk pye an dyamèt alantou panyen ofrann lan pandan moun yo tap bay ofrann lan. Onksyon an te tèlman fò, yo te oblige edem monte nan machin lan aprè reyinyon an paske mwen pat kapab mache poukont mwen.

Lè bagay sa yo tap rive a, mwen pat vrèman konnen sa ki tap pase a, epi mwen pat tandé ke sa te pase okenn lòt kote. Mwen te kontinye fè konferans, epi onksyon an te toujou ap vin pi fò. Epi wi, bwouya ble sa a te parèt ankò nan kèk konferans. Men, pati ki te fèm plis pè a se paske se sou lajan an onksyon an te ye a. Aprè yon konferans, anplwaye mwen yo te gen anpil difikilte pou konte ofrann lan. Ou sonje ke onksyon an te antre nan apatman sa a nan Albani lè Larry te jete ofrann lan sou tab la? Si ou tap ranmase yon pyès lajan yo te bay nan ofrann sa yo, ou tap santi onksyon an imedyatman epi ou tap pran tranble. Mwen konnen li parèt yon ti jan fou, men sa a se tou senpleman sa mwen te obsève.

Antanke yon syantifik espirityèl, tout bagay sa yo te etonem epi mwen te poze Seyè a kesyon sou sa. Li te pale avèm epi li te dim poukisa gwo onksyon sa a tap parèt sou ofrann lan. Li te dim majorite moun bay paske se yon devwa oswa pou respè lalwa. Gen kèk ki bay pa abitid, men yo pa vrèman kwè lè yo bay. Anpil bay paske yo panse Bondye ap fache sou yo si yo pa fè sa. Gen kèk ki bay tankou se yon bòdwo yo dwe. Li te dim lèm ap anseye sou Wayòm Li an epi revele prensip finansye ki kache nan Wayòm nan, lafwa grandi nan kè pèp la. Lè sa a, lè yo bay yo kwè reyèlman, epi yo konekte ak Wayòm nan, epi se konsa onksyon an jayi a.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

Depi vwayaj sa a nan Albani an 2005, lavim te chanje anpil. Dezim poum rive atenn moun ak bòn nouvèl Wayòm nan fè Drenda ak mwen sèvi ak televizyon pou nou rive bay nasyon yo bon nouvèl sa a. Literalman, kounye a nap depanse plizyè milyon dola chak ane pou nou rakonte moun konsènan Wayòm sa a nou te dekouvri depi plizyè ane. Men, petèt ou pokò tandé bon nouvèl Wayòm nan. Se konsa nou te ye—kwayan ki ta prale nan syèl la men nou pat konnen kijan pou nou mennen syèl la sou latè. Men, se pa sèlman pou dwa nou genyen pou nou ale nan syèl la Jezi te peye, li te pèmèt nou viv antanke pitit gason oswa pitit fi bondye epi jwi benefis Wayòm Bondye a sou latè. Men, sa ki pi enpòtan, gen plizyè milyon nou dwe jwenn ak bon nouvèl levanjil la, epi li mande lajan pou fè sa. Gen moun ki ap gade. Lavi nou dwe diferan!

Kisa mwen te anseye nan Albani ki te mennen onksyon sa a? Kisa Bondye te dim poum preche nasyon yo? Ebyen, se objektif liv sa a, epi mwen kwè li pral chanje lavi ou menm jan li te change pam.

# CHAPIT 3

# TANPRI BONDYE, GEN PITYE!

Jerry te rele nan biwo mwen epi li te mande si li te ka fè yon pase pou li ka pran dejene avèk mwen pandan mwen te nan zòn bò lakay li an. Mwen tap bay yon stasyon televizyon ki nan yon vil tou prè li yon entèvyou, epi li te vle rakonte mwen kòman kontni avèk emisyon televizyon mwen yo te chanje lavi li. Mwen potko janm rankontre Jerry avan sa men mwen te pale avèk li nan telefòn youn oubyen 2 fwa. Mwen te di li “Dakò” Bon, li te fè lè pou nou te pran dejene, epi mwen te di tèt mwen pandan mwen te la, mwen tap byen renmen rankontre li epi tandé istwa li an.

Nan dejene a, mwen te rankontre Jerry avèk pitit gason li an, epi Jerry te kòmanse rakonte mwen istwa li a. Jerry se yon pastè ki te egzèse pandan 30 lane, men li te oblige bay vag nan ministè li akoz yon stwòk ki rann li andikape. Pandan tan aprè stwòk la, lavi li te boulvèse. Paske li pat ka travay, finansyeman yo pat menm ka peye kay familyal la, kidonk labank te menm mete kay la nan lis kay yo sezi yo. Peye kouran, dlo epi achte manje te tounen yon gwo defi tou. An reyalite, Jerry te di yon jou li te chita ak yon zam 45 byen chaje nan yon men epi yon bib nan lòt men an, ap reflechi pou li ta retire lavi li poukout li tèlman bagay yo te vin difisil.

Se nan mitan dezespwa sa a Jerry te wè emisyon televizyon nou an, epi li te achte kèk nan kontni mwen yo. Li te kontinye eksplikem li tap gen bezwen 2000 dola an ijans pou li te peye bil epi pou li te achte manje lè li te resevwa materyèl yo. Li te tandé kontni yo plizyè fwa avan pou lafwa te kòmanse grandi nan kè li. Li te deside mete konfyans li nan Bondye pou 2000 dola li te bezwen an. Lè sa, li te fè sa Drenda ak mwen te fè lèm te resevwa premye sèf la a. Li te plante yon semans pou 2000 dola sa. Li te ekri dat la ansanm ak lè li te kwè li tap resevwa lajan sa nan yon ti papye, daprè Mak 11:24, epi li te voye chèk la bay ministè nou an.

Mwen pat okouran sa ki tap pase a paske mwen pat pale avèk Jerry. Li te di aprè yon semèn edmi yon mesye te parèt devan pòt lakay li epi li te mande pou li te pale avèk li. Jerry te konnen mesye a déjà, men li te di sa te fè yon bon kou tan yo pat

pale. Yo te fè ti pale pandan yon titan, answit mesye a te di an reyalite li te pase pou li te bay Jerry yon chèk 2000 dola. Mesye a te kontinye pale epi eksplike sa te fè yon semèn edmi nan yon jou kèlkonk ak yon lè kèlkonk, li te santi ke sentespri a te òdone li pou li te pote 2000 dola pou Jerry.

Jerry te kanpe, li te sezi. Li te pran bous li rapid pou gade kote li te mete ti moso papye ki te di men ki jou, a kilè li te kwè ke li tap resevwa 2000 dola li te bezwen an. Dat avèk lè ki ekri nan papye Jerry a te mache avèk lè egzat ke mesye a tap fè referans lè sentespri a te òdone li pou li te bay Jerry 2000 dola a. Jerry te konnen ke sa pat yon konyensidans; li te konnen sa se te yon repons ki sòti dirèkteman nan Wayòm Bondye a, espesyalman ki te sòti nan prensip Wayòm nan.

Li te kontinye rakonte istwa li an e li te di mwen ke li te genyen 7 pitit, tout nèt marye eksepte yon pitit gason ki gen 16zan (Se li mernm ki te akonpaye li nan dejene a.) ki te prèske vire do bay Bondye lè li te wè tout sa ke Papa li tap travèse yo. Pitit gason an te fache ak Bondye paske papa li te fidèl pandan 30 lane, epi pitit gason an te santi ke Bondye te abandone papa li.

Jerry te vle jwenn yon mwayen pou li te atenn pitit gason li a, epi li te vin gen yon ide sou kisa pou li fè. Mwen rakonte anpil istwa sou lachas sèf nan kontni mwen yo epi mwen pale tou sou kòman Bondye te montre mwen chase nan lafwa. Pitit gason li a te renmen chase anpil. Kidonk, Jerry te eksplike pitit gason li an kòman pou li pran mal sèf li yo nan fason Wayòm nan pandan sezon otòn lan. Pitit gason an te reflechi sou sa epi li te finalman aksepte. Aprè sa, li menm ak Jerry te aji lafwa yo, menm jan Jerry te fè pou 2000 dola li a. Ti gason an te jwenn yon bèl mal sèf nan 8 minit. Pandan Jerry ak pitit gason li an tap mennen mal sèf la nan labatwa a, Jerry te genyen you nan CD mwen yo nan aparèy ki woule CD li a. Pandan Jerry tap rantre ak mal sèf la nan labatwa a, ti gason an te di li te vle rete nan machin nan pou li kontinye tande toujou. Lè Jerry te sòti a, pitit gason an te di “Papa mwen panse genyen yon bagay nou te manke pandan tout lane sa yo. Mwen konnen ke mal sèf sa se te rezulta Wayòm Bondye a.”

Aprè sa pitit gason li an te retounen konsakre lavi li bay Senyè a epi li te di Papa li si Bondye te ka pote 2000 dola ak mal sèf la, alòs li ka pote 17000 dola yo te bezwen pou retire kay la nan lis kay yo sezi yo. Se nan moman sa mwen te gen premye rankont mwen ak Jerry. Mwen sonje lèt Jerry a te genyen ladan li semans Jerry avèk pitit gason li a te simen pou te retire kay la nan lis kay yo sezi yo. Mwen sonje lèt la te kout, li te senpleman gen ladan li sa yo te bezwen an. Pat gen okenn lòt

bagay ki te mansyone, sèlman pou yo te retire kay la nan lis kay yo sezi yo. Mwen sonje tou mwen te depoze men mwen sou lèt sa epi mwen te kwè ansanm ak yo. Mwen sonje nan ki moman epi ki lè li te ye lèm te fè sa.

Lè sa, Jerry di mwen aprè 2 semèn yon lòt mesye te vin devan pòt lakay li a. Yon lòt fwa ankò, se yon moun Jerry te konnen deja. Mesye a te di li te remake kay la te nan lis kay ki te nan vant ozanchè, epi li te mande Jerry konbyen kòb sa tap koute pou li ta retire kay la nan lis kay yo sezi yo. Jerry te di li montan an, ki te plis pase 17000 dola. Mesye a te fè yon chèk pou tout montan an epi li te ale. Jerry te gade chèk la ak atansyon. Lè sa, Jerry chita lot bò tab la anfas mwen nan restoran an ap dlo nan je. Epi li ap remèsye mwen paske mwen ap anseye moun sou Wayòm Bondye a. Jerry te di li te kontan anpil paske tout timoun li yo te wè travay Bondye a, epi sa te ba li yon chans pou li te pataje Wayòm nan avèk yo. Mwen renmen sa! Sa se reyalite Wayòm Bondye a, epi mwen tèlman kontan paske mwen kapab pataje li ak lòt moun epi tandem istwa moun yo aprè sa. Ou wè, Jerry pat bezwen mizèrikòd. Se solisyon li te bezwen, e li te jwenn yo nan Wayòm nan.

Kounyea, mwen santi mwen dwe ajoute yon bagay konsènan istwa Jerry a. Menm lè li te sanble se moun ki senpleman vini devan pòt lakay Jerry epi ba li lajan

**SA MAP DI NOU LA A, SE VRE  
WI: SI NOU TE GEN KONFYANS  
NAN BONDYE GWOSÈ YON TI  
GRENN MOUTAD, NOU TA DI  
MÒN SA A: WETE KÒ OU LA, AL  
LABA, LI TA CHANJE PLAS. PA  
GEN ANYEN NOU PA TA KAPAB  
FÈ. ”**

**—MATYE 17 :20B**

simen, nan men moun legliz li yo kote li te plante pandan tout 30 lane sa yo.

Fòk mwen di nou tou lèm te rankontre Jerry pou dejene nan jou sa, maladi stwòk la te fin geri nèt epi li te pèdi 70 liv. Grasa Dye, li te kontakte Wayòm nan. Ou kapab di, “Bon, Jerry se te yon pastè; sètènman, li te konnen tout bagay konsènan Wayòm nan. Li pat sanble sa, epi mwen sèten se pa sèl li menm selon sa mwen te konstate.

mwen pa vle pou ou met nan tèt ou pwoblèm finansye ou yo pap rezoud pandan ou chita byen poze ap bwè koka. Non, ou ap gen pou ou fè pati pa ou nan rekòt sa a ou bezwen an. Nan ka Jerry a, Jerry te pastè pandan 30 lane. Li te simen nan moun sa yo pandan yon bon kou tan. Dezyèmman Jerry pat kapab deplase kite lakay li akoz stwòk la. Jerry te rekòlte kote li te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

Malerezman, anpil moun ki nan legliz pa konnen kòman pou yo eksplwate Wayòm Bondye a oubyen kòman pou yo jwenn solisyon. Gen yon istwa nan liv Matye ki montre fason anpil moun panse.

*Lè yo te rive kote foul moun yo, yon nonm pwoche bò kote Jezi, li mete ajenou devan li. Li di "Mèt gen pitye pou ptit gason mwen an. Li gen malkadi. Lè ou tandé kriz la pran li konsa, anpil fwa li tonbe nan dife osinon nan dlo. Mwen mennen li bay disip ou yo, yo pa ka geri li. "*

*Jezi reponn: "Ala moun san konfyans nan Bondye! Ala move moun! Jouk kilè pou mwen rete nan mitan nou? Jouk kilè pou mwen sipòte nou? Mennen ti gason an isit ban mwen. Jezi pale sevè ak move lespri a. Lespri a sòti. Menm lè a, ti nonm lan te geri.*

*Aprè sa, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo te mande li apa: "Poukisa nou pat kapab chase move lespri sa a ? " Jezi di yo: "Se paske nou manke konfyans nan Bondye. Sa map di nou la a, se vre wi: Si nou te gen konfyans nan Bondye tankou yon ti gress moutad, nou tap di mòn sa a: wete kò ou la, al laba, li tap chanje plas. Pa gen anyen nou pa ta kapab fè. "*

—Matye 17 :14 – 20

Nan istwa sa, nou wè yon nonm ki dezespere; move lespri ap toumante ptit gason li, ki prèske mouri. Lè li tandé sa Jezi ap akonpli epi pouvwa Jezi te genyen pou chase move lespri, Li te fè fason pou li te mennen ptit gason li an kote Jezi pou Jezi te ka geri li. Poutan, lè li te rive a Jezi pat la men Li tale priye sou tèt mòn lan avèk 3 nan disip li yo. Lòt disip ki te rete yo te di sa pat pwoblèm; yo te toujou chase move lespri depi lè Jezi te ba yo otorite pou yo te fè sa, nan non Li kidonk, yo te ka geri ptit gason nonm lan. Men pandan tout tan yo fè ap priye pou jèn gason sa, move lespri an pat ale. Malgré yo te eseye, move lespri an pat ale. Papa a te fache epi foul moun ki tap swiv Jezi yo te nan konfizyon.

Se nan menm moman sa, Jezi ak 3 disip yo te parèt, yo tap retounen sòti nan mòn lan, Lè Jezi wè ajitasyon an, li te mande kisa ki te genyen. Papa ti gason an te eksplike kòman li te pote ti gason an bay disip yo, men yo pat ka chase move lespri a. Aprè sa papa a te fè sa ki ta ka parèt nòmal pou anpil moun, pou mwen pa di pi fò

moun fè, lè yo ap fè fas avèk yon pwoblèm ki sanble pa gen solisyon. Li te kriye nan pye Jezi pou mande Li gen pitye pou li. Menm lè sipliye pou mande pitye sanble egzakteman sa pou fè lè ou dezespere, se pat sa ki tap bay nonm lan rezulta, se pa li ki ap baw rezulta nonplis. Papa a te kòmanse rakonte Jezi kòman move lespri a konn toumante pitit gason li an, kijan li konn jete li nan dife, kijan move lespri a konn eseye touye ti gason an paske li te vle pou Jezi antre nan pitye li akoz sitiayson li an. Jezi te fè nonm lan fè silans. Li pat vle tandé plis sou tout touman ti gason an tap andire yo. Jezi te di avèk dekourajman, " *Ala moun san konfyans nan Bondye! Ala move moun! Jouk kilè pou mwen rete nan mitan nou? Jouk kilè pou mwen sipòte nou? Mennen ti gason an isit ban mwen.*" Sèlman ak fraz li a, Jezi te montre tout bagay ki te lakoz move lespri a pat vle sòti a.

Men avan nou pale plis sou kisa sa Jezi sot di a vle di, fòk nou ranfòse fondasyon nou repoze sou li a, Bondye pa konn bay epi li pa ka bay manti. Sa li di se verite. Kòm nou klè sou sa, nou kapab evalye ki enpak deklarasyon sa, "Move lespri yo SIPOZE pati!" Si yo pa pati, alòs gen yon bagay ki pa mache. Se pa bò kote Bondye men se pito bò kote pa nou. Jezi di nou klèman rezon ki fè move lespri a pat sòti a —Se te vye panse yo avèk lafwa ki pat genyen. Nou gen pou nou pale sou 2 rezon sa yo pita. Men pou kounya, nan ti pale nou an, mwen vle fokis sou papa a ak pitit gason an nan istwa a.

Papa a te dezespere pou pitit gason li an toutbonvre. Pat gen okenn espwa paske anyen pa sanble tap mache lè disip yo tap priye pou li a. Pat gen okenn garanti. Sèl sa li te panse ki te ka ede li a pat bay rezulta. Te gen yon sèl bagay li te rete pou fè se te pou li sipliye pou mande pitye. Fraz " *Sipliye pou mande pitye* " vle di gen yon moun ki genyen pouvwa oswa otorite pou li ede men li pa chwazi pote èd li. Kidonk, sèl bagay ki te rete pou fèt se te pou rakonte ki doulè atwòs ti gason an tap andire, epi eseye fè Jezi pran pitye pou sitiayson li an.

Onètman, se konsa majorite moun priye, yo konnen Bondye gen pouvwa pou ede yo men paske yo pa sèten sou respons li, ebyen yo tonbe sipliye pou mande pitye. Yo bay tout detay sou pwoblèm avèk sikontans yo avèk priyè ki men longè epi ki chaje ak pawòl, " Papa, ou konnen mwen bezwen lajan sa avan vandredi, Tanpri Bondye ede mwen. " Oubyen " *Bondye, tanpri si ou geri pitit mwen an, mwen ap sèvi ou pou tout lavi mwen. Tanpri Bondye.* " Se pa limyè mwen ap mete sou sitiayson moun ap rankontre, men tanpri gade byen kijan Jezi te pote pouvwa Bondye a byen rapid nan sitiayson sa pou li te libere ti gason an. Se sa Bondye vle,

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

se dezi li. Se pa konpasyon ki te manke, se pat pouvwa oswa otorite ki te manke. Se pa sa ki te pwoblèm lan nan istwa pa yo a tou. Jezi te di se vye panse ak mank lafwa yo ki te pwoblèm lan. Nan yon lòt sans, nan sitiyasyon sa se vye panse ak mank lafwa yo ki te anpeche Wayòm nan aji.

Dakò, gen anpil bagay pou nou pale sou yo la, plizyè sekrè Wayòm nan epi kòman li fonksyone. Mwen pa vle fè gwo pale sou kèk bagay nou konnen deja, men mwen ap mansyone yo kanmenm, epi aprè sa nou pral etidye prensip nou wè ki mache yo.

Pou nou kapab genyen yon ti konpreyansyon sou prensip Wayòm yo, nou dwe konprann evènman esansyèl ak fondamantal sa: Bondye te bay Adan tout otorite sou latè. Se li ki te la ki pou dirije latè.

*Bondye di ankò, “Annou fè moun. Nap fè li pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason nan lanmè, sou zwazo nan syèl, sou tout bêt yo gade sou tout tè a, sou tout bêt nan bwa, sou tout bêt ki mache sou vant sou latè.”*

—Jenèz 1 :26

Mwen panse Ebre 2 :7-9, di sa yon fason pou tout moun konprann :

*Ou fè lòm yon ti jan pi fèb pase zanj yo. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo tout lwanj ak tout respè. Ou mete tout bagay anba pye li. Bondye mete tout bagay anba li. Sa vle di pa gen anyen ki sou latè ki pa souzòd li.*

Kounyea a, eseye konprann si toutfwa yon nomm oubyen yon fanm ki genotorite legal sou latè pa libere otorite syèl la Bondye pap ka egzèse otorite li sou latè (Wayòm lèzòm).

Sepoutèt sa Jezi te di disip li yo nan Matye 18 :18 :

*Sa map di nou la se vre wi: Tou sa nou va defann moun fè sou latè, yo pap kapab fèl nan syèl la nonplis. Tou sa napèmèt moun fè sou latè, ya kapab fèl nan syèl la tou.*

Yon lòt fwa ankò, syèl la pa gen okenn otorite sou latè si se pa yon nonm oubyen yon fanm ki mennen li ladaml. Se poutèt sa Jezi di nan vèsè a si yon nonm oubyen yon fanm ki pou libere otorite syèl la isi a, syèl la ap sipòte li. Si nou pa fè sa, syèl la pap kapab. Si ou ta twouve opinyon sa etranj, ou mèt kontinye li. Mwen ap bay plis detay sou sa pi devan. Men pou kounyea a, Konsidere move lespri an

**MEN, SA PA KONSÈNEW,  
ZANMI MWEN; OU KAPAP  
JWENN JISTIS NAN  
WAYÒM NAN. PWOBLEM  
OU YO GEN SOLISYON.**

pat vle sòti sou ti gason an akoz verite sa— **Li pat oblige sòti!** Se te dwa legal li pou li te rete nan ti gason an. Yon lòt fwa ankò, Jezi te bay rezon ki fè move lespri an pat oblige sòti, se paske yo te manke lafwa, oswa te manke otorite. Bondye te pèdi dwa Li nan zafè lèzòm

depi lè Adan te avan tou mete Bondye deyò a travè rebelyon li an. Se lè sa tou satan te pran otorite sou limanite.

*Satan mennenl yon kote ki wo. Yon sèl kou, li moutrel tout peyi ki sou latè. Li di Jezi konsa: ‘‘Map ba ou tout pouvwa ak tout richès peyi sa yo. Yo renmèt tout bagay sa yo nan men mwen (Adan), mwen ka bay moun mwen vle yo. Si ou mete ajenou devanm, tout bagay sa yo pou ou.’’*

—Lik 4 :5-7

Lè Bondye te pèdi nonm ki te genyen dwa legal la— Adan, Li te pèdi otorite li sou latè. Yon lòt fwa ankò mwen gen pou mwen pale plis sou prensip espesifik sa yo pi devan, jan mwen te di a, men rezon prensipal ki lakoz mwen rakonte istwa sa, se pou mwen montre konpòtman epi dezespwa papa a epi kijan li tap mande pou yo gen pitye pou li. Tanpri li pwochen fraz sa yo avèk anpil atansyon.

Si pa genyen okenn otorite oubyen prensip avèk yon sistèm ki la pou bay jistis epi pou rezoud pwoblèm moun yo, lè sa sèl bagay ki rete pou fè se mande pou yo gen pitye pou ou. Kite mwen di sa yon lòt fason. Si yon moun pa genyen okenn remèd legal pou yon pwoblèm epi li pa gen yon pwosesis ki pou pèmèt li jwenn jwenn jistis, lè sa li pap kapab jwenn solisyon. Sèl bagay ki rete pou fè se sipliye.

Men, sa pa konsènew, zanmi mwen; ou kapab jwenn jistis nan Wayòm nan. Pwoblèm ou yo gen solisyon. Sonje byen, yon Wayòm se yon gouvènman, epi

prensip ki fè li fonksyone yo pa gen fòs kote epi yo disponib pou nenpòt sitwayen ki ap viv anba otorite Wayòm sa a. Jan mwen te di avan sa nan liv la, Wayòm Bondye a bati sou jistics (pwoesis legal ki bay otorite Bondye a aksè pou li fè respekte sa lalwa Li a di ki jis) ak ladwati. Te gen yon rezon ki fè move lespri an pat sòti, epi se pa paske Bondye te fèb oswa volonte Li te chanje. Jezi montre nou sa nan fason li kouri reprimande disip yo epi jan li chase move lespri a aprè sa.

Majorite kretyen chanje doktrin lè yo pa temwen lè Wayòm nan ap manifeste, epi yo di “Se pa tout move lespri ki sòti.” Yo konnen Bondye gen tout pouwva, kidonk yo panse paske Bondye ka fè nenpòt sa li vle sou latè, si yon move lespri pa

**KÒM SE LÈZÒM KI GEN  
DWA SOU LATÈ,  
GOUVÈNMAN BONDYE A  
AK OTORITE LI PAKA AJI  
SI SE PA YON NONM  
OUBYEN YON FANM, KI  
GEN POUWVA SOU LATÈ,  
EPI KI GEN LAFWA KI  
POU LIBERE OTORITE SA.**

sòti, se paske Bondye gendwa pa chwazi fè li ale Zanmi mwen, konpreyansyon sa pa bon ditou. Jezi te di se panse pèvès YO ak mank lafwa yo ki te koupe otorite syèl la nan sitiyasyon sa. Banm di sa nan fason sa, se yon pwoblèm legal ki te fè move lespri an pat sòti a-Pwen final. Li pat oblige sòti paske pat gen okenn moun ki te mennen otorite syèl la epi aplike dwa legal nan sitiyasyon sa. “Men,

Gary, yo tap eseye chase li”. Wi, men jan mwen te di sa a, legalman, li pat oblige sòti. Poukisa? Yon lòt fwa ankò, syèl la pat genyen okenn dwa legal pou li te fè move lespri an sòti.

Ban mwen refòmile sa mwen fenk sot di a. Yo te gen move panse, fason yo te konn deside si yon bagay bon oswa akseptab ki pat bon oubyen ki differan konpare ak sa Bondye ta ka di apwopo yon sitiyasyon. Mank lafwa se te yon gwo pwoblèm tou paske fòk gen lafwa pou syèl la ka gen dwa legal sou latè. Disip yo pat kwè; yo pat vrèman kwè si move lespri an ap sòti. Yo te pè.

Kòm se lezòm ki gen dwa sou latè, gouvènman Bondye a ak otorite Li paka aji si se pa yon nonm oubyen yon fanm, ki gen pouwva sou latè, epi ki gen lafwa ki lage otorite sa. An pasan, lè ou kwè ak tout kè ou nan sa syèl la di sa rele lafwa, nan jou sa pa gen okenn moun ki te gen lafwa. Yo te ensèten epi yo te manke lafwa, se sa ki te retire dwa legal syèl la nan sitiyasyon sa. Men Jezi te genyen lafwa epi li te

konnen move lespri a tap sòti! Jezi te pran responsabilite a epi move lespri an te ale! “Men Gary, rezon kif è move lespri an te ale lè Jezi te mande li ale a se paske se te Jezi. ” Vrèman ? Ann gade nan Mak 6:5, lè Jezi tap evanjelize nan vil lakay kote li te fèt la.

*Se konsa li pat ka fè okenn mirak la, esèpte pou de ou twa moun malad. Li te mete men sou tèt yo, li geri yo.*

Ou dakò Jezi te gen pouvwa pou li bay lagerizon, pa vre ? Alòs ou ta dwe kapab reponn poukisa li pat kapab fè tout sa li te vle fè nan istwa sa. Te gen nesesite pou li te fè sa, men gen yon bagay ki te anpeche li. Li bay repons lan nan vèsè 6 la, “*Jezi te sezi wè jan yo pat kwè nan li.* ” Se lafwa (akò avèk syèl la) ki bay syèl la pouvwa sou latè. Pa egzanp, ou kapab wè prensip sa fasilman nan fason ou te sove a epi vin jwenn kris la.

*Paske lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè li, se lè sa Bondye fè li gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa Bondye delivre li.*

—Women 10 :10

Depi ou kwè ak tout kè ou (nan sa syèl la di), ou jistifye. Se yon kontra legal, sa vle di administrasyon prensip ki vin fè syèl la genyen pouvwa sou latè lè sa. Banm fèw wè sa map di a pi byen, ann sonje Bondye te bay Adan pouvwa legal sou latè, yon pozisyon lèzòm toujou gen. Nou pa dwe konfonn sa avèk enkapasite lèzòm pou li renye espirityèlman, dwa legal li te bay satan nan jaden an. Bondye pa kapab vyole pozisyon legal lezòm vin genyen sou latè a. Kidonk, Bondye dwe jwenn yon nonm oubyen yon fanm ki ap dakò pou syèl la antre epi manifeste sou latè.

Nan Women 10 :10, wap wè genyen de (2) bagay ki dwe fèt avan nou kapab libere otorite ak pouvwa syèl la isit la sou latè. Premye a, mwen mansyone li deja: Nou dwe gen bonjan konviksyon epi kwè ak tout kè nou nan sa syèl la di a; Sa rele lafwa. Dezyèmman, nou bezwen konprann se pa sèlman lafwa ki ap mennen pouvwa syèl la sou latè, Ou sezi ? Banm eksplike sa, panse ak yon entèriptè pou anpoul. Gen kouran se vre, men fòk ou monte entèriptè a pou anpoul la limen. Lè nou kwè ak tout kè nou nan sa syèl la di, sa rann koneksyon avèk syèl la legal oubyen se yon koneksyon ki jistifye. Men aprè sa nou gen pou nou lage otorite sa pa bò isit. Jan sa

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

ye nan egzanz mwen an, fòk nou pase entèriptè a. Nou ka fè sa lè nou konfese epi aji selon otorite Wayòm nan.

Mwen konnen mwen ap plede repete menm bagay la, men li ENPOTAN ANPIL pou ou konprann prensip Wayòm nan pou ou kapab resevwa pwovizyon syèl la gen pou ou. Menm jan ou te sove a, se konsa ou va resevwa tout bagay syèl la va ba ou—lè ou kwè nan sa syèl la di a ak tout kè ou epi lè ou pale ak aji daprè sa syèl la di.

Jan Jezi te anseye epi demonstre sa, disip yo pat abitye ak Wayòm nan. Pandan plizyè fwa, nou kapab wè sa disip yo te konn ap wè yo te twouble yo. Nan pasaj nou te li avan an, mwen rete kwè ajisman move lespri an te fè disip yo pè epi lespri yo te vin ap vasiye kidonk se sa ki te vin retire lafwa yo. Mwen panse move lespri an te manifeste pandan yo tap chase li an, pwobableman li te frape ti gason an atè epi fè gwo demonstrasyon. Sa te petèt kreye laperèz. Mwen sèlman ap imagine sa ki te rive a, men youn nan bagay mwen sèten sou li, gen yon bagay ki te pase ki te lakoz kè yo vin an dezakò avèk syèl la epi ki te retire lafwa yo.

Poutan, Jezi te gen konviksyon nan sa syèl la te di pou fè nan sitiyasyon konsa yo epi li te pase move lespri an lòd pou li te ale. Alòs nou kapab wè, sa ki fè move lespri an pat kapab sòti a te gen rapò avèk latè men sa pat gen rapò avèk syèl la.

Si mwen te gen pou mwen chwazi yon sèl pasaj ki tap ka pi byen montre fason Wayòm nan fonksyone sou latè pase nenpòt ki lòt pasaj, mwen tap di, se Mak 11:22-24. Pou nou kòmanse fòk nou fè yon ti retounen nan kèk vèsè avan sa, epi nou tap wè ladan, Jezi te pale ak yon pye figye epil i te mouri. Lè Jezi te wè li pa gen fwi li te modi li. Nan demen, pandan disip yo tap pase bò kote menm pyebwa sa ankò, yo te wè li te mouri. Sa ki te pase a te fè Pyè sezi epi li te kriye bay Jezi.

**“SE POU SA MWEN DI NOU:  
TOU SA NAP MANDE LÈ NAP  
LAPRIYÈ, SI NOU GEN FEM  
KONVIKSYON NOU RESEVWAI  
DEJA, NA WÈ SA RIVE VRE. “**

**—MAK 11:22-24**

*Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di yo: Se pou nou toujou gen konfyans nan Bondye. Sa map di nou la a, se vre wi: Nenpòt moun ki di mòn sa: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, sil pa gen doutans nan*

*kèl menm, sil gen fèm konviksyon sal di a gen pou rive, la wel rive vre.  
Se pou sa mwen di nou: Tou sa nap mande lè nap lapriyè, si nou gen  
fèm konviksyon nou resevwal deja, na wè sa rive vre.*

—Mak 11:22-24

Remake sa ki te pase a te fè Pyè sezi. Kòman sa te pase ? Jezi te senpleman pale ak Pyebwa a. Epoutan, byen rapid pyebwa a reyaji ak sa Jezi te di a epi pye bwa a te mouri. Lè sa Jezi te di Pyè yon “Verite,” yon prensip nan Wayòm Bondye a. Eksplikasyon Jezi a ban nou plis konpreyansyon sou fason Wayòm Bondye a kominike sou latè. Toujou nan menm egzanp sa nou wè se menm prensip nou tap pale sou li a ki te mache. Yon nonm oubyen yon fanm sou tè a, ki kwè totalman nan sa syèl la di (Ki vin jistifye kounyea) aprè sa ki deklare oswa libere otorite syèl la. Se vre nonm nan istwa a se Jezi, men Jezi klè sou sa nan eksplikasyon li bay disip li yo, “Nenpòt moun ” te ka fè sa li te fenk fè a.

Mwen rete kwè ou ap dakò si moun yo te vrèman konnen sa epi konprann prensip Jezi tap anseye yo a, li tap gen yon gwo enpak sou lavi yo. Mwen te wè enpak Wayòm nan nan fanmi pam, men se te yon bèl bagay pou mwen te temwen enpak Wayòm nan nan lòt fanmi paske nou te montre yo sa nou te aprann. Banm rakonte yon istwa ki pase nan pwòp legliz mwen pou mwen montre kote prensip sa te manifeste. Anpil fwa, lè ou gen konesans sou Wayòm nan ak fason li fonksyone kapab sove lavi. Se sa ki te rive nan istwa sa.

Jennifer te kòmanse vin nan legliz mwen an epi tandé pale sou lafwa ak Wayòm nan. Sa te fèl plezi pou li te aprann konnen otorite ak dwa li genyen nan Wayòm nan nan moman li te ansent dezyèm pitit li, epi li te swete akouche lakay li. Alòs li te kòmanse etidye kisa pawòl Bondye a te di sou kesyon fè timoun epi sou pwomès Wayòm nan te genyen pou pitit li a. Li te gen konviksyon li tap kapab fè timoun lan lakay li san pwoblèm. Li te chèche yon famsaj, epi li te mande yon dam lan legliz la ki te akouche lakay li plizyè fwa, si li te ka akonpanye li pandan akouchman. Pandan ti tan ki te presede akouchman li an, li te nan tout sèvis ap absòbe prensip Wayòm yo. Konsèp sa yo te nouvo pou Jennifer, epi sa te fèl plezi pou li konnen Wayòm Bondye a te bay bonjan solisyon. Malerezman, pandan tan sa, Mari li a te oblige ale travay lè dimanch epi li pat kapab vini legliz la souvan avèk Jennifer. Moman pou timoun nan te fèt la te vin rive. Yo te rele famsaj la avèk dam ki te ofri sipò li pou li te akonpanye Jennifer a.

Li te nan 2zè oubyen 3zè di maten lè telefòn bò kot kabann mwen an te sone. Nan telefòn lan, mwen te tande antrenèz Jennifer a ki tap di, “Pastè, tanpri priye; timoun nan fèt tou mouri! ”Nouvèl la te sekwe mwen. Aprè sa antrenez la te di timoun nan fenk ale lopital la nan yon anbilans. Li te dim, anreyalite, ekip medikal ki te vini an te deklare timoun nan fèt tou mouri.

Drenda ak mwen te kouri met rad sou nou. Mwen te kòmanse priye nan Lespri, mwen tap chèche konprann kisa pou mwen te fè nan sitiyasyon sa. Mwen konnen dyab la tap pran plezi itilize evenman sa pou li kalonnen legliz nou an. Mwen te gentan ap imajine gran tit nan jounal yo, “Yon Timoun Mouri paske Legliz ap Ankouraje Akouchman a Domisil. ” Nou pat vrèman pran yon pozisyon sou fason yo te dwe akouche ti bebe, si se te nan kay ou pa. Men anpil fanm chwazi akouche lakay yo; sa se te verite. Drenda ak mwen te kontinye priye nan Lespri padan nou tap kondwi pou nou ale lopital la. Li tap pran nou 20 minit pou nou te rive lopital la. Pandan nou te nan mwatye wout, sanzatann mwen te santi lespri Bondye vin sou mwen, epi mwen te konnen tout bagay tap byen pase. Egzakteman menm kote a madanm mwen vire gade mwen epi li te di mwen Senyè a fenk di li ti bebe a anfòm.

Mwen te konnen kisa Senyè a te di mwen menm ak madanm mwen, kidonk pandan mwen tap mache poum antre nan chanm ijans lan, mwen te bezwen konnen kisa mwen tap jwenn. Nan sal ijans lan, mwen te wè yon gwoup ki gen 7 oubyen 8 enfimyè ki te antoure yon ti bebe tou wòz kap kriye, li te sanble byen nòmal. Mwen te pran tout tanm poum etidye vizaj yo. Nòmalman lè yon gwoup fanm kenbe yon ti bebe, wap wè souri sou vizaj yo. Men fwa sa, pat gen pèsom ki tap souri. Okontré, yo tout te gen yon rega chokan sou vizaj yo.

Nou te vin rankontre fanm ki te rele nou an. Yon lòt fwa ankò li te di nou yo te fè konnen ti bebe a te mouri lakay Jennifer a, sa te gen 20 minit. Yo te deklare ti bebe a te mouri lè li te rive lopital la tou men jan nou te ka wèl la, sanzatann ti bebe a te reveye. Mèsi Bondye! Drenda ak mwen te kontan anpil pou nou wè ti bebe a vivan epi anfòm jan Sentespri a te di nou an.

Pandan tan sa, gen yon lòt anbilans ki te mennen Jennifer manman ti bebe a, nan sèvis matènité a. Kidonk, li pat okouran kijan ti bebe a te ye. Madanm mwen, Drenda, te monte nan etaj matènité a pou li te konnen kijan li ye. Lè Drenda te antre nan chanm kote Jennifer tap repoze a. Li te di, “Jennifer, ti bebew la anfòm e li vrèman mayifik. ”Enfimyè ki te kanpe kote Jennifer a te antre nan pawòl la e li te senpleman di “Non, bebe sa wap pale a nan yon sak!” Madanm mwen te ensiste pou

li korije erè enfimyè a. Jodia, Grasa Dye, pitit fi sa, ki rele Haley, se yon bél jèn fanm ki pa gen okenn domaj nan sèvo li oubyen okenn lòt pwoblèm sante. Paske mwen konprann se prensip espirityèl ki fè Wayòm Bondye a fonksyone, mwen te konnen rezilta sa se pat pou chans. Alòs antanke yon syantifik espirityèl (Se pa yon moun ki gen konesans sou kretyennte non, men pito yon moun ki etidye kòman Wayòm Bondye a fonksyone), mwen te vle konnen kisa ki te pase egzakteman.

Mwen te okouran ekip anbilansye ki te rive nan kay la te deklare bebe Haley “fèt tou mouri”. Mwen te konnen lopital la te deklare ti bebe a te fèt tou mouri tou. Kidonk, kisa ki te pase ? Mwen te pale ak antrenèz ki te la a, epi mwen te mande li pou li te rakontem sa ki te pase a an detay. Mwen tap chèche endis. Li te di, anvan bebe a te sòti akouchman an te nòmal. Li pat gen ankenn siy vital epi li te gen koulè ble fonse. Fanm saj lan te eseye rebay bebe a lavi men li pat kapab. Antrenèz la te kontinye pale, li te di gen anpil manb nan fanmi Jennifer ki te la ki te kòmanse panike. Men Jennifer te di yo avèk kalm pou yo rete trankil, e li te answit mete dwèt li nan figi mari li a, li te di li, “Pinga ou di anyen– Bebe sa ap viv! ”

Mwen te kanpe istwa antrenèz la epi mwen te mande li si li te ka repete pou mwen sa Jennifer te di mari li a ankò. Li te dim menm bagay li fenk sot di a, ke Jennifer te mete dwèt li nan figi mari li a epi li te di, “Pinga ou di anyen– Bebe sa ap viv! WaW! Se te sa! Se te nan moman sa, deklarasyon an ki te sove lavi bebe Haley a. Mwen te santi mwen tankou yon detektiv ki fenk sot rezoud yon ankèt ki enpòtan! Mwen te kontan. Li te tèlman senp, epoutan li te gen anpil enpòtans. Jennifer te senpleman mete prensip espirityèl an aplikasyon nan sitiyasyon sa li te twouve li a, epi sa te sove lavi ti bebe li a! Lèm reflechi sou sa mwen fenk sot aprann lan, se te yon bagay ki fè sans.

Jennifer te konnen lafwa mari li an pat nan menm nivo avèk sa li menm li tap konstwi nan mwa ki sot pase yo akoz orè travay li. Li te konnen tou antanke chèf kay la, si li te aksepte sèn terib padan akouchman an sa tap deside sou desten ti bebe a. Se poutèt sa premye reyaksyon li se te pou li te pale ak mari li epi pa kite li kwè ti pitit yo a te mouri. Okontrè Jennifer te gen konviksyon timoun nan tap rete vivan epi an bòn sante, li te deklare sa avèk kouraj epi lafwa.

Touswit aprè Jeniifer te sòti lopital la, li te ale kote ekip anbilansye yo epi li te mande yo kisa yo te fè pou ti bebe a pandan yo ta prale lopital la jou swa sa. Anbilansye yo te santi yo wont pou yo te gade li.

Gen youn ki te finalman di li “Anyen ”

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

“Kòman anyen an ?” Jennifer te mande “Eske nou te fè masaj kadyak pou li? ”

Yo te di, “Non ”

“Eske nou pat fè anyen pou bebe a ? ”

Yo te reponn, “Non ” ankò.

Yo te di li bebe a te mouri, epi yo pat gen okenn espwa si li tap reviv. Epoutan lè yo te rive nan lopital la bebe a te senpleman “leve!” Lopital la ak sèvis ponpye yo te bay ekip anbilansye a rekonpans entèvansyon de lane, se yon prim yo bay chak ane ki baze sou fason yo rezoud yon sitiayson ki te difisil. Men yo te rekonèt yo pat fè anyen.

Dènyeman nan emisyon televizyon nou an, nou te resevwa Haley avèk manman li, Jennifer epi ak dlo nan zye, nou te selebre Wayòm Bondye a yon lòt fwa ankò. Nou te selebre paske te gen yon pèsonaj prensipal, yon moun ki te konnen kòman pou li te fonksyone ak prensip espirityèl yo epi otorite Wayòm nan.

Nan istwa sa nou wè Jennifer ki gen fèm konviksyon nan sa syèl la di, epi aprè sa, avèk pwòp pawòl li li libere otorite sa nan sitiayson li an. Prensip la fonksyone!

Gen yon lòt fanmi nan legliz mwen an ki te fè eksperyans mwen pral rakonte a avèk menm prensip Wayòm Bondye a. De (2) sè te deside manje dejene ansanm, sa ki pat yon bagay fasil, paske te prèske genyen douz (12) oswa (13) timoun yo avèk yo. Ebyen, pandan yo tap manje a, yo te remake Joel, sa ki gen kat (4) lane a, pa la. Yo te chèche nan tout kay la men yo pat ka jwenn li. Alòs yo te panse li te gendwa ap kache, men malgrè yo pase anpil tan ap chèche, yo pat ka jwenn li. Toudenkou Tina, manman Joel, te vin gen yon panse tèrib. E si nou gade nan pisin ki nan lakou dèyè a? Li te kouri pase nan pòt dèyè a avèk nyès li an ki rele Courtney ki genyen 13zan. Laperèz te anpare Tina lè yo te jwenn Joel nan fon pisin lan, san li pa bouje. Pa gen ankenn moun ki te konnen depi kilè li te nan pisin lan. Tina te fè yon gwo rèl pou yo te rele 911 pandan li te plonje pou li retire Joel sòti nan pisin lan. Li pa tap respire, li te blanch epi li pat bouje.

Ti pitit 13zan an, li te grandi nan depatman timoun ki nan legliz nou an, te di matant li, “Non, Tati Tina, nou pa bezwen rele 911; nou gen pouvwa isi a. Nou dwe lapriyè. ” Alòs yo toulède te kòmanse lapriyè, men anyen potko fèt. Tina te fè yon lòt rèl, “Rele 911! ” Courtney te di matant li, “Tati Tina, fòk nou pwononse Lavi sou li. ” Lè sa Courtney te di, “Joel leve, nan non Jezi! ” Toudenkou Joel te touse, krache epi li te repran konesans nòmalman.

Chak lèm panse ak istwa sa, mwen etone, mwen pa etone paske ti gason an te anfòm men se tifi 13 zan an epi klète lespri li nan moman sa. Nan yon sitiyasyon ki chaje estrès, ant lavi ak lanmò, li te rive evalye sa ki te merite fèt la san li pat kite laperèz anvayi li. Courtney te montre lè ou konnen kòman Wayòm nan fonksyone gen plis valè bèle prèch: Se yon kesyon lavi oubyen lanmò!

Gade byen kòman prensip Wayòm nan te opere yon lòt fwa ankò. Avan sa, Courtney te di yo te bezwen lapriyè, yo te lapriyè, men pa gen anyen ki te rive. Se paske lè nou priye nou pa libere otorite ak pouvwa Bondye a. Men nou priye pou nou chèche direksyon. Se egzakteman sa yo te bezwen nan moman an. Wap remake aprè sa nan istwa a Courtney te di fòk nou pwononse lavi sou li. Lè yo te fè sa, Joel te leve byen dyanm, jiskaprèzan li anfòm. Yon lòt fwa ankò nou remake malgrè kè a te gen konviksyon nan sa syèl la di a, potko gen anyen ki te mache jiskaske yon nonm oubyen yon fanm ki gen lafwa te libere pouvwa sa sou latè.

Kite mwen ban nou yon lòt istwa ankò, youn ki te ki gen rapò ak fanmi mwen. Frè Drenda a te mennen madanm li, Candy lopital pou li te akouche senkyèm pitit yo a. Mwen ak Drenda te pase nan lopital la nan maten pandan Candy te nan sal akouchman an pou nou te ka wè novo manm nan fanmi an. Nou te panse ti bebe a te gentan fèt depi byen avan nou te rive a, men jan nou te vin wè sa a, li te fenk akouche paske te gen yon ti reta. Pandan nou tap antre nan sal akouchman an, se pote yo tap pote bebe Holland ale nan kouvez la. Sa te ka rive ou wè sa déjà, yon kouvez ki nan yon sal akouchman fèt avèk vit sa ki pèmèt ou wè timoun ki fenk fèt yo padan yap mennen yo ladan li.

Pandan yo tap mennen bebe Holland nan kouvez la, mwen te imedyatman remake li te prèske blanch. Tout pitit Johnny yo prèske genyen cheve blan epi blon; lèm fenk wè sa, mwen te panse jan li tou blanch lan se konsa tout pitit Johnny yo konn ye lè yo fenk fèt. Men malgre sa a li pat sanble anfòm. Menm kote a tout doktè yo te kòmanse ap depeche yo. Enfimyè yo te prese fèmen rido yo pou mwen pat wè sa ki tap pase nan kouvez la, mwen te konnen te gen yon pwoblèm. Malgré yo te rale rido yo, te gen yon ti espas ki te pèmèt mwen gade tout sa ki tap pase anndan kouvez la. Enfimyè yo te kòmanse rale ekipman, epi yon doktè te kòmanse fè masaj kadyak sou Holland. Mwen mache ale lòtbò pòt kouvez la kote mwen tap tandé klèman sa doktè yo tap diskite a. Pandan mwen tap tandé, mwen te choke lèm te tandé yo di kè bebe a pa bat epi yo pat ka fè kè a bat. Mwen te kontinye tandé sa kit ap pase a, epi

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

mwen te tande chak fwa aparèy la sone. Aprè chak bip, 15 oubyen 20 segonn ka pase anvan pou mwen te tande yon lòt. Kè Holland pat bat!

Doktè a te sòti nan chanm lan e li te mache al jwenn Johnny, “Sa pa sanble ale byen non, Johnny; mwen dezole men nou toujou ap eseye. ”Nou pat gen dwa pou nou antre nan kouvez la, kidonk Drenda ak Johnny te kole men yo nan vit kouvez la nan yon bò, epi mwen te depoze men mwen sou vit kouvez la nan lòt bò a. Nou te kòmanse priye epi nou tap deklare Holland tap viv, li patap mouri epi li tap an bòn sante. Nou te kòmande kè a pou li te bat, nan non Jezi.

Toudenkou, doktè ki tap pale ak Johnny an te kouri sòti nan kouvez la. Li pase kote nou an byen rapid san li pa di yon mo. Nan kèk minit, li te tounen rapidman avèk yon enfimyè ki tap swiv li, ki tap pale fò, “Doktè, nou pap ka fè sa. Nou pa gen otorizasyon pou nou fè operasyon sa nan lopital. Mwen paka kite ou pran san sa. ” Li pat okipe enfimyè a pandan li tap tounen nan kouvez la, li te pran yon manyèl, e mwen te kapab di li tap etidye avèk atansyon kòman pou li te fè yon operasyon. Mwen te wè atravè yon ti fant ki nan rido yo, li te kanpe epi li te kòmanse fouye yon tib long anndan ti bebe a. Lè sa mwen te vin reyalize se san li tap bay ti bebe a.

Toudenkou, mwen te tande kè a kòmanse bat. Li te kòmanse bat vit pou li vini nan nivo batman kè yon timoun ki fenk fêt. Doktè a te sòti aprè yon minit epi li te di, “Te genyen zanj anndan an; Se Bondye ki te ede mwen ak bebe sa! ” Nou te wè jan li te sezi. Se lè sa nou te aprann se pa nan moman travay li li te ye epi li pat fè gen rapò ak akouchman Candy an. Se yon lòt pasyan li te senpleman vin gade nan lopital la nan moman sa te rive a. Lè doktè a te di nou kè Holland bat padan 36 minit mwen te wè sa ki te pase a te vrèman etonel.

Jodia, Holland se yon bèl timoun 4 an byen nòmal. Mwen rete kwè se konpreyansyon nou sou prensip Wayòm yo ki te pote solisyon nan sitiyasyon sa. Jiskaprèzan mwen sonje pandan mwen te depoze men mwen sou pòt kouvez la, mwen tap reflechi, “Nou pa gen okenn antèman nou pral fè pou ti nyès Drenda a! Sa pap pase anba zye nou an!

Pandan nou sot gade kòman Wayòm nan te fè enpak nan chak istwa mwen fenk pataje avèkk nou yo, mwen ta renmen nou sonje prensip Wayòm nan toujou fonksyone, pou nenpòt moun! Jan mwen te di nan kòmansman liv sa, se toujou menm jan an tou pou prensip ki sou latè yo. Yo san fòs kote, yo fonksyone pou nenpòt moun ki pran tan pou aprann yo epi mete yon an aplikasyon. Elektrisite

fonksyone ozetazini menm jan li fonksyone an Afrik; Se menm bagay la.

Lè mwen te kòmanse reyalize Wayòm Bondye a se te yon Wayòm kote, malgre yo te kache, prensip yo te byen klè, mwen te konnen mwen jwenn solisyon pou pwoblèm mwen yo. Mwen te reyalize Bondye pat janm blyem vre, lè li pa chwazi beni mwen oswa ede mwen lèm nan bezwen. Okontré, mwen te vin reyalize Bondye te ban mwen tout sa mwen tap gen bezwen nan vi sa atravè Jezi Kris, ki te ban mwen aksè ak tout sa syèl la genyen atravè sakrifis li a. Depi lè sa mwen konnen mwen te kapab aprann epi aplike prensip ki te deja fonksyone nan Wayòm yo nan lavi mwen.

Mwen te kòmanse li chak istwa nan Bib la avèk yon lòt mantalite, mwen vin ap chèche endis ki ta revele yon lòt prensip ki sòti nan Wayòm nan. Mwen te pran angajman pou mwen vin yon syantifik espirityèl pou mwen te kapab aprann poukisa bagay yo te pase nan istwa mwen te abitye li nan Bib la. Gen anpil moun ki twouve pasaj sa ki nan liv 1 Jan an amizan epi etranj. Mwen konnen nou te li li avan sa, men an nou li li ankò paske li ba nou verite nou bezwen an

*Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen lap koute nou si nou mande li kichòy ki dakò ak volonte li. Konsa, non sèlman nou konnen lap koute (rezoud pwoblèm yo) lè nou fèl yon demann, men nou tou lap ban nou sa nou mandel la.*

—1 Jan 5:14-15

Mwen renmen pasaj sa paske li pale sou prensip, se prensip yo ki ban nou garanti nap jwenn jistis. Men kisa ki ban nou garanti an-Nenpòt sa nou ta mande ki nan volonte Bondye (Prensip la, sa Bondye di ki jis), Li tande nou. Yon lòt fwa ankò, pawòl sa " Tande nou " pa vle di se pawòl nou di yo Bondye tande, menm lè Li tande yo. Men, sa vle di Bondye pran dosye a. Imagine yon jij ki ta pran yon dosye epi ki ap jije selon sa lalwa mande, san se pa selon pwòp santiman pa li (Omwen se konsa sa dwe fèt), se lè sa wap konprann pasaj sa. Li tande nou – Li pran dosye a oubyen li tande dosye a, e nou kapab gen asirans nap jwenn jistis, sa ki legalman pou nou.

Zanmi mwen, mwen vrèman panse ou dwe fè yon kanpe epi pran sanw pou li sa ankò. Si sa ou fenk sot li a se verite, epi se vre, kidonk lavi ou sou wout pou li eksplode ak lajwa! Moun ki priye san yo pa konnen sa a pa gen okenn asirans. Se babye yo ap babye lè yo ap priye. Jezi te pale sou sa nan matye 6:7-13.

*“Lè wap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tandé yo si yo pale anpil.”*

—Matye 6:7

Mo “Babye ”a vle di lè wap pwononse anpil mo oubyen pawòl ki pa gen okenn sans. Se konsa majorite moun lapriyè. Yo pa konnen si yo gen dwa pou yo jwenn jistis osinon kisa Bondye gentan ba yo nan Wayòm nan legalman. Ou pa oblige sipliye oswa kriye pou yon bagay ou genyen déjà!

Ann imajine se yon ajan polis ki kanpe nan lari a epi li bezwen kanpe yon kamyon, epi li kòmanse kriye ak sipliye kamyon an pou li kanpe. “Tanpri, kamyon, kanpe. Gen pitye pou mwen, kanpe. Tanpri, tanpri kanpe.” Sa se tap yon derespektan ki deplorab epi se tap pi gwo wont pou nasyon etazini an, ak sistèm jistis li a. Se pa konsa sa tap pase, polis sa ap kanpe fèm epi di kamyon an kareman pou li kanpe, epi, akoz prensip peyi a epi pozisyon polisyè a antanke yon ofisyè ki reprezante gouvènman an kamyon an ap kanpe.

Moun ki sipliye Bondye pa okouran prensip tè a oswa ki pozisyon yo. Se sa ki fè si polis la sipliye yon kamyon pou li kanpe se yon derespektan pou nasyon an, se paske li bay imaj yon nasyon ki pa gen lwa ak otorite. Nan modèl nasyon sa a se anachi ki genyen. Lè kretyen yo ap plede sipliye, li fè Wayòm Bondye a parèt tankou yon Wayòm ki fèb, ki pa bay okenn solisyon. Li fè moun yo doute sou volonte oubyen kapasite Bondye genyen pou li ede yo. Pandan, yo te déjà gen dwa pou yo jwenn sa yo ap mande a, depi byen lontan. Jezi ban nou yon repons klè sou modèl priyè mandyan sa yo- “SISPANN FÈ SA! ”

*Lè wap lapriye, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tandé yo si yo pale anpil. Piga nou fè tankou moun sa yo. Paske, papa nou tou konnen sa nou bezwen anvan menm nou mande li. Men kijan pou nou lapriyè :*

*Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fèl nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou li jodia. Padonnen tou sa*

*nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon poun tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba satan. ''*

—Matye 6 :7-13

Sonje byen, Jezi ap montre nou kòman pou nou priye nan vèsè sa. Malerezman, gen anpil moun ki mete vèsè sa yo nan bèle tablo anndan lakay yo epoutan yo pa konprann siyifikasyon vèsè sa yo. Pasaj la pote non Lapriyè Senyè a, men se montre li tap montre disip li yo kòman pou yo lapriyè avèk mo sa yo. Se pa menm jan nou konn lapriyè nan sèvis legliz nou yo li tap priye. Pawòl sa yo, se tankou yon manyèl enstriksyon sou kijan pou nou priye epi pou nou jwenn solisyon, se pa sèlman yon pasaj pou nou memorize epi ekri nan sitasyon.

“*Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fèl nan syèl la,*” Se yon enstriksyon sou kijan pou nou priye. Nou dwe priye, pou nou rale volonte Bondye ki nan syèl la mete sou latè ak nan sitiayson nou yo. Alòs kisaw dwe fè ? Kwè sa Bondye di yo se paw, epi itilize otorite ou genyen nan Wayòm syèl la pouw rale syèl la sou met sou latè epi reponn ak bezwen paw epi bezwen moun ki nan antouraj ou yo.

Alòs pran yon ti tan epi fè yon ti reflechi sou sa. Si ou te konnen san okenn dout priyèw yo te efikas, epi syèl la te sipòte yo, èske sa tap fèw vin konfyan lè wap priye ? Wi!!! Lè ou konnen egzakteman kisa dwa legal ou ye antanke sitwayen syèl la, lè ou konnen kisa ou te déjà resevwa gratis ak lè ou konprann pwosesis pouw resevwa a, epi lè ou jwi avantaj prensip sa yo, lavi ou ap vin yon lòt fason—fason Wayòm nan vle a. Kisa ki tap rive ak laperèz? Kisa ki tap rive ak ensètitid? Kijan konesans sa ap pousew pou gen aspirans sou fitiw epi fèw konfyan nan mitan yon eprèv? Se enpak sa Wayòm nan te genyen sou Drenda ak mwen lè nou te kòmanse dekouvr li. Sa nou te konn wè yo te souvan etone nou. Non, kitem refòmile sa. Yo te toujou fè nou sezi epi etone nou! Mete sou sa, nou te sezi wè otorite Bondye te bay legliz la pou li travay nan non epi atravè gouvènman sa a isit la sou latè.

*LALWA sentespri a ap fè nou viv ansanm ak Jezikri. Li delivre nou anba LALWA peche ak anba lanmò.*

—Women 8 :2

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

Lè nou te dekouvri nou pat anba “lalwa peche ak lanmò. ” Epi se Wayòm nan ak “lalwa lespri ki bay lavi a ” nou te jwenn, sa te fè nou byen anpil. Yon lòt fwa ankò, sa ki te fè nou plis byen se lè nou tap gade lalwa sa ki ap pwodwi jistis ki sòti nan Wayòm nan nan lavi pa nou.

Wayòm nan te pèmèt mwen geri fizikman, li banm yon nouvo esperans emosyonèlman epi mwen te sispann pran medikaman pou depresyon. Sa te pèmèt mwen sòti nan povrete, mwen te konn ap pase mizè poum rive peye yon lwave ki te koute 300 dola pa mwa ki pat menm anfòm menm, yon ti kay peyizan 1800 epi mwen te vin gen mwayen pou mwen te bati yon kay ki mezire 7700 pye kare sou yon bèl teren 24 ekta tè. Madanm mwen vin te vin aprèsyem plis tou! Mwen te vin gen posibilité poum te kondwi bon machin ki pa tap bay pwoblèm chak jou. Se te yon bagay ki pat gen pri. Plizyè ane avan sa mwen pat janm panse mwen tap gen mwayen poum bay anpil lajan pou levanjil la. Limyè Wayòm lan, Lavi, tap detwi tenèb la, epi menm jan Bondye te dil nan liv Jenèz la, jan li tap kontanple sa li te fin kreye a, “Sa a bon! ” mwen menm tou, mwen te fon kanpe byen etone epi mwen te di, “Sa a bon, sa tèlman bon. ”

Drenda ak mwen te konn rakonte nenp`òt moun ki te vle tandé pale de Wayòm nan epi rakonte yo istwa nou tèlman nou te kontan. Moun ki nan legliz nou yo te gen menm kopreyansyon an epi yo te konn jwenn menm rezulta nou tap jwenn yo, youn nan moun sa yo se pitit fi nou an ki genyen 12 lane. Li te konn wè anpil nan travay Bondye ap fè epi pandan plizyè fwa li te konn temwen jan prensip Wayòm yo pa janm fayi nan lavi nou. Mwen te konnen li tap swiv epi li tap aprann prensip sa yo, men gen yon istwa ki te montre mwen nan ki nivo li te aprann.

Yon jou mwen te monte nan chanm li an pou mwen te di li bòn nwi, epi nan chanm li an te genyen yon bagay ki te diferan. Te gen foto yon chyen pomeranyen. Kounyea, nenpòt paran ki genyen yon bon kou tan depi yo gen timoun, ap konnen foto chyen an ki sou mi an se yon siy yo pral mande ou yon chyen. Ebyen, mwen te deside fè kòmsi mwen pa wè anyen, paske mwen pat vle ankenn lòt chyen anndan lakay la. Sè Kirsten lan ki rele Polly te déjà gen yon chyen nan kay la, epi yo te nan menm chanm, kidonk chyen Polly an te toujou avèk Polly ansanm ak Kirsten.

Avèk jantiyès, mwen te di Kirsten kijan mwen admire foto li an men mwen pat vle pou gen lòt chyen anndan kay lan. Mwen te dil si li bezwen yon chyen pou li pran swen, li te ka pase plis tan ap pran swen chyen sè li genyen an. Kirsten pat di anyen jou swa sa, li te sèlman aksepte ak sa mwen te di a. Mwen te panse sa te fini, men

aprè sa mwen te toujou tandé Kirsten ap pale sou chyen pomeranyan an kèk fwa, tankou “Li patap bon pou nou gen yon chyen pomeranyen? ” oubyen ” Yo tèlman gen anpil pwal. ” Aprè sa, nòmalman Kirsten te konn montre mwen yon foto chyen pomeranyen an li te jwenn sou entènèt la. Lè konsa, mwen te toujou konn di, “Non ”. Se mwen te ki chèf kay lan, epi nou patap gen ankenn lòt chyen nan kay la.

Yon lòt fwa ankò mwen te panse sa te fini jiskaske yon jou, sa te ka gen yon mwa aprè nou te sòti legliz, Kirsten te mache byen konfyan vin sou mwen epi pandan li ap souri li te di, “Papa, Jodia mwen te resevwa yon ti chyen pomeranyen pa lafwa, jan ou ansenye li a. ” Mwen te raplel yon lòt fwa ankò sa mwen te di avan sa konsènan nouvo chyen sa. Li te kenbe souri a sou vizaj li epi li te di, “Men, papa, manmanm di ke Bondye ka chanje kè yon wa. ” Se pat yon move repons. Li te sèlman kwè nan sa manman li te di a epi li te priye pou Bondye chanje kè mwen. Li te pranm la. Se lè sa mwen vin konnen li menm ak manman li te gen yon chita pale, e manman li te ankouraje li kwè Bondye te ka chanje lespri mwen.

Li te sèvi avèk ankourajman sa pou li aji lafwa li jou maten sa nan legliz la, li te simen epi deklare li te gentan resevwa chyen sa pa lafwa. Mwen te peze talon pye mwen, mwen te di li yon lòt fwa ankò kijan mwen renmenl epi mwen te kanpe sou desizyon mwen epi di li, ” Nou pap resevwa okenn lòt chyen nan kay la. ” Mwen te dil mwen dezole men sa pap kapab fêt. Li pa sanble te bay sa mwen te di a regle anyen pou li; li tap souri pandan li tap deplase a. Yon lòt fwa ankò mwen te panse sa te resi fini.

Men yon mwa aprè sa, yo te envite mwen nan yon ti legliz nan vil mississipi pou mwen te fè yon ansèyman. Se te yon legliz ki te piti anpil ki te nan mitan yon pil teren. Nan fen premye sware a, pastè a te vini kote mwen epi li te di mwen Senyè a te pale avèk li pandan sèvis la. Li te di, “Mwen pa konnen si ou konnen sa, men mwen pran swen chyen pomerayen lakay la, e Senyè a te di mwen pou mwen ba ou youn nan ti chyen yo ki genyen 6 mwa epi ki pare pou yo ale nan yon fanmi. ” Mwen te rete san mwen pat ka di anyen. Mwen te toujou kanpe sou desizyon poum pa pran chyen an, kidonk mwen te di “Mwen ap fèw konnen, sa mwen ap fè. ” Mwen pat konnen si li te konn okipe chyen, epi mwen pat janm pale sou ti chyen Kirsten te bezwen yon an.

Nòmalman, sa te etonem epi mwen te di Drenda sa ki te pase a epi mwen pa tap vin ak chyen an lakay la. Li te gade mwen epi li te di mwen; “Wap rejte lafwa pitit fi nou an vre? ” Drenda pat vle pou nou mennen yon lòt chyen nan kay la

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

noplis. Men li te renmen Kirsten plis pase nenpòt ki dega yon lòt chyen te ka fè. Epi si se Bondye ki mennen chyen an akoz lafwa Kirsten, kòman pou nou ta refize kite li gen chyen an? Kidonk mwen te di paste a mwen tap aksepte chyen an.

Nou pat di Kirsten sa men nou te di gransè a pou li te vini avèk Kirsten lè li tap vin chèche nou nan ayopò a. Kirsten te vini nan ayopò a, nou te mache rankontre li epi nou te remèt li bwat nou te achte pou nou mennen ti chyen an lakay. Lè Kirsten te wè ti chyen an, li te pete kriye. Tout bagay te sispann. Tout moun alantou yo te kanpe epi ap gade sèn nan. Avan lontan yon foul moun te gentan rasanble kote nou an, pandan Kirsten tap kriye epi kenbe ti chyen an. Drenda te rakonte moun yo kòman nou te rive genyen ti chyen an epi kòman Kirsten te kwè Bondye tap ba li chyen sa.

Se lè sa mwen te vin reyalize mwen panse ou kapab òganize yon revèy nan yon ayopò sèlman pandan ou kenbe yon ti chyen nan menw. Tout moun te vle wè ti chyen an, epi tout moun ki te nan ayopò a tap kriye ansanm ak Kirsten. Lè sa mwen te santim tankou yon move papa. Lèm te wè jan pitit fi mwen an te kontan akoz ti chyen sa epi kòman Bondye te mennen chyen an akoz lafwa pitit fi mwen an, mwen tap mande tèt mwen kijan mwen te fè kont yon bagay ki te vrèman presye pou li. Shakespeare, se konsa li te rele chyen an, te tèlman adorab. Shakespeare te tounen yon vrè manm nan fanmi an. Malgre li te endepandan, li te toujou swiv Kirsten tout kote Kirsten ale, lannwit kou lajounen.

Malgre sa se yon istwa ki touchan, mwen vle poze yon kesyon, ki merite repons epi ki se reyèlman objektif liv sa. **Kòman chyen sa te fè parèt ?** Yo pat janm ofri mwen okenn chyen avan sa. Epi kòman fè se te egzakteman chyen pitit fi mwen an te aji lafwa li pou li a ? Eske sa te fèt pou chans? Non, mwen pa panse sa. Se te yon rezulta ki sòti nan Wayòm nan epi prensip ki gouvène li yo ki tap travay nan lavi fanmi mwen. Sa te fèt menm jan lap kontinye fèt pou nenpòt moun ki gen lafwa epi ki libere otorite Wayòm nan sou latè. Nou kapab konfime se Wayòm Bondye a ki te bay chyen sa. Men kòman li te fè sa ? Ki prensip ki te opere, epi ki te fè sa rive ? Pandan nap li liv sa, mwen espere nap jwenn bonjan repons ki pral ede nou konnen kòman pou nou jwi Wayòm Bondye a. Dayè, se yon sitwayen ki gen dwa legal ansanm avèk avantaj nan Wayòm nan ou ye! Men avan sa kite mwen ban nou yon lòt egzanp ki gen rapò ak fanmi nou sou Wayòm nan.

## CHAPIT 4

# GWO PWASON AN

Lè Drenda ak mwen te aprann de wayòm Bondye a ak otorite nou te genyen sou latè, nou te vin plis pran konsyans de reyalite ke se te nou menm ki tap vrèman detèmine fason lavi nou te ye. Wayòm Bondye a te afekte tout pati nan lavi nou, men se te nou menm ki te dwe lage pwovizyon nou te bezwen oubyen dezire nan lavi nou yo. Sa pat rive poukонт li. Menm jan avèk ti chyen pitit fi nou an, pa gen anyen ki te twò piti oubyen ensiyifyan pou nou te mete anba dominasyon Wayòm nan. Lè nou te reyalize sa pat vrèman gen anyen ki te enposib oubyen ki pat posib pou nou. Pandan majorite tan nan lavi mwen, mwen pat janm reyèlman konprann Bondye te ba nou Wayòm nan, Wayòm nan AN ANTYE pou nou jwi. Alòs li te anmizan pou mwen te wè Wayòm nan kap fè enpak nan tout nivo nan lavi nou, menm nan ti pati ki pa esansyèl yo. Mwen eksplike sa nan istwa ou pral li a. Mwen rele li istwa gwo pwason an.

Sa te rive pandan fanmi nou te an vakans nan vil Alaska. lè fè ke nou te menm ale lòtbò a se te yon rèv pou mwen. Nou te vwayaje ale nan vil Anchorage epi nou te lwe yon RV (Yon ti bis pou vakans) pou 3 semeèn epi nou te kondwi nan anviwon pi fò kot lwès la. Sa te jis bél! Yon jou pandan nou tap siyonnen nan penisil Kenai. Nou te rekmoke yon gwo pwason ki te pandye deyò yon ti bato sou yon griy. Pifò ti bato yo te fenk rive; epi yo tap monte desann sou pò a, menm gwo pwason sa yo tap pase. Mwen te wè yo yon jan sanble ak yon gwo pwason flon. Mwen potko janm wè yon pwason fletan avan sa, e mwen pat konnen kisa yo te ye, men yo te gwo anpil. Nou te sezi tout pandan nou tap pase devan chak grenn ti bato lapèch yo, tout nèt tap fè piblisite pou yon konkou pou moun ki peche pi gwo pwason an. Toudenkou, madanm mwen te gade mwen epil te di, “Mwen ta renmen peche yon gwo pwason. E mwen ta renmen peche youn avèk kapitèn sa ki lòtbò a.” Li te lonje dwèt li sou yon pankat ki tap fè piblisite pou ti bato kap peche gwo pwason, epi siy kretyen pwason an te sou pankat la.

Avan tou, mwen te etone! '' Ou ta renmen peche yon gwo pwason? '' Li pat janm vle peche avan sa. Men li te ensiste fwa sa, alòs nou te pake machin nan epi nou te mache antre nan biwo a. Anplwaye a nan biwo a te gentan ap sèvi yon lòt kliyan, alòs nou te sèlman gade anndan an pandan yon ti moman, nou tap li sa moun yo mete sou table dafichaj la. Nou te wè yon pankat ki tap pale de yon tounwa lapèch gwo pwason ki te gentan kòanse, men ki tapral fini nan yon ti tan. Puiske menm nou menm nou pat konnen kisa li te ye, alòs gen anpil chans pou ou pa konnen li nonplis, kidonk kite mwen eksplike kisa li ye. Tounwa lapèch gwo pwason an se te epi se yon konkou pou nenpòt moun ki peche pi gwo pwason an pou mwa a, avèk tout kapitèn ti bato yo. Yo tap mete foto moun ki genyen an nan jounal epi li tap resevwa yon chèk. Dayè, Drenda ak mwen te pale de patisipe nan tounwa a depi lè nou tap deplase a. Li tap koute sèlman kèk dola pou nou te patisipe; e se lè sa, sa te fèt.

Bon ti madanm dou mwen an, te vire gadem epil te dim li te deside pou li genyen tounwa a yon fason pou biznis kapitèn bato sa jwenn rekonesans pam i tout kapitèn ti bato yo paske li se yon kretyen epi Bondye ap jwenn glwa a. Alòs lè moman pa nou an te rive pou nou te enskri sou kontwa a. Avèk kouraj Drenda te deklare li ta pral genyen tounwa a pou Bondye te ka jwenn glwa a. Epi pou biznis yo a te ka jwenn rekonesans lan paske yo se yon biznis kretyèn. Se kapitèn lan menm li te di sa, nou kapab imajine kisa kapitèn bato a te panse. Se vre, tout moun ta renmen genyen tounwa a; e mwen sèten li te tandem plizyè, oubyen menm pi fò nan touris ki abitye vini sou bato li a pale de sa. Epoutan, mwen pa sèten te gen anpil nan moun sa yo ki te deklare yo ta pral genyen tounwa a pou laglwa Bondye.

Li pat di anyen sou deklarasyon Drenda konsènan tounwa a. Pandan nou te kòmanse peche, nou te kòmanse peche pwason epi Drenda tap poze kapitèn lan kesyon san rete, se li menm ki te mèt bat a tou, li tap mande li ki gwosè pou pwason an ta ye pou li ta genyen tounwa a. Li te sèlman dil pwason an dwe pi gwo pase sa madanm mwen fenk sot peche a, sa te fèl kontinye poze kesyon chak lè li te pran youn. Alòs lè li te pran youn 40 liv, kapitèn nan te di li pat gwo ase. Lè li te pran youn 70 liv, kapitèn nan te di madanm mwen li pat gwo ase. Se vre, tout moun konnen pwason flon yo bon nan bouch, alòs nou tap planifye pou nou te voye sa nou te peche a lakay nou. Limit pou chak moun te peche a se te 2 pwason, alòs nou te kenbe pwason 70 liv la.

Jounen an tap mache pou rive lannwit, epi li te kòmanse fè nwa. Ptit gason mwen Tom, pitit fi mwen Polly plis mwen menm te gentan rive nan limit sa nou te

dwe peche a. 2 lòt ptit mwen yo Ami ak Tim, te oblige retounen lakay bonè pou yo te ka patisipe nan yon konferans kidonk yo pat avèk nou. Drenda li menm, te gen pwason 70 liv li a, men pa gen youn nan pwason nou te pran yo ki tap ka genyen tounwa a. Men Drenda te toujou konfyan li tap peche pi gwo pwason an kanmenm. Lè solèy te prèske kouche, kapitèn nan te di nou tout pou nou te rale zen yo paske li te fè lè pou nou ale sou waf la. Drenda te inyore lòd kapitèn nan pandan kapitèn nan tap ede nou tout pou nou rale zen nou yo epi pou nou ranje yo. Drenda te mande pou kèk minit anplis pandan li te deklare yon lòt fwa ankò li tap peche pwason flon ki tap genyen tounwa a. Kapitèn nan te tann pandan kèk minit lan epi li te finalman kòmanse mache nan direksyon Drenda pandan li tap di, “Mwen dezole, men nou vrèman oblige ale.”

Avan menm kapitèn lan te pran zen an nan men Drenda, toudenkou gen yon bagay ki te rale zen an desann. San dout se te yon gwo pwason paske baton an te kwochi epi fil pou ralel la te kòmanse rele. Kapitèn lan te fè yon ti leve zen an pou li te ka imajine gwosè pwason an epi li te admèt se te yon gwo pwason men se te yon reken. Li te di se fason gwo pwason an te rale zen an desann lan ki te fèl di sa. Ebyen, sa te pran yon ti tan avan Drenda te rive rale pwason an monte. Li te mete tout fòs li pou li te rale pwason sa monte, pwason an te mezire 300 pye. Lè pwason an parèt, tout moun te ka wè se te vrèman yon gwo pwason flon, li te menm pi gwo pase Drenda.

Pandan Drenda tap rale pwason an mete sou bato a, kapitèn lan te di pwason an twò gwo pou nou senpleman kitel nan zen an epi metel nan bato a tou vivan paske li ta pral bat kòl; epi pou jan li te gwo a, li te ka blese yon moun oubyen deranje bato a. Kapitèn lan te gen yon ti materyèl spesyal ki te fèt pou jan de gwo pwason sa yo. Materyèl la te gen yon ti pwen ki te ka eksplode epi touye pwason lè yo pezel sou tèt pwason an. Kapitèn lan te pouse materyèl la sou tèt gwo pwason an, ti pwen an te eksplode, pwason an te sekwe kòl, sa ki te lakoz kou a te rate.

Lè bri a fèt la, pwason an te plonje desann avèk tout fòs li. Pandan li tap desann lan, kòd nou tap rale li a tap rele. Nou te pè pou kòd la pat ka kenbe pwason an oubyen pou kwòk la ta sòti nan tèt pwason an pandan li tap prese retounen nan fon lanmè a. Alò, yon lòt fwa ankò Drenda te oblige rale pwason an monte. Li tap lite pou li ralel paske li te ralel monte dejà; Alòs mwen te antoure li ak ponyèt mwen yo, mwen te mete menm sou zen an ansanm ak men li yo, epi nou toulède a tap rale

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

pwason an ak dousè pou li monte ankò. Fwa sa kapitèn nan te rive mete li sou bato a nou tout te sezi wè gwosè li.

Nou te mennen pwason an sou plas vil la kote ki te gen yon balans ki te gwo ase pou te pran pwa pwason an. Pwason an te peze 123 liv epi li te pi long pase Drenda. Mesye ki te peze pwason an te di se te pi gwo pwason ki te antre nan tounwa lè sa a; men te rete 2 semèn pou tounwa a te fini, kidonk nou pa tap konnen si pwason an te genyen tounwa a. Men, yon jou gen yon chèk ki te gen non Drenda sou li rive lakay la epi yon kopi atik jounal avèk foto li yo te mete ladanl. Nou te kontan anpil.

Wayòm nan te fonksyone yon lòt fwa ankò! Epi, fòk mwen poze kesyon sa ankò, “Kòman li te fè peche pwason sa?” Mwen konnen li te peche de lòt fwa avan sa depi lè nou marye a, epi peche pwason pat yon bagay kel te renmen fè. Mwen potko fin sezi paske li te vle peche pwason flon an avan sa. Men li te gen rezon pal; li ta pral peche pwason ki tap genyen tounwa a! E li te fè sa. Lè nou te verifye pwason an avèk kapitèn lan nan Alaska, nou te gen chans pataje konsènan Wayòm Bondye a epi sou fason nou te rive pran pwason sa avèk li. Malgre se pat li ki te genyen ofisyèlman nan moman nou te kite kapitèn lan jou sa a, pwason an te gwo ase pou li te atire atansyonl. Epi an reyalite, se li menm ki te genyen alafen.

Ou petèt ka panse istwa gwo pwason nou an, osinon preferem di istwa gwo pwason Drenda a te rete la. Mwen konnen gen moun ki pral panse se te pou chans, men e si sa te fèt 2 fwa? Ebyen, 5 lane aprè sa, Drenda ak mwen te envite yon pastè ki zanmi nou pou ale peche somon nan Alaska. Nou pat janm tounen lòtbò a depi lè nou te vwayaje nan RV a avèk fanmi an epi depi lè sa nou tap chèche yon okazyon pou nou tounen lòtbò a. Nou te lwe yon RV ankò epi nou te planifye pou nou tal peche somon paske nan epòk sa te gen anpil somon wouj ki te an migrasyon. Alòs pandan nou tap peche somon, konvèsasyon an te vin vire sou pwason flon ak gwo pwason Drenda te peche a. Zanmi nou an potko janm peche pwason flon, alòs nou te dil “Ebyen ann al peche pwason flon ” Nou te deside tounen menm kote a bò kote menm kapitèn bato a si tout fwa li te toujou nan menm biznis la.

Pandan nou tap rive kote li te pozisyone a, nou te remake li pat nan espas la ankò epi nou te panse nou tap oblige pran yon lòt kapitèn. Avan nou te fè sa, nou te panse verifye sou entènèt la pou nou te gade si nou te ka jwenn non li, paske nou pat sonje non bato li a oubyen non biznis la. Aprè kèk rechèch, nou te vin jwenn yon kopi sou atik nan jounal ki te rakonte istwa pwason Drenda a, avèk foto li te fè 5 lane

avan sa a. Li te mansyone non bato a ak biznis lan, kidonk nou te kori rele epinou te aranje tout bagay. Konpayi li an te toujou nan biznis lan an reyalite men yo te deplase biznis yo a mete li yon ti kras pi ba.

Pandan nou tap antre nan biznis lan, dam ki te sou kontwa a, madanm kapitèn ki te pwopriyetè bato a te gade nou epil te di, “Men moun ki te genyen tounwa pwason flon an! ” Nou te kontan fè ti pale pandan kèk minit sou gwo pwason flon Drenda a, epi sou sa ki te pase padan 5dènye ane yo. Lè sa se te pandan resesyon ekonomik lan kidonk bagay yo pat telman bon pa rapò ak avan sa. Dam nan te di moun pat telman vwayaje epi depanse lajan yo nan peche pwason jan yo te konn fè avan sa epi maril la te vin dekouraje. Nou te raplel de Wayòm nan, e li te di maril la pat entèrese nan sèvi Bondye. Lè nou tap monte sou bato a, mari a tou te sonje Drenda ak gwo pwason an. Drenda te mache rive kotel la e te mandel kòman lapèch pwason an tap mache, e li te di se ti pwason yo souvan konn peche parapò ak gwo pwason Drenda te kenbe nan tounwa a. Men li te di gwo pwason yo pat rete nan zòn sa paske li te twò fon, li te kontinye eksplike rezon ki fè li te deplase biznis li an se paske kote li te konn peche a, kote Drenda te genyen tounwa a, te pi fon men li te plen reken. Reken yo te konn volè pyèj yo avan menm pyèj yo rive anba lanmè a e sa te konn koute li twòp kòb nan achte pyèj epi sa te konn pran twòp tan tou.

Alòs nou te mande ki gwosè pwason yo te konn pran nan nouvo zòn sa konn ye, epi li te di sa gen mwa depi li pa wè sa ki te pi gwo pase 20 ak 30 liv. Alòs Drenda te gade li epi di “Ebyen, mwen pral peche yon gwo jodia, youn ki pi gwo pase saw gen lontan depi ou pa wè, lè sa wap konnen ke Bondye fidèl. ” Men li te senpleman ri Drenda. Tout pandan jounen an se pwason 20 liv sèlman nou tap kenbe jan kapitèn nan te di a, e pandan tout jounen an kapitèn nan tap fawouche Drenda sou “Gwo pwason sa ” li ta pral kenbe a. Se te yon repetisyon de vwayaj avan nou an.

Nan fen jounen an, kapitèn nan te di nou pou nou te rale ekipman yo epi Drenda pat bay sa enpòtans, li tap di ke li te sèlman bezwen youn oswa de minit pou li te kenbe gwo pwason an. Yon lòt fwa ankò, kapitèn nan te tann pandan yon minit men aprè sa li te di Drenda fòk li ale. E se lè sa ke zen an li te plonje desann, e pou mwen fè yon rezime, Drenda te kenbe yon pwason 70 liv. Kapitèn nan te sezi yon lòt fwa ankò.

Lè nou te fin peche a nou tale nan yon restoran, Nou te pale avèk kapitèn yon lòt ti bato lapèch ki tap dine nan restoran an tou. Lè li te tandé ke Drenda te peche yon gwo pwason 70 liv, li pat ka kwè sa. Kibò nou tap peche a? Eske li lwen? Li te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Fidelite a**

vle konnen kibò nou te kenbe gwo pwason sa. Aprè nou te sòti nan restoraan an, nou tale nan ti bato nou te tap peche a ankò epi nou te siyen pou yo te voye pwason an lakay nou.

Avan ke nou te kite kapitèn tibato a, nou te gen chans pataje wayòm Bondye a ak li yon lòt fwa ankò. Mwen te gade kapitèn nan epi epim te dil “Ou dwe dekouvrir kijan Drenda fè kenbe 2 pwason sa yo. Prensip Wayòm nan pote rezilta pou lajan tou menm jan.” Fwa sa li te tandé nou e li te omwen entèrese. Nou te ba li liv mwen an, “Fixing the money thing” epi nou tale.

Eske 2 pwason sa yo se te rezilta chans oubyen eske se te rezilta prensip Wayòm nan? Se ou kap deside men sa fè lontaan ke Drenda ak mwen te deside sou sa. Sòti nan lapèch, pase nen peye tout dèt nou yo, oubyen lagerizon, eksperyans nou avèk Wayòm Bondye a te eksitan epi li chanje lavi nou. Gen lòt moun tou ki ap eksperimante Wayòm nan menm jan an tou. Sa a se lèt yon dam ki te tandé istwa Drenda a te ekri.

Bonswa Gary ak Drenda,

Mwen tap reflechi aprè mwen te fin li liv ou a. Kote Drenda te peche pwason flon ki te genyen an, mwen menm tou, ta dwe rakonte nou Istwa Pwason pa mwen an. Sa pa fè lontan nou te ale nan vakans ansanm ak fanmi an, nou te ale nan plaj Cocoa ki nan Cape Canaveral, Florida. Mari mwen Robert, te vle ale fè lapèch nan mitan lanmè sou bato avèk espwa pote yon ti pwason pou lè nou ap tounen lakay nou nan Colorado. Sa fè kèk mwa depi nou tap prepare vwayaj sa, kidonk lè li te dim li te vle ale lapèch la, mwen te kontan anpil epim te di, “Ann fè sa! Epi ann mete lafwa nou nan Bondye pou nou ta pran yon gwo pwason! ” Mwen te mande Bob ki espès pwason nou tap jwenn nan lanmè florida nan epòk nou ta pral peche a. Nan tout pwason li te prese dim yo, mwen te chwazi priye epi kwè nou tap peche yon gwo pwason wouj. Jou pou nou ale a te rive, epi nou tap tann enstriksyon nan men kapitèn bato a ak rès ekipaj la. Sa te fè kèk jou depi mwen tap repeète mwen ta pral peche yon gwo pwason wouj, alòs mwen te vin kontan plis lè kapitèn nan tap pale a. Mwen te desi pou mwen te tandé Kapitèn nan di pwason nou patap ka peche nan peryòd sa yo se te pwason bas, pwason flèt ak pwason wouj! Ah, mwen te vin ap reflechi, ki lòt pwason ki disponib poum ka priye pou yo?

Bon, mwen pa ta pral rate opòtinite poum egzèse lafwam. Mwen te di, “Senyè, sa fè lontan mwen ap priye pou mwen peche yon pwason wouj, se sa ki ap fèt, mwen pral kenbe youn epi se avèk li map retounen lakay!

Alòs pandan nou te sou bato a, mwen te vire gade Rachel, pitit fi 8 lane mwen an, epi mwen te dil, “Sonje byen ou kapab priye epi kwè nan Bondye wap kenbe yon pwason jodia. Ou kwè sa? Li te ri epi li te souke tèt li poul te montre mwen li dakò. Mwen di Jordan, pitit fi ki gen 21 lane mwen an menm mo ankourajman sa yo. Li te gade mwen avèk etonman epi aprè sa li te dakò. Mwen te gade Bob epi mwen te di, “Ann aji lafwa nou pou nou kenbe yon gwo pwason!”

Plizyè èd tan te pase san nou pa jwenn anyenn, epi toudenkou, gen yon pwason ki te pase nan zen Rachel la, li te kontan. Li te rele papal pou vin edel. Kèk minit aprè, yo te rale yon reken atlantik! Waw, Rachel te gen lafwa! Nou te felisite li. Bon Sòlda!

Mwen te kòmanse ap panse si mwen pa jwenn okenn pwason, men mwen te sispann reflechi konsa, epi deklare mwen te déjà kenbe pwason an. Mwen te chita poum repoze epi mwen te tandé Bondye dim “Si ou kalmew epi kite mwen pote pwason an pou ou, wap jwenn li.” Ebyen, mwen te konnen mwen pa twò bon nan peche pwason, kidonk mwen pat menm konte sou kapasite pèsonèl mwen. Mwen te chita epi fè Bondye konfyans pandan map tann. Ant 20 ak 30 minit aprè sa, mwen te santi zen mwen an sekwe; mwen te panse se te yon senp ti sekous men an reyalite se te yon pwason.

Mari mwen te kòmanse montre mwen sa poum fè, epi kapitèn lan te vin fè menm jan an. Pandan mwen tap rale zen an li te dim se petèt yon pwason wouj ki te kwoke ladaml. Mwen te vrèman sezi paske li te konnen ki pwason nou tap rale a, avan menm li te parèt! Pandan mwen tap rale zen an, gwo pwason rouj 20 liv mwen an te parèt jan li te di a! Se avèk anpil lajwa epi kè kontan mwen tap remèsyé Bondye. Mwen te déjà okouran pwogrè mwen te fè nan lafwam. Mwen te senpleman raplem konfyans Drenda te genyem an, epi mwen te panse mwen te kapab genyen menm lafwa ak kwayans sa yo. Mwen te kontinye pèsevere epi mwen te jwenn rezulta.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

Mèsi pou ministè nou an epi pou liv nou ap ekri yo, pamí yo  
*The faith hunt.* Mwen rekonesan epi mwen remèsye Bondye avèk  
ministè nou an ki te edem jwenn pi gwo benediksyon nan lavim. Lafwa  
mwen avèk kè kontan mwen ogmante pandan mwen ap tann fiti a.  
Mwen konnen kòman eksperyans sa te ede fanmi pa nou an tou.

Sensèman,  
S.T.

# CHAPIT 5

## CHWA KILÈS, LI TE YE?

Nan istwa ki anvan yo, nou te wè Wayòm Bondye a pwodui, isit la nan mond teres la, yon chen, yon pwason, lajan pou anpeche yo sezi yon kay, pote lajan pou peye machin yo ak kay nou te bezwen nan lavi nou, sove lavi twa timoun, ak plis ankò. Wayòm Bondye a te pwodwi tout istwa sa yo, oswa kitem fè li paret pi pèsonèl, Wayòm Bondye NOU an! Nou pa ta dwe sezi paske Wayòm li an gen anpil valè.

2 Pyè 1:3a di:

*Pouvwa divin li ban nou tout sa nou bezwen pou lavi ak pou Bondye.*

Nan tout istwa nou te gade yo, mwen vle poze yon kesyon trè enpòtan, “Ki moun ki te chwazi?” Men kisa mwen vle di: èske Bondye jis toudenkou te deside mennen chen sa a bay Kirsten, oswa pwason sa a bay madanm mwen, Drenda? Èske Bondye nan volonte Souvren li a te jis deside fè evènman sa yo pou nou? Oswa èske te gen yon lòt rezon ki fè bagay sa yo te rive? Mwen panse ke repons lan pral choke pifò moun. Mwen konnen li te choke m.

Pou reponn kesyon sa a, ann gade yon istwa nan Bib la ki sòti nan Lik 8 la.

*Pandan Jezi te sou wout li, foul moun yo te prèske kraze il. Te gen yon fanm ki te gen douzan ak yon san kap koule sou li, men pèsonn pat kapab geri li. Li pwoche pa dèyè li, li manyen pwent rad li a, epi imedyatman san sispann koule sou li.*

“Ki moun ki manyen mwen?” Jezi mande. Lè yo tout nye sa, Pyè di: “Mèt, foul la chaje moun epi yo tout ap bouskile ou “Men, Jezi di:

*Gen yon moun ki manyen m. Mwen konnen ke gen yon pouvwa ki sòti nan mwen.”*

*Lè sa a, fanm lan wè li pat kapab pase inapèsi, li vini tou ap tranble, li tonbe nan pye li. Nan prezans tout moun yo, li te di poukisa li te manyen li ak kijan li te imedyatman geri.*

*Lè sa a, li di li: “Fi, lafwa ou geri ou. Ale ak kè poze.”*

— Lik 8:42-48

Bib la di klèman ke yo tap bouskile Jezi sou tout kote, epi menm Pyè te sezi lè Jezi te poze kesyon: “Kiyès ki touche m?” Antanke yon syantifik espirityèl, mwen vle konnen, mwen bezwen konnen, poukisa fanm sa a te geri epi pa gen okenn lòt moun ki te geri. Poukisa onksyon an te koule sèlman nan li epi li pa tap koule nan tout lòt moun ki te manyen li nan moman sa a? Repons lan la, men anvan mwen reponn kesyon sa a, ann mande yon lòt. Èske Jezi tap ede li toutekspres? Èske li te poze men li sou li? Repons lan se non; an reyalite, Jezi pa menm konnen si li te la. Li te oblige mande ki moun ki te pran nan onksyon an paske li pat wè fanm lan. Kounye a, ki moun ki te chwazi pou li te geri jou sa a?

Kitem mande sa yon lòt fason. Èske Bondye te chwazi geri li nan moman sa a oswa èske se desizyon pa li pou li te resevwa nan men Bondye? Sa a se yon kesyon enpòtan paske gen anpil moun ki ap “tann” pou Bondye fè yon bagay nan lavi yo. Mwen kwè lefèt ke Jezi pa menm konnen li te la pwouve ke se desizyon pa li pou li te resevwa epi se pa desizyon Jezi pou li te geri li.

Kounye a, sa montre yon revelasyon ki vrèman enpòtan, epi se—Bondye pa jis chwazi geri yon moun epi pa yon lot. Li te déjà ba nou aksè ak gerizon atrave stati nou genyen legalman nan Wayòm Li an. Kidonk an reyalite, se nou menm ki chwazi. Men sa mwen vle konnen, kòman li te fè pou li eksplwate nan pouvwa sa? Kòman li te “deside” pou li resevwa? Jezi di nou egzakteman kòman li te eksplwate nan otorite ak puisans Wayom lan. Li te di,” Pitit fim, lafwa ou geri ou. Ale an pe.” Fraz sa di nou tout sa nou bezwen konnen epi li reponn kesyon poukisa li te resevwa ak tou poukisa okenn lot moun pat resevwa nan jou sa a. Antanke syantifik espirityel, ann kòmanse gade istwa sa yon ti kras pi byen poun wè si nou ap jwenn kek endis sou kòman li te resevwa.

Pou kòmanse, Jezi rele li ”pitit fim,” sa vle di li te fè pati nasyon Izrayel la. Sa vle di li te gen yon alyans ak Bondye. Oswa ou ta ka di, li te genyen legalite devan syel la antanke yon sitwayen nasyon Izrayel la pou li resevwa nan men Bondye. Sa

paka sel rezon ki fè li te resevwa paske tout lòt moun ki tap apiye sou Jezi nan jou sa te gen menm legalite a. Gen yon lòt bagay ki te lakoz puisans lan koule. Jezi di nou yon rezon anplis ki fel te resevwa. An reyalite Jezi te di se te egzakteman rezon ki fè se li menm sel ki te resevwa. Li te di se lafwa li ki te geri li.

Se konsa, kounye a nou konnen rezon ki fè li te kapab resevwa. Premyèman, se te dwa li legalman pou li resevwa puiske li te yon pitit fi Abraram; epi dezyèmman, lafwa li se te enteriptè ki te pèmèt pouvwa sa a koule nan kò li menm sèl nan moman egzak sa a. Lefèt ke li te yon pitit fi Abraram, sa vle di li te kanpe devan syèl la anba alyans ke Bondye te mete an plas ak Abraram lan, nou ka konpare sa ak lè konpayi elektrik la voye kouran lakay ou atrave fil yo. Men, sa pa vle di limyè ou yo pral limen. Ou dwe tou limen enteriptè a pou limyè yo limen. Se konsa, kounye a tout sa nou bezwen chèche konnen se ki kote switch la ye oswa kisa switch la ye. Jezi te di se lafwa li, men kisa lafwa ye epi kijan poum aktive l? Sa a se yon kesyon vital ki dwe reponn.

### Kisa Lafwa Ye?

Lafwa se yon tèm ke kretyen itilize toutan. epi mwen konvenki ke anpil moun, si se pa majorite a, pa konnen kisa lafwa ye, poukisa li nesesè, kijan yo konnen si yo nan lafwa, ak kijan yo jwenn lafwa. Si lafwa se enteriptè ki te geri fanm sa a, lè sa a nou bezwen gade lafwa yon tikras pi byen! Nou jwenn definisyon lafwa nou an nan Women 4:18–21. Oh, mwen konnen sa ou ap panse, “Non, Gary. Se Ebre 11:1 ki definisyon lafwa nou an.”

*Lè yon moun di li gen konfyans nan Bondye, sa vle di li sèten li gen poul resevwa sa lap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre.*

— Ebre 11:1

Wi, se repons tradisyonèl la, men si ou gade ekriti a, Ebre 11:1 ap di nou benefis lafwa olye de sa lafwa ye vrèman an. Mwen kwè pasaj nou jwenn nan Women yo pral ba nou yon imaj trè klè sou sa lafwa ye reyèlman.

*Kont tout espwa, Abraram nan espwa te kwè epi se konsa li te vin papa anpil nasyon, menm jan yo te di li, ‘‘Se konsa desandans ou pral*

*ye.' San yo pa febli nan lafwa li, li te fè fas ak lefèt ke kò li te tankou mouri—puiske li te gen anviwon san ane—e ke vant Sara a te mouri tou. Epoutan, li pat fè okenn dout akoz enkwayans konsènan pwomès Bondye a, men li te fòtifye nan lafwa li epi li te bay Bondye glwa, li te gen totalman konviksyon ke Bondye gen pouvwa pou li fè sa li te pwomèt la.*

— Women 4:18-21

Ann konprann anviwònman istwa sa a. Abraram ak Sara pat kapab fè pitit. Mwen pa vle di yo te gen pwoblèm pou vin ansent yon timoun epi yo ta dwe kontinye eseye. Mwen vle di yo te prèske gen 100 an, epi sa te fini. Kò yo pat kapab fè pitit; li te enposib! Poutan Bondye te pwomèt Abraram yon timoun menm si natirèlman li te enposib. Bib la di ke Abraram te konplètman konvenki ke Bondye te gen pouvwa fè sa li te di, malgre reyalite natirèl yo te montre yon istwa diferan Men definisyon lafwa nou an: "Konvenki totalman ke Bondye gen pouvwa pou li fè sa li te pwomèt la". Mwen deklare li nan fason sa a: **Lè ou ann akò ak syèl la**, pa sèlman mantalman men konplètman konvenki, lè kè nou byen etabli ak konvenki totalman nan sa Bondye te di, malgre domèn natirèl la ki endike yon lòt bagay.

**LÈ YON MOUN DI LI GEN  
KONFYANS NAN BONDYE, SA  
VLE DI LI SÈTEN LI GEN POUL  
RESEVWA SA LAP TANN LAN.  
LI GEN KONVIKSYON BAGAY  
NOU PA KA WÈ AK JE NOU  
EGZISTE TOUT BON VRE.**

— EBRE 11:1

## **Definisyon pa nou sou kisa Lafwa ye:**

Lafwa se lè ou konplètman konvenki nan sa Bondye di! Se lè kè nou ak lespri nou an akò ak syèl la, kè nou konplètman konvenki nou, an konfyans epi anpè.

## **Poukisa nou bezwen lafwa?**

Poukisa Bondye pa ka senple geri tout moun nan lopital la lè li vle? Poukisa li pa mete fen ak lagè? Poukisa li pa ka voye zanj preche nou Levanjil? Mwen sèten ou te tande tout kesyon sa yo anvan. Repons lan se ke li pa kapab. Se pa ke Bondye pa

gen kapasite pou fè sa men li pa gen jiridiksyon oswa otorite pou fè sa. “Gary, èske ou ap di ke Bondye pa ka fè sa li vle?” Mwen konnen sa paret vrèman etranj pou ou kounye a, men ann gade nan Bib la pou jwenn repons nou an pou sa a.

*Okontré, jan yo ekri sa yon kote nan Liv la:*

*“Bondye o, kisa moun ye pou wap chonje yo konsa ? Kisa moun ki fèt pou mouri y oye menm pou wap pran ka yo konsa ? Ou fè li yon ti jan pi ba pase zanj yo pou yon ti tan. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, Ou ba yo tout lwanj ak tout respè. Ou mete tout bagay anba pye yo.”*

*Liv la di Bondye mete tout bagay anba pye lèzòm, sa vle di pa gen anyen ki pa sou zòd yo. Men, nou wè kounyeya moun pa gen pouvwa sou tout bagay.*

— Ebre 2:6-8

Nou ka wè nan pasaj sa a ke Bondye te bay lòm jiridiksyon legal konplè sou tout domèn tè a lè Li te mete li sou tè a. Pat gen anyen ki pat anba jiridiksyon li. Li te dirije sou domèn sa a ak jiridiksyon absoli epi otorite. Gouvènman an ki te mete li isit la te sipòte kapasite li pou li dirije avèk otorite. Bref, li te dirije ak otorite delege Wayòm Bondye a. Li te pote kouwòn gouvènman sa a, ki te reprezante laglwa Bondye, onksyon an, avèk plas donè ke li te genyen.

Pou ou ka jwenn yon bon reprezentasyon sou kisa sa sanble, imagine se yon wa ki sou latè. Malgre ke li se yon nonm odinè epi li pa posede okenn pouvwa nan kò natirèl li an reyalite, li pote yon kouwòn ki vle di li reprezante non sèlman tèt li, men tou yon wayòm antye ak yon gouvènman. Tout sa li di gen otorite sèlman paske tout pouvwa ak resous natirèl gouvènman ak wayòm li reprezante a sipòte yo. Si ou panse ak yon polisyè kap dirije trafik, li pral kanpe yon kamyon trelè ak yon lòd, “Kanpe nan non lalwa.” Se vre, kamyon an pi gwo pase nonm lan, epi nonm lan, poukout li, pa nan wotè kamyon an, men kamyon an kanpe. Li pa kanpe akoz nonm lan men akoz badj la, ki reprezante yon gouvènman, ke mesye a pote. Nan ka sa a, gouvènman an pi gwo pase moun ki pote badj la. Pou chofè kamyon an, li pa gen okenn krentif pou nonm lan, men li gen krentif pou gouvènman ke mesye a reprezante a, se sa ki lakòz kamyon an kanpe. Se menm bagay la. Adan tap dirije tout sa ki te kreye sou tè a. Pisans ak dominasyon Bondye, ki reprezante pa kouwòn

laglwa ak onè a, te bay lèzòm asirans ke pawòl li yo tap gouvène nan non Wayòm Bondye a.

Li trè enpòtan pou nou konnen jou Adan te pèdi kapasite li pou li dirije tè a lè li te komèt trayizon kont gouvènman Bondye a, li te pèdi kouwòn li. Latè te vin tache epi li te chanje. Lanmò te antre sou latè, epi lè sa a, Satan te vin gen yon otorite legal avèk enfliyans nan zafè lèzòm. Li enperatif pou ou konprann tou ke lèzòm te toujou chèf legal sou domèn tè a, jan Bondye te mete li a, men kounye a li pa gen otorite pou li dirije espirityèlman jan li te genyen avan sa. Sepandan, menm lè li te tonbe a, li te toujou responsab latè. Se vre, li pa gen kouwòn gouvènman Bondye a ankò pou sipòte li. Li pa gen okenn otorite pou li gouvène avèk pouvwa epi laglwa Bondye; li te pèdi pozisyon donè li a. Men, se li ki te toujou sèl pòt legal la sou latè. Se poutèt sa Bondye oblige sèvi ak moun ki ranpli ak Lespri pou fè volonte li nan lavi lèzòm Menm jan an tou, Satan sèvi ak moun ki enspire nan demon yo pou li afekte

**SE POUTÈT SA BONDYE  
OBLIJE SÈVI AK MOUN  
KI RANPLI AK LESPRI  
POU FÈ VOLONTE LI  
NAN LAVI LEZOM.**

domèn tè a selon plan li genyen pou pou lezòm. Prensip sa a sou jiridiksyon lèzòm sou tè a enpòtan anpil pou ou konprann lwa Wayòm nan, epi yon fwa ou konprann li, li ap reponn anpil kesyon ou ka genyen alavni tankou poukisa kèk bagay rive, oswa poukisa

gen kèk bagay ki te rive oubyen ki pat rive espirityèlman. Ou kapab di “Men, mwen te panse Bondye te posede tè a ak tout sa ki ladan li?” Se vre, li posede tout. Mwen espere egzanp sa a pral ede ou konprann sa mwen ap di a. Si mwen te lwe yon kay mwen te posede ba ou, byenke mwen posede kay la legalman, mwen legalman abandone dwa pou mwen pase nenpòt lè mwen vle. Gen yon kloz nan majorite kontra lwaye ki presize kilè pwopriyetè yo ka antre legalman nan lokal yo lwe yo—pa egzanp, pou regle yon sitiyasyon ijans oswa pou fè reparasyon—ak moman avetisman ki obligatwa. Si mwen te eseye antre nan kay la andeyò akò sa a, li tap konsidere antanke vyolasyon pwopriyete, menm si mwen te posede pwopriyete a. Si mwen vyole lwa ke yo prezise nan kontra lwaye a, mwen ta ka legalman oblige kite lokal la menm si mwen te posede li. Sa montre poukisa Satan te oblige pase atravè Adan pou li te ka jwenn aksè sou latè. Se sèl Adan ki te gen kle a! Satan te oblige ale nan pòt la. epi se Adan ki te pòt la. Si Satan te eseye evite Adan, yo tap oblige mete li deyò legalman.

*Satan mennenl yon kote ki wo. Yon sèl kou, li moutrel tout peyi ki sou latè. Li di Jezi konsa: ‘‘Map ba ou tout pouvwa ak tout richès peyi sa yo. Yo renmèt tout bagay sa yo nan men mwen, mwen ka bay moun mwen vle yo. Si ou mete ajenou devanm, tout bagay sa yo pou ou.’’*

— Lik 4:5-7

Ou ka wè nan vèsè sa a ke Satan deklare ke yo te ba li otorite ak bote (richès) nan wayòm lèzòm yo. Ki moun ki te ba li otorite sa a? Moun ki te fè sa a, Adan! Kidonk, Bondye pa ka jis antre nan zafè lèzòm san li pa genyen dwa legal pou sa. Si li te fè sa, Satan tap rele pou enjistis. Non, Bondye tap gen pou Li ale nan menm pòt Satan te itilize pou mennen gouvènman li ak otorite li sou tè a, epi se te yon moun. Men, èske te gen yon nonm konsa?

*Seyè a te di Abram konsa: ‘‘Kite peyi ou, pèp ou a ak fanmi papa ou, ale nan peyi map montre ou a. Map fè ou tounen yon gwo nasyon, map beni w. Map fè non ou gran anpil, epi ou pral yon benediksyon. Map beni moun ki va beni nou yo, moun ki va ba ou madichon, map ba yo madichon. epi tout pèp sou late va jwenn benediksyon grasa ou.’’*

— Jenèz 12:1-3

Nou rele Abraram papa nou nan lafwa paske se li ki te louvri pòt domèn tè a  
**“SE POUTÈT SA, LAFWA  
SÒTI NAN TANDE MESAJ  
LA, EPI MESAJ LA RIVE  
TANDE GRAS AVEK  
PAWOL KRIS LA.”**

— WOMEN 10:17

te fèmen pou toutan lè li te fè yon akò legal (alyans avèk Abraram ansanm ak desandans li oswa eritye li yo).

Kite mwen devlope sa map di a. Sèl fason gouvènman syèl la ka jwenn aksè li sou latè se atravè yon gason oswa yon fanm ki sou tè a paske se yo ki gen jiridiksyon legal ladan li. Legalite sa a ka sèlman akonpli si yon gason oswa yon fanm totalman konvenki nan kè yo parapo ak sa Bondye di (lafwa).

Yon lòt fason pou di sa se ke se sel nonm oswa fanm sou lattè ki vle epi chwazi vin anba dominasyon ak otorite Bondye ke syèl la kapab afekte legalman. Se petet menm prensip sa Satan te itilize pou li jwenn aksè sou tè a, lè li te itilize Adan pou li fè sa. Li te konvenk Adan ke yo pat ka fè Bondye konfyans epi li te fè kè Adan pa dakò ak Bondye anko. Konsa, Adan te chwazi kwè Satan epi li te rejte otorite Bondye. Sa a se menm prensip Bondye ta itilize kounye a pou fè gouvènman li ak otorite li tounen sou latè atravè Abraram. Abraram te kwè Bondye epi Bondye te konsidere akò li a kòm jistis, sa vle di akò legal obligatwa a te la. Akò sa ant tou de pati yo, Bondye ak Abraram, te pèmèt Bondye mete anplas yon kontra legal (yon alyans) ki te garanti aksè syèl la sou latè, MEN li enpòtan pou sonje ke akò sa a sèlman afekte Abraram ak eritye li yo. Yo te bay tout eritye Abraram yo yon siy alyans sa a, ki te sikonsizyon. Sikonsizyon se te koupe nan prepui a nan pati gason an. lè yon gason te mete desandans li nan yon fanm, desandans li te oblige pase nan pati gason sikonsi sa a, sa ki te deklare ni Satan ni papa a ak manman an yo menm tou ke timoun sa a te kanpe devan syèl la antanke eritye akò legal Bondye ak Abraram te pase a.

Men, jan nou te li anvan an, sepandan, chak gason oswa fanm, byenke akò legal sa a te disponib pou yo, yo te dwe toujou ranpli egzijans legal pou kè pa yo konplètman konvenki parapò ak sa Bondye te di pou yo ka jwi benefis pèsonèl akò Bondye ak Abraram te fè a. Nan yon lòt sans, alyans lan te dirije fil yo nan kay yo, men yo toujou oblige limen enteriptè a lè yo kwè epi aji sou Pawòl Bondye a pèsonèlman.

Ok, kounye a nou konnen kisa lafwa ye epi poukisa lafwa legalman obligatwa. Kounye a li enpòtan pou nou konnen kijan pou nou gen lafwa ak kijan pou nou konnen si nou gen lafwa.

## **Kijan nou jwenn lafwa?**

Men yon endis: Ou pa ka priye pou lafwa. Ou sezi? Mwen te panse sa.

*Se poutèt sa, lafwa sòti nan tande mesaj la, epi mesaj la te rive  
tande gras ak pawol kris la*

— Women 10:17

Kijan lafwa vini lè nou tandé Pawòl Bondye a? Èske se sa selman? Kisa pwosesis la ye? Èske tandé Pawòl la sèlman se tout sa ki nesesè pou lafwa devlope nan lespri imen an? Pou konprann kijan lafwa vini ak sa Women 10:17 ap pale a, nou ka gade nan Mak chapit 4. Si ou voye Bib ou anlè, li ta dwe louvri nan Mak chapit 4 lè lap ateri a; li vrèman enpòtan! Jezi te di nan Mak 4:13 ke si ou pat konprann sa li tap anseye nan chapit sa a, ou pa tap kapab konprann okenn lòt parabòl nan Bib la. Mwen ta di sa trè enpòtan!

Poukisa chapit sa a enpòtan konsa? Se paske li di nou kijan syèl la konekte avèk domèn tè a, kijan li pran legalite, ak ki kote sa fèt. Sa ki di nan chapit sa pi enpòtan pase tout lot bagay nan lavi ou. Si ou mande “kijan Wayòm Bondye a fonksyone?” Li Mark chapit 4! Nan chapit sa a, Jezi rakonte twa parabòl konsènan fason lafwa yo pwodui nan lespri imen an, sa ke ou konnen kounye a, se yon kondisyon pou syèl la anvayi tè a legalman.

Twa istwa yo nan chapit sa a se parabòl moun ki simen an, parabòl nonm ki ap gaye gress lan, ak istwa gress moutad la.

Ann kòmanse gade dezyèm istwa Jezi te di nan Mak chapit 4, istwa nonm ki ap gaye gress lan an premye.

*Li te di tou: “Men kijan Wayòm Bondye a ye. Yon nonm gaye gress sou tè a. Lajounen kou lannwit, kit li dòmi, kit li leve, gress nan pouse ak grandi, menmsi li pa konnen kijan. Tè a poukont li pwodui gress—premye pye ble a, aprè tèt la, answit nwayo plen nan tèt la. Kou ble a mi, li mete digo sou li, paske rekòt la rive.”*

— Mak 4:26-29

Anvan nou sote nan pasaj sa a, an nou defini tèm nou yo an premye. De ki semans Jezi ap pale a, epi kisa tè a ye? An reyalite, Jezi te defini tèm sa yo nan parabòl anvan an sou nonm ki simen an nan menm chapit la. Semans lan se Pawòl Bondye a, epi tè a se kè moun oswa lespri lèzòm. Kidonk, nan parabòl sa a, lè nou sèvi avèk pwòp definisyon Jezi a nan de mo sa yo, nou ta di ke Jezi ap di ke yon moun gaye Pawòl Bondye a nan pwòp kè li. Lè sa a, pou kont li tè a oswa kè lèzom kòmanse pwodui lafwa (akò ak syèl la) sou latè.

Anvan mwen ale pi devan, li enpòtan pou ou sonje kisa definisyon lafwa nou an ye: lè kè yon gason oswa yon fanm byen konvenki nan sa syèl la di. Pasaj sa a di

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

ke byenke nonm lan pa konnen kijan pwosesis la fonksyone, Pawòl ki te simen nan kè li a kòmanse grandi epi pwodui akò poukont li. Sa rive si li ap dòmi oswa si li reveye; se pa yon pwoblèm, pwosesis la ap kontinye. Lè nonm nan kenbe Pawòl la nan kè li, tou dousman kè li ap vin dakò ak sa syèl la di, epi lafwa ap pwodui.

Referans ekriti nou yo nan Mak chapit 4 di nou ke kè a pwodui akò atravè yon pwosesis. Istwa a di nou ke okòmansman lè kè nou resevwa Pawòl la, lafwa kòmanse fòme. Jezi konpare faz sa a ak yon boujon. Lè sa a, boujon an kontinye pouse epi li vin tounen yon tij. Aprè sa, tij la pouse tèt, men menm nan dènye faz sa a li pa gen okenn fwi, pa gen okenn akò, epi pa gen okenn chanjman nan domèn natirèl la. Epi Jezi di pwosesis la kontinye pandan tij la vin devlope kounye a epi li pwodui gress ki mi. Lè pwosesis la rive nan pwen sa a, lè semans ki gen matirite a nan tij la, genyen akò, epi genyen lafwa, sa ki pèmèt gason an oswa fanm nan rekòlte sou latè sa syèl la te plante nan kè moun nan.

Koulye a obsève byen. Ann revize sa ki rive reyèlman. Syèl la simen Pawòl Bondye a sou latè, nan kè yon gason oswa yon fanm ki bezwen akò. Nan epòk sa a, kè nonm lan poko an akò ak syèl la, men genyen yon pwosesis kòmanse pran plas nan kè a ki fè kè a, vin an akò ak sa ki te simen poukont li. Jezi sèvi ak yon bél egzant pou montre nou pwosesis sa. Lè Jezi konpare pwosesis sa a ak yon kiltivatè ki ap simen semans ak fason plant la vin devlope, Jezi ban nou yon lide sou kisa lafwa sanble. Nan domèn natirèl la, lè gress ki nan tij la gen matirite, li pral sanble **EGZAKTEMAN** ak gress ki te simen nan tè a. Kitem di sa ankò.

**Lè semans ki nan tij plant la gen matirite, li pral sanble egzakteman—  
EGZAKTEMAN—tankou gress ki te simen nan tè a.**

Plante yon plant mayi ak gress ki vin mi nan zepi a ap vin menm jan ak gress ou te plante a. Yo se menm bagay la, sanble menm bagay la, epi yo gen menm gou. Ou pa ka di diferans ki genyen ant yo de a; yo idantik.

Donk, kitem devlope sa Jezi ap di a. Lè nou tande Pawòl la (Women 10:17), an reyalite, nou gaye Pawòl Bondye a nan moun espirityèl nou an, kè nou. Si nou kenbe Pawòl sa a nan kè nou, li ap devlope; epi lè li vin mi, sa kè (domèn tè a) nou repwodui yo ap vin menm jan ak sa syèl la di a. Si nou mete li nan yon lòt fason, nou ta ka di ke lè ou simen yon pwomès ki sòti nan syèl la nan kè w, li pral tou dousman pwodui konfyans nan sa Bondye te di poukont li. Aprè sa, kè ou pral konplètman konvenki nan sa syèl la di, epi pral genyen akò. Pa egzant, si ou ap fè fas ak maladi, kondisyon kò ou ap di ou ke ou malad. Pandan ou ap simen Pawòl Bondye a ki di

Bondye te peye pri pou gerizon ou grasa sa Jezi te fè a, kè ou tou dousman kòmanse vin konvenki nan sa Bondye di poukont li.

Lè pawòl sa a gen matirite nan kè ou, asirans ke ou geri tounen sa **ou** kwè epi deklare. Ou pa sèlman ap rapòte sa syèl la di yo ankò. Kè ou kounye a vrèman konvenki. Lè ou di, “Mwen geri,” se pa yon fòmil ke ou ap rapòte; okontrè, se sa ou kwè epi konnen ki se reyalite. Sa syèl la di kounye a tounen pwòp pèsepsyon ou sou reyalite.

Se poutèt sa Ebre 11:1 di:

*Lè yon moun di li gen konfyans nan bondye, sa vle di li sèten li gen pou l resevwa sa lap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre.*

Gen yon asirans sipènatirèl nan sa syèl la di lè genyen lafwa, men toujou gen yon lòt etap nan pwosesis la.

Pou li rekòlte epi pote nan domèn egzistans aktyèl li a sa li sèten nan kèl nonm lan dwe mete digo li kounye a.,

*Kou ble a mi, li mete digo sou li, paske rekòt la rive.*

— Mak 4:29

Remake ke menmsi kè a an akò ak syèl la, epi reyalite syèl la te tounen reyalite gason an oswa fi a, pa gen okenn chanjman reyèl ki te gentan fèt nan domèn fizik la. Paske se moun ki natirèlman gen jiridiksyon isit la sou tè a, se li menm tou ki dwe lage otorite syèl la nan domèn sa a. Bondye pa ka aji san gason oswa fanm lan. Mwen ka montre ou sa nan ekriti nou te pale anvan an, yon ekriti nou konnen byen.

*Paske, se avèk kèw ou kwè epi ou jistifye, epi se avèk bouch ou ke ou konfese epi ou sove.*

— Women 10:10

Moun kwè nan Pawòl la avèk kè yo, ki pwodui lafwa, epi li jistifye. Jistifye se yon tèm legal ki vle di administrasyon lalwa. Kidonk, lè kè yon moun an akò ak syèl la, epi kè li gen konfyans nan sa syèl la di, li jistifye. Kounye a li legal pou syèl la koule nan lavi li, sou latè. Men, lè ou sèlman jistifye, sa pa libere pouvwa Bondye.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

Menm jan ak kay nan estasyon elektrik la ki voye kouran nan kay la, gen yon lòt etap—limen enteriptè a pou voye kouran an, ak pou limyè yo limen. Poukisa? Paske, jan Women 10:10 fè remake, gen yon lòt etap aprè yo fin jistifye.

Lè sa a yon gason oswa yon fanm syèl la ak tè a jistifye te dwe, konfese oswa aji sou akò sa a pou li vrèman libere pouvwa a ak onksyon Bondye sou latè. Tanpri, li ekriti sa a plizyè fwa jiskaske ou byen konprann sa map di a. Se konsa sa fonksyone! Se nan fason sa syèl la vin genyen legalite sou latè, kè a se kontak syèl la sou latè, epi, pawòl nou yo ak aksyon yo se enteriptè ki libere pouvwa syèl la. Tanpri, obsève byen nan dezyèm pati fraz sa a ankò: Se nou menm ki dwe lage otorite syèl la sou latè.

Nou jwenn konsèp syèl la dwe tann yon gason oswa yon fanm ki pou, avantou, ba li legalite, epi dezyèmman, ba li otorizasyon sou latè, atravè sa Jezi te anseye nan Matye 16 ak Matye 18.

*Sa map di nou la a, se vre wi: tout sa nou mare sou tè a ap mare  
nan syèl la, epi tout sa nou lage sou tè a ap demare nan syèl la.*

— Matye 18:18

Nan pasaj sa, Jezi deklare li ta pral bay legliz la kle (otorite) Wayom Syèl la sou latè. Li te di kèlkeswa sa ou mare sou tè a, syèl la ap ranfosel, epi kèlkeswa

### **SE KONSA SYÈL LA VIN**

### **GENYEN LEGALITE SOU LATÈ,**

### **KÈ A SE KONTAK SYÈL LA SOU**

### **LATÈ, EPI, PAWÒL AK AKSYON**

### **NOU YO SE ENTERIPTÈ KI**

### **LIBERE POUVWA SYÈL LA.**

sa ou lage sou latè, syèl la ap ranfosel. Yon lòt fwa ankò, imajine se yon ofisyè polis; li gen otorite, men se gouvènman an ki gen pouvwa a. Ofisyè polis la kenbe kle oswa otorite gouvènman an, depi lè li te fè sèman pou li devni yon ajan nan gouvènman sa. Tout sa li di, gouvènman an ranfosel. Sonje byen, se sèlman yon gason oswa yon fanm ki gen jiridiksyon legal sou latè, se sa ki fè se sèlman yon gason oswa yon fanm ka bay syèl la jiridiksyon legal isit la.

Gen yon lòt pwen trè enpòtan ke ou bezwen konnen sou lafwa. Kitem fè referans ak ekriti nou an nan Mak chapit 4 ankò pou yon ti moman.

*Tè a pwodui grenn poukont li— avan sa li pouse pye, annaprè tèt la, epi answit nwayo plen nan tèt la.*

Sonje byen, Jezi te reprezante tè ki mansyone nan parabòl sa a antanke kè lèzòm, oswa lespri lèzòm, jan mwen te mansyone anvan an. Ou remake kote lafwa pwodui; sa fèw sezi? Se pa nan syèl la li pwodwi, jan pifò moun kwè, men li pwodui isit la, sou latè epi li se nan kè ou li pwodwi. Ou pa ka priye pou li oswa mande Bondye pou li. Lafwa pa nesese nan syèl la. Nou pap bezwen akò nan syèl la. Non, se sèlman isit la, sou latè li nesesè epi se selman nan kè gason ak fanm ki sou tè a li ka manifeste. Jan parabòl ki nan Mak 4 anseye a, gen yon sèl fason pou jwenn li, lè ou mete Pawòl Bondye a nan kè ou epi kite pwosesis akò a fèt. Kidonk, si mwen bezwen lafwa, kisa pou mwen ta fè? Mwen tap gaye Pawòl Bondye a nan kèm epi kite li grandi jiskaske lafwa vini. Sa se sèl fason pou li vini.

Anvan mwen kite Mak 4, mwen vle pale sou digo ki mansyone la ankò.

*Kou ble a mi, li mete digo sou li, paske rekòt la pare.*

— Mak 4:29

Mwen kwè ke pifò legliz nan monn la pa aprann kòman pou yo sèvi ak digo a, sa vle di yo pat anseye yo kijan pou yo rekòlte sa yo bezwen. an jeneral nan legliz, yo anseye kòman pou yo bay men se pa kijan pou yo kiltive epi rekòlte sa yo te simen an. Jezi trè espesifik nan vèsè sa a, li di ke lè rekòt lafwa nou an disponib, NOU dwe mete digo a. Menmsi nou gendwa te fè yon gwo travay pou nou libere semans nou yo avèk lafwa, nou pap rekòlte anyen sof si nou konnen kijan pou nou mete digo a. Byen franchman, mwen pat konnen anyen sou sa tou jiskaske Senyè a te kòmanse anseyem kijan Wayòm nan te fonksyone. Kitem ba ou kèk egzanp sou sa sa a sanble.

Yo te envitem pale nan yon legliz nan Atlanta. Se te yon sèvis Mèkredi swa epi legliz la pat tèlman gwo, men mwen te alez. Mwen jis te renmen anseye moun sou Wayòm nan. Lèm rive nan legliz la, mwen te twouve li etranj ke pòt yo te fèmen epi pa gen pèsonn ki te la. Te rete dis minit anvan sèvis la kòmanse. Mwen tande yon kamyon byen fò dèyè mwen; li sanble pat gen okenn mòflè ditou. Pandanm tap gade, mwen te wè yon vye kamyonèt ki te kraze, ki tap rale dèyè ale legliz la. Mwen pat bay sa enpòtans; aprètou, mwen te nan lavil Atlanta. Pandanm tap tann, yon nonm tap mache sòti dèyè bilding nan epi li te prezante tèt li kòm pastè a. Li te di ke li te regrèt paske li te an reta, men ansyen kamyon li a pat vle demare. Li te dim li te oblige demare kamyon an sou woulib, epi, lè li pran yon ti vitès, pou li peze anbreyaj

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

la, paske bouton pou demare a pat fonksyone. Li te di anpil fwa li pa demare ditou, epi li konn oblige mache senk kilomèt pou rive legliz la.

Pandan li te kontinye ap pale avèk mwen konsènan legliz li a, li te dim ke byenke li te pastè legliz la, fonksyon prensipal legliz la se te bay moun manje anndan vil yo. Yo te bay plis pase 10,000 manje pa mwa nan kote sa a. Pandan pastè a tap pale, mwen te boulvese. Men yon nonm Bondye ki ap bay 10,000 moun manje chak mwa, epi li pa menm gen yon machin serye? Li se sèl reprezantasyon Bondye ke anpil nan moun sa yo li bay manje ap janm wè. Si yo ta wè difikilte li ap pase, oblige mache rive legliz la pandan 8 kilomet distans nan yon jounen dete 100 degré, ki asirans yo ta genyen ke Bondye ka ede yo? Mwen te kapab rezoud sa. Mwen te gen yon machin ki plizoumwen ki ka kouri 20,000 mil lakay mwen ke mwen te kapab ba li. Mwen te pale avèk li sou plan mwen an epi mwen ta fè youn nan anplwaye mwen yo desann Atlanta ak machin nan. Natirelman, li te kontan. Mwen te pase nwit sa a ap anseye li ak ti legliz li a konsènan Wayòm Bondye a ak fason li fonksyone anrapò ak lajan.

Lè mwen te ale lakay mwen, mwen te fè aranjman pou machin nan ale Atlanta. Lè anplwaye mwen an te vin lakay mwen pou pran machin lan, mwen te konnen se yon tranzaksyon espirityèl mwen tap fè nan syèl la. Mwen te konnen lè mwen te lage machin sa a nan Wayòm Bondye a, mwen te kapab kwè Bondye pou yon machin ke mwen ta bezwen tou. Mwen pa yon moun machin, sa vle di mwen pa reyèlman renmen machin. Gen moun ki renmen machin, men pa mwen menm. Yon machin se jis yon zouti pou mwen. Mwen renmen lè mwen gen yon bèl machin, se vre, men dabitud mwen kondwi yo jiskaske yo bezwen ranplase.

Lè anplwaye a mwen an te vini an, mwen te ale nan garaj mwen an, epi mwen te mete menm sou machin sa a epim te di: “Papa, mwen lage machin sa a nan travay ministè ou la, epi pandanm ap lage machin sa a, mwen resevwa yon machin an retou....” Mwen ezite. Mwen konnen jan Wayòm Bondye a espesifik, epi mwen te konnen ke selman mo “machin” nan pat ap sifi. Mwen te konnen tou ke mwen te dwe espesifik epi ke Drenda ak mwen te bezwen dakò konsènan tout ti detay konsenan nan sa nou te resevwa. Pandanm te kanpe la nan mitan fraz la, mwen te reyalize tou mwen pat gen lide ki kalite machin mwen te vle. Se konsa, mwen te rekòmanse, “Seyè, jodi a mwen lage machin sa a nan ministè ou a, epi mwen kwè ke mwen resevwa yon machin vrèman bèl pandan map simen, men map oblige tounen vin kote ou sou modèl la epi kalite lè mwen reflechi sou sa.” Se sa mwen te di;

machin nan te ale. Mwen pat reyèlman gen okenn machin nan lesprim ke mwen te kapab di, “Wi, se machin SA mwen vle.”

Kèk mwa pase. Natirèlman, Drenda te dakò poum fè kado machin nan epi, menm jan ak mwen, li pat gen okenn ide sou ki kalite machin li te vle. Pandan de pwochen mwa yo, nou te pale sou machin, epi finalman yon jou li te di, “Ou konnen, mwen panse mwen ta renmen gen yon dekapotab.” Mwen te di li ke mwen dakò, epi mwen te di mwen panse ke se te yon bon chwa, men ki kalite? Yon fwa ankò, nou pat menm konnen ki kalite dekapotab ki te sou mache a. Men, yon jou, pandan nou ap kondui pou nou ale manje midi, toudenkou madanm mwen te di: “Men li!” Mwen di, “Kisa li ye?” li te di “Sa a,” pandan li tap montre pakin restoran nou te rive ladann lan. Mwen di “kisa li ye?”. “Machin sa a, se machin mwen vle!” Lè sa a, mwen te wè yon dekapotab byen file nan pakin lan. Mwen te di. “Ann ale gade ki kalite li ye,” Se konsa, nou te kondwi rive bo kote machin nan epi kanpe dèyè liDako, pa etonan ke nou te renmen li. Se te yon BMW 645Ci, yon bél dekapotab, se seten, epi li te chè anpil tou. Poum onèt avèk ou, lèm te wè machin sa a, mwen te panse, “Oke, Seyè, montre nou sa pou nou fè.” Mwen te konnen mwen pa tap peye \$115,000 pou yon novo BMW, men mwen te konnen tou ke Bondye ka fè bagay ekstrawodine. Drenda ak mwen pat pale ak pèsonn de machin nan oswa fè pèsonn konnen ke nou tap chèche yon machin.

Anviwon de semèn aprè, frè Drenda a te rele nou epi li di: “Mwen jwenn machin Drenda a!” “Kòman ou jwenn machin Drenda a?” Mwen di. Li te di, “Mwen te wè machin sa a pou vann, epi toudenkou, mwen jis santi ke sa a te sipoze machin Drenda; epi mwen te sipoze pale avèk ou sou sa.” “Ki kalite machin li ye?” Mwen te mande. “Se yon BMW 645Ci, epi li nan bon eta; Mwen vle di anfom. Li gen dezan, li pa konsome anpil gaz epi pa gen yon grafouyen sou li. Li pafè. Anplis de sa, ou konnen moun k'ap vann li a.” “Se vre?” Mwen di. “Wi, li te di; ou ta dwe rele li pou sa.” Oke, lè li te dim mak machin lan ak modèl machin lan, lem sonje ke se te egzakteman machin ke Drenda ak mwen te di nou toude te renmen sa gen selman de semèn de sa, mwen te konnen ke Bondye tap prepare yon bagay.

Mwen rele nonm ki te posede machin nan. Wi, mwen te konnen li, epi nou te pale yon ti kras sou machin nan, epi li te dim kijan machin nan te anfòm. Aprè sa, li te repetem pawòl sa yo “Ou konnen, depi lè nou te pale nan telefòn lan sou machin sa a, mwen jis reyèlman santi ke machin sa a sipoze pou Drenda.” Mwen pat menm mete li okouran ke mwen tap chèche machin nan pou Drenda. Mesye a kontinye, li

di: “Banm diw kisam pral fè, mwen pral vann ou li pou \$28,000.” Zòrèy mwen pat ka kwè sam tap tandem a. Machin nan te vo pi plis pase sa. Lèm te di Drenda sa, li te kontan anpil, poum pa di plis. Nou peye lajan kach pou machin sa a epi jiskaprezan nou toujou genyen li. Li toujou ap fonksyone epi an bon eta. Toujou san okenn grafouyen sou li, epi nou te woule ak machin sa a plizye fwa ak tèt la desann, radyo a byen fo, epi solèy la kap soufle lavi nan yon jounen chaje ak fatig.

Vwayaj nou te pi renmen an se lè nou te ale ak bèl dekapotab sa a sou mòn Kolorado yo ansanm ak materyel pou kan nou yo nan kamyon an. Pitit fi nou an Kirsten te avèk nou nan vwayaj sa a, epi mwen sonje mwen te kondwi atravè Kansas sou wout I-70 a pandan nwit la avèk tèt la desann. Kirsten te kouche sou do a pandanm tap kondui. Zetwal yo te telman klere sou tèt nou, epi wout la te vid eksepte pou youn ou de kamyon ki conn pase konsa konsa. Se te youn nan nwit pafè sa yo kote lè a te jis bon epi tout bagay nan mond lan bèl. Nou te pase de semèn aprè yo ap kondwi nan Rockies, epi se lè sa mwen te reyalize kijan machin sa a fonksyone byen. Yon sèl mo ka dekri li—Enkwayab!

Kounye a, Men kesyon pou yon milyon dola a. Kijan machin sa te fè rive la? Poukisa se te egzakteman machin Drenda te di, “Se li!” a? Mwen te konnen Wayòm Bondye a te pote machin sa a nan lavi nou. Mwen te konnen ke lè mwen te simen machin sa a bay pastè sa a, mwen tap mete lwa espirityèl an plas. Mwen sonje mwen te di ke mwen tap resevwa yon machin an retou, se pat yon SUV, se pat yon djip, yon machin; Mwen sonje mwen te di youn ki bèl. Men, Drenda ak mwen te oblige mete digo a. Machin sa a pa tap parèt jiskaske nou te di, “Men li!” Byenke mwen te gen lafwa lèm te lage machin sa a, nou pat mete digo a jiskaske Drenda te di: “Men li.”

Gen yon lòt ensidan ki te rive ki te fè prensip sa a manifeste nan yon fason ki te menm pi gwo. Ou ka konnen, mwen renmen lachas. Map viv nan yon peyi kote ou fè lachas byen, epi se yon benediksyon pou mwen posede pwòp tè pam pou lachas. Sou 60 kawo tè mwen an, mwen gen anviwon 19 kawo tè ki gen bwa di ak anviwon 10 kawo marekaj. Chak ane mwen toujou pran sèf ak ekirèy ak anpil nan lachas la. Toujou gen kana ak zwa ki ap vole alantou, men pou kèk rezon, mwen pa janm reyèlman panse sou chase yo. Oh, yon fwa oswa de fwa pandan ane yo, mwen menm ak ti gason yo te desann nan marekaj la epi nou sote kèk zwa pou manje. Men, nou pa janm vrèman chase kanna.

Ebyen, kèk ane de sa, pandan mwentap gade plizyè douzèn kana kap vole nan marekaj la, mwen te panse ke mwen ta eseye chase kèk kana. Wow, sa te tèlman

enteresan! Mwen te obsede. Pandan sezon otòn lachas kana sa a, mwen te reyalize ke mwen te bezwen kèk pratik serye kòman poum tire kana. Mwen te rive kaptire kèk ladan yo epi mwen te reyalize ke yo te gen bon gou. Mwen remake ke anpil fwa kana yo te jis sòti nan vizye a oswa sou kote nan vizye zam mwen an, sa ke mwen te kwè ki kontribye nan kèk nan rate mwen yo. Mwen tap itilize fizi regilye mwen, anjeneral se li mwen te itilize pou tout bagay sòti nan lachas lapen rive nan lachas sèf, yon modèl Remington 11-87. Pa mal konprann, mwen renmen zam sa a, epi li se yon bon zam. Men, mwen te tande gen nouvo modèl zam ki te fèt spesyalman pou lachas kanna. Yo te gen kamouflaj epi bal yo te chambre pou twa pou magnum edmi, sa ke mwen te konnen ki tap vrèman itil sitou pou tire vaksen long distans yo. Mwen te planifye pou chèche youn nan yo anvan pwochen sezon kanna a te kòmanse.

Oke, sezon kanna a te fini, se kounye a janvye, epi mwen tap mache nan Cabela a epi mwen te panse mwen ta mache nan seksyon ki gen fizi poum wè ak kisa zam sa yo te sanble. Pandan mwente antre nan seksyon fizi a, mwen te wè ke yo te gen yon seksyon antye selman pou fizi ki dedye pou lachas kanna. Mwen te gade kèk nan yo epi mwen te panse achte sa mwen te renmen an, men li te \$ 2,000 epi sezon an potko ap rive. Mwen te di tet mwen “Map tann, ”. Men, mwen te fè yon bagay etranj lè mwen te prale a. Mwen vrèman pa reyalize sam tap fè lèm te fèl. Mwen jis fè li san reflechi. Mwen lonje dwèt sou fizi mwen te vle a epi mwen di byen fò. “Mwen pral gen zam sa a, nan non Jezi. ” Ankò, mwen pat bay sa twop enpòtans; Mwen te jis fè yon deklarasyon ke mwen ta pral gen zam sa a. Kè mwen te gen yon reprezantasyon egzak sou zam lachas kanna mwen te vle a.

Yo te envitem pale nan yon konferans biznis kèk semèn aprè sa, epi gen yon ...**BONDYE TE VLE MONTREM LI RENMENM. LI TE MONTREM LI RENMENM LÈ LI TE VOYE JEZI POU MWEN EPI LI TE BANM WAYÒM NAN!**

bagay ki te pase la ki te atire atansyomm. Lè mwen te fin pale, pwopriyetè konpayi an te pwoche bò kote li epi li te di yo te vle banm yon kado kòm rekonesans paskem te vini an. Li te di, “Nou te konnen ou renmen ale lachas, kidonk nou te achte fizi sa pou ou.” Mwen te etone lè yo te rale yon zam kanna semi-otomatik, Benelli, tounèf, egzakteman sa mwen te wè nan magazen an, sa mwen te lonje dwèt mwen sou li a! Èske ou wè sa? Kijan fè se fizi sa menm ki te parèt? Mwen te fè kado plizyè douzèn zam pandan ane ki pase yo, men mwen pat janm mete digo a. Nan lòt mo, mwen te simen zam sa yo nan lafwa ak

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Fidelite a**

jenerozite men mwen pat janm mete digo a. Mwen pat janm di: "Men li, Seyè! Se sa mwen vle." Men, menm moman mwen te fè sa, rekòt la te vini!

Mwen tap rakonte yon zanmim, pastè parèy mwen istwa fizi a. Li te di, "Wi, mwen kwè Bondye fè sa pafwa. Li sèlman beniw ak yon ti kado espesyal pou di ou li renmenw." lèm te reflechi sou sa li te di a, mwen te reyalize, "Non, se pa sa li ye. Wi, Bondye renmenm, men se pa sipriz Li te vle fèm ak yon ti kado." Chen an, pwason an, sèf la ki te vini nan jan mwen te simen pou li a, machin yo, yo pat vini paske Bondye te senpleman vle montrem Li renmenm. Li te montrem Li renmenm lè Li te voye Jezi pou mwen epi Li te banm Wayòm nan!

Mwen vle rakonte nou yon lòt istwa sou rekòt. Jan mwen te di nou sa déjà, mwen pa renmen machin. Nou kondwi yo jiskaske yo bezwen ranplase. Pa egzanp Honda Pilot nou an ki gen uit lane a. Nou renmen machin sa a, li itil, li kouri byen, li sanble nef, se konsa nou kenbe li. Men pafwa, nou konn fè lide achte yon pi gwo SUV ki pou transpòte pasaje ak envite. Sa gen yon ti tan, nou te lwe yon Cadillac Escalade pou youn nan evènman nou te òganize nan Now Center, epi mwen menm ak Drenda te abitye kondwi li. Nou te renmen li. Nou te renmen koulè blan pèl li a, epi nou te renmen model ki pi kout nou tap kondui a kontrèman ak modèl Escalade long ki te vini an. Nou te di, "Men sa nou vle a, yon Cadillac Escalade, pèl blan, nan modèl ki pi kout la. Nou bezwen achte youn nan sa yo." Nou te toujou okipe epi nou potko vrèman gen tan pou nou chèche epi reflechi pou nou achte youn.

Apeprè yon mwa aprè, mwen te ale nan pòt devan an pou mwen resevwa jounal maten an sou mach ki devan an, epi telefòn mwen an sonnen. Yon mesye di: "Hey, Pastè, mwen vle achte yon Cadillac Escalade pou ou; ki koulè ou vle? Lèm te reprann mwen, mwen te di, "Wow, se enkwayab. Drenda ak mwen renmen sa ki gen koulè blan pèl yo." li te di "Oke, map chèche epi gade sa mwen ka jwenn." Nan eksitasyon mwen, mwen blyi di li se vèsyon ki pi kout la nou te pi renmen. Entansyon li se te pou li jwenn youn ki te gen youn oswa de (2) lane epi ki anfòm epi ki pa boule gaz.

Ebyen, nou pat gen nouvèl nom sa a pandan anviwon yon mwa lè finalman li te rele epi li te di: "Mwen gen Escalade ou a; rankontre avèk mwen nan lè sa epi nan kote sa, pou ou ka vin pranl." Se konsa, nou te rankontre li epi li te pote Escalade pèl blan nan vèsyon ki pi kout la. Li te bèl! Li te di "Mwen regrett sa te pran anpil tan poum te rekontakte nou.". "Mwen te vrèman eseye jwenn vèsyon ki pi long lan, men yo tèlman achte ladan yo pat gen lòt ki te disponib. Se sèl nan sa ki pi kout la

mwen te jwenn. Mwen espere nou dakò ak sa.” Dakò? Se egzakteman sa nou te vle a epi egzakteman sa nou te di a!

Yon lòt fwa ankò, map poze kesyon sa: Kijan fè se Escalade nou te vle a menm ki te parèt? Ebyen, tou dabò, mwen te fè kado uit (8) machin san konte machin mwen te bay pastè mwen te mansyone piwo a. Men, mwen pat janm di: “Men li!” sou yon machin anvan sa jiskaske Drenda te fè sa ak BMW sa a. Lè sa a, ankò, Drenda ak mwen nou toude te fè yon antant epi nou te di byen fò, “Men li!” Sa fè plizyè lane depi mwen ap di legliz fè yon bon travay nan anseye pèp la pou yo bay men tou yon move travay nan anseye kijan pou yo rekòlte. Kidonk, èske ou ka identifye kisa ki digo a nan istwa anvan yo? Mwen espere ke li evidan! Mwen te telman simen machin nan lafwa pou youn retou, men mwen ak Drenda jis pa janm tonbe dako pou yon novo machin. Menm lè sa, nou te kondwi machin nou yo pou yon ti tan. Men, lè nou te di, “Men li!” li te parèt. Digo a se pawòl nou yo!

*Lang lan gen pouvwa lavi ak lanmò, epi moun ki renmen li ap manje fwi li yo.*

— Pwovèb 18:21

Te gen yon peryod kote legliz la te sanble anseye anpil sou konfesyon nou an. Mwen te bo kote kek moun, sa ka rive ou menm tou, ki ta repete yon bagay epi aprè sa yo kouvri bouch yo epi di, “Mwen dwe kontwole sa mwen ap di” Sa sanble yon travay nòb, epi mwen dakò sa ap edew kenbe Pawòl la nan kè w. Sepandan, kontwole sa wap di pa vrèman gen okenn rapo ak digo a. Kisa? Men, te kwè ou fenk di digo a se pawòl nou yo. Wi, mwen di sa, men lèw metrize fòmil la nan di bagay ki korek la se pa selman sa ki kle a.

*Sa map di nou la a, se vre wi: si yon moun di mòn sa a: “Ale, jete tèt ou nan lanmè a,” epi li pa gen dout nan kè li men kwè ke sa li di a pral rive, li pral fè pou li.*

— Mak 11:23

Yon fwa ankò, digo nan Mak chapit 4 la se pawòl ou yo! Lè Mak chapit 4 pale sou digo a, li te deja diskite sou pwosesis lafwa a ak fason pou jwenn li. Li di lè grenn nan devlope, ou mete digo a paske rekòt la rive. Rekòt la rive paske ou gen lafwa, ou dakò ak syèl la nan kè ou. Vèsè ki pi wo a nan Mak 11 la montre menm

prensip la. Kè ou kwè Pawòl la, Lè sa a, ou pale epi lage otorite syèl la. Men, remake nan fraz la, “kwè ke sa li di yo pral rive.” Eprev lafwa se si ou kwè sa ou ap di a. Jis di oswa konfese Pawòl Bondye a se pa selman sa lafwa ye. Sòf si kè ou an akò ak syèl la, ou ka konfese jiskaske ou mouri epi pa gen anyen ki rive. Kidonk, se sa nou ap di nou ta dwe kontwole oswa kè nou?

*Nonm ki bon an fè sa ki byen nan bon bagay ki nan kè l, epi moun ki mechan an fè sa ki mal nan sa ki mal nan kèl. Paske, sòti nan debòde nan kè li, bouch la pale.*

— Lik 6:45

*Avan tout lòt bagay, veye kè ou, paske se sous lavi a. Wete mechanste nan bouch ou; Kenbe pale kòwonpi lwen bouch ou.*

— Pwovèb 4:23-24

Nou ka wè aklè ke sa nou di sòti nan kè nou ak sa ke nou kwè. Lè nou suiv pwosesis Mak chapit 4 la, nou konnen kijan pou nou chanje sa kè nou kwè epi mete li ann aliyman ak syèl la avek lafwa. Lè sa a, lè nou konplètman konvenki, nou mete digo a nan pawòl nou yo ak aksyon nou yo. Nou konprann? Byen, ann kontinye.

Pandan nap kontinye diskisyon nou sou lafwa, mwen vle poze yon kesyon ou ta dwe kapab reponn.

### **Kòman pou mwen konnen si mwen nan lafwa reyèlman?**

Sa se yon gwo kesyon epi ou dwe konnen sa paske li enposib pou priye lapriyè lafwa a si ou pa déjà gen lafwa. Gen plizyè fason pou ou konnen si ou gen lafwa osinon ou pa genyen l, anpil sentòm ou bezwen konnen epi chèche. Ou ka pran anpil move desizyon ki baze sou laperèz lè ou pa gen lafwa. Desizyon ki baze sou laperèz ap toujou kenbe ou an otaj nan madichon tè a epi yo pral lakòz ou rate sa Bondye vle pou ou. Kidonk, ki prèv ki montre nou gen lafwa? Premye siy la fasil; ou ka retounen gade nan definisyon pa nou sou kisa lafwa ye epi konprann ke li vrèman enpòtan pou ou konplètman konvenki nan kè ou. Men, anpil fwa nou panse ke nou konvenki men se sèlman nan lespri nou nou dakò ak Pawòl la men se pa nan kè nou. Ou dwe kapab fè diferans lan. Lè ou konplètman konvenki, nomalman, genyen yon akò mantal ak sa Pawòl la di a, men tou yon setitid, yon asirans ki pote lapè ak esperans.

*Lè yon moun di li gen konfyans nan bondye, sa vle di li sèten li gen poul resevwa sa lap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre.*

— Ebre 11:1

Si ou gen prèv ke ou te gen yon bagay, èske ou tap toujou bezwen pou yo rasire ou ke ou te genyen li? Natirèlman non. Yon fwa ankò, lè ou gen lafwa, gen yon setitid, yon lapè, ak yon asirans ke ou gen sa Pawòl Bondye a di, menm si ou poko wè li. Gen anpil moun ki di li konsa: “Mwen konnen ke mwen konnen ke mwen konnen ke mwen konnen ke mwen genyenl.” Setitid sa a sòti anndan ou epi se pa nan sa sikontans yo ap di ou. Se nan moun espirityèl ou a oswa kè ou. Tout laperèz fini, pa gen okenn enkyetid san rete kap bonbade lespriw ankò; ou konnen sa fèt.

Yon lòt aspè nan lafwa se lajwa ak lesperans. Se la repons ou an ye. Ou genyen li! Lafwa pi plis pase yon santiman lapè oswa asirans, byenke ou pral genyenl. Ou ta dwe kapab defann pozisyon ou espirityèlman tou. Lèm di sa, panse ak yon sal tribinal epi ou menm antanke avoka ki ap poze temwen an kesyon. Poukisa ou kwè sa ou kwè konsenan sitiyasyon ou? Kijan ou pral defann pozisyon ou? Gen yon sèl repons, Pawòl Bondye a.

Pa egzanp, si yon moun te vin lakay ou epi li di: “Hey, sòti nan kay mwen an,” èske ou tap di, “O, mwen regrett; ban nou yon jou, epi nou ap kite kay la”?

Non ou pa tap di sa; pwobableman ou tap ri. Si menm moun lan ta di: “Non, sa a se kay mwen; sòti osinon mwen ap mennenw devan tribinal,” men kisa repons ou tap ye, “Map byen kontan ale nan tribinal la!” lè ou tandé sa ou tap montre jij la papye ou tou dousman. Li

**“LÈ YON MOUN DI LI GEN  
KONFYANS NAN BONDYE, SA VLE DI  
LI SÈTEN LI GEN POUL RESEVWA SA  
LAP TANN LAN. LI GEN  
KONVIKSYON BAGAY NOU PA KA  
WÈ AK JE NOU EGZISTE TOUT BON  
VRE.”**

— EBRE 11:1

tap gade papye a epi arete lot neg la pou asèlman epi fè li peye tout depans tribinal yo. Asirans ou pat etabli sou fason ou te santi avek emosyon ou, men pito, sou lalwa ak lefèt ke ou te posede kay la legalman.

Lè nap pale de genyen lafwa, mwen jwenn ke anpil fwa moun ki pa konprann kisa lafwa ye tonbe nan kofizyon fasilman lè yo mete konfyans yo nan aksyon yo olye de sel sous lafwa yo a, ki se Pawòl Bondye. Li fasil pou konfonn aksyon oswa fòmil sou fason Pawòl Bondye a travay ak veritab puisans Wayòm nan, ki sòti nan yon kè ki gen konvenki avek asirans. Pa egzant, si ou te simen lajan nan Wayòm Bondye a, epi mwen te mande ou Poukisa ou kwè ou ap resevwa yon revni sou sa ou bay la, repons ou pa ta dwe, “Paske nan dat sa mwen te bay yon sèten kantite lajan.” Konfesyon sa a baze sèlman sou aksyon ou, fòmil la, epi asirans li pa gen okenn kote li anrasine. Asirans ou ka sòti sèlman nan Pawòl Bondye a.

— Mak 4:28

Mwen pa ka konte konbyen moun mwen te priye avek yo epi lè mwen te mande poukisa yo kwè yo pral resevwa lè mwen priye ki tou senpleman gadem san yo pa di anyen. Lè mwen mande sa, se lafwa yo map chèche, akò yo ak syèl la. Mwen vle tandem yo kap di: “Mwen konnen mwen pral resevwa paske Bondye te pwomèt mwen nan liv sa epi nan vèsè sa ke sa se pou mwen.” Gen chans si yo pa ka banm yon ekriti yo, yo pa anrasinen epi yo pa menm konnen ki kote bato yo prale.

Sonje, lafwa ka egziste sèlman lè ou konnen volonte Bondye. Poukisa? Paske lafwa ka egziste sèlman lè kè ou dakò ak volonte Bondye. Mwen kwè ke anpil moun panse yo poutan yo pa genyen lafwa. Yon fwa ankò, lespri yo ka dakò ke Pawòl Bondye a se verite epi li bon, men lafwa egziste sèlman lè kè yo konplètman konvenki. Pou anpil moun, lespri yo dakò ak Pawòl Bondye a, men kè yo pa dako.

Men yon bon egzant sou sa map pale a, youn ke mwen kwè ki pral montre ke anpil moun pa nan lafwa jan yo panse a. epi sim ta di ou kem te fèk dekouvrir syèl la pat ble, jan moun te di sa, men koulè ble a jan yo te rele li a se te an reyalite koulè jòn lan? Nan lòt mo, mwen te di ou ke yo te mal anseye nou pandan tout lavi nou sou koulè epi ke ble pa vrèman ble men jòn. Kisa ou tap fe? Èske ou tap telman chòke epi byen vit pwan telefòn selilè ou epi rele pwofesè premye klas ou a epi rele yo, akize yo ke yo gache lavi ou, ke yo te mal anseye ou tout koulè yo? Mwen pa panse sa. Ou pa tap reyaji sou emosyon avek perez, ou pat ap kreye pwoblem. Ou tap tou senpleman konnen ke mwen te yon moun sòt, ou tap konsidere kòmantè a antanke bagay moun fou, epi ale regle zafe ou. Poukisa? Paske ou konplètman konvenki ke koule ble a se ble!

Kounye a, ann konpare egzanp mwen an ak diskisyon lafwa nou an. epi si ou te konplètman konvenki nan sa Bondye te di konsènan gerizon, epi yon doktè te di ou ke ou pral mouri akoz kansè? Ou tap gade doktè sa a epi panse li te moun sòt paske ou te konnen pa gen okenn fason sa ka rive. Poukisa? Se paske ou te konplètman konvenki nan pwovizyon pou gerizon Jezi te déjà règle yo. Ou wè sa map di a? Se vre, anpil moun priye, men lè mwen analize, mwen remake priyè yo se pa priyè lafwa men se priye lespwa, epi yo pa sèten sou rezulta a. Zanmi m, se poutèt sa li enpòtan anpil pou nou bati tèt nou ak Pawòl Bondye a. Nou bezwen konnen ki volonte Bondye pou nou ka gen konfyans nan sa li di, epi tou pou nou ka rejte sa ki pa volonte li. Kitem ba ou yon egzanp nan lavim ki montre byen kijan li enpòtan pou ke se sa Bondye di sou lavi a ki nouriti nou.

Mwen te fatige, paske mwen te sot passe kèk semèn difisil antanke yon pwopriyetè biznis (se te anvan mwen te dirije yon legliz). Orè mwen an te chaje ak apèl lavant epi, naturelman, presyon finansye ki akonpaye komisyon yo. Mwen te ale kot dantis mwen an pou yon tretman woutin. Tout bagay te nòmal jiskaske dantis late al enjekte Novocaine lan. Pandan li te foure zegwi a, toudenkou te gen yon sekous, epi lè sa a, machwè mwen te imedyatman angoudi, olye pou li te angoudi tou dousman. Mwen te sezi epi mwen te di dantis la sa ki te pase a. Li te di, “O, petet se paske mwen touche nè a.” Mwen kouri mande li, “Èske sa nòmal?” Li te di pawòl sa yo, “Ebyen, an jeneral li geri.” Kisa? Èske mwen te tandem li kòrèkteman? “Doktè, kisa sa vle di anjeneral li geri?” Li te di, “Bon, apeprè 80 pousan a 85 pousan nan tan an, li geri konplètman san okenn efè negatif pèmanan.”

Kisa? Menm lè a mwen vin pè. Epi Kounye a? Èske li pral geri? Panse lapèrez te kòmanse ap boule lespri m. aprè randevou mwen an, figim te rete angoudi, kontrèman ak randevou yon dantis nòmal kote pèt sansasyon an te fini tou dousman. Mwen te gen poum ale nan randevou avek yon kliyan nan apeprè inèdtan aprè randevou avek dantis la, kidonk mwen te gen anpil tan poum reflechi sou sa ki te fenk rive a. Men, tout pandan mwenta pral nan randevou sa a, mwen te nan soufrans, mwen pat gen okenn doulè, men akoz mank lapè epi nan laperèz ki tap fè toubiyon nan tèt mwen.

Pandan mwente sou wout poum rantre lakay aprè randevou a, pita nan jounen an, mwen te ale lakay yon zanmi. Figi mwen te toujou angoudi, epi mwen tap chèche kèk asirans nan men yon moun ke bagay sa a tap geri Remake ki erè mwen te fè a: mwen pat gade nan Pawòl Bondye a pou asirans mwen an men se yon moun ki pa

menm te yon bon kwayan. Mwen te di moun yo sa ki te pase epi mwen tap tann pou yo dim, “Sa pa yon gwo pwoblem, Gary ;. li pral geri!” Olye de sa, Men kisa mwen tande. “O, non! Mwen te gen yon zanmi sa te rive l, epi figi yo pa janm geri; depi lè

**NAN PWEN SA A, MWEN  
TE KONNEN SE PAWÒL  
BONDYE A KI TE SÈL  
ESPWA MWEN.**

a figi yo te tou paralize.” Mwen pat kapab kwè sa mwen te tande a! Laperez te miltiplier nan lesprim kounye a. Mwen te aji tankou mwen te konnen li tap geri epi mwen te remèsyé li pou tan li. Nan dezespwa, mwen

te ale lakay yon lòt zanmi epi mwen te poze menm kesyon an, epi nan chok, mwen te tande menm repons lan, “O, non,” yo te di, “Mwen te gen yon zanmi sa te rive l, epi figi yo pa janm geri; figi yo toujou paralize jodi a.”

Aprè vizit sa a, mwen te aneyanti. Mwen te konnen ke Bondye konn geri (nan tèt mwen), men mwen pat kapab rive debarasem de perez sa a. Kè mwen te definitivman pa konvenki. Jou lannwit sa a, mwen te nan agoni! Lidem te plen ak laperèz, epi figim te toujou angoudi menm jan li te ye nan biwo dantis la. Pandan mwentap eseye dòmi, mwen te kòmanse santi yon ti doulè anba zòrèy dwat mwen. Ou kwè se sam panse a? Papam te lite ak paralizi nan vizaj yon ane oswa de avan sa, epi li te dim ke sa te kòmanse avek kèk doulè jis anba zòrèy li. Paralizi Bell rive lè gen yon enfeksyon oswa yon enflamasyon ki pike nè ki kontwole misk fasyal yo, ki pase nan yon ti twou nan zo a jis anba zòrèy la.

Pandan mwente kouche la ap eseye jwenn somey, tout sam te kapab tande se pawòl sa yo ki tap pase nan panse m, “Ou pral fè paralizi Bell menm jan ak papaw.” Lèm leve nan maten, mwen te gen yon ka paralizi Bell! Koulye a, non sèlman machwèm te angoudi, men tou, tout figim sou bò dwat la te angoudi tou, epi mwen pat kapab fèmen jem oswa bouch mwen. Mwen te aneyanti.

Mwen te ale wè yon doktè lokal pou konfime dout mwen yo. Aprè egzamen an, li te gadem epi li te di ke mwen te gen yon ka paralizi Bell. Aprè sa, mwen te di, “Kisa k ap pase aprè?” Li te di, “Oke, nan apeprè 80 a 85 pouzan nan ka yo, li pral geri san paralizi pèmanan.” “Èske li te di sa mwen te panse li te fenk di a?”

Nan pwen sa a, mwen te konnen ke mwen te nan pwoblèm. Mwen te konnen ke dyab la pa tap rete la, epi mwen pat vle wè sa ki te vini aprè. Mwen te konnen ase sou lagè espirityèl poum te rann mwen kont mwen tap ale nan move direksyon an. Sonje byen, sa te pase plizyè ane anvan mwen te konnen anpil bagay sou kalite bagay sa yo. Men, mwen te konnen ase pou reyalize ke mwen te oblige atake bagay sa a

espirityèlman si mwen ta gen poum bat li. Mwen te reyalize tou ke sa a se te yon konfigirasyon dyabolik pou pranm pa sipriz lè mwen te fatige epi mwen pa antisipe okenn pwoblèm.

Nan pwen sa a, mwen te konnen ke sèl espwa mwen se te Pawòl Bondye a. Mwen pat gen absoliman okenn kapasite anndanm mwen poum sispann laperèz ki tap toumante nan tèt mwen. Se konsa, mwen te ekri vèsè lagerizon sou papye memo epi afiche yo nan tout kay mwen an. Mwen te repanti devan Senyè a epi mwen te kòmanse pwosesis pou devlope lafwa nan kè m. Mwen te konnen ke mwen te genyen poum simen Pawòl la nan kèm pou lafwa devlope, poum ta medite sou Pawòl Bondye a pandan tout jounen an.

Okòmansman anyen pa chanje. Figi mwen te rete angoudi, epi mwen te toujou ap goumen ak lespri laperèz la. aprè apeprè yon semèn, san anyen pa janm chanje nan figi m, sa te fèt! Menm jan ak pwosesis ekriti nou an nan Mak 4:26 anseye a, pandan mwente simen Pawòl la nan kè m, lafwa te kòmanse fòme, dabò boujon an, après branch lan, tèt la, epi answit gress ki gen matirite nan tèt la.

Pandan tout pwosesis sa a, pa gen akò epi konsa pa gen lafwa—jiskaprèzan. Sepandan, menmsi mwen pa wè chanjman oswa mwen pa konnen kijan pwosesis sa a fonksyone, daprè ekriti nou an nan Mak 4, bagay yo chanje an reyalite. Chanjman map pale a pokò nan domèn natirèl ki manifeste a, men chanjman an ap fèt nan kè nou. Si nou kenbe Pawòl la, Pawòl la tou dousman chanje sistèm kwayans nan kè nou, sòti nan yon sistèm dout rive nan akò ak syèl la poukont li. Kidonk, nan ka sa a, mwen te kenbe Pawòl la, paske mwen konnen se li sèl ki te solisyon an.

Sanzatann, yon jou, pandan mwentap mache nan kay mwen an kote tout papye memo ki gen vèsè lagerizon kem te ekri sou sou yo afiche toupatou a,m te rive ap gade youn ke mwen te wè yon santèn fwa. Men, fwa sa a lè mwen gade li, BAM! Menm lè a, onksyon an te vin sou mwen, laperèz ale imedyatman, epi mwen te KONNEN mwen te geri. Wi, figim te toujou angoudi. Pat gen okenn chanjman, men mwen te konnen mwen te geri. Nan dezèdtan, figim te konplètman nòmal, epi tout pèt sansasyon an ale. Tout Mèsi Bondye! Pawòl la fonksyone!

Menmsi akòz negligians mwen avèk aktivitem, mwen te kite lavi espirityèl mwen febli, finalman mwen te reyalize erè mwen an epi mwen te repanti poutèt enpridans mwen an. Se te byen lontan lèm tap kòmanse aprann kijan lafwa te fonksyone reyèlman, epi mwen pat gen anpil eksperyans nan domèn sa a. Mwen repanse ak sa mwen te fè a, nan fè tèt cho, olye pou mwen ale tou dwat nan Pawòl

Bondye lèm nan pwoblèm, mwen te pito mande moun apwopo lavni mwen. Lè mwen te konprann sa ki tap pase a, mwen te tounen vin jwenn Pawòl Bondye a avèk asirans. Malerezman, pifò moun pa fè pwosesis sa konfyans paske yo pat janm anseye yo sou lafwa ak kijan li vini. lè yo anba presyon, yo abandone Pawòl la paske yo pa konnen pwosesis la, yo panse li pa fonksyone.

### **Konprann kont atak Satan an**

Lè Christine te vin nan legliz nou an li pat konnen anpil bagay konsènan Bondye. Li te batize nan youn nan sèvis dimanch maten nou yo epi lavi li te reyèlman chanje. Nan legliz nou an nou gen yon klas pou oryantasyon Wayòm. Youn nan aspè nou pale ak anseye sou yo se dwa legal pou resevwa lagerizon. Christine te gen pwoblèm pou li tandé depi plizyè ane. An reyalite, li te mete yon aparèy pou tandé pandan 40 ane epi li te prèske soud. Manman li te soud, epi frè li tou te soufri menm pwoblèm tandé sa a. Lè Christine te tandé antanke kwayan, li te gen dwa legal pou li jwenn lagerizon, li te vrèman eksite!

Nan klas la, madanm mwen te poze men li yo sou li epi li te priye pou li kapab geri, epi menm kote a, pop, li te kapab tandé nòmalman. Christine te kòmanse rele, kriye epi fè Iwanj Bondye. Lè madanm mwen, Drenda, ak Christine te vin rakontem bòn nouvèl la, mwen te santi yon anvi poum avèti li konsènan kont atak Satan an. Mwen te di Drenda pou li enstwi Christine sitoutfwa sentòm yo ta kòmanse retounen pou li deklare li te geri avèk konviksyon sou pwoblèm nan epi konsa Satan va deplase. Nan demen maten tès la te vini. Li pat ka tandé byen ak zorèy li yo ankò. Se konsa, li te fè egzakteman sa nou te di a, “NON! Satan, mwen pa resevwa sa. Mwen geri epi mwen te geri, nan non Jezi!” Pop! Zòrèy li te louvri epi yo te rete louvri depi lè sa.

Sonje byen Satan ap kont-atake epi lap eseye repran teritwa. Pa kite li fè sa. Kanpe sou Pawòl Bondye a!

Nan chapit sa a, mwen te pran yon ti tan poum ba ou yon ti konpreyansyon sou sa lafwa ye, kijan li fonksyone, kijan pou ou konnen si ou nan lafwa, ak ki kote pou ou jwenn lafwa. Ou dwe konnen sa pou Wayòm Bondye a opere nan lavi ou. Sonje byen, Jezi te di fi a: “Se lafwa ou ki geriw”. Epi se menm jan an sa dwe ye pou ou: lè ou gen lafwa, lè kè ou konplètman konvenki nan sa syèl la di, epi lè ou mete digo a se sa ki pral rezoud nenpòt pwoblèm oswa bezwen ou ta ka rankontre nan lavi.

# CHAPIT 6

# BENEDIKSYON SENYÈ

## A

Mwen te chita nan yon restoran ak madanm mwen ak yon oratè nou te envite. Li te anviwon 10:00 nan aswè, epi nou te fenk sòti nan yon sèvis aprèmidi ki te vrèman bon. Sève a te vin pran kòmand nou an epi nou te kòmanse diskite. Oratè mwen te envite a te kòmanse rakonte li kòman sèvis la te bon epi pale apwopo legliz nou an. Lè sa a, li di, “Èske ou renmen lachas?” Sèvè a te di li te renmen lachas. Oratè mwen te envite a te toujou renmen istwa lachas mwen yo, dayè, mwen te remèt li youn nan liv Faith Hunt mwen yo nan aswè sa poul te pote lakay li bay yon zanmil. Mwen te depoze liv mwen te pral ba li poul te ale lakay li a te bò kotem lan atè a.

Sèvè a te tonbe eksplike kòman li pat janm ka kaptire menm yon sèf malgre li ale lachas plizyè fwa. Envitem lan ak mwen te kòmanse eksplike kijan Wayòm Bondye a te fonksyone epi li tap kapab prevwa li ap kaptire sèf chak fwa li sòti. Li pat vrèman konnen kisa pou li te di nou. Men, mwen sonje liv mwen te pote a epi mwen te pwopoze poum ba lil. Mwen te di envite a mwen ap ba li yon lòt kopi epi li te aksepte. Sève a te remèsyem epi li te pwomèt lap fè yon ti lekti nan liv la, men mwen te panse se tap petèt dènye fwa mwen tap gen nouvèl li. Se pat vre.

Yon ane aprè sa, menm oratè mwen te envite a te vin nan legliz la epi li te fè konnen li te renmen restoran nou te ale nan ane pase a epi li te mande si nou ta ka ale la. Se konsa, nou te ale. Lè nou te chita, nou te sezi wè se menm sèvè ane pase a nou

te jwenn. Lè li te vin bò kote nou, li te gade nou epi li di, “Hey, sa gen yon lane nou te vin la, epi nou te pale sou lachas sèf.” Nou te di, “Wi, nou sonje.” Li te di, “Mwen li liv sa a ou te ban mwen an, epi mwen te fè sa li te di a. Mwen te kaptire de sèf ane pase a epi mwen prevwa jwenn sèf mwen an ane sa a tou.” Nou te kontan tande istwa li a men nou pat etone. Wayòm nan pa janm echwe! Mwen tap òganize yon konferans pou anviwon 25 pastè, mwen tap pale sou Wayòm Bondye a epi fason li fonksyone. Se te yon bèl konferans. Pandan mwentapral kite sal konferans lan epi anplwaye mwen yo tap fè netwayaj, youn nan pastè yo te retounen nan sal la. Li menm ansanm avèk madanm li te vin kote madanm mwen epi yo te mande si yo te ka pale ak nou. Pastè a te kòmanse di nou yo ta pral sezi kay li a nan fen semèn nan sof si li ta vini ak apeprè \$ 6,900. Li te eksplike se sèlman \$100 li te kenbe nan men li a li te genyen pou tèt pal. Li te di, “Sa a se tout sa mwen genyen, men mwen vle simen li jan ou te anseye aswè a, nou ta swete ou menm ansanm avèk madanm ou kwè nou va resevwa lajan nou bezwen an pandan semèn sa a.” Nou tout mete men ansanm epi lapriyè epi remèsyé Bondye pou lajan an.

Apeprè yon mwa aprè, mwen te wè menm pastè sa a nan yon lòt evènman, epi li te kouri vin bò kote mwen ak kè kontan. “Mwen dwe di ou sa ki te pase,” li te di. “Mwen pat di ou sa nan premye diskisyon nou an, men mwen menm ak madanm mwen gen yon ti biznis serigrafi a tan pasyèl nou fè nan garaj nou an detanzantan. Nou pa tèlman travay, men detanzantan nou konn gen yon kòmand. Ebyen, jou aprè nou te priye avèk ou a, nou te resevwa plizyè kòmand ki totalize \$8,900. Nou te oblige travay di anpil pandan semèn sa a, men nan Vandredi, nou te gen \$6,900 nou tap bezwen pou nou te konsève kay la. Mèsi!”

Mwen te nan yon kongrè pou pastè nan North Carolina ansanm ak anviwon 500 lòt pastè. Mwen pat pale, mwen te vin patisipe. Yon nonm pwoche bò kotem epi li di: “Mwen bezwen pale avè w.” Se te yon pastè ki sòti Almay, epi li te di li te gen yon istwa entèresan pou li rakonte m.

Pitit gason li, ki te yon adolesan, te yon jan kanmenm te jwenn CD mwen yo. Aprè li fin koute yo, li te pwonose li pral resevwa yon PlayStation 3 pa lafwa paske li pat gen lajan pou li te achtel. Mwen rete kwè tout moun konnen ki sa yon PlayStation 3 ye, men sitoutfwa ou pa konnen, se yon sistèm jwèt enfòmatik. Pastè a te dim kijan pitit gason li te antre nan biwo li yon jou epi li te mande li si li ta kwè ansanm avèk li

pou li resevwa PlayStation 3 sa a. Ptit gason an te eslike papa li sa li tap aprann sou CD mwen yo epi kijan li te vle simen yon grenn epi priye avèk papa li sou sa. Se konsa, pastè a te dim li pat bay sa twòp enpòtans, men antanke pastè legliz la, li te resevwa yon semans nan men ptit gason li, yon ofrann finansye pou legliz la. Li menm ansanm ak ptit gason li a te priye epi yo te kwè ptit gason an te gen yon PlayStation 3, epi yo konsidere pwoblèm nan te rezoud.

Nan demen, yon nonm nan legliz yo a te rele pastè a epi li te mande si ptit gason li pa ta gen pwoblèm fè kèk lajan anplis paske li te bezwen èd nan yon pwojè a kout tèm. Ptit gason an te kontan epi li te fè ase lajan nan pwojè de jou sa a pou li achte PlayStation 3 a.

Sa a te atire atansyon ptit gason an, epi aprè de semèn, pastè a te di ptit gason li an te tounen nan biwo li epi li te mande si li te kapab kwè ansanm ak li pou yon lòt bagay. Pastè a te dim li te di, “Dakò,” men li te yon ti kras sezi lè ptit gason li te mande li si li ta kwè ansanm ak li pou Bondye ta ba li pi gwo misk. Pastè a te dim li pat konnen egzakteman kijan poul reponn ptit gasonl sou sa. Men, aprè sa, li te di ptit gason li an lè li mande pou misk yo li ap gen pou fè pati pa li tou epi toutotan li konprann sa li ap kwè ansanm ak li. Ptit gason li te aksepte. Se konsa yon lòt fwa ankò, ptit gason an te simen pou li gen pigwo misk, epi yo lapriyè avèk lafwa pou sa.

Nan demen, yon machin rale moute nan antre pastè a. Se te yon fanmi ki nan legliz la. Lè pastè a te sòti pou pale ak yo, yo te di gen yon seri altè yo te panse ptit gason pastè a ka gen bezwen paske yo tap fè netwayaj nan garaj yo a. Si se pa sa, yo panse pastè a omwen okouran yon lòt moun nan legliz la ki ta bezwen li. Pastè a te dim pèsonn pat konnen si ptit gasonl lan te anvi gen gwo misk epi yo se yèswa yo te priye sou sa a. Pastè a di li te choke! Li antre nan kay la epi li di ptit gason li, “Kote CD sa yo?”

Mwen abitye ak kalite istwa sa yo. Mwen tandé yo tout tan, epi mwen vle pou ou abitye avèk yo nan lavi ou tou. Jiskaprèzan nou te etabli epi pale sou plizyè aspè enpòtan sou fason lwa Wayòm Bondye a fonksyone, ansanm ak kijan akò oswa lafwa obligatwa pou syèl la ka jwenn legalite oswa otorite sou tè a. Kounye a, ann ale yon ti kras pi fon nan egzakteman kijan lwa sa yo nan Wayòm nan ka ede ak bezwen nou pou finans.

*Benediksyon Senyè a pote richès, epi ou te mèt travay di ou pa ka mete anyen sou li..*

— Pwovèb 10:22

Lèm te wè ekriti sa a pou premye fwa, mwen te panse, “Sa ka rive, se pa siyifikasyon sa li genyen an reyalite, pa vre?” Men, mwen te dekouvrir se egzakteman sa li vle di! Pou konprann sou kisa pasaj sa ap pale a, nou pral oblige tounen nan kòmansman an, lè lòm te fenk kreye.

*Okontré, jan yo ekri sa yon kote nan Liv la:*

*“Bondye o, kisa moun ye pou wap chonje yo konsa ? Kisa moun ki fèt pou mouri y oye menm pou wap pran ka yo konsa?*

*Ou fè li yon ti jan pi ba pase zanj yo pou yon ti tan. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, Ou ba yo tout lwanj ak tout respè. Ou mete tout bagay anba pye yo.”*

*Liv la di Bondye mete tout bagay anba pye lèzòm, sa vle di pa gen anyen ki pa sou zòd yo. Men, nou wè kounyeya moun pa gen pouwwa sou tout bagay.*

— Ebre 2:6-8

Nou te li pasaj sa a déjà, men kounya li enpòtan anpil pou sa nou pral debat la. An rezime, lè lèzòm te kreye, tout bagay sou tè a te anba dominasyon li. Pat gen menm yon sèl bagay ki pat anba otorite li. Li tap dirige domèn tè a antanke delege epi li te pote kouwòn gouvènman li reprezante a. Li te resevwa lonksyon epi yo te ba li yon pozisyon otorite. Bondye te déjà jete Satan sou tè a anvan Li te kreye Adan, paske Satan te revòlte kont Li. Satan te meprize lèzòm paske li te reyalise se toujou anba otorite Bondye li te ye epi se lèzom ki te reprezantan. Lè sa a, Satan te oblige soumèt anba kreyati sa a ki pi fèb pasel parapò ak fason Bondye te kreye li. Epoutan, espirityèlman, chak pawòl Adan te di te gen

**“BENEDIKSYON SENYÈ  
A POTE RICHÈS, EPI OU  
TE MÈT TRAVAY DI OU  
PA KA METE ANYEN  
SOU LI. ”**

— PWOVÈB 10:22

menm otorite tankou se Bondye ki te pale. Adan, yon pitit gason Bondye, te dirije latè nan pozisyon estrawòdinè sa a avèk otorite epi grandè.

Kidonk, Satan te rayi nonm sa a epi li te anvi pran otorite li te genyen sou tè a. Sèl solisyon li te genyen se te jwenn yon fason pou li retire kouwòn lan, pozisyon nonm sa a te kenbe, nan men li. Te gen yon sèl ti pwoblèm. Satan pat gen pouvwa poul pran kouwòn lan nan men Adan; sèl espwa li se fè yon fason pou li te kapab fòse Adan pou ke se li menm ki retire kouwòn lan nan tèt li. Adan ak Èv te chwazi kwè Satan nan plas Bondye epi yo te komèt trayizon kont Bondye, Lè Satan te fè Èv kwè li pat dwe fè Bondye konfyans epi lavi a te gen plis bagay poul ofri pase sa Bondye te ba yo. Finalman, Adan ak Èv te pèdi pozisyon otorite legal yo te genyen nan Wayòm Bondye a, epi Satan te vin bondye mond sa a, jan nou wè Pòl pale sou li nan 2 Korentyen.

*Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche  
lespri yo Li enpoze yo wè limyè bòn nouvèl la. Se bòn nouvèl sa ki fè  
nou konnen pouvwa Kris la li menm ki pòtre Bondye*

— 2 Korentyen 4:4

Anvan Adan te rebele, li te jwi avantaj yon pitit gason genyen. Tout sa Bondye te genyen se te pou li jwi, epi pa menm yon jou li te janm nan bezwen oswa gen tikras laperèz nan lavi li. Bondye te gentan mete tout sa li te bezwen poul viv sou planèt tè depi anvan li te kreye.

Si nou reflechi sou sis jou kreyasyon an nan liv Jenèz la, nou jwenn lèzòm te kreye nan fen sisyèm jou kreyasyon an, se te dènye pati nan plan kreyasyon an Bondye te mete ladanl. Desten li se te pou li viv nan setyèm nan nati li, jan li te kreye fizikman te pi fèb pase li. Men, sou plan jou a, yon jou Bondye te deklare kòm yon jou repo. Sa a se pa paske Bondye te fatige men paske li te fini epi tout bagay te korèk. Pran yon ti tan pou reflechi sou sa Bondye te akonpli a ak bèl pwojè Li te genyen pou lèzòm. Malerezman, Adan te fè kado tout sa yo, epi li te pèdi pozisyon legal li te genyen nan Wayòm nan nan menm okazyon an.

Lè Bondye pwoche bò kotel aprè li te chwazi dezobeyi a, Bondye di Adan:

*Poutèt sa ou fè a, Map madichonnen tè a. Wa gen pou travay di toutan pou fè tè a bay sa ou bezwen pou viv. Tè a va kale tout kalite pikan ak pengwen ba ou. Wa manje fèy ki pouse nan raje. Se swe kouray ou ki pou fè ou mete yon moso pen nan bouch ou jouk lè wa tounen nan tè kote ou sòti a. Paske se pousyè ou ye, ou gen pou tounen nan pousyè ankò*

— Jenèz 3:17b-19

Premye bagay mwen vle ou remake se pa Bondye ki te modi tè a, se Adan ki te modi li. Se li menm ki tap dirije tè a. Se li menm ki te gadyen li. Avèk tout otorite Adan te gen sou tè a, li te trayi gouvènman Bondye a epi mete Bondye deyò. Desizyon sa a te gen anpil konsekans pa sèlman sou Adan, men tou sou tout tè a ak sou tout gason oswa fanm ki tap gen pou viv sou tè a depi jou sa a. Malgre li te toujou kenbe dwa legal Bondye te ba li sou domèn tè a, lè sa li te vin san kapasite poul te dirije selon sa kouwòn ak gouvènman li te reprezante epi ki te soutni otorite li a te mande. Lanmò, ki te yon konsèp etranje pou Adan te vin gen pouwwa sou li lè li te separe ak lavi.

Bondye konfwonte Adan ak sa li te fè a epi lè sa li di Adan premyeman, akoz peche li, li te pèdi pozisyon legal li nan gouvènman Bondye a. Epi paske se Adan ki te reprezantan gouvènman sa a sou planèt tè a, syèl la te pèdi reprezantasyon legal ki te pèmèt li jwenn dwa legal sou latè. Dezyèmman, tè a te vin chanje tou lè sa epi li pap pwodui pwovizyon ankò menm jan li te konn pwodui anvan sa nan Jaden Edenn nan. Lè sa, pou tè a pwodui sal te bezwen epi poul siviv Adan te vin oblige travay di epi bay pase mizè. Lè sa, pikan ak zepin te anvayi jaden yo epi lavi te vin difisil; siviv vin tounen yon mòd lavi.

Mwen bay mòd lavi mizerab sa epi mantalite fòse viv laperèz ak lanmò gate a, ki gen anpriz li sou tout moun ki te vini aprè Adan, pote non sistèm madichon tè a. Se la ou menm ak mwen te grandi epi se yon sistèm siviv nou tout abitye avèk li. Nan Sòm 23, David rele li vale lonbraj lanmò a.

*Menmsi map mache nan fon lonbraj lanmò a, mwen pap pè anyen, paske ou la avèk mwen.*

— Sòm 23:4

Se yon domèn kote lanmò toujou ap fè nou pè. Men, gen yon lòt konsekans negatif anplis. Lèzòm pèdi relasyon li avèk Bondye epi konsa, san li pa konnen—li pèdi objektif li ansanm ak idantitel. Lè Bondye te kreye lèzòm, li te ba li yon misyon, yon devwa. Li te dwe dirije tè a nan non Bondye. Nan lòt mo, Bondye te mete yon misyon avèk yon objektif nan lavi li. Men lè sa, tout sa ki te nan lespri lèzòm se pou li siviv. Objektif li te vin pou li siviv epi se nouvo misyon li te vin genyen. Nan sistèm madichon sou latè pou siviv, tout moun fatige kouri.

Kounye a, chak desizyon lòm pran ta pral pase anba madichon pou siviv sa a, swa pou li jwenn oubyen konsève pwovizyon. Pa gen lapè; Tout jounnen se travay di

## **NAN SISTÈM**

**MALEDIKSYON KI SOU  
LATÈ POU LÈZOM TOUJOU  
AP CHÈCHE SIVIV LA, TOUT  
MOUN FATIGE NAN KOURI.**

ak swe fwon. Sèl fason pou li ta sòti nan lavi siviv sa a, estrès kotidyen an jan nou relel kounye a, se fè yon jan kanmenm pou li gen ase pwovizyon ki estoke pou li ka finalman sispann kouri. Sa a se rèv tout moun ki sou latè, gason kou fanm depi lè lèzòm te pèdi fas

Bondye a. Se sa ki premye objektif yo, pou yo sispann kouri. Kounye a, nenpòt moun ki gen chans posede anpil pwovizyon kache li avèk anpil swen epi pwoteksyon. Yo toujou pè pou yo pa pèdil, paske si sa rive, yo pral oblige oswa tounen esklav travay di ak swe fwon yo yon lòt fwa ankò.

Rèv lèzòm, objektif li genyen pou li ka siviv, jan mwen te di a, se fè yon jan kanmenm pou li gen ase pwovizyon pou li ka sispann kouri tankou esklav pou li kapab siviv epi jwenn repo. Mwen ta renmen ou konprann reyalite sa: Nan sistèm malediksyon ki sou latè pou lèzom toujou ap chèche siviv la, tout moun fatige kouri.

Mwen sonje yon jou mwen te chita avèk yon pastè nan maten. Li tap dim kòman li renmen fè travay Bondye a men pwoblèm lan se lè li sonje sitiyasyon finansye li, dèt yo, epi lajan ki te manke. Li te di pwoblèm finansye li yo te tankou yon dra yo mouye ki ap eseye toufe lavi li epi vòlè tout kè kontan li te jwenn nan sa li tap fè a. Se pa sèlman pastè ki ap konfwonte kalite pwoblèm sa a. Se konsa li ye nan majorite fanmi yo, yo toujou gen dèt.

Tout moun ap chèche yon solisyon, poutan sèl solisyon an se richès, ki depase sa ou ta bezwen. Sistèm madichon sa ki sou latè a lakoz se sa ou genyen ak lajan ou

ka fè ki ba ou yon idantite. Premyèman, lèzòm fin fou tèlman yo bezwen kache kò yo ki touni, lè yo te pèdi vrè destine avèk idantite yo, epi yo pran youn ki pa bon. Lè sa, li eseye ranplase onksyon Bondye a, ki te kouvri li avèk anpil laglwa epi richès. Dezyèmman, li eseye ranplase otorite kouwòn lonè a te ba li a, sa ki te pèmèt li dirije nan Wayòm Bondye a avèk ògèy epi chèche domine sou lòt moun. Kounye a, se yon sèl bagay ki nan lespri lèzòm: jwenn oswa rasanble richès. Lè sa se kantite richès li genyen ak nan kantite pouwwa li ka egzèse sou lòt moun ki ba li yon idantiten. Lè sa, Estati ak pozisyon nan sosyete a gen anpil enpòtans paske se yo menm ki bay lèzòm valè.

Reflechi sou sa. Anjeneral ki premye kesyon yon moun poze yon lòt? “Kisa ou fè pou ou viv?” Poukisa? Èske se paske sa enterese nou osinon nou sousye de sa vrèman? Pa vrèman, men se kesyon an ki detèmine nivo respè nou pou moun sa a. Nan lòt mo, nou ap mande tèt nou, “Kiyès lòt moun sa ye? Ki pozisyon oswa estati li genyen sou latè? Ki kalite respè mwen dwe ba li?” Pou kounye a, se sèlman parapò ak fason gason fonksyone mwen ap pale, medam. Mwen reyalize medam yo detèmine idantite nan yon fason ki totalman diferan.

Pou jiskounye a nou toujou anba sistèm madichon ki sou latè a! Tout desizyon lèzòm ap pran se pou yo kapab fè oswa akimile lajan. San yo pa reflechi sou sa parapò ak objektif yo, lèzoòm konn deplase sòti nan yon vil ale nan yon lòt poutèt yon travay ki peye yo pi plis lajan. Tout moun ta renmen popilè. Poukisa? Se akoz idantite (pozisyon) avèk richès.

Gen yon sondaj konsènan kisa yo ta renmen fè lè yo vin gran ki te fèt pami plizyè milye elèv lekòl presegondè. Swasant-senk poustan pami yo te di ke objektif yo se te vin popilè. Popilè? Dènye fwa mwen te gade, popilarite pat menm yon okipasyon.

Gen yon lòt sondaj ki montre 30 poustan moun kap travay rayi sa yap fè a, epi gen yon lòt ki jwenn gen 40 poustan ki pa renmen travay yo. Kidonk, nou gen 70 poustan moun kap travay Ozetazini ki pa renmen sa yap fè! Kounye a, kisa yap fè la? Se paske yo se esklav lavi siviv, ki fè yo toujou ap travay di avèk swe kouray yo pou yo kapab siviv. Majorite landan yo pa gen okenn objektif avèk pasyon; sa ki motive yo pou yo travay se pou yo kapab peye bòdwo. Lè ou kite nesesite lajan mennenw ou pa gen libète pouw chwazi. Se moun ki peye plis lajan an ki toujou gen rezon. Sa rele estrès kotidyen! Se nan sitiyasyon sa mwen menm ak ou ye. Imajine se yon amstè ki

ap kouri ak tout vitès li san li pa ale okenn kote nan pyèj yo mete pou li. Sa fè nou ri epi nou panse sa bèl. Men, an reyalite, li pa bèl, sa pa bèl ditou. Gen moun ki mouri nan pyèj sa a san yo pa janm rive kote yo te espere rive an.

*Pa bay kò nou traka poun toujou ap chèche sa poun manje ak sa poun bwè. Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon sou latè kap chèche yo tout tan san rete. Men nou menm, nou gen yon Papa ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. Piton ou chèche bay bagay peyi kote Bondye Wa a premye plas nan lavi nou, konsa Bondye va ban nou tou sa nou bezwen.*

—Lik 12:29-31

Se sèl sistèm pou nou travay di ak swe kouray la nou konnen. Si mwen ta di ou dwe peye tout dèt ou, sa vle di ou DWE peye tout dèt ou yo, nan 12 mwa osinon yap voye tout fanmiw nan Pòl Nò pou tout tan (mwen itilize yon egzant ki ekstrèm pou fè nou wè yon bagay), kisa ou tap fè? Mwen pral di ou sa ou tap fè. Touswit, ou tap kòmanse elabore yon plan pou swe epi kouri pi vit. Ou tap di, “Oke, mwen ka fè plizyè lòt travay a tan pasyèl mete sou sa mwen genyen yo. Madanm mwen ka fè kèk lòt travay a tan pasyèl, epi timoun yo ka ede tou.” Ou wè, se sèlman konsa ou konnen pouw fè pwovizyon, sistèm travay di ak swe kouray la. Kitem ba ou yon lòt ekzant sou sistèm sa a.

Ann imajine pandanm tap kouri bò lakay ou, epi mwen te jwenn yon sak mawon anfas lakay ou a ki gen dis milyon dola ladaml. Mwen te kontan anpil, men mwen te konnen ke mwen te dwe rapòte sa. Se konsa, puiske mwen te konnen ou, mwen kouri ale lakay ou epi mwen mande poum itilize telefòn ou an. Mwen rele biwo polis la pandan ou kanpe la epi ou ap koute. Mwen di yo sa ki te pase ak sa mwen te jwenn. Aprè yon ti silans pandan yap tcheke dosye yo, yo dim ke yo pat resevwa okenn rapò sou lajan sa a ki ta ka pèdi epi mwen te kapab kenbel. (Mwen pa panse se sa yo tap di, men se konsa egzant mwen an ye.) Lè yo te dim sa, mwen te kontan anpil. Lè sa a, mwen di ou kisa yo te di, epi mwen te vrèman kontan.

Lè mwen tap rejwi epi eksplike ou tout bagay sa yo ou souri avèk politès. Men, èske ou panse ou tap souri lè ou tap rakonte konjwen ou istwa sa sou tab manje a nan aswè? Mwen pa panse sa. Ou tap di, “SA PA \_\_\_\_\_!” Ou te gentan

konn rès la, pa vre? Kijan ou te fè konnen se mo, “JIS” ki te bon repons lan? Mwen pral di ou kijan, paske se konsa ou te leve. Se avèk sistèm sa ou te grandi. Se travay di ak swe kouray ki lakoz.

Nan egzanp mwen an, mwen te jwenn lajan san mwen pa travay pou sa, epi sistèm lan pa okouran li egziste. Se pa yon bon bagay. Se pa paske mwen pat travay pou lajan sa a ki fè li pa yon bon bagay non; se paske mwen te sèlman jwenn li. Lè ou konnen ke pwobableman ou pa tap jamn gen yon chans konsa, sa tap fè ou genyen anpil jalouzi ak rayiman nan kèw, paske ou konnen ou tap kontinye rete esklav lavi siviv la.

Sepandan, si mwen ta vin legliz yon jou ak tout rad mwen chire e sal epi mwen te leve epi li di pèp la, “Nou reyisi! Drenda ak mwen te travay 22 èdtan pa jou pandan dis dènye ane ki sot pase yo, epi nou finalman peye kay nou an,” Tout moun ki te la tap bat bravo lakontantaman. Poukisa? Se paske gen yon moun ki te reyisi, epi ou twouve sa ankourajan. Gen yon moun ki te reyisi; gen yon solisyon! Petèt si nou ta sere dan nou, aksepte soufri, peye pri a, nou ta libere tou. Men, poukisa pèsònn pat bat bravo lakontantman lè mwen te jwenn lajan an byen poze sou wout la? Epi poukisa ou te gentan konn rès sam tap di a byen fasil konsa? Se paske se konsa ou panse; se sa ou reve tou. Sistèm travay di ak swe kouray la aprann nou tout sa dwe kòrèk. Lè ou gen lajan san ou pa travay se pa yon bon bagay.

Men, tout moun reve pou yo sòti nan sistèm travay di ak swe kouray la. Pifò moun anvi vin rich, yo anvi vin milyonè. Yon milyon dola, pa gen menm enpòtans li te konn genyen an ankò, men kantite a toujou fè nou panse se richès. Richès ofri posiblite pou libète parapò ak woutin kotidyen pifò moun ap viv ladan li a. Tout moun fatige kouri, epi si yo gen yon milyon dola sa ta vle di yo ap sispann kouri epi yo ap finalman fè sa yo te vle fè. Reflechi sou sa: Kisa ki atire moun jwe lotri? LIBÈTE! Libète pou chwazi, pou pran desizyon ki pa konsène peye bòdwo osinon pou nou ap siviv.

Emisyon, *Ki moun ki vle vin milyonè?*a, gen anpil popilarite. Li atire moun paske tout moun reve libète sa a. Pandan yap gade emisyon an, yo angaje emosyonèlman, yo ap ankouraje konpetitè a, nan lespwa ke li ap reyisi.

Banm fè yon ti pale sou yon lòt sijè, definisyon mo vòlè se lè ou jwenn san ou pa travay pou sa. Li ofri libète nan sistèm madichon tè a tou, nan yon move sans. Kidonk nou dakò tout moun vle sispann kouri! Men, èske gen yon solisyon? Moun

toujou ap fè plan pou yo gen lajan. Moun lòtbò dlo voye omwen dis imèl pa jou ban mwen pou rakontem istwa tris yo sou fason yo eritye 20 milyon dola epi yo bezwen yon moun ki ede yo mete li yon kote ki an sekirite. Yo ofri yon mwatye ladan si sèlman mwen ta gen volonte pran lajan an epi pwoteje li. Natirèlman, yo vle poum ba yo adrès imel mwen an epi poum peye ti frè pwosesis la ap mande a, frè pou yo anbake lajan an, asirans, anpil lòt frè yo ap mande ki pou ta ba yo aksè ak eritaj la. Vrèman? Èske mwen sanble yon moun sòt?

Gen yon kliyan ki te relem, epi li te vle pou mwen ba li yon konsèy sou yon envestisman li ta pral fè. Mwen te poze li kesyon mwen abitye poze yo, epi mwen te dekouvri ke li te gen anviwon senk milyon dola poul envesti. Li te dim ke li pat gen lajan an nan moman sa a, men se eritaj li ta pral jwenn. Mwen te mande li konbyen tan li te panse testaman an ta dwe regle, epi li te di nan apeprè de semèn. Se konsa, mwen rele li nan apeprè de semèn, epi li te di ke sa tap yon ti tan anplis. Li te gen pwoblèm pou jwenn eritaj la paske se bank Ewopeyen ki te kenbe li. Oke, sa te vin enteresem, kidonk mwen te kòmanse poze kesyon yo. Istwa a se ke li te gen yon swadizan tonton ki mouri Lafrans. Tonton sa a kite senk milyon dola pou li. Sepandan, te gen yon obligasyon taks 50,000 dola li te toujou dwe sou eritaj la poul te peye anvan pou yo transfere eritaj la ba li. Li te dim ke li te toujou ap eseye jwenn lajan an epi li te aplike pou yon ipotèk kay.

Mwen te mandel si li te gen yon avoka, epi li te di, “Wi, avoka ki te relem sòti Lafrans lan ap travay sou sa.” “Kidonk, se yon avoka Ameriken ki pou travay sou sa ou pa genyen?” Li te di, “Non, se sèlman avoka ki te relem sòti Lafrans lan.” Li te kontinye eksplikem akoz li pat kapab jwenn 50,000 dola a, avoka Lafrans lan te di ke lap peye mwatye ladaml, epi ke li te kapab remèt li lè lajan an te libere. Mwen te di, “Non, sa a se yon kou monte!” Malgre ke li pat janm tandé pale de swadizan tonton sa a anvan sa, li te kwè ke sa a te reyèl. Mwen rele li ankò aprè de semèn, epi li te di ke li prèske fin rasanble tout lajan an pou li transfere nan bank la. Yon lòt fwa ankò, mwen te di li, “Yo déjà gen senk milyon dola a. Si yo te reyèlman vle lajan taks la, yo ta ka tou senpleman imèl ou oswa voye yon fòm pou ou siyen lannwit epi voye li tounen ki otorize yo pran 50,000 dola a nan lajan yo déjà genyen an. ‘Men, li pat vle kwèm epi li te kwè yo tap di laverite.

Dimanch ki sot pase a nan legliz la, mwen te gen yon sitiyasyon ki menm jan an. Te gen yon jenn gason ki te mandem konsèy pou yon envèstisman sou kèk lajan

li tap jwenn nan yon eritaj kap sòti lòt bò dlo. Mwen pa kitel fini fraz li a. Mwen te di, “Mwen konnen, mwen konnen, yo vle ou voye yon frè konsa epi yo ap baw aksè ak lajan an, pa vre?” “Oke, wi, kijan ou fè konnen?” Mwen te di li menm bagay la, ke se te yon kou monte. Malgre ke li pat konnen nonm ki te swadizan mouri a, epi li pat gen okenn avoka isit la nan peyi Etazini an, li te kontinye dim li gen lajan an toutbonvre. Poukisa mesye sa yo te kwè nan sa?

Paske yo vle lib! Yo pa ka blyie sa paske, nan lespri yo, si gen yon dizyèm sou yon milya chans pou sa ta reyèl, yo tap pran li.

Kitem ba ou yon lòt egzanp. Biznis sèvis finansye ke Drenda ak mwen posede a kouvri tout peyi Etazini. Se yon gwo biznis! Gen bonjan opòtinite nan konpayi mwen an; Mwen gen moun ki fè plizyè santèn milye dola pa ane. Men tou gen anpil bagay pou aprann nan biznis mwen an. Se lajan moun wap jere. Gen lwa ke ou dwe konnen ak estrateji planifikasyon imobilye pou aprann.

Mwen te fè piblisite nan radyo nan zòn Columbus, Ohio, sou yon estasyon radyo kretyen lokal pou mande rezime, paske mwen tap chèche kèk bon kandida. Nou te gen anviwon 50 moun ki te vini. Olye poum te fikse entèvyou touswit, mwen te deside fè yon sesyon oryantasyon nan yon otèl ki tou prè pou edem evalye aplikan yo. Reyinyon an te kouvri gwo potansyèl konpayi nou an genyen sou mache a, kijan nou ap aji pou non sèlman pataje kòman finans fonksyone, men tou pou mete konsèy sa a nan yon pèspektiv vizyon kretyen. Nou te kouvri tou kijan konpayi an te fonksyone anrapò ak pwosedi, konpansasyon, fòmasyon, ak kondisyon pou lisans. Mwen te deja konnen ke anpil nan kandida mwen yo tap abandone lè yo te wè ki valè travay yo tap gen pou yo fè pou 200,000 nan yon ane.

Aprè reyinyon an, mwen tap mache nan koulwa otèl la epim te wè gwo sal prensipal la te genyen plis pase 1,000 moun ladaml. Tout te vini pou menm rezon an. Te gen yon gwo konpayi popilè ki tap bay yon prezantasyon pou moun te ka rantré nan konpayi yo a. Men, poukisa te gen anpil moun la konpare ak 50 ki te nan espas kotem te ye a? Repons lan senp—lajan! Malerezman, epi se pa reyèlman sa gwo konpayi a te di, men pèsepsyon an se te “Si mwen antre, epi mwen ka refere twa moun, epi bam, mwen se yon milyonè.” Koulye a, mwen te sou mache a ase lontan poum konnen ke nenpòt moun ki fè gwo lajan nan biznis milti-nivo travay di! Wi, genyen potansyèl, men ankò, pèsepsyon an se lajan fasil epi “Si mwen kite opòtinite sa a ale, gade valè moun ki la, se pi bèl opòtinite map rate nan lavim!” Tanpri, pinga

nou mal konprann sa mwen di a. Mwen gen anpil bon zanmi ki te fè plizyè milyon nan konpayi sa yo, epi yo genyen anpil piblisite pou gwo konpayi sa yo. Men, mwen tou senpleman lonje dwèt sou pèsepsyon mwatye nan moun ki ap antre nan gwo konpayi sa yo genyen. Nan sistèm madichon sou latè pou siviv la, lè se lajan fasil wap vann se gwo lajan.

Si ou ta pran yon ti poz pou yon moman epi mande tèt ou ki enpòtans ou bay lajan, swa pou jwenn li oswa pou pwoteje sa ou genyen, wap sezi. Map di sa yon lòt fwa ankò, yon fason pou ou konprann pi byen: Tout moun vle sispann kouri, epi yo fatige nan viv senpleman pou yo ka siviv! Sa ki fè nou renemn fen semèn nan se

## **SI OU PA REGLE PWOBLÈM**

### **LAJAN AN, SE ANBA**

### **MANTALITE SIVIV SISTÈM**

### **MADICHON KI SOU LATÈ A OU**

### **PRAL DESTINE POU OU RETE**

### **PANDAN TOUTRÈS LAVI OU**

paske nou pran yon poz. Sa ki fè nou renmen ale nan vakans se paske nou ka pran yon poz. Sa ki fè nou renmen retrèt se paske nou ka finalman pran yon poz epi fè sa nou vle fè a. Pinga nou mal konprann sa mwen di a. Se pa konsa majorite moun pèsevwa lavi a, pou yo rete san yo pa fè anyen. Epi

mwen pa di se sa Bondye vle pou ou nonplis. Non, nou te kreye pou nou aktif nan misyon nou, objektif nou te kreye pou nou akonpli a. Malerezman, sa fè lontan depi pifò moun abandone rèv yo paske yo toujou ap chèche siviv.

Mwen sèten ou te tandé yon moun di sa, oswa sa ka rive se ou menm ki te di sa: “Mwen dwe ale travay jodi a.” Ebyen, kòm pwobableman ou déjà conn sa, se paske moun yo pa renmen travay la ki fè yo “dwe” ale nan travay la. Sepandan, sa fè yo fleri lè yo jwenn yon travay ke yo vle, yo mete anpil pasyon avèk angouman nan sa yap fè a. Anjeneral, se pa konsa pifò moun ap viv. Okontrè, yo toujou di, “Mwen dwe ale travay jodi a.” Yo senpleman ap touche yon ti lajan, yo senpleman ale travay yon jounen anplis, yon lòt jou kote yo senpleman ap siviv epi yo apèn ka sipòte. Pifò kòmanse byen nan lavi avèk anpil eksitasyon. Travay yo te pran pou yo sèlman peye bòdwo a te yon bagay tanporè, pou jiskaske yo jwenn yon solisyon. Men, sa yo te vin reyalize se ke lavi te vin flou devan je yo, epi lè yo rive nan laj karantèn, yo reyalize ke pa gen anyen yo ka fè. Yo rele sa kriz laj karantèn, epi pou premye fwa nan lavi yo, yo reyalize ke yo te pran nan pyèj.

Zanmim, se pa konsa Bondye te kreye nou pou nou viv. Nou konnen sa deja. Men, se pou nou ka chape anba avni mizerab sa a ke Drenda ak mwen te pase plizyè lane ap di ke si ou pa rezoud pwoblèm lajan sa, ou pap janm jwenn objektif ou, sèl objektif ou dwe akonpli nan laviw la. Toutotan pwoblèm lajan an pa rezoud, ou pral rete anba mantalite siviv sistèm madichon tè a pou tout rès lavi ou.

### **Si ou pa rezoud pwoblèm lajan ou a, ou pap janm dekouvri objektif ou te kreye pouw akonpli a!**

Sepandan, ann pale sou sa lavi ou ta ka sanble. Ann konsidere yon bagay ou renmen fè. Ann di se te gòlf. Èske ou te janm tandem yon moun di, “Darn, mwen dwe ale jwe gòlf jodi a”? Oswa èske ou tandem yon moun di, “Darn, jodya se vandredi swa; Mwen rayi vandredi swa. Prefere li te lendi maten, pou mwen te kapab retounen nan travay la.” Oswa ann di ou te renmen lapèch. Èske mwen tap janm tandem ou di, “Darn, mwen dwe ale lapèch jodi a”? Non, mwen pa kwè se sa ou tap dim paske ou gen yon pasyon pou sa. Kisa ki ta rive si ou te viv lavi ou ak menm kalite pasyon epi angouman pou sa ou tap fè a, epi ou te kapab konsantre sou pasyon ou epi jwenn kote ou santiw byen an, pa kote wap swe nan lavi a? Epi si ou te gen ase lajan pou pran swen fanmi ou epi viv yon lavi san estrès finansye? Èske vrèman gen yon fason pou fè sa? Drenda ak mwen te dekouvri ke genyen youn!

*Benediksyon Senyè a pote richès, epi li pa ajoute pwoblèm ak li.*

— Pwovèb 10:22

Pran tanw, pran sanw pouw gade pasaj sa a. Vèsyon Ebre a pale sou richès san ou pa travay di. Ou wè li? Wayòm Bondye a ofri yon mwayen pou nou chape anba sistèm travay di ak swe kouray Adan te kite pou nou an. Èske sa vèsè sa a di a se vre? Wap dakò ke si se vre, ebyen, se pi bon nouvèl ou te ka janm tandem depi lontan ou fenk sot li la. Egzakteman! Se poutèt sa nan Ezayi 61, genyen yon pwofesi ki pale de Jezi avèk sa li tap vin fè nan ministè li a ki di:

*Lespri Seyè a sou mwen, paske Seyè a chwazim poum anonse pòv yo bon nouvèl la.*

— Ezayi 61:1

Kisa ki yon bòn nouvèl pou yon moun ki pyeje nan mòd siviv sistèm madichon tè a? Nòmalman, se libète finansye! An reyalite, Jezi tap di ke sa Wayòm Bondye a bay yo pa fè pati sistèm madichon tè a pou nou toujou ap travay di ak swe kouray nou. Onetman. Se sèlman vit nou ka kouri, epi pou pifò moun, yo ap pase mizè pou yo kouri epi yo vin reyalize yo sa pa sifi pou ba yo libète. Pandan 9 lane sa yo kote Drenda ak mwen te gen anpil dèt, mwen te kouri kont mwen. Tout kliyan konpayi nou an te genyen pandan 27 dènye ane yo tap kouri menm jan an tou. Poutan, malgre dilijans yo, yo te toujou pyeje nan yon lavi esklavaj finansye. Yo tout te rele nou paske yo te vin reyalize ke yo te san espwa finansyeman, li te vin pi difisil pou reyalize rèv pou yo gen endependans finansye a, epi lavi siviv te pran plas vizyon yo te genyen. An nou egzamine mo pwovizyon an ansanm avèm pou yon ti moman.

Provizon se pro-vizyon.

San pwovizyon pa ka gen vizyon paske lè pa gen pwovizyon, tout vizyonw se pou ou jwenn pwovizyon. Ankò, se konsa pifò moun ap viv—yon lavi san vizyon. Sa a se esklavaj nan menm lè li pa sanble sa.



# **CHAPIT 7**

# **PÒT LA!**

Ann fè yon ti revizyon pandan yon moman sou sa nou te aprann konsènan Wayòm Bondye a. Premyèman, nou te aprann ke Bondye te mete lèzom sou tè a nan pozisyon pou li renye sou latè. Nou te wè nan Ebre 2 :7-8 ke pat gen anyen sou latè ki pat anba responsabilite lèzòm. Akoz de sa, nou te dekouvrir lèzòm se te kle oubyen pòt ki pou bay aksè sou latè a. Satan te konnen sa, e se poutèt sa li te atake Adan ak Èv nan plan li pou li te pran otorite sou latè. Lè Adan ak Èv te sikonbe anba plan desepsyon satan an, yo te peche epi yo te koupe dwa gouvènman Bondye a sou lavi yo. Lespri Bondye a, ki te kouvri yo nan kreyasyon an, te oblige abandone yo lè sa. Yo pat sèlman toutouni fizikman men yo te toutouni espirityèlman tou. Mwen kapab imagine kijan yo te choke lè lespri Bondye a te sòti sou yo a. Bib la di yo te kòmanse rache fèy bannan pou kouvri kò yo menm kote a paske yo te santi yo toutouni.

Malgre lèzòm te toujou nan pozisyon pou li te renye sou latè menm jan sa te ye depi nan kreyasyon an, li te pèdi otorite ak pouvwa pou li te domine latè espirityèlman lè sa. Paske li te chwazi fè rebèl kont Bondye epi li te chwazi kwè epi asosye ak satan nan plas Bondye, lèzòm te vin anba otorite satan e, kòm konsekans li te jwenn menm jijman ke yo te bay satan (Lisifè) lè yo te mete li deyò nan syèl la. Jijman sa se yon kote yo rele lanfè, yon kote ki genyen touman epi ki pap janm gen

prezans Bondye. Fòk nou konnen ke lanfè pat janm kreye pou lèzòm, se pa paske yo tap panse ak lèzòm ki fè yo te fè lanfè a. Se pat janm nan entansyon Bondye pou lèzòm te janm ale la.

*Aprè sa, la pale avèk sa ki sou bò gòch li yo, la di: Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan dife ki pap janm mourian, dife ki te pare pou dyab la ak zanj li yo. ”*

—Matye 25 :41

Pou li ka delivre lèzòm anba sò sa, Bondye tap bezwen etabli otorite gouvènman li an sou latè ankò. Li tap oblige jwenn yon fason pou li pran otorite sa nan men satan ankò. Gen yon sèl fason sa te ka fèt. Se yon moun ki te san peche ki tap gen pou li bay tèt li nan plas Adan pou li te pran pinisyon lanmò. Men te gen yon ti pwoblèm ki te ka anpeche plan sa fonksyone. Tout moun ki te sou latè lè sa a, se te desandan Adan, yo te tache avèk peche e pou rezon sa yo pat kapab pote lespri Bondye a ak otorite li. Men Bondye te gen yon plan pou li te rezoud pwoblèm sa. Si sa te posib, plan sa tap mande pou prensip li yo, Lalwa li a, etabli epi ekri sou latè kote lwa sa lakoz yon moun ki ap viv sou latè parèt inosan. Se selman konsa nonm sa tap ka legalman bay tèt li kòm volontè pou pran plas Adan an, pou li pote pinisyon ak sanksyon Adan yo sou do li.

Men vrè pwoblèm ki te genyen ak prensip sa se paske nonm ki tap ka fè sakrifis sa pa tap ka yon desandan Adan, paske linye sa te gentan tache ak peche epi yo te pèdi fas Bondye. Kidonk, kòman plan pou delivre limanite a tap fè posib? Pou sa te ka posib, sa tap mande pou Bondye ta mete yon nonm sou tè a ki pat sòti nan linye Adan an epi ki tap vle sakrifye tèt li pou lèzòm. Men yo te gentan bay Adan ak desandan li yo latè, alòs parapò ak lwa sa, sa tap ilegal tou. Te gen yon sèl fason pou sa te reyalize, yon sèl fason. Nonm sa te dwe pran nesans isit la, men li pat dwe sòti nan linye Adan an.

Lèw fenk gade sitiyasyon an, ou ka petèt aksepte ke sa, yon lòt fwa ankò, te enposib. Men teknikman, te gen yon mwayen pou sa te fèt. Legalman, Bondye te ka mete yon semans mal nan yon fanm sou tè a sitout fwa li tap ka jwenn yon nonm ki tap fè li konfyans pou li fè sa, ki tap ba li dwa legal pou li te fè sa. Sonje byen, se lèzòm ki te genyen kle latè. Satan te itilize menm kle sa pou li te genyen aksè sou latè epi volè otorite espirityèl Adan te genyen sou latè a. Pou plan Bondye a mache

epi poul pwouve ke plan an legal sou tè a bay satan, ki tap sètènman rele pou enjistis. Bondye tap bezwen pou li jwenn yon nom ak yon fanm ki tap fè li konfyans pou li ba yo yon ti bebe nan moman li ta totalman enposib pou yo te gen yon ti bebe. Yo tap gen pou fè Bondye konfyans pou li reyalize sa ki enposib la pou yo.

Pwomès destine ti bebe sa tap tou lye ak nesans li, tout nasyon ki sòti nan li yo tap jwenn benediksyon, paske se tap atravè linye li ke Bondye tap legal epi gen dwa pou li mennen Jezi nan monn sa. Si te gen yon koup ki te ka kwè Bondye pou li te fè sa, mete yon timoun nan yon matris ki mouri, kwè ke atravè timoun sa tout nasyon tap beni epi nesans li tap bay plis desandans ke sab ki bò lanmè, lè sa Bondye tap gen dwa legal pou li te plase semans li nan mari, manman Jezi. Men eske Bondye tap ka jwenn yon nom konsa? Non li se te Abraram, li se papa lafwa nou.

*Abraram te gen konfyans nan Bondye, li tap tann pwomès la, malgre lè sa a li pat gen okenn rezon poul te tann ankò. Se sa kifè li tounen zansèt moun anpil nasyon daprè sa Bondye te dil: Ptit ptit ou yo va anpil. Lè sa a, Abraram te vanse gen santan. Men konfyans li pat febli lè li te wè kò li ap tchoule, epi madanm li Sara pa tap ka fè ptit. Non, li pat pèdi konfyans nan Bondye, li pat janm mete nan tèt li pwomès Bondye a te ka pa rive. Okontré, li te vin gen plis konfyans toujou. Epi li tap chante lwanj Bondye. Li te gen fèm konviksyon Bondye te gen pouvwa poul te fè sal te pwomèt la.*

—Women 4:18-21

Abraram ak Sara te met lafwa yo nan Bondye epi lè yo te vrèman aje epi yo pat ka fè timoun, yo te vin fè Izarak. Akoz se te Abraram ki te kwè nan Bondye, pwomès la te ka vini sèlman atravè pòt Abraram te ouvè a. Jezi tap genyen pou li vini atravè linye

## **LÈ SA YO TE SÒTI ANBA MALEDIKSYON POU YO TRAVAY DI EPI POU YO SIVIV AK SWÈ FWON YO.**

li te vini atravè Abraram. Sepoutèt sa, si nou gade nan premye chapit liv Matye a, nap jwenn yon lis monotòn ki gen ladan li plizyè entèl, ptit entèl ak entèl. Chapit sa pa premye chapit pou granmesi. Se pwouve lap pwouve Jezi se te desandan Abraram

ki sòti nan Abraram lan. Kitem fè nou konprann pi byen. Pou Bondye te ka mennen Jezi nan mond lan, fòk li te sòti nan linye Abraram. Se sak te dwe fêt! Sèl mwayen pou sa te legal se pou

toutbonvre. Sa te dwe enskri sou latè kote satan te reklame dwa pou li domine epi gen otorite sou li. Si lis sa pat egzat oubyen si Jezi pat sòti nan linye Abraram lan toutbonvre, alòs satan tap fè konprann nesans ak lavi Jezi se te fwod epi tou li pat kalifye pou li peye pri pou peche nou yo.

Si nou sonje, Izrayèl te gen anpil lwa ki te entèdi maryaj avèk yon lòt ras. Lè yon moun te marye ak yon lòt ras yo te konn touye moun sa. Kounyea ou konnen poukisa linye a te dwe rete pi epi sa ki fè yo tap protejel byen konsa. Se vre, wap jwenn eksepsyon pou fanm ki pa fè pati de ras izrayèl la, ki te marye ak izrayelit, tankou Rahab, ki te rete nan lavil Jeriko epi ki te kache espyon ki te vini pou espyone teritwa a. Se vre, yo metel nan lis ki nan premye chapit liv Matye a paske li te marye ak yon izrayelit. Men fòk ou konprann ke nan kilti jwif la se te nonm nan ki te pote linye a.

Kite mwen fè yon ti sote nan sa yo rele move chemen an pou yon moman. Gen anpil diskisyon ki fèt sou kantite tan lèzòm genyen sou latè. Eske gen yon mwayen pou nou konnen repons lan vrèman? Wi! Mwen ka ba nou garanti sou gress verite sa. Lis sa ki nan premye chapit liv Matye a oblige kòrèk. Nenpòt moun ki te absan tap lakoz ou menm ak mwen pa jwi Sali ke nou ap jwi la a. Satan tap rele pou enjistis. Lis sa te dwe pafè! Kidonk, baze sou sa, ou kapab kalkile yon valè apwoksimativ pou kantite tan lèzòm genyen sou tè a. Mwen te sèlman vle ajoute sa.

*“Map ba ou anpil ptit ptit. Ya nonmen non ou toupatou. Wa sèvi yon benediksyon pou tout moun. Map voye benediksyon mwen sout tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men map madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon.”*

—Jenèz 12:2-3

Jan ou ka wè nan pasaj sa, pòt sa Abraram te etabli nan wayòm latè a se pòt legal ke Jezikris ta pral pase ladaml epi beni tout moun ki sou latè. Malgre Abraram ak desandan li yo te bay Bondye dwa legal ak otorite li te bezwen poul te pote pouvwa ak enfliyans gouvènman li an sou latè yon lòt fwa ankò, lèzòm te toujou kwense anba pwa peche ak lanmò espirityèl jiiskaske Bondye te kapab pote Jezi nan mond lan, pou Li kapab peye pri peche Adan an. Men nan sa ki gen rapò ak pwovizyon sèlman, nou vin dekouvrí Abraram ansanm ak eritye li yo, sila ki te pote

mak sikonsizyon yo te pwospere! Kounyea yo te sòti anba malediksyon pou yo travay di epi pou yo siviv ak swè fwon yo.

*Abraram te rich anpil, li te gen anpil mouton, anpil kabrit ak anpil bèf, li te gen anpil lajan ak anpil lò.*

—Jenèz 13 :2

Nan pasaj sa, nou wè yon gwo chanjman alyans sa te pote nan sa ki gen rapò ak pwovizyon. Ki diferans ou remake nan sa Bondye di Abraram lan, avèk sa Bondye te di Adan nan Jenèz 3 :17 lan? Sonje byen aprè Adan te fin peche a, Bondye te dil lap gen pou li travay di li epi se ak swe fwon li tap gen poul siviv. Men kounyea parapò ak Abraram, nou wè gen yon diferans. Bondye te di, “Mwen pral fè ou!” Li pat kite Abraram avèk kapasite pèsònèl li poul te travay di ak swe fwonl. Bondye te enplike kounyea. Bondye te di, “Mwen pral fè ou! ” Alòs èske nou remake Abraram tap goumen poul te viv? Non!

Abraram te rich! Pitit li yo te rich. Abraram tap viv yon lavi ki pat anba malediksyon domèn tè a. Li te posede plis ke ase! Sa pat pran tan pou moun wè diferans lan. Diferans sa te kontinye desann atravè linye li. An reyalite, kèk jenerasyon aprè Abraram, pitit pitit li Jakòb te travay pou laban ki te bò pè Jakòb.

**LA RETE NAN SYEL LA, LA  
LOUVRI TREZÒ LI, LA  
VOYE LAPLI LÈ SEZON AN  
VA RIVE, LA BENI TOUT  
TRAVAY NAP FE.**

—**DETEWONÒM 28:8A**

Laban te wè benediksyon Jakòb epi li te eseye vòlè pwosperite li yo. Men Bondye te chanje plan pou li vòlè benediksyon sa yo nan fè pwòp tèt li mal epi Li te kontinye beni Jakòb avèk gwo richès. Sa mwen vle di a se, malgré moun te eseye bloke benediksyon sa, yo pat kapab.

Toutotan eritye yo te rete an akò avèk alyans lan epi yo te fè sèvis Bondye, Bondye te fè yo vin pwospè.

Panse avèk ki konsekans sa map di yo gen ladan yo! Gen moun ki voye tout kalite lèt ak imèl ban mwen pou dim mwen pale twòp sou lajan. Yo di mwen pwosperite se pa sa Bondye vle. Yo fè konprann pou nou kapab sèvi Bondye nou tout dwe soufri anpil nan lavi nou. Mwen kapab dakò avèk yon pati nan deklarasyon yo a. Jezi te di pwosperite nou ka lakoz nou soufri pèsekisyón nan Mak 10 :30.

Malerezman, anpil kretyen kwè Bondye se yon mèt ki pa gen mizerikòd epi nou dwe soufri nan lavi pou nou siviv, pou nou fè yon pak ak pòvrete, epi pou nou soufri anba maladi ak doulè. Non, sa yo se malediksyon latè yo pa fè pati benediksyon an! Bondye vle beniw finasyèman.

## **Bondye Vle Mete ou apa!**

Lè ou pa an sekirite epi ou pa etabli finansyeman, ou vin oblige ap siviv pandan tout laviw, lè sa ou pap kapab ranpli devwa espirityèl ou, ou prèske ap viv tankou esklav. Fè yon ti gade kisa Bondye te di moun desandan Abraram yo nan Detewonòm 28: 8-13

*“Senyè a va beni nou tout tan, la beni depo manje nou, la beni tout sa nap fè. La beni nou nan peyi Senyè a, Bondye nou an, va ban nou an. Senyè a va mete nou apa kòm yon pèp kap viv pou li, Si nou fè tout sa Senyè a, Bondye nou an, mande nou fè, janl te fè nou pwomès la. Lè sa a, tout pèp sou latè va wè Senyè a te chwazi nou pou pote nonl, ya gen respè pou nou. Senyè a va kouvari nou ak benediksyon, la ban nou anpil pitit, anpil bêt ak anpil rekòt nan peyi Senyè a te pwomèt zansèt nou yo lap ban nou an.*

*La rete nan syèl la, la louvri trezò li, la voye lapli lè sezon an va rive, la beni tout travay nap fè. Na gen dekwa pou nou prete moun. Nou pap janm nan bezwen prete. Senyè a va mete nou devan, nou pap janm dèyè. Na toujou anwo, nou pap janm anba, depi nou swiv tout lòd Senyè a, Bondye nou an, depi nou fè tout sa mwen mande nou fè jodia. epi nou suiv yo byen, nou va toujou anwo, nou pap janm anba. ”*

Remake byen malgre yo te gen pwomès la, yo potko etabli nan nouvo tè sa. Men Moyiz di yo Bondye pral mennen yo nan tè a! Pou konprann a kisa sa te ka sanble epi kisa Bondye ap eseye di yo, panse ak yon pyebwa chèn lè lap grandi, li pokò etabli. Nenpòt moun ka deplase li nenpòt lè YO vle epi mete li nenpòt kote yo vle. Men lè pyebwa chèn sa grandi epi li vin mati, pa gen moun ki ka deplase pye bwa sa, paske li etabli.

*Senyè a va beni nou tout tan, la beni depo manje nou, la beni tout sa nap fè. La beni nou nan peyi Senyè a, Bondye nou an, va ban nou an. Senyè a va mete nou....*

—Detewonòm 28 :8-9

Alòs a kilè nou ka di yon moun etabli finansyeman? Bondye di nou sa byen nan vèsè 12b a:

*Na gen dekwa pou nou prete moun. Nou pap janm nan bezwen prete. Senyè a va mete nou devan, nou pap janm dèyè.*

Bondye tap di yo benediksyon li ta pral ba yo a tap tèlman anpil, se yo menm lòt nasyon yo tap vin mande prete, epi yo patap janm mande lòt nasyon prete ankò. Se yo menm ki tap tet, yo patap janm ke a. Paske ke a pa gen ankenn desizyon li ka pran sou kote pou li ale; se sèlman kote tèt la dirije li a li prale.

*Moun rich ap dominen sou moun pòv. Lè ou prete lajan nan men yon moun ou tounen timoun devan pòt li.*

—Pwovèb 22 :7

Moun kap mande prete a pa yon moun ki etabli. Moun kap prete yo a gen pouvwa sou yo, yo vin tankou yon yon esklav ki pa gen libète. Men Bondye di, “NON! Mwen pral etabli! Pa gen ankenn moun ki ap ka diw pouw deyò lakay ou paske fow peye. Pa gen moun kap ka repran machin ou paske fow peye. Ou va plen pwovizyon alimantè, epi wap mache sou teren ki relew paw, wap ranpli devwa ke Bondye ba ou nan yon lapè finansye. Wap beni! ”

**Bondye vle pou ou pwospere!**



# CHAPIT 8

# POUVWA

# FIDELITE A

Bagay sa ou sou wout pouw li la se yon prensip nan Wayòm nan ki pwisan anpil, nan yon pwen mwen te santi ke se li ki merite pou li soutit liv sa a. Nou jwenn li nan istwa lavi Jozèf, gran ptit ptit Abraram nan. Poum ka ba ou kèk enfòmasyon sou kiyès li ye, frè li yo te rayi Jozèf, epi yo te vle debarase yo de li. Anreyalite, yo te vle touye li, men youn nan frè sa yo pat vle rive lwen konsa; Alòs, olye de sa, yo te vann jozèf bay kèk komèsan ki tap vwayaje epi ki te mennen li nan peyi Lejip kote yo te vann li kòm esklav bay Potifa, yon kòmandan nan gad lame Farawon an.

*Kounye a, yo te mennen Jozèf nan peyi Lejip. Potifa, yon nonm peyi Lejip ki te youn nan chèffarawon yo, kòmandan gad lame, te achte Jozèl nan men Izmayèlit yo ki te mennenl nan peyi a. Seyè a te avèk Jozèf pou li te ka pwospere, epi li te rete nan kay mèt peyi Lejip la. Lè mèt li wè Seyè a te avèk Jozèf epi Seyè a te ba li siksè nan tout sa li tap fè, Jozèf te jwenn favè nan zye nonm lan, li vin fè sèvis li. Potifa te mete li reskonsab tout kayl ani, epi li te renmèt li tout sa ke li te genyen.*

*Depi lè li te mete Jozèf kòm reskonsab kay la ak tout sa ke li te posede, Seyè a te beni moun peyi Lejip yo poutèt Jozèf. Benediksyon Seyè a te sou tout bagay Potifa te genyen, ni nan kay la ak nan jaden yo. Alòs, li te kite Jozèf jere tout sa li te posede; ak Jozèf ki te reskonsab, li pat enkyetel de anyen sofmanje li te konn manje.*

— Jenèz 39:1-7

Pran tanw gade avèk plis atansyon vèsè 2a, “Senyè a te avèk Jozèf epi Jozèf tap pwospere. “ Kisa aksyon sa te vle di? Èske Bondye pat avèk tout moun? Nan yon kontèks parapò ak tout sa nou gentan diskite nan chapit anvan yo konsènan zansèt yo, repons lan se non. Sonje byen, lafwa Abraram ak alyans lan kite swiv li an

te bay Bondye aksè legal sou Abraram ak eritye li yo—sèlman. Alòs, lè nap pale de Bondye ki avèk tout moun, nou pa dwe konfonn pawòl sa ak Bondye ki renmen tout moun; paske Li renmen nou tout. Men, pou sila yo ki pa gen yon estati legal devan Bondye, Li pa kapab entèvni.

*Sonje byen ke nan epòk nou te separe ak Kris la, nou pat gen sitwayènte pèp Izrayèl la epi nou te yon etranje nan pwomès alyans lan, san ankenn espwa epi san Bondye nan mond lan. Men kounye a, nan Jezikri, nou menm ki te byen lwen yon epòk, nou pwoche vin bò kote Li gras ak san Kris la.*

— Efezyen 2:12-13

Gade byen ke pasaj sa pale sou moun ki pa gen alyans lan, sa ki vle di ke Bondye ansanm ak pouvwa Li an pat gen ankenn rapò legal ak moun sa. Poukisa? Paske Bondye pa gen ankenn legalite oswa jiridiksyon sou wayòm terès la sitoutfwa pa genyen yon akò legal, yon alyans ak yon gason oswa yon fanm sou tè a. Vèsè sa fè wè sa aklè lè li di ke san yon alyans, moun yo pa gen ankenn espwa epi yo san Bondye nan mond lan. Sonje byen, depi lè Jezi te fin mete yon novo alyans pou nou an, nou se manm fanmi Bondye epi sitwayen nan gran Wayòm li an. (Efezyen 2:19.) Alòs, kounye a, lè nou gade nan pasaj nou jwenn nan Jenèz 39 la, nou konprann ke fraz “Senyè a te avèk Jozèf lan” te vle di ke, Bondye te gen yon enflyans legal nan lavi Jozèf gras ak alyans granpapa li an Abraram te etabli a. Alyans legal sa a, te pèmèt benediksyon ak enflyans Bondye, te depase tout sistèm doulè, travay di nan wayòm domèn terès la. Se te yon bagay legal pou Bondye te beni Jozèf.

Sonje sa ke Bondye te di Abraram avan sa, ‘‘Mwen pral fèw. ‘‘ Akoz Bondye te ansanm avèk Jozèf, epi Li tap edel nan lavi, li te gen siksè nan tout sa li tap fè, rive nan yon nivo menm mèt payen li an, Potifa, te wè yon gwo diferans nan kapasite Jozèf konpare ak anpil lòt mesye li te konn wè yo. Mwen ta dwe mansyone nan pati

**BONDYE PA GEN  
ANKENN LEGALITE  
OSWA JIRIDIKSyon SOU  
TÈ A SAN YON AKÒ  
LEGAL, YON ALYANS KI  
ETABLI AVÈK YON  
GASON OUBYEN YON  
FANM SOU TÈ A.**

sa ke lè nou ap pwospere gras avèk èd Bondye, moun ki ap viv anba sistèm madichon latè kap swiv ap wè diferans lan! Potifa te tèlman enpresyone ke li te mete Jozèf responsab tout sa li te posede nèt.

Gen anpil prensip Wayòm nan ki parèt aklè nan pasaj ekriti sa a, men se sa ki pi enpòtan an ki parèt la. Mwen rele li “Pouvwa fidelite a,” oswa ou ta kapab rele li “Pwensip Potifa a.” Nou jwenn li nan Jenèz 39:5:

*Depi lè li te mete Jozèf reskonsab kay li ak tout sa ke li te posede yo, Seyè a te beni moun peyi Lejip yo akoz Jozèf. **Benediksyon Seyè a te sou tout sa Potifa te genyen, ni nan kay la ak nan jaden li yo.***

Mwen vle dekri pou ou yon tablo pouw ka wè aklè sa kap pase a. Yon jou, Jozèf pat gen ankenn responsabilite epi yon ti tan aprè li te vin responsab. Bib la endike nan ki peryòd chanjman sa te fèt la. Benediksyon Senyè a te vini sou tout byen Potifa yo, sou tout sal posede yo! Men, li pat konnen Bondye Jozèf la epi li pat fè pati nasyon Izrayèl la. Alòs, kijan sa te kapab rive epi kisa sa vle di? Men repons lan. Lè Potifa te mete byen li anba otorite Jozèf, san li pat konnen sa, byen li yo te vin anba alyans ke Jozèf te genyen avèk Bondye a.

### **Bagay Potifa yo, byen li yo, ak kay li yo, yo tout te chanje wayòm!!**

Ou wè, kay Potifa yo te toujou mare legalman ak sistèm madichon latè a jiskaske yo te vin anba pwoteksyon Jozèf. Lè Potifa te mete tout byen li yo anba jiridiksyon otorite Jozèf la, li pat reyalize ke li tap mete yo anba enfliyans benediksyon Bondye. Bib la kontinye poul di ke depi lè Jozèf te fin responsab byen

**YO TE RELE LI JOU SABA  
A, YON APÈSI SOU JOU  
KOTE LÒM PAP OBLIJE FÈ  
EFÒ EPI TRAVAY DI AK  
PWÒP SWE KOURAY LI  
POUL KAPAB SIVIV ANKÒ.**

li pat konnen an se bagay sa Ebre chapit 4 rele jou repo Saba a, epi se vre, li disponib pou kwayan Nouvo Testaman yo.

Potifa yo, Potifa pat janm enkyetel pou anyen sof manje li te gen poul mete nan bouch li. Li pat gen ankenn enkyetid! San okenn enkyetid, Potifa te sèlman gen poul te konsantre sou tach li ak objektif li yo antanke yon kòmandan nan gad peyi Lejip la. Gen anpil lòt remak nou ta ka fè la, men eksperyans sa Potifa te fè, san

Si ou etidye jou repoSaba a, wap wè ke Bondye pat kite Izrayelit yo fè okenn travay nan jou sa; pa gen okenn swe oswa travay di ki te fèt nan jou sa. Saba a, se te setyèm jou nan semèn lan, epi li te koresponn ak setyèm jou nan kreyasyon an. Ou ta ka sonje ke setyèm jou kreyasyon an, se jou sa Bondye te deklare kòm yon jou repo. Se pa paske Bondye te fatige men, pito, se paske li te fin travay. Tout bagay te konplè. Setyèm jou a depi nan kreyasyon an se te jou kote lèzòm te fèt poul pase, yon jounen san li pa gen okenn enkyetid, kote tout sa lèzòm tap gen bezwen te gentan la anvan menm li te gen bezwenl. Men, natirèlman, nou konnen Adan te pèdi repo sa a akoz dezobeyisans li kont Bondye. Akoz dezobeyisans sa kont Bondye, Adan te retire kapasite Bondye genyen poul te pran swen li. Alòs, li te pèdi plas li nan pwovizyon Bondye te konn bay anvan sa. Kounye a, Adan te oblige pran swen tèt li poukòl, li te pase tout tan lap travay di ak swe kouray li poul te kapab siviv.

Men, Bondye pat kite lèzòm san ankenn espwa. Li te bay lèzòm yon apèsi sou repo lap gen pou Li restore a yon jou. Yo te rele sa jou Saba a, yon apèsi sou jou kote lèzòm pa tap gen poul fè ankenn efò epi travay di ak pwòp swe kouray li poul kapab siviv ankò. Lè Potifa te jwi nan benediksyon Senyè a ke Jozèf te genyen atravè alyans lan, se nan kapasite pou Bondye bay pwovizyon atravè Jozèf la li te jwi epi li te jwenn repo. Tout zafèl tap byen mache; li pat gen ankenn enkyetid.

*Se konsa, li kite Jozèf pran swen tout sa li te genyen; Pandan Jozèf te reskonsab la, li pat gen okenn enkyetid eksepte manje li te manje.*

— Jenèz 39:6

Pou ou konprann siyifikasyon jou Saba a epi kisa Bondye tap montre lèzòm, ou bezwen poze kesyon senp sa. Kijan jou Saba a te fè posib? Mwen vle di, anba sistèm madichon latè a, se chak jou lèzòm ap redi pou yo kapab siviv. Si se laverite, kounya, kijan fè lèzòm pat dwe redi nan jou Saba a? Kijan li te fè jwenn provizyon nan jou Saba a sil pat kapab travay? Sa se yon bon kesyon, son kesyon ki dwe jwenn repons, epi nan repons lan nou jwenn tout revelasyon sou “benediksyon Senyè a” ke Jozèf tap mache ladaml lan.

Mwen panse ke wap jwenn yo pi bon ilistrasyon vivan sou prensip sa a nan Levitik chapit 25, nan moman Bondye tap eksplike ane rejwisans lan bay nasyon Izrayèl la. Poum ban nou yon ti rapèl sou kijan sa te ye, Ane Jibile a te rive aprè chak

50 lane, epi gen anpil lòt siyifikasyon de ane sa ke mwen pa pral antre nan detay yo la. Sepandan, pati mwen vle ou konprann nan se paske yo pat kapab simen rekòt yo pandan ane sa. Anreyalite, yo pat kapab simen rekòt yo ni nan 49yèm ane a tou, paske se te yon ane saba a. Alòs, mwen vle ou gen yon ide klè so usa ki tap pase a: yo te di pèp Izrayèl la ke yo pa tap kapab simen rekòt yo pandan 49yèm ak 50yèm ane a. Yo te dwe tann jouk fen 51yèm ane a, pou yo te plante semans yo a, epi semans lan tap vin gen matirite pou yo rekòlte. Alòs, alabaz, Bondye tap di yo ta gen yon peryòd twa ane nan epòk sa yo pa tap rekòlte anyen. Si mwen ta diw ke ou pral pase 3 lane sanw pa resevwa ankenn chèk pou travay ke ou fè, ou tap nan enkyetid. Ebyen ok, pèp Izrayèl la te nan enkyetid. Natirèlman, sa pat posib. Men, Bondye tap montre yo yon bagay.

*“Ou kapab ap mande: ‘Ki sa nou pral manje nan 7 lane si nou pa plante oswa rekòlte semans nou yo?’ Mwen pral voye yon benediksyon nan sisyèm ane a konsa latè pral bay ase manje pou 3 laan. Pandan nap plante nan uityèm ane a, ou pral manje rekòt ansyen ou y epi wap kontinye manje ladan yo jiskaske rekòt nevyèm ane a rive.”*

— Levitik 25:20-22

Saba a te rive posib sèlman paske Bondye te beni sisyèm jou a ak yon doub pòsyon, oswa avèk plis ke ase. Kite fraz sa a woule nan tèt ou pou yon ti tan. Èske se pa sa tout gason ak fanm anvi, plis ke ase? Lè Bondye te bay lèzòm yon doub pòsyon nan sisyèm jou a, li te raple lèzòm ke se li tap bay sa yo bezwen, epi li te toujou ba yo plis ke ase. An nou onèt; plis ke ase bay libète nan kous rat la. Li retire nou nan esklavaj pou nou gen lòt opsyon. Sa ki pi enpòtan an, li libere nou pou jwenn ak pwospere nan sa kise objektif epi pasyon nou. Se bagay sa Potifa tap jwi a. San ankenn enkyetid. Chak ti grenn bezwen li te genyen te jwenn satisfaksyon. Sèl bagay li te gen poul konsantre sou li se te objektif li yo. Yon lòt fwa ankò, jan Drenda ansanm ak mwen te di a, “Toutotanw pa regle pwoblèm lajan an, ou pap janm kapab jwenn objektif ou.” Men, gen yon bòn nouvèl! Repo Saba a toujou disponib jounen jodi a, epi li ofri yon plas kote bezwen nou yo ap jwenn satisfaksyon epi nap kapab pwospere plis ke ase.

*Alòs, gen yon moman repo nan jou Saba a ki rete pou pèp Bondye a; paske nenpòt moun ki antre nan repo pa Bondye ap tou jwenn repo nan pwòp travay li (travay di, sistèm doulè, ak siviv) menm jan Bondye te fè pou tèt Li.*

Wayòm Bondye a te ranplase lwa sou latè yo, travay di ak anpil doulè pou Potifa, epi lap fè menm bagay la pou ou tou. Pandan nap aprann fason pou nou pwofite Wayòm Bondye a, nap kapab pwospere epi jwenn objektif nou. Reyèlmn! Lavi a ka bèl, amizan, plen ak pasyon epi kè kontan.

*Benediksyon Senyè a pote richès, epi li pa gen ankenn pwoblèm ladanl.*

— Pwovèb 10:22

Benediksyon Senyè a pote richès, epi Bondye pa ajoute travay di ladanl!!! Nou kapab viv lwen travay di ak sistèm doulè sa nan Jenèz 3:17. Mwen tap viv anba

**SISPANN METE TET OU  
NAN LIY TOUT DOUT SA  
YO AK MANK  
KONFYANS KI  
ANVIWONNENW.  
CHANJE FIDELITEW EPI  
JWI WAYOM BONDYE A!**

ansyen sistèm sivivan sa pandan plizyè ane jiskaske mwen aprann kouman Wayòm nan fonksyone. Ou kapab aprann sa tou. Bondye ansanm avèk ou! Li kapab edew! Ou kapab pwospere. Non, kitem repete sa: Ou bezwen pwospere. Potifa yo nan mond lan, moun sa yo ki pa konnen Bondye epi yo koube yo anba madichon travay di epi ki san ankenn espwa, kap.

eseye siviv yo ap gade Yo pa enpresyone ak reliyion ou an, batiman legliz ou yo, oswa ekriti labib nou yo paske yo pa kapab wè akoz mank repons ou yo. Ou pa ka ap tann pou moun koute sa wap di yo, lè wap di yo kijan Bondye gran pandan ke wap viv nan menm mizè finansye, estrès ak mank kòm Sivivan yo ye. Non, ou dwe montre akisa Wayòm nan sanble menm Jozèf te fè a. Mwen pa vle di yo dwe difisil, men moun yo pa sòt tou. Yo ap chèche repons.

Mwen pat gen vwa poum te enflyanse ankenn moun pandan plizyè ane. Pat gen ankenn moun ki vin mandem poum te sou televizyon; Mwen pa tap dirije yon legliz ki gen plizyè milye moun. Poukisa? Paske mwen pat gen anyen poum te di, pat

gen solisyon, pat gen repons, pat gen okenn prèv ke Bondye te vivan avèk mwen. Mwen tap prete lajan nan men fanmi mwen jis poum te kapab siviv. Machin mwen te defonse, kay mwen an te kraze, epi lavim te sou branka. Poukisa yon moun tap vle tandé kijan Bondye mwen an te gran? Wi, mwen te sou wout poum ale nan syèl, epi syèl la se pi gwo bagay la, men moun pa pral koutew kap pale sou kijan syèl la gran, sof si ou ka montre yo grandè syèl la isit la sou latè. Koute byen, tout bagay sa yo map di la, si se Bondye ki Bondye epi Pawòl li yo se laverite, ebyen yo sipoze bay rezulta. Lavi nou ta dwe sanble yon bagay ki diferan epi li dwe diferan! Nou dwe rive sou jenerasyon sa a ak verite Wayòm nan. Potifa yo ap gade.

Alòs, poukisa mwen te bay liv sa soutit *Pouvwa Fidelite a?* Se paske Potifa te antre nan Wayòm Bondye a epi li te jwi repo saba a yon kote travay di ak doulè pa yon fason moun viv, yon kote ki pa gen laperèz, epi se lapè kap domine. Se kote yo ranplase sivivan yo ak objektif epi pasyon, pwovizyon vale lamizè. Kijan li te fè sa? Li te bwote epi mete pwoblèm ak enkyetid li yo anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Alabaz, byenke li pat reyalize sa li tap fè a, li te alinye tèt li ansanm avèk Bondye. Li te vin ak yon akò epi li te vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Potifa te ase entelijan poul te mete zafèl yo anba otorite Jozèf paske li te wè repons yo. Ou kapab fè sa tou; se sa Drenda ansanm avèk mwen te fè. Se konsa bich la te parèt, lajan an te parèt, machin yo, ak kay nou te bezwen an te parèt. Alòs, kitem ba ou yon sijesyon. Si ou vle jwi tout sa Bondye genyen nan djakout Li pou ou, chanje fidelitew. Sispann mete tèt ou nan liy tout dout sa yo ak mank konfyans ki anviwonnenw yo. Chanje fidelitew epi jwi Wayòm Bondye a!



## CHAPIT 9

# BA YO MANJE!

Lè mwen te rankontre ak Don, li te vin nan biwo mwen an avèk anpil dekorajman epil gen dèt. Pa gen anyen ki sanble tap byen mache nan lavi li nan epòk sa. Lèm te chita epim te pale ansanm avèk li, mwen te dekouvri li te gen twa rive kat mwa reta sou peyman lwaye ak sou prèske tout lòt bòdwo li te genyen yo. Te gen pwoblèm nan maryaj—madanm li te fatige ak sitiyasyon finansye yo tap viv la epi madanm li te kòmanse ap pèdi respè pou Don paske Don pat kapab pran swen li ansanm ak senk pitit li yo. Reyalite a, menm Don te pèdi respè pou pwòp tèt li. Epi li te chaje kesyon.

Sal te konn fè kòm travay se te vann asirans sante atravè eta Ohio a, men akoz mank sikse byen rapid sa te mennen li nan yon chemen dezas finansye.

Malgre tout bagay sa yo ki tap pase kont Don lan, mwen te wè potansyèl ki te nan li an. Li te gen volonte poul aprann epi li te vle travay. Konbinezon 2 bagay sa yo te atire atansyonm ase poum anbochel epi envesti tèt mwen nan byennèt li poul te ka gon avni ki miyò. Alafen, se te yon envestisman ki te pote anpil rezulta pou nou toulède.

Nouvo konpayi mwen an te fenk genyen yon vwayaj pou ale Hawaii nan men youn nan machann nou yo, epi mwen te santi ke sa tap yon gwo opòtinite poum te pataje ak Don enfòmasyon sou Wayòm Bondye a. Malgre Don te yon kretyen, li pat gen menm konpreyansyon mwen te genyen sou Wayòm nan. Epi byenke mwen tap eseye pandan plizyè okazyon poum te pataje prensip Bondye yo ansam avèk li nan domèn sa a, ta sanble li te jis pat kwè sam tap di yo.

Mwen tap kontinye chèche yon fason poum atire atansyon Don epi ki tap ede li reyalize ke li menm tou, li ta ka gen siksè lè li aprann kouman Wayòm Bondye a fonksyone. Sepandan, Don te tèlman dekoraje sa te difisil anpil pou li te kwè nan tèt li ak kwè ke chanjman sa yo ka rive tout bon vre. Mwen te konnen vwayaj sa poun ale Hawaii a se te chans pam.

Kèk semèn anvan Don ak mwen te ale, nou te pale de sa nou pral wè ak fè kote sa. Te gen yon bagay spesyalman ki te atire atansyon Don, plis pase tout lòt bagay. Li te vle kenbe yon malen ble nan bèl dlo Oseyan Pasifik la. “Hawaii se kote ki gen plis malen ble nan tout mond lan,” Don te dim li te eksite. “Mwen te toujou vle kenbe yon malen ble; se te toujou rèv mwen.” Pou premye fwa pandan plizyè semèn, mwen te wè yon etensèl nan zye Don. Finalman te gon bagay ki te eksite li, epi mwen te konnen ke eksitasyon sa ta louvri pòt pou yon lesion pwisan.

Mwen te di “Don,” “èske ou te konnen ke li posib pou konnen, se pa gen lespwa non, men *konnen* ke ou pral kenbe yon malen ble nan Hawaii lè ou eksplwate Wayòm Bondye a?” Twouble men enterese, Don te vle konnen plis toujou, epi mwen te kontinye avèk eksplikasyon mwen an sou Wayòm nan. Mwen te site Mak 11:24, ki di konsa: “*Se poutèt sa, map di nou, kèlkeswa sa nou mande nan lapriyè, kwè ke nou resevwal, epi se afè paw lap ye.*” Pou Don, bagay sa te prèske twò klè poul kwè. Mwen te pran yon ti tan poum eksplikel ak edel konprann Wayòm nan epi kòman poul libere lafwal. Alòs, anvan nou te ale nan vwayaj nou an, li menm ak madanm li te plante menm jan mwen te fè pou sèf mwen an, yo te priye annakò, epi yo te kwè ke yo te gentan resevwa malen ble an.

Pandan tan sa, Don te fè tout sa li te konnen poul kenbe pati rekòt pal lan. Li te fè kèk rechèch sou bato ki disponib ak pri yo epi ofinal li te lwe yon kapitèn ke li te gen bon enpresyon sou li. Tout bagay te fin pare, epi nou tout te eksite anpil pou nou ale nan dlo ble Hawaii a.

Jou pou nou ale nan bato a te rive, pandan nou tap monte nan kannòt la, nou te kontan di kapitèn lan ke jodi a se jou nou ta pral kenbe yon malen ble. Li te panse se lòt kalite pwason espò nou tap reyisi peche, li te di nou ke sa tap difisil anpil pou nou ta rive kenbe yon malen ble nan jou sa yo. Paske ekip li yo se sèlman yon malen ble yo te rive peche malgre yo te sòti chak jou pandan 4 dènye mwa sa yo avèk 2 bato nan vwayaj touristik. Se te akòz nou potko rive nan sezon malen yo, puiske malen yo se yon kalite pwason migratwa ki sòti lòt kote. Nou pat kitesa dekoraje nou, nou te di li avèk anpil respè ke nou tap rive kenbe youn epi nou te kontinye prepare ekipman nou yo.

Aprè 6 zèdtan ap vire won, nou pat rive pran youn ditou, epi mwen te vin yon ti jan enkyete pou lafwa Don pat febli paske potko gn anyen ki pase. Mwen tèlman ap enkyetem, mwen pozel yon kesyon. “Don, “mwen te di byen fò depi nan kote mwen te ye anlè sou pon an, “kitem poze ou yon kesyon. Kilè ou te kenbe malen ble sa, lè li parèt la oswa lè nou te fin priye a?” Avèk anpil konfyans, Don te reponn, “Gary, sa son bagay ki senp. Mwen te resevwal lèm te priye a.” Lè mwen te tandé respons li an, Mwen te kontan epi sa te asirans. Se lè sa a mwen te konnen ke Don te pran enstriksyon mwen yo oserye epi li te detèmine poul peche malen sa.

Kèk minit aprè sa, bobin fil Don lan te kòmanse chante pandanl tap panchan sou lanmè a epi moun ki te ansanm ak li yo te rele byen fò, “Nou pran yon pwason!”

“Nou pokò bezwen selebre,” se sa kapitèn lan te di yo kòm avètisman. “Se yon gwo pwason, men se pa yon malen ble. Se vole malen yo konn vole monte sou bato a epi pwason sa te rete byen fon. “Minit yo tap file grenpe pandan ke Don te kontinye ap goumen ak pwason an ki potko pwoche ase sou sifas dlo a poun te kapab wèl. Malgre Don te fatige, pwason an te vin abandone batay la byen rapid. Se pat yon sipriz pou Don ak mwen lè li tap rale gwo malen ble an moute a, men tout lòt moun ki te sou bato a te sezi.

**“SE POUTÈT SA, MAP DI  
NOU SA, KÈLKESWA SA  
NOU MANDE NAN  
LAPRIYÈ, KWÈ KE NOU  
TE RESEVWA LI DEJA,  
EPI LI PRAL POU OU.”**

— MAK 11:24

Foto Don ak pwason li an toujou nan biwo mwen an jiska jounen jodi a kòm yon temwayaj pou lòt moun ak tou pou toujou raplem ke Wayòm nan reyèl. Sou deyò a, se te jis yon pwason. Men, pou Don, malen an te vle di pi plis bagay toujou. Si Wayòm nan te bay rezilta pou malen an, li tap sètènman bay rezilta pou tout lòt bagay li bezwen nan lavi. Pou Don, se te premye fwa li ta pral reyalize ki enpak Wayòm Bondye a te kapab genyen nan lavi li.

**MENM JAN NOU PA  
KAPAB WÈ VAN AN MEN  
LI GEN YON EFÈ VIZIB  
NAN DOMÈN NATIRÈL LA,  
SE KONSA WAYÒM  
BONDYE A REYÈL EPI LI  
GEN YON EFÈ NAN  
DOMÈN NATIRÈL LA.**

Ann retounen plizyè milye ane anvan sa epi ou pral aprann sou yon nonm yo te rele Nikodèm, ki tap poze Jezi kesyon espesyalman sou Wayòm Bondye a. Chapit 3 nan liv Jan an endike ki repons Senyè a te ba li, “*Van an soufle nenpòt kote li vle. Ou tandé son li, men ou pa kapab di ki kote li sòti oswa ki kote li prale. Alòs, se menm bagay lan tou pou tout moun ki jwenn nesans li nan Lespri Bondye a*” (v. 8). Bèl jou sa nan kannòt la ansamm ak Don lan se yon bon egzanp sou bagay sa ki pa pral janm fèt ankò.

Menm lè ni Don ni mwen menm pat kapab wè Wayòm Bondye a reyèlman, sètènman nou te wè epi santi efè li yo lè nou te rive jwenn gwo malen an jou sa a. Menm jan nou pa kapab wè van an men li gen yon efè ki vizib nan domèn natirèl la, Wayòm Bondye a reyèl epi li gen yon efè nan domèn natirèl la. Lè nou aprann lwa ki gouvène Wayòm Bondye a, nap pote chanjman nan lavi nou menm jan Don te fè a nan jou sa a.

Oke, men kesyon an. kijan Malen sa te fè parèt? Gen yon repons pou kesyon sa a. Ou pa ka senplemen di ke se Bondye ki te fè sa. Non, nou bezwen konnen kijan sa te rive fèt. Ou reyèlman bezwen konnen sa paske sa ka rive yon jou kote wap gen bezwen yon malen ble oswa yon machin ble oubyen senpleman yon ti epis. An reyalite, istwa sa pa vrèman gen rapò ak lapèch menm jan istwa lachas mwen yo pa gen rapò ak sèf. Istwa a ban nou yon apèsi sou Wayòm nan ak fason li fonksyone. Te gen yon rezon ki fè Malen sa te parèt! Jezi te pase anpil tan ap

anseye disip li yo kòman Wayòm nan te fonksyone, men Li pat jis pale sou sa, Li te demontre kisal ye.

Tanpri gade byen. Wayòm nan pa fonksyone menm jan ak wayòm terès la kote ou te grandi a. Ou reyèlman pap anmezi pouw konprann li gras ak fòs ak lespri ou. Li fonksyone sou baz lalwa, kèk lwa ki diferan ak lwa nou abitye wè sou latè yo. Men, nou kapab aprann lwa sa yo. Jezi te pase anpil tan ap montre epi anseye lwa sa yo nan Wayòm nan nenpòt kote Li te ale. Youn nan istwa sa yo ke mwen pi renmen kote Jezi tap demontre Wayòm nan te pase nan Mak 6. Se bèl istwa sa kote Jezi te bay plis pase 5,000 moun manje avèk sèlman 5 pen epi 2 pwason. Malgre ke mwen te tande istwa sa yon milyon fwa deja nan legliz pandan map grandi, pyès moun pa janm dim kijan Jezi te rive fè sa:

*Nan epòk sa, li te gentan byen ta nan jounen an, alòs disip Li yo vin jwenn Li. ‘‘Pat gen prèske anyen kote sa tèlman li te lwen, ‘‘se sa yo te di, ‘‘epi li te gentan ta anpil. Voye moun yo ale pou yo ka ale nan pwovens ak bouk ki antoure kominote a pou yo ka achte bagay pou yo manje.’’*

*Men, Li te reponn, ‘‘Ou ka ba yo yon bagay pou yo manje. ‘‘*

*Yo te di Li: ‘‘Sa ap koute plis pase uit mwa salè yon moun! Èske nou pral depanse tout lajan sa nan achte pen pou nou ba yo manje?*

*‘‘Konbyen pen ou genyen?’’ Se sa li te mande. ‘‘Al gade pouw wè. ‘‘Lè yo te konnen kantite a, yo di: ‘‘5—ak 2 pwason. ‘‘*

*Aprè sa, Jezi te ba yo lòd pou yo fè tout pèp lan chita an gwooup sou zèb vèt la. Alòs, pèp lan te chita an gwooup santèn ak senkantèn. Li pran 5 pen yo ak 2 pwason yo, Li leve zye Lli nan syèl la, Li di Bondye mèsi, Li kase pen yo. Aprè sa, li bay disip Li yo pwovizyon pou yo mete yo devan pèp la. Li separe 2 pwason yo bay tout moun. Tout moun te manje, yo te satisfè, epi disip yo te rammase 12 panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun ki te manje yo se te 5 mil.*

— Mak 6:35-44

“Jezi, nou gen yon pwoblèm. Pèp la grangou epi si nou pa kite yo ale kounyea, yo pral rive lakay yo byen ta nan lannwit; nou enkyè.” Alòs, kisa Jezi te di yo? “O, Bondye mwen, nou gen rezon. Mwen vreman pat wè sil te ta konsa; an nou kanpe reyinyon an touswit.” Non, li senpleman di yo, “Ou ka ba yo manje.” Kisa? Bib la fè konnen te gen 5,000 gason, men si yo tap konte fanm ak timoun te kapab genyen anviwon 20,000 moun konsa. Bay gwoup moun sa yo manje, menm si ou te déjà gen pwovizyon pou sa, se tap yon gwo travay pouw fè, se yon travay ki enposib. Mwen plis kwè ke disip yo pat ka kwè bagay sa Jezi tap di a. fason yo te reyaji fas ak solisyon Li te pote an bay yon apèsi klè sou fason mantalite terès la ye toutbon. “Men, Jezi, sa tap pran salè pou uit mwa! Èske nou pral depanse tout lajan sa nan achte pen?” Premyerman, gade byen kijan yo te rapidman konvèti pwoblèm yo parapò ak dispozisyon yo pat genyen nan sistèm madichon ekonomik latè a, travay di ak swe kouray la, pandan uit mwa si nou vle rete dirèk nan sa nap di a.

Yon jou mwen tap priye epi Bondye te dim ke mwen te gen yon lespri chanèl. Mwen te twoouble; kisa pawòl sa te vle di? Èske mwen te gen yon pwoblèm ak anvi seksyèl? Non, Li tap fè referans ak fason mwen panse epi kòman mwen te limite akoz sistèm malediksyon refleksyon latè a ki tap deside sou avni mwen atravè pèsepsyon mwen genyen poum kapab siviv la. Nou tout konn fè sa. Si nou bezwen yon nouvo kay, nou chèche konnen anvan konbyen li koute, aprè sa nou kalkile si nap kapab peye li. Kijan nou fè kalkil sa? Se atravè konpreyansyon madichon latè konsènan kòman pou nou siviv. Banm wè, mwen touche 15 dola pou chak èdtan pandan 40 fwa chak semèn sa vin bay... “Wòw, mwen pa wè kòman map kapab peye kay sa.” Alòs, ou voyel jete sou kote kòm yon bagay ki enposib. Si nap pase chak gress lide nou yo nan filtè kòman pou nou siviv la, nou pap JANM rive touche mòd lavi Wayòm nan paske Bondye pa mele ak sistèm sa. Bondye tap di mwen sim te vle angaje Wayòm nan, mwen te dwe kòmanse panse nan fason pa Wayòm nan—anyen pa enposib!

Se konsa disip yo tap reflechi lè yo te di: “Sa tap pran nou 8 mwa salè.” Alabaz, sa disip yo tap di a; se te yon defi ki enposib pou nou te bay tout moun sa yo manje.

Kitem esplike ou kijan “Ou ba yo manje” Jezi te di a te sonnen nan zòrèy yo. Imagine ke se mwen ki te pastè ou, epi ou te vin gen kèk moman difisil epi ou

pat ka peye ipotèk kay ou. Ou te gen 3 mwa reta epi ou pral pèdi kay la. Alòs, ou te vin bò kote mwen epi ou te mandem si legliz la pat ka edew sòti nan difikilte sa pouw te kapab peye dèt la. Aprè sa, avèk kè kalm, mwen te di ou, "Mwen gen yon pi bon ide. Poukisa ou pa senpleman peye dèt la, poutan ou pa gen okenn lajan ditou?" Aprè sa, ou ta gadem ak yon rega, "Li pa konprann sa map di a ditou". "Non Pastè, mwen panse ou mal konprann bagay yo. Nou pa gen ankenn lajan; Se poutèt sa nou vin jwenn ou. Nou jis bezwen legliz la ede nou pou nou ka jwenn lajan poun peye dèt yo." Yon lòt fwa ankò, mwen gade ou avèk kè kalm epi mwen di, "Non, mwen konprann sa ou ap di a, epi mwen te ba ou yon gwo solisyon. Ou ta dwe senplemen peye kay la, epi ou pap gen ankenn dèt." Menm jan ou ta ka panse yon machin pinbal ap kriye a, ou ta ka panse se fou mwen te fou.

Ebyen, se konsa disip yo ka petèt te santi yo. "Jezi, pa dim ou serye ak koze bay tout 20,000 moun sa yo manje a, se pou tout bon? Bagay sa vrèman enposib. Nou pa gen okenn pwovizyon pou nou fè sa. Epi menm si nou ta angaje nou nan yon plan pou nou al travay di epi jwenn ase lajan poun fè sa, tan poun ta òganize kabwèt yo ak komite ki pou al chèche pen an, lè nou tounen ak pen an, tout moun tap gentan mouri. Menmsi nou te gen lajan an tou, nou pa tap gen ase tan pou nou jere tout bagay sa yo." Se fason sa nou reyaji fas ak bagay ki enposib yo nan domèn natirèl la lè nou pa wè ankenn fason pou sa rive fèt. Lè nou pa gen pwovizyon, vizyon nou yo mouri.

Jezi pat kite disip yo nan yon sitiyasyon parèy sa a san repons, epitou Li pa tap di disip yo pou yo bay pèp la manje si pat gen yon mwayen pou sa fèt. Li te sou wout pou Li montre yo lòt sistèm nan—Wayòm nan ki tap opere. Puiske disip yo te nan kofizyon, lè sa a Jezi pran chaj la sou do li.

"Kisa nou genyen? Al gade poun wè," se sa Jezi te di. Disip yo tounen, yo di: Nou jwenn 5 pen ak 2 pwason. Aprè ke yo te fin lokalize 2 pwason yo ak 5 pen yo, Jezi mande disip yo pou yo te pote yo ba Li. Li pran pen yo ak pwason yo, Li beni yo epi menm kote a Li remèt yo li. Nan zye natirèl la, pat gen anyen ki te chanje, men nan domèn espirityèl la, gen yon bagay ki enpòtan anpil ki te rive, yon bagay ki vrèman enpòtan pou konpreyansyon nou sou Wayòm nan. Jezi bay disip yo enstriksyon pou yo separe pen ak pwason yo, epi yo tap gade kouman pwovizyon yo tap miltiplaye anba zye yo la epi yo rive bay tout 20,000 moun yo

manje jiskaske yo pat ka kenbe yon ti kal moso pen. Kisa ki te pase? Kijan bagay sa te fè rive?

Poun nou kapab konnen, nou bezwen retounen epi byen obsève tout detay ki nan evènman sa. Mo “beni” an lè nap pale vle di separe oswa konsakre. Alòs, nou ta kapab di aprè Jezi te fin pale sou manje a epi li te beni yo, pen an ak pwason yo te separe sòti nan yon wayòm ale nan yon lòt. Sou latè, li pa posib pouw bay 20,000 moun manje ak sèlman 5 pen epi 2 pwason. Men, avèk Wayòm Bondye a, anyen pa enposib. An reyalite, istwa sa pa fini la. Anvan bagay sa te fini, disip yo te rasanble 12 panyen moso manje ki te rete anplis. 5 pen ak 2 pwason ki pat ase a, rive satisfè 20,000 moun epi nou te vin gen plis pase sa nou te kòmanse a alafen? Sa se fason Wayòm nan fonksyone, plis pase ase!

Antanke yon syantifik espirityèl, lèm te byen gade istwa sa, mwen te wè se te menm fòmil ke Bondye te ban mwen avèk sèf lan. Gras avèk lachas sèf mwen an, Bondye te anseye mwen pou mwen te simen an premye nan Wayòm pa Bondye a yon pòsyon nan tout sa mwen te bezwen. Se menm bagay sa ti gason an te fè ansanm ak pen epi pwason li te genyen yo. Li te mete tèt li anba otorite Wayòm Bondye a, epi li te miltiplier, li te bay 20,000 moun manje epi te gen 12 panyen anplis ki te rete. Gade byen ke pen an miltiplier antanke pen, epi pwason an miltiplier antanke pwason. Se konsa prensip la fonksyone. Mwen kapab simen pwason nan Wayòm nan epi lap kapab miltiplier kòm pwason. Men, kisa kap pase si mwen bezwen pwason epi mwen pa gen pwason pou plante? Repons lan—lajan! Sonje byen, lajan se yon sistèm echanj li ye. Ou menm ak mwen “nonmen” lajan chak jou. Nou rele li lèt, kay, rad, pen, epi nenpòt lòt bagay ke nou bezwen chak jou. Lajan tounen nenpòt sa nou bezwen an. Alòs, se sal ye lè nap plante; nou kapab pale de lajan. Olye pou nou desann nan magazen an epi achte pwason pou nou ka simen pwason, nou jis mete lajan. Se menm bagay la ki kapab rive ak don wap fè yo, men se pa pou ladim ou bay yo, paske Bondye te

## **PWEMYE BAGAY**

### **BONDYE TE ANSEYE**

### **MWEN SE POUML**

### **PLANTE NAN WAYOM**

### **BONDYE A YON**

### **POSYON NAN TOUT SA**

### **MWEN TE BEZWEN.**

gentan ba li yon non deja. Nou kapab wè menm lwa miltiplikasyon sa nan Lik chapit 5.

*Yon jou, pandan Jezi te kanpe bò lak Jenezarèt la, avèk yon foul moun yo tap apwoche bò kote Li epi yo tap koute pawòl Bondye yo, li te wè nan dlo a 2 kannòt, ke pechè yo te kite la, epi yo tap lave nas yo. Li moute nan yonn nan kannòt sa yo, se te kannòt pa Simon an, Li te mande Simon pou li sòti bò rivaj yon ti kras. Aprè sa, Li te chita nan kannòt la, Li tap anseye moun yo moutre moun yo. Lè Li te fin pale, Li di Simon: ‘‘Lage nas ou yo byen fon nan dlo a.’’*

*Simon reponn te li: Mèt, nou fè tout nwit lan ap peche epi nou pa janm pran anyen. Men, paske ou di sa, map lage nas mwen yo. Aprè ke Simon fin fè sa, yo kenbe yon gwo kantite pwason ki te tèlman anpil menm nas yo a te kòmanse chire. Alòs, yo te rele lòt zanmi ki te nan lòt kannòt pou vin ede yo, epi yo rive, yo te plen 2 bato ki te tèlman plen yo te kòmanse ap koule tonbe nan dlo a.*

—Lik 5:1-7

Antanke syantifik espirityèl, an nou gade istwa sa pi prè. Kouman pwason sa yo te parèt? Èske ou wè sa? Jezi tap mache bò rivaj la epi Li jwenn yon bato ke Li te vle itilize poul te preche foul moun yo. Li te mande Pyè, ki se mèt kannòt la, si li ka itilize li epi Pyè di: “Wi.” Aprètou, yo te fin itilize li; yo te pase tout nwit lan ap peche epi yo pat janm kenbe anyen. Aprè ke Jezi fin itilize kannòt la, li te di Pyè pou Li tounen deyò a epi lage nas la byen fon nan dla a poul ka kenbe pwason. Mwen plis kwè ke demann sa a te deranje Pyè, nan fason li te reponn, “Jezi, nou te fè tout nwit lan ap peche epi nou pat kenbe anyen.” Pyè te yon pechè pwofesyonèl, epi li te konnen kijan moun fè lapèch. Daprè eksperyans pa li, pat gen okenn pwason nan moman sa yo. Nan domèn natirèl la, bagay sa pat lokij ditou poul te tounen sòti al peche ankò. Yo te gentan fin netwaye tout materyèl yo epi ranje yo nan plas yo.

Mwen pa kwè ke Pyè tap fè sa si li pat tandé youn nan mesaj Jezi yo ki dire inèdtan ki te touche li nan yon fason ke li pat janm santi anvan. Alòs, li di, “Kòm

se ou ki di sa, mwen pral voye nas mwen yo.” Pyè te tounen nan dlo a, li te pran anpil pwason, nas li yo te chire, epi bato li a te sou wout pou li koule. Ak dezespwa Pyè te rele zanmi li yo ki te toujou bò rivaj la, epi yo te vin ede li, nas pa yo a te koumanse chire tou epi bato yo a te koumanse pral koule tou. Bib la pale sou fason Pyè te reyaji; li te sezi anpil!

Kouman sa te fè rive? Èske gen prèv? Èske nou ka konnen kouman? Nan yon ti rezime tou kout, li se pouvwa prensip fidelite nou te pale sou li a nan pati anvan yo. Lè Pyè te kite Jezi itilize bato lapèch la, bato a ak biznis lan te chanje wayòm. Biznis lan te sòti anba jiridiksyon sistèm madichon tè a epi li te vin anba jiridiksyon Wayòm pa Bondye a. Lè yo te anba jiridiksyon Wayòm Bondye a, Bondye te gen legalite poul te dechaje yon pawòl konesans epi bay Jezi ki kote pwason yo ye a egzakteman; “bò isit la nan mitan lanmè a.”

Alòs, an nou analize evènman an. Jezi prete kannòt lapèch la nan men Pyè ki te fenk sot pase tout yon nwit ap peche san li pa jwenn anyen. Nan mòd echanj sa, bato yo te vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Kounye a, Jezi te konnen ki kote egzak pwason yo te ye gras ak èd Sentespri a. Aprè sa, Jezi te dirije bato a nan pozisyon egzak la. Aprè sa, bato Pyè a te prèske koule avèk pwason. Bato zanmi li yo tou te prèske koule akòz kantite pwason yo te kenbe a. Alòs, kouman yo te kenbe pwason yo? Nan yon tèm ki senp, atravè yon enstriksyon dirèk ki sòti nan syèl la. An nou onèt, nenpòt moun ka kenbe pwason si ou konnen egzakteman ki kote yo ye. Reflechi sou sa nou fenk sot di la. Bondye konnen tout bagay; Li ka ede ou epi di ou kisa pou ou fè.

Lè Drenda ansam avèk mwen pat gen lajan epi nou te kòmanse aprann sou kisa ki Wayòm nan, Bondye te fèm fè yon rèv nan mitan lannwit poum te kòmanse yon biznis, mwen vrèman pat konnen kijan poum te kòmanse. Biznis sa toujou ap mache aprè 28 lane, yon biznis kap pwodwi plizyè santèn milye dola chak ane kòm revni. Pandan 28 lane sa yo, sa pèmèt mwen plante plizyè milyon nan ministè a epi ede lòt moun. Kouman? Mwen te tande yon vwa ki sòti nan syèl la, alòs, ou menm tou ou kapab! Kitem ba ou yon egzanp.

Kèk ane anvan sa, mwen tap fè yon konferans pandan 5 sware sou Wayòm Bondye a. Aprè dezyèm sware a, yon mesye ki rele Chris te vin bò kote mwen epi li te mandem pou mwen priye pou li. Mwen te mandel pou kisa li te bezwen lapriyè a. Aprè sa, li te rakontem istwa li. Li te nan biznis ak yon lòt mesye ki te

pran tout lajan biznis lan, sa ki lakòz li te fè fayit. Li te sou katriyèm maryaj li, bagay yo patap byen mache, epi li te sèlman gen 40 lane daj. Li te di mwen ke li te tèlman deprime ke li te pran yon zam ki gen bal ladaml epi li tap kondwi vire tounen pandaan yon bout tan epi li te kanpe anba yon estasyon gaz ki te fèmen nan moman an ak entansyon pou li te touye tèt li.

Li te anviwon 3:00 nan maten, epi pandan li te chita ak zam lan nan menl, telefòn li te sonnen. Li te konnen menm moman an ki nimewo ki tap rele li a. Se te ansyen patnè biznis li an. Li sèten ke li pat vle pale avèk li, alòs li pat reponn. Patnè a te tounen sonnen li ankò, pandan plizyè fwa. An reyalite, lè Chris te deside reponn li an, li te déjà sonnen telefòn lan pandan 11 fwa. Premye pawòl ki sòti nan bouch ansyen patnè biznis li an se: “Ki kote ou ye, epi kisa ou ap fè la?” Aprè ke Chris te fin di li, ansyen patnè biznis li an te di Chris, “Pa deplase; Map vin kotew kounye a!” Ta sanble, ansyen patnè biznis li an te fenk sot bay Bondye lavi li epi li te vle pataje nouvèl lan avèk Chris. Sa parèt etonan, li te santi yon pouse pou li kontakte Chris blòk 3:00 nan maten, epi lè Chris pat reponn nan, li te kontinye rele li.

Lè patnè biznis Chris lan te parèt, li te priye pou Chris bay Senyè a lavi li, epi lavi Chris te chanje radikalman. Tout bagay te kòmanse vin pi bon pou li. Li te jwenn yon bon legliz, maryaj li an te kòmanse amelyore. Tout bagay tap pi byen mache pou li eksepte revni li. Chris pat gen yon travay, epi se te pou rezon sa li te mandem pou mwen priye pou li a. Pandan tout konferans lan, mwen te anseye egzakteman menm bagay sa yo map di nou nan liv sa, kijan Wayòm nan kapab fè gwo bagay ki depase pwòp kapasite nou yo.

Pandan Chris tap reflechi sou fason Sentespri a kapab gide epi ede nou jwenn direksyon avèk ide, toudenkou li te jwenn yon ide. Li pat vrèman ka fè twòp bagay akoz pwoblèm finans li. Men, li te fè yon gwo gato fwomaj. Li te gen spesyalite nan fè gato fwomaj ki bon pou lasante, ke li te konnen se te meyè gato fwomaj la. An reyalite, tout zanmi Chris yo te konnen li kòm yon nonm ki fè meyè gato fwomaj yo te janm manje. Li te ale nan magazen manje lokal natirèl la plizyè fwa, epi li te goute kèk nan pwodwi patisri yo men li te remake ke yo tout te manke yon ti detay. Malgre Chris pat ka fè anpil bagay, men li te santi sa a se te yon opsyon ki te prezante a li menm, poul te vann gato fwomaj. Li te kwè ke si li te pote youn nan gato fwomaj li yo nan magazen manje sante lokal la epi moun sa

yo te goute li, yo tap vle vann gato li an. Li te plis ke kwè li tap vann pi plis gato pase gato pa moun yo. Alòs, se sa menm li te fè. Li te fè yon gato fwomaj epi li te pote gato a nan magazen manje ki bon pou lasante a san li pat anonse yo sa. Se te nan jou sa, PDG tout chèn magazen pwodwi natirèl ki bon pou lasante yo tap vizite magazen an nan moman Chris te parèt la. PDG a te dakò poul goute gato fwomaj la epi ba li enpresyon pal.

Jou lannwit sa a, Chris te tounen ankò aprè reyinyon an pou li te pale avèk mwen. Li te dim ke li bezwen poum ta ptiye avèk li yon lòt fwa ankò sou kontra magazen manje natirèl ki bon pou lasante a. Oke, nan landemen Chris te vini ankò, zanmim, Chris te kontan anpil! Li te di mwen PDG a te vle pou li fè gato fwomaj li yo pa sèlman pou grenn magazen kote li te goute gato fwomaj la, men tou pou tout lòt chèn magazen yo genyen yo. PDG a te mande li tou ki lòt bagay ke li te kapab kwit. Chris te choke! Li etone, Direktè Jeneral la te vini nan dènye sware konferans lan, kote li te avanse devan epi li te bay Seyè a kè li epi li te batize nan Sentespri a. Mwen te resevwa yon lèt nan men li 2 semèn pita ki di ke li te vle tounen vin simen nan Wayòm Bondye a. Li tap bay ministè nou an 10 pouzan aksyon nan konpayi li an, Faith Life Now (Viv Lafwa Kounyea). Enkwayab! Bondye ka pran yon lide epi fè yon gwo bagay sòti apati de anyen.

## CHAPIT 10

# RASANBLE, PA FÈ KIM!

Ou pokò janm wè nan sezon ete lè yon cheval fin kouri sou yon long distans? Tout kò yo gen swè; se yon swè ki fè kim yo rele mous, ki sou yo. Lè sa ou wè ke yo sot travay di anpil. Mwen jwenn moun poze mwen kesyon sa a toutan, “Gary, eske ou vle fè mwen konprann mwen pa sipoze travay? ” Non, se pa sa mwen di epi se pa sa pawòl Bondye a di nonplis. Men se fason ou travay la ki enpòtan. Gade yon egzanp ki nan istwa nou te li sou Pyè ak zanmi li yo lè yo te peche de (2) bato ki te manke koule tèlman yo te chaje pwason. Yo te travay pandan tout nwit lan san yo pat ka kenbe pwason. Aprè sa, nòmalman Jezi te vini epi li te montre yo kibò pwason yo te ye a paske li te konnen. Lè sa, yo te toujou travay men se pat menm bagay la. Wi yo te travay, paske se yo ki tap rale pwason mete nan bato a. Men èske yo tap peche pwason?

Mwen konnen se jwe map jwe avèk mo yo la. Nou itilize tèm peche a pou anpil bagay. Yon dam tap peche yon konpliman. Mesye a tap fouye pòch li, li tap peche kle li yo. Nou itilize tèm peche a lè nap pale de chèche yon bagay. Kidonk, èske se peche Pyè tap peche? Mwen te di nou mwen konn rive pran yon sèf nan maksimòm 40 minit chak lè mwen ale lachas. Èske se lachas mwen ale? Nan yon lòt sans, si ou konnen ki kote pwason yo ye, èske se lapèch ou ale? Si mwen konnen map jwenn sèf la, èske sa rele ale lachas? Mwen di sa sèlman pou ou ka wè diferans lan. Wi, mwen ap travay, men mwen pa rete travay pandan

tout nwit lan san mwen pa janm jwenn anyen. Avan tou, lè mwen genyen sa mwen bezwen poum viv, mwen gen kapasite pou mwen fè travay Wayòm Bondye a, poum akonpli zafè Papa mwen ak misyon mwen sou tè a.

## **Pou mwen sa rele ranmase!**

Lè Pyè te vini kote Jezi pou mande li kòman yo tap fè pou yo ka peye taks nan Matye 17:27b, men kisa Jezi te di:

*“Pran zen ou al peche. Premye pwason ki mode a, rale li, louvri bouch li, ou va jwenn yon lajan anpyès. Pran li, peye taks pou nou de a.”*

Wap remake Jezi pat di li, “Dakò, Pyè, Nou dwe peye taks. Map diw sa pouw fè, ale rete nan vil la pou 3 mwa, al travay pouw fè lajan an, epi aprè sa wa retounen vin jwenn ekip la lè ou fin fè lajan pou nou peye taks la. ” Non, se pa sa Jezi te di. Kisa ki fè sa? Paske si Pyè te retounen nan malediksyon ki sou latè pou lèzòm toujou ap reflechi a, li tap oblige kite sa li gen pou li fè a epi kòmanse kouri dèyè lajan. Okontré, Jezi montre nou kòman Wayòm nan fonskyone epi kòman nou sipoze mennen bak nou pandan nou sou tè a. Repons Jezi te bay Pyè a valab pou ou menm tou. Jezi te sèlman di Pyè ki kote pwovizyon an te ye, kisa li te dwe fè pou li te ranmase li, epi sa li te dwe chèche a dirèkteman. Pyè tap sèlman gen pou li ale epi ranmase li.

Lè nou ap swiv Jezi ansanm avèk disip Li yo, nap wè yo te toujou etone epi choke lè yo wè Wayòm nan ki tap opere. Lè Jezi te pale epi pye figye a te mouri nan Mak chapit 11 lan, Labib di Pyè te etone. Lè Laza te sòti nan tonm lan sou 4 jou aprè li te mouri, yo te sezi. Lè Pyè, Jak, epi Jan te peche tout pwason sa yo, yo te sezi. Sa fè lontan depi Drenda ak mwen ap aprann konnen kòman Wayòm nan fonskyone epi sa toujou etone nou, nou toujou konn ap mande youn lòt, “Eske ou wè sa ki sot fèt la? ”. Puiske se sou kòman pou nou ranmase avèk èd Sentespri a nou ap pale, kitem mennenw nan Matye chapit 6. Nan Bib pa mwen an, pasaj la genyen nan tèt li yon soutit ki di, “Pa Enkyete W! ” Mwen renmen sa.

*“Pèsonn pa ka sèvi byen ak de mèt anmenmtan. Li gen poul rayi yonn sil renmen lòt la. Lap sèvi byen ak youn, men lap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan anmenmtan*

*Se poutèt sa mwen di nou: Pa bat kò nou pou pou kesyon manje ak kesyon bwè, ni pou kesyon rad. Paske èske lavi pa pi konsekan pase manje? Eske kò a pa gen plis valè pase rad? Gade zwazo kap vole nan syèl la: Yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo plis pase zwazo yo? Kilès nan nou, afòs li fè tèt li travay, li kapab ajoute yon ti longè anplis sou lavi li?*

*Poukisa pou nap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou? Gade kijan flè raje yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè rad. Malgre sa, map di nou sa, wa Salomon ki wa Salomon, ak tout richès li yo, pat gen bél rad tankou youn nan flè sa yo. Se konsa Bondye abiye pye zèb yo ki la nan jaden an jodi a, men demen yo jete sa nan dife pou choise fou. Nou pa bezwen mande si li pap abiye nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye!*

*Pa chaje tèt nou ak yon bann kesyon: Kisan pral manje? Kisan pral bwè? kisan pral mete sou nou? Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo kap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo. Pito nou chèche bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi va ban nou, chèche viv jan Bondye vlel la anvan. Lè sa a, Bondye nou tout lòt bagay sa yo tou. Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou demen, paske demen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo. ”*

—Matye 6:24-34

Jezi di ou pa kapab sèvi 2 mèt. Ou ka petèt panse sa posib, men se pa vre. Se yon sèl pou ou renmen. Kitem diw kiyès ladan yo. Se sila ou kwè ki kapab satisfè bezwenw yo. Lè Senyè a te pale ak mwen nan ansyen kay peyizan an sou kijan mwen pa janm pran tan pou aprann kòman Wayòm nan te fonksyone a, Li tap dim se pa Li ki te mèt mwen reyèlman. Se pa Li menm mwen te fè konfyans, epi se pa Li menm mwen tap sèvi ak kwè nan Li an. Se vre, mwen te konn ale

legliz, mwen te renmen bay, mwen te renmen Bondye, e mwen te konnen mwen ta prale nan syèl. Men mwen pat janm pran tan pou mwen te aprann sistèm finans Bondye a epi kòman Wayòm Li an fonksyone.

*Kote richès ou ye, se la kè ou ye tou.*

— Lik 12 :34

Pran tanw pouw li sa, “*Kote richès ou ye, se la kè ap ye tou.*” Anpil moun renmen vire pawòl la pou yo di, “Kote kèw ye, se la richès ou ye.” Men se pa sa li vle di, epi se pa konsa sa mache. Anpil moun panse sa vle di depi yo vin nan legliz chak dimanch maten sa vle di se la richès yo ye.

Jezi di nou konprann pawòl sa alanvè!

Bondye vle pou se Li menm ki pran premye plas nan lavi nou, se pa lajan ki dwe okipe premye plas la. Si se lajan ki richès ou, se li menm kap okipe premye plas la. Lè sa lap pran tan ou, se li kap priyorite ou, epi se li kap jwenn afeksyon ou. Se poutèt sa Pyè pat gen pou li te kite sa li gen pou li fè poul ka al fè lajan paske lè pou yo peye taks lan te rive a. Se poutèt sa Bondye te dwe montre nou kijan pou nou ranmase olye pou nou ap plede chèche. Se Jezi ki dwe anseye nou fason Wayòm nan opere, kòman pou nou fè Bondye konfyans pou sa nou gen bezwen, epi pou nou renmen Bondye ak tout kè nou! Jezi te di, “*Èske lavi pa pi enpòtan pase manje, epi èske kò nou pa pi enpòtan pase rad?*” Li te vle di se pa genyen byen materyèl ki enpòtan nan lavi. Bagay sa yo dwe sèvi ou menm ansanm avèk misyon ou genyen pou ou akonpli sou latè, se konsa sa dwe ye.

Poutan, kisa nou konstate? Gen anpil moun ki pa janm sispann kouri dèyè bagay sa yo. Gen moun ki ap kouri pou yo peye kay, pou yo peye machin yo, pou yo peye dlo ak kouran. Jezi di se pa konsa ou dwe viv! Mwen pa ta vle pou nou kòmanse di “Ou wè, menm Jezi di lè ou posede byen materyèl se yon move bagay.” Non, se pa sa Li te di. Nan vèsè 33 a, Li te di si se Wayòm

**SI SE LAJAN KI RICHÈS OU,  
SE LI MENM KAP OKIPE  
PREMYE PLAS LA. LÈ SA LAP  
PRAN TAN OU, SE LI KAP  
PRIYORITE OU, EPI SE LI KAP  
JWENN AFEKSYON OU**

Bondye a ou chèche an premye epi ou swiv prensip li yo, wap jwenn tout rès bagay sa yo kòm degi nan laviw. Se pa nan byen materyèl pwoblèm lan ye! Se nan kèw. Si Bondye pat vle ou posede byen materyèl, Jezi tap di sa. Okontré, Li di si tout fwa nou viv jan Bondye vle a, nou va jwenn tout bagay sa yo lemonn ap chèche a.

Nan yon lòt sans, se pa byen materyèl pou ou chèche nan lavi, men malerezman se sa anpil moun ap fè. Yo pa ka chwazi kisa pou yo fè; se esklav yo ye. Ou pa kapab sèvi de (2) mèt, lè wap chèche byen materyèl se pa sa ki enpòtan nan lavi a. Jezi te kontinye pale konsènan yon lòt sistèm, yon kote ki genyen lapè finansye ak pwovizyon ki pou libere laviw. Li rele Wayòm Bondye a.

Nan ansèyman Li bay nan Matye 6 la, Jezi ban nou de (2) egzant sou kisa Wayòm Bondye a sanble. Li di, " *Gade zwazo kap vole nan syèl la: Yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje.* " (Vèsè 26)

### **Zwazo yo pa genyen jaden vètè!**

Se pa yo menm ki responsab pou bay tèt yo manje chak jou. Non, se Papa a ki ba yo manje. Chak jou, yo senpleman vini epi ranmase sa yo bezwen yo. Nou konprann sa? Yo pa swe nan travay di pou yo ka viv. Yo sèlman ranmase!

### **Flè yo pa travay oswa fè rad!**

" *Poukisa pou nap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou?*  
*Gade kijan flè raje yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè rad.*  
*Malgre sa, map di nou sa, wa salomon ki wa Salomon, ak tou richès li yo, pat gen bél rad tankou youn nan flè sa yo.* (Vèsè 28-29).

Se pa flè yo ki travay di ak swe kouray yo pou yo abiye. Non, se Papa a ki abiye yo. Jezi te kontinye pale epi li bay mwen menm ak ou repons nou ap chèche a. Gen yon lòt fason pou nou viv, fason Wayòm Bondye a vle a! Jezi di, " *Pito nou chèche bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chèche viv jan Bondye vlel la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay*

*sa yo tou.* ” (Vèsè 33). Kisa “Chèche wayòm Bondye a ” vle di? Sa vle di pou nou chèche konnen kòman li fonksyone! Pou nou etidye lwa ki genyen ladan li yo. Pou nou aprann konnen kòman system Bondye a fonksyone!

Si mwen ta depozew nan yon avyon pouw ale nan yon peyi ou poko janm vizite, premye saw tap gen pouw fè se aprann kòman peyi sa fonksyone: Kòman yo manje, kòman yo achte ak vann epitou aprann lwa ki gen nan teritwa sa. Se menm bagay la pou Wayòm Bondye a, ou dwe konnen kòman Wayòm Bondye a fonksyone pouw kapab jwi avantaj moun ki ladan li yo genyen. Lè mwen te fè eksperyans avèk Wayòm nan, mwen te vin reyalize ki valè bagay mwen te rate paske mwen pat konnen kòman li te fonksyone. Solisyon ou an byen fasil. Se yon revolisyon finansye ou bezwen fè. Revolisyon se lè yon pèp ap revòlte kont gouvènman ki etabli a pou yo mete yon lòt gouvènman. Se menm bagay la ou dwe fè. Ou dwe voye ansyen gouvènman ak sistèm madichon ki sou latè a ansanm ak tout feblès epi dezespwa li yo jete epi viv yon fason ki diferan–Nan Wayòm Bondye a, yon kote ki gen lòt kalite prensip, ki pa gen okenn feblès, epi ki pote lajwa!

## CHAPIT 11

# VOLE PI FASIL KE MACHE

Si ou ta tounen nan listwa epiw ta vle sòti New York pouw ale San Francisco, se sou bato ou tap oblige vwayaje. Anvan kanal panama a te ouvè, pakou a te ka pran yon lane paske se laviwonn Amerik di Sid ou tap fè. Aprè yon ti tan, lè te vin genyen wout Oregon an ou tap vin ka fèl nan 4 mwa. Jodi a ou ale lòtbò a nan 4èd tan. Kòman sa fè posib? Se paske nou itilize yon nouvo lwa, lwa ki pèmèt nou vole a. Lwa pou pèmèt nou vole a te toujou la – Zwazo yo sèvi avèk li chak jou – Men lèzòm pat konprann li. Menm jan pou lwa natirèl sou vole a, majorite kretyen pa okouran si lwa sa yo se nan Wayòm Bondye a yo ye, malgre yo pase pi fò tan nan vi yo ap tandé pale sou yo. Wayòm Bondye a la, se anndan ou li ye, epi ou gen dwa legal pouw jwi avantaj li yo. Sou latè, lwa ki pèmèt nou vole yo pa retire lwa gravite yo, yo ranplase li. Nan yon lòt sans, depi ou respekte prensip ki gouvène vòl la, ou kapab vole, menm si gravite a toujou la. Wap dakò li pi fasil pou ou vole pandan plizyè èd tan olye pouw pran yon bato pandan yon lane! Ebyen, kòmanse fè bagay yo fason ki rapid la epi sispann itilize ansyen metòd ki ralanti ou yo.

Ou pokò janm wè yon papiyon monak? Isit la nan vil Ohio, pandan otòn nan, wap wè plizyè santèn papiyon monak ki ap vole ale nan sid pou sezon ivè a. Yap vwayaje ale nan peyi Meksik, yon vwayaj sou 3219 kilomèt distans. Men, men kisa ki pwoblèm lan. Yo potko janm ale la avan sa! Kijan yo fè konnen

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** *Pouvwa Fidelite a*

kòman pou yo ale epi kilè pou yo ale? Si Bondye fè yon jan pou papiyon monak yo siviv, li gen yon mwayen pou ou tou. Kòman papiyon an fè fè sa?

Tèm nan rele metamòfoz. Rasin mo a se “mòf” ki vle di chanje. Gen anpil moun ki konnen se pa konsa papiyon monak yo te toujou ye. Okontré yo te grandi tankou yon cheni. Nan faz cheni an, se sou pye flè yo viv epi gwosi jiskaske yo finalman prè pou yon chanjman ki enpòtan. Lè yo fin grandi, yo konstwi yon krizalid, ki tankou yon kokiy se ladaml cheni an fèmen tèt li pandan 7 jiska 15 jou. Aprè sa, papiyon an ap sòti nan krizalid la epi li pap sanble oswa aji menm jan sa te ye nan faz cheni an. Fason li viv epi chèche siviv se yon bagay ki diferan. Se vole li vole kounya! Se pa sèlman sou ti pye flè a li rete, kounya li kapab vole ale nenpòt kote li vle. Li vin bèle epi jan li bèle la san parèy nan lanati.

Men sa ki pi bèle nan tout sa li vin genyen yo se kapasite pou li sòti nan pwoblèm. Paske, papiyon monak la pa tap ka sipòte fredi ki nan sezon ivè a, yon bagay ki nòmal pou peyi ki nan zòn Aktik la. Li tap mouri. Men Bondye te fè yon mwayen pou kreyati sa vole lwen pwoblèm, vole ale yon kote li pat janm konnen pandan 3219 kilomèt distans! Kijan li fè konnen kote pou li ale a ? Kòman li fè sa? Se metamòfoz la ki lakoz. Labib di se avèk menm pwoesisis la wap rive depase tout pwoblèm ou yo menm jan ak papiyon monak la, menm nan sitiayson kote ou pa konnen ki sa pouw fè.

Steve, yon zanmim, tap kondwi machin li pou li rantre lakay li pandan lannwit epi li te frape yon sèf ak machin lan. Sa te kraze machin lan. Malerezman aprè yon semèn, motè sèl gress machin yo te rete a, ti bis fanmi an te eklate. Steve tap benefisyé de (2) semèn lokasyon gratis nan men konpayi asirans lan pou machin ki te kraze a. Men pat gen okenn asirans ki pou te pèmèt yo ranpase ti bis la. Steve ak Karen pat konnen kisa pou yo te fè. Steve te bezwen machin pou li te ka fè biznis lan mache paske se vann li tap vann epi se lè swa li te konn jwenn plis kòmand.

Sa fè lontan yo tap aprann konnen Wayòm Bondye a, sa vle di yo te konnen se Bondye ki ka rezoud pwoblèm yo a. Yo pat gen okenn lajan sou kote pou yo te ranplase machin lan lè sa. Kidonk yo te konnen se Bondye avèk Wayòm lan ki te sèl espwa yo. De (2) sèmèn konpayi asirans lan te ba yo a te prèske fini san yo potko jwenn yon solisyon. Nan jou Steve te genyen poul te remèt machin lokasyon an, lavèy nan aswè gen yon mesye ki te rele Steve li te di

gen yon machine li te vle fè kado, kòm li konnen Steve se te yon manb nan legliz mwen an, li te rele Steve pou mande li si li te konnen yon fanmi nan legliz nou an ki ta bezwen yon machin. Steve te kouri eksplike sitiyasyon pa li an epi li te di li tap byen kontan pou se li menm ak fanmi li ki ta resevwa machin nan. Se te yon bon bagay, men Steve te genyen 6 ptit, e ti machin nan pa tap ka pran yo tout. Epoutan, lè posibilité pou yo genyen machin sa te vini an, sa te ankouraje yo.

Dimanch aprè a, yo toude te vini devan legliz la epi yo te mande mwen pou mwen te priye avèk yo pou pwochen machin yo a. Karen te di “Pastè, nou kwè ke nou resevwa yon ti bis Honda Odyssey. Pa lafwa, e nou vle ou priye annakò avèk nou pandan nap plante yon semans pou sa.” Mwen te di, “Wi mwen dakò” Alòs nou te priye. Pou kounyea, mwen pa ka sonje egzakteman konbyen semèn ki te pase, pat gen anpil, petèt 3 oubyen 4 anvan nou te pase lakay yo a. Lè nou te pase lakay yo a, nou te mache antre nan kizin yo a, epi sou pòt frijidè yo a te genyen foto yon Honda Odyssey. Karen te di ke chak jou lè lap ouvè frijidè a li toujou mete men li sou foto a epi remèsy Bondye pou ti bis la.

Anviwon yon semèn aprè, sekretè mwen an te relem epil te dim “Pastè, nou te resevwa yon apèl entèresan jodia.” Gen yon mesye ki vle bay legliz la yon ti bis. Lè sa, nan epòk sa a pat genyen ankenn moun ki te konnen kòman Steve ak Karen te relache lafwa yo pou yo te ka gen yon nouvo ti bis oubyen ki te konnen modèl bis ke yo te vle a. Alòs mwen te di sekretè mwen an, ”Ki modèl ti bis li ye? ” Li te di, “Se yon Honda Odyssey.” Eske li anfòm ? ” Li te di ke mesye a te di li te mache byen san ankenn grafonyen sou li epi li te sèlman woule 112,654 kilomèt. Mwen te di li ke mwen konnen kibò ti bis la te dwe ale. Mwen te di Drenda sa epim te mande li pou li te rele Karen. Lè Drenda te rele a, li te mande Karen kòman tout bagay tap mache epi si te gen anyen ki fèt konsènan veyikil yo te bezwen an. Premye pawòl Karen se te, “Ebyen, rete sèlman yon jou.” Drenda te di, “Ebyen, ou pi pre ke saw panse a wi. Vini pou ou pran li.”

Mwen renmen kalite istwa sa yo, ou pa renmen yo tou? Istwa a a pat rete la epi Steve ak Karen te vin genyen plis konfyans nan sa Wayòm Bondye a ka fè pou yo.

Nan mooman sa, Steve ak Karen te vle yon kay. Yo te nan fèm depi kèk

lane, epi yo te santi ke li te fè lè pou yo te genyen pwòp kay yo; e ankò yo pat

**ANPIL FWA NOU LIMITE TÈT  
NOU PASKE NOU MEZIRE  
FITI NOU PARAPÒ AK SA  
NOU PANSE KI POSIB. MEN  
AVEK BONDYE, ANYEN PA  
ENPOSIB SI NOU KITE  
PAWOL BONDYE A CHANJE  
FASON NOU PANSE.**

kisa poul te fè. Nou te dakò ke Bondye tap fè yon wout. Alòs yo te kòmanse gade plizyè teren ak kay.

Gen youn nan teren yo tap gade yo ki te entèrese yo. Teren sa se nan katye yo te vle konstwi kay la li te ye, epi se sèlman 55000 dola li te koute pou 22 ekta. Yon lòt fwa ankò, yo pat gen ankenn kòb pou yo te fè depo a. Sepandan, mwen te tande pale de yon ti bank nasyonal, ki pat sitiuel nan zòn nan men se sèlman 2zèd tan yo tap pran pou yo rive ladaml. Ki tap aksepte resevwa aksyon (biznis) kòm yon pati nan vèsman depo pou kòb teren an. Se te yon bagay ki te trè ra nan kesyon achte teren. Mwen te pale avèkk yo sou sa, epi yo te aranje yon lè pou yo te al pale ak bank lan. Teren an te evalye a 100000 dola, epi bank lan te di ke yo pat bezwen fè ankenn depo. Alòs yo te achte teren an san lajan epi yon te konstwi yon bél kay sou bél ekta tè sa, tout sa a san yo pa fè ankenn depo. Steve ak Karen kontinye pwospere jiskaske jodia, paske menm jan ak Drenda ak mwen, yo fè bagay yo jan wayòm Bondye an vlel la!

Mwen genyen anpil istwa konsa nan tout legliz mwen an, e mwen enpere ak tout sensèman kew ap gen menm jan de istwa sa yo nan lavi paw. Bondye ka fè gwo bagay e pafwa Li fè bagay ki etranj pou ba nou sa nou bezwen yo. Anpil fwa nou limite tèt nou paske nou mezire fiti nou parapò ak sa nou panse ki posib. Men avèk Bondye, anyen pa enposib si nou kite pawòl Bondye a chanje fason nou panse.

*Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, na*

gen ase lajan pou yo te kòmanse peye kay la. Yo te ale nan anpil bank pou yo te mande prete pou yo te achte tè, e yo tout bank yo te mande menm bagay la, pou Karen ak Steve te depose 50 pouzan nan kòb la. Nan moman sa nan lavi jèn fanmi yo a, yo te jis pat gen tout lajan sa pou yo te kalifye. Karen te dekoraje epi li te mande mwen

*ka konprann sa Bondye vle—na konnen sa ki byen, sa ki fèl plezi, sa ki bon nèt ale.*

—Women 12:2

Antanke kretyen nou pa dwe viv menm jan ak monn lan. Pòl ap fè referans ak system malediksyon latè a epi fason ke lavi ye sou latè epi espesifikman, ak fason nou panse. Ou poko janm fè yon wòb oubyen konstwi yon bagay apati de yon plan? Si ou fè sa déjà epi ou pa renmen rezilta a. Kisa ki tap pase siw eseye fèl ankò ak menm plan an? Ou tap jwenn menm rezilta a. Alòs Pòl ap di ke nou dwe chanje lide ki nan tèt nou yo pou lavi nou ka transfòme; nou dwe chanje fason nou viv la. Pou nou fè sa nou pa dwe reflechi menm jan ak monn lan.

Mo “transfòme ” sa a se menm mo nou fenk sot pale de li a, “mòf ”, e li vle di chanje. Nou bezwen metamòfoze! Nou dwe panse menm jan ak Bondye. Nou dwe konpòte nou nan fason wayòm Bondye a vlel la. Olye pou nou ap reflechi tankou yon cheni ki nan fredi, ki lèd, ki pyeje, ki kondane pou mouri nan tan ivè, nou dwe kwè ke Bondye kapab transfòme lavi nou antyèman. Se lè sa sèlman nap kapab vole sou tèt pwoblèm nou yo epi nap ekipe pou nou konnen nan tout sitiyasyon kisa Bondye vle ak sa ki fè Li plezi. Si nou pa adopte chanjman sa nan fason nou reflechi, fason nou konn reflechi avan yo ap kontinye di nou, “Non, non, mwen pa kapab fè sa. NON mwen pa wè kòman sa ka fèt. ”

Kiyès ki tap janm panse ke cheni lèd sa tap janm kapab vole byen epi ak pèfeksyon konsa? Si ou ta gade cheni an epi ou kalkile 3219 kilomèt ke li ta dwe fè an, ou tap sèlman souke tèt ou epiw di, “SA ENPOSIB! ” Men, nan Wayòm Bondye a, anyen pa enposib. Gade mwen. Lè emisyon televizyon mwen an te parèt, li te kòmanse fè referans ak mwen tankou yon ekspè finansye. Pafwa mwen sonje jou cheni mwen yo epi mwen di “Sa enkwayab! ”

Pandan nap pale sou vole, depi lè Drenda ak mwen te kòmanse aprann konnen kijan Wayòm Bondye a fonksyone a, mwen te deside ke mwen te vle yon avyon. Depi lè mwen te genyen 19an mwen te déjà yon pilòt e mwen te toujou konn lwe avyon, men mwen pat janm posede youn. Mwen sèten kew konn poukisa; Mwen pat gen lajan poum te gen youn. Alòs yon jou mwen te deside ke sa pat nòmal; Wayòm Bondye a te ka banm yon avyon byen fasil. Poukisa mwen tap limite Wayòm Bondye a ak sa mwen te panse ki te posib pou mwen? Alòs mwen te fè yon chèk, mwen te ekri nan espas nòt la “Pou avyon

mwen an '' (epi mwen te mete detay yo). Mwen te depoze menm sou li epi mwen voyel ale, ak lafwa ke mwen tap resevwa avyon sa lè mwen te priye a selon Mak 11:24.

*“Se pou sa mwen di nou: Tout sa nap mande lè nap priyè, si nou gen fèm konviksyon nou resevwal déjà, na wè sa rive vre. ”*

Sa pat pran yon mwa, mwen te ale wè yon doktè pou yon tchekòp kem abitye vin fè. Mwen te sezi lè sanzatann, doktè a te di, “Eske ou rekonèt yon moun ki vle achte yon avyon ? ” Mwen te twouve sa etranj, “Mwen te mande ki kalite avyon li ye ? ” Mwen te etone epi kontan paske se te egzakteman avyon ke mwen te kwè mwen tap genyen lè mwen tap priye a. Alòs mwen te mande li kibò mwen te ka wè avyon an, epi li te di mwen ke li te nan ayopò ki nan vil la touprè lakay mwen an. Kite mwen eksplike sa. Kay mwen an sitiye bò kote ayopò vil la. Tout avyon ki gen pou ateri dwe pase sou tèt lakay mwen an. Si mwen konn ap swiv avyon kap ateri epi ki ap vole chak jou anplis pis la te gen sèlman kèk kilomèt distans parapò ak pòt antre lakay mwen an sa vle di ke mwen te dwe genyen yon avyon!

Alòs mwen te rele yon zanmi mwen ki te sanse pase tout lavi li ap pilote epi ki te yon enstriktè tou, pou li te al verifye avyon an ak mwen. Pandan nou tap verifye avyon an, mwen te konnen ke se te avyon mwen li te ye. Li te pafè! Se te egzakteman sa mwen te vle a. Epoutan mwen te gen yon sèl pwoblèm, menm pwoblèm sa ke mwen te rankontre pandan plizyè ane lè poum te posede yon avyon—Mwen pat gen lajan pou sa. Ou poko janm gen pwobèm sa? Men fwa sa mwen patap kite laperèz fèm bay vag. Mwen te konnen ke sa a se te avyon mwen; Sèl sa mwen potko konnen se kòman Bondye ta pral pote lajan an.

2 mwa avan sa, Drenda ak mwen tap chèche espas pou mete biwo konpayi nou an. Nou te konnen kibò nou te vle biznis lan sitiye, men pat gen ankenn espas ki te avann nan zòn sa. Alòs nou te kòmanse chèche nan kèk lòt zon. Nou te jwenn kèk batiman ke nou te prèske achte, men nou te santi yon bagay nan lespri nou ki te di nou pa pran youn nan yo. Nou te sèlman kontinye pase nan zòn ke nou te konnen biwo a tap ye a, ak lespwa na va jwenn yon espas ki disponib. Pandan nou tap priye sou desizyon sa, yon jou papam te relem epil te di pawòl sa yo, “Mwen konnen, ou pral di ke se Bondye, men manmanw ak

mwen te pale, epi nou te vle ba ou batiman nou genyen an pouw mete biwow la. ” Batiman yo te genyen an te sitiye egzakteman kote mwen te espere jwenn espas poum te mete biwo mwen an. Mwen te sezi!

Pou ou konprann sa ki fenk sot pase a fòk ou konnen ke papam pat yon kretyen a lepòk. Li te vrèman sinik nenpòt lè yon moun te mansyone non Bondye. An reyalite, sa te tèlman dwòl kem pat kapab oze palel de Bondye.

**LÈ SA A, WAYÒM BONDYE A  
TE TRANSFÒME LAVI MWEN,  
KI TE REZIME AK GOUMEN  
POU MWEN SIVIV EPI  
LAPÈREZ. LÈ MWEN APLIKE  
PRENSIP LI YO, LAVI MWEN  
TE VIN RANPLI AVÈK  
OPOTINITE.**

Mwen te menm priye Bondye pou Bondye te voye yon moun sou chimen li pou te preche li levanjil. Mwen te konnen ke mwen pa tap kapab fè sa mwen menm; li pa tap pran tan pou li tande mwen. Men papam te konvèti kèk ane aprè lè sa li te genyen 80 lane. Etonnaman, li te konvèti paske li te konn gade emisyon tele nou yo,

pou jan li te wè tout bon bagay ke Bondye tap fè yo. Li te pase 3 dènye ane edmi nan lavil yo, kòm yon moun ki totalman diferan de moun li te ye avan an epi li tale legliz chak wikenn.

Yon jou pandan ke legliz te fenk tèmine, mwen tap sòti nan legliz la, mwen te wè papam tap pale ak yon mesye ke li te rekonèt depi plizyè lane, ki te manm nan legliz mwen an. Pandan mwen tap mache, prèske rive kote yo a, mwen te tande mesye a mande papa mwen, poukisa li te kòmanse vini legliz. Papa mwen te reponn ke li te wè twòp bagay ke li pat kapab eksplike. Glwa pou Bondye! Se konsa li te sipoze ye.

Men nou dwe retounen nan apèl telefonik konsènan batiman sa, avan papam te konvèti a. Drenda ak mwen te sezi paske li te ban nou batiman sa. Nou te konnen ke se te Bondye, se vre, e nou te ka di papam sa, lè li te rele a, “Wi papa, ou gen rezon wi, se Bondye! ”

Gen kèk gwo travay ki te dwe fèt nan Batiman sa pou nou te metel nan nivo komesyal yon fason pou li te ka reponn ak ekzijans biwo nou an. Papam te ban mwen batiman sa an desanm, men mwen ta pral tann lè prentan rive poum te kòmanse rekonstriksyon an. Batiman an te fèmen pou sezon ivè a., pa gen pèsonn ki tap itilizel, e papam te di ke li te koupe dlo a. Alòs se konsa bagay yo

te ye pandan mwa ivè yo jiskaske anviwon yon semèn aprè ke mwen tal gade avyon sa mwen tap pale a. Frè mwen an te rele epil te dim ke mwen ta sipoze pase nan novo batiman mwen an, te gen dlo ki tap koule sòti ladanl rive jis nan lari a. Tanperati a tap vin pi cho e ta sanble papam te twonpel; dlo a pat koupe vre padan ivè a. Mwen te kondwi ale nan batiman an epi youn nan douch ki nan etaj la tap bay dlo depi plizyè jou e menm semèn, tout mi ki te fèt ak playoud yo te tonbe.

Mwen konnen ke sa sanble tankou yon istwa tris, men sa ke ou pa konnen, e frèm nan pat konnen sa tou, se ke mwen te gentan siyen yon kontra pou yo te vin retire tout baraj yo nan tout batimaan an, tout pati eksteryè yo tap retire, epi pou yo te renove tout batiman an ki tap kòmanse nan kèk semèn. Alòs dega sa ke dlo a te fè a pat yon pwoblèm an reyalite paske tout dega ki te fèt yo tap gen pou retire kanmenm. Men tande sa – Konpayi asirans mwen an te fè yon chèk pou dega yo, kote ke kantite lajan an te sifi poum te achte avyon mwen an!

Èske sa mwen sot wè a se vre ? Mwen fenk sot genyen avyon mwen an ak batiman pou biwo mwen an, tout sa yo nèt san mwen pa fè ankenn dét epi san ke mwen patap bay tèt mwen pwoblèm sou kijan mwen ta pral reyalize yo? Wi, se sa ki te fèt! Kounyea, lè mwen ap pilote avyon sa, epi map pase sou tèt fèm nan, mwen toujou raplem ke pilote avyon sa se tankou Wayòm Bondye a. Fason li fonksyone ak prensip li yo pèmèt nou viv nan yon lòt dimansyon. Se menm jan ak cheni an epi papiyon an. Cheni sa pa tap janm kapab fè ti pye li yo kouri ase vit pou li te ale nan peyi meksik. Lè sa a, Wayòm Bondye a te transfòme lavi mwen, ki te rezime ak goumen pou mwen kapab siviv epi laperèz. Lè mwen aplike prensip li yo, lavi mwen te vin ranpli avèk opotinite.

Pandan nap fini liv sa, mwen vle kitew ak yon pasaj. Mwen sèten ke se youn ou toujou tande pandan tout laviw. Men mwen panse ke kounyea, lap gen yon sans ki vrèman diferan pou ou.

*Vini jwenn mwen, nou tout ki nouke, nou tout ki anba chay, ma va soulaje nou.*

— Matye 11 :28

Jezi te vini pou li ka retire jouk nou an, travay di ak swe kouray sistèm madichon latè a sou do nou. Kounyea nou dwe pran jouk pa LI a (sa li te akonpli a) epi jwenn repo (nan setyèm jou a, vrè saba a) pou namn nou.

Ou kapab fè anpil bèl eksperyans nan lavi pèsonèl ou si ou senpleman fè sa ke Potifa te fè a, fonksyone nan fason Wayòm Bondye a fonksyone a. Pran yon desizyon jodia pouw alinye tèt ou avèk prensip Wayòm Bondye yo epi kòmanse jwi pouvwa fidelite a. Kòmanse revolisyon finansye ou a jodia, voye ansyen mòd de vi ou a, ansyen gouvènman an, sistèm pòvrete latè modi a, maladi ak dezespwa jete. Kite ansyen lavi cheniy ou an, kòmanse itilize prensip Wayòm Bondye yo ke Jezi te baw aksè ak yo a pouw kapab vole. Ou se yon sitwayen Wayòm sa.

Ou genyen anpil dwa legal!



Si ou te twouve ke liv sa a enteresan, epi ou ta detèmine pou ou vin yon etidyan Wayòm nan, kite mwen mennen ou sou GaryKeesee.com. Se la wap kapab jwenn yon bibliyotèk enfòmasyon ki pral ede ou epi kap baw konsèy sou Wayòm nan. Mwen ta vle ankourajew tou pou ou vini yon Patnè nan ekip Team Revolution an kote wap gen aksè ak plizyè evènman espesyal ak plizyè sesyon antrenman.

Pouw ka sòti chanpyon nan koze finans wap bezwen genyen ni konesans espirityèl, ak ni konesans natirèl oswa terès. Pou jwenn enfòmasyon sou kouman pouw sòti nan dèt, jwenn yon plan libere-anba dèt gratis ke konpayi pa mwen an ki rele Forward Financial Group kreye pou ou.

Pwoteje lajan pouw kapab pran retrèt ou kew te fè anba-redi enpòtan memm jan ak konnen kijan pou ou fè lajan sa, sitou nan moman kote gen tout pwoblèm finansye sa yo. Konpayi mwen an konsantre sou ede lòt moun sou kouman pou yo envesti san ankenn danje. Avèk plis pase 100 milyon dola lajan envesti pou kliyan nou yo, pa gen yon sèl ki pèdi yon sèl gress pyès santim lajan pandan 15 dènye ane yo malgre dezòd finansye ki genyen nan nasyon nou an. Yon lòt fwa ankò, ou pap peye anyen epitou konsèy nou yo gratis.

Drenda ak mwen pran angajman pou nou ede lòt moun ansanm ak fanmi yo pou yo chanpyon nan lavi. Se poutèt rezon sa Drenda pwodui pwòp emisyon televizyon li an, ki rele *Drenda*. Se yon pwogram ki vize lavi fanmi ak ankourajman pou fanm ki gen tout laj. Tanpri, ale sou Drenda.com pouw jwenn plis enfòmasyon.

Finalman, Drenda ak mwen ta renmen ou fè chwa pouw sipòte legliz yo ak pastè sa yo nan tout mond lan. Pwojè sensibilizasyon H-3 nou an se yon pwolonjman lanmou nou genyen pou nou ede lòt moun avèk yon pati pratik nan lavi yo. H-3 fè don plizyè dizèn milye materyèl ansèyman bay pastè toupatou nan mond lan chak ane. Nou ede tou nan bay moun ki moun ki grangou manje, sipòte ministè ki kap travay pou kanpe trafik sèksyèl nan plizyè peyi, nou sipòte òfelina, nou sipòte pastè nan anpil peyi ak mwayer lajan, epi nou genyen yon kay pou fanm bò isit la nan zòn Ohio tou. Objektif nou se pou nou ede moun toupatou sou latè, pou yo aprann sou kisa ki Wayòm Bondye a epi aprann yo libète ak kè kontan ke Bondye vle nou tout genyen.

Mèsi anpil dèskew te pèmèt mwen pataje bèl istwa nou an ansanm avèk ou. Koulye a, map diw ale epi kreye pwòp bèl istwa paw, avèk Wayòm Bondye a.





# REVOLISYON FINANSYE PAW Pouvwa Fidelite a

Li liv sa siw...

## BOUKE AK SITIASYON FINANSYE PAW LA

### VLE SOTI ANBA DÈT

### PA KONN KI KOTE POUW KOUMANSE

### SAN ZESPWA

Gary te twouve tèt li nan andwa sa. Pandan 9 ane byen long, madanm li te nan yon touman emosyonèl akoz eta orib mwayen finansye li. Plizyè apèl telefonik de moun sa yo ki pretel lajan, DGI nan kòl, jijman, ak lawont se te yon mòd lavi pou yo. Men, yon jou tout bagay sa yo te chanje lè Bondye te pale ak Gary sou sa ki gen pou wè ak finans li yo epi ba li yon sekrè ki te chanje lavi li radikalman! Gary te libere anba tout dèt li yo, li te koumanse kèk konpayi ki te vo plizyè milyon dola, epi kounya kap pataje kle sa yo kite chanje lavi li nan emisyon televize li an “Fikse Pwoble lajan”, kap pase toupatou nan mond lan chak jou nan lè lokal yo. Gary gentan anseye konsèp sa yo ak plis pase san mil moun toupatou nan mond lan nan konferans ak lòt rankont. Gary pral dakò ke gen plizyè prensip ki la pouw viv yon lavi ki chaje ak siksè. Men si li ta dwe pataje yon sèl gress lan, se tap gress sa. Gary envitew vin jwenn revolisyon an epi chanje finans ou yo radikalman atravè Pouvwa Fidelite a.



Gary Keesee se yon otè, oratè, antreprenè, espè finansye, epi yon pastè ki gon pasyon pou ede lòt moun genyen nan via, espesyalman nan domèn sa yo: lafwa, lafanmi, ak finansye. Gary ak madanm li Drenda gentan kreye plizyè biznis kap fè siksè epi yo se fondatè Faith Life Now (Viv Lafwa kounya), ki pwodwi 2 emisyon ki pase nan televizyon “Fikse pwoble lajan” epi Drenda, bay konferans toupatou nan mond lan, ansam avèk plizyè resous pratik. Fanmi Keesees la se pastè tou Legliz Viv Lafwa, ki touprè zòn Columbus, Ohio.

P. O. Box 779, New ALBANY, OH 43054

[garykeesee.com](http://garykeesee.com)